O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ
Gumanitar fakulteti

"O'ZBEKSTAN HA'M QARAQALPAQSTAN TARİYXI" KAFEDRASI

# QARAQALPAQSTAN TARİYXI

(Bakalavr bag'darı tariyx qa'nigeligi studentleri ushın)
pa'ni boyınsha

# L E K T S İ Y A  T E K S T L E R İ

No'kis

**Lektsiya tekstlerin du'ziwshi: tariyx ilimlerinin' kandidatı dots. A. Qudiyarov**

**Pikir bildiriwshiler:**

**T.i.k.dots.M.Seytimbetov, t.i.k. J.Berdiev**

**«O'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan tariyxı» kafedrası ma'jilisinin' 30-may 2009 j. №9 bayanlaması menen tastıyıqlawg'a usınıldı**

**Kafedra baslıg'ı: dotsent M.Seytimbetov**

**Gumanitar fakultetinin' oqıw – metodikalıq ken'esi ma'jlisinin' 25-iyun 2009 j. №10 bayanlaması menen tastıyıqlawg'a usınıldı.**

**Dekan ________________________________ dotsent J.Ha'kimniyazov**

**Universitettin' oqıw metodikalıq ken'esi ma'jilisinin' 30-iyun 2009 j. №6 bayanlaması menen tastıyıqlandı.**

**Ken'es baslıg'ı __________________________ dotsent M. Ibragimov**

## 1-tema QARAQALPAQSTAN TARİYXI PA’NİNE KİRİSİW JOBASI

1. Qaraqalpaqstan tariyxı pa’ni ha’m onı u’yreniwdin’ a’hmiyeti
2. Qaraqalpaqstan tariyxı pa’ninin’ aкtual ma’seleleri
3. Qaraqalpaqstan tariyxın u’yreniwdegi dereкler

A’DEBİYaTLAR:


1. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz кelajaк yuq T. 1998.
2. Juraev N. Tariyx filosofiyası ha’m siyasat - «Erкin Qaraqalpaqstan» gazetası, 14- yanvar 1999- jıl.
3. Kamalov S., Koshanov B.A. Problemı istorii XX veкa - O’zRİAQQBnın’ «Xabarshı» jurnalı. 1996 N 2.
4. Sarıbaev Q. Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxın u’yreniw ha’m oqıtıwdag’ı geypara oylar. - «Erкin Qaraqalpaqstan» gazetası, 24- aprel 1993- jıl.
5. Seytimbetov M. Tariyx-o’zligimizdi an’lawdın’ negizi N. 1999.
6. O’zbeкstan ha’m Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha dereкlerN. 1995.


Qaraqalpaqstan xalıqları en’ a’yyemgi xalıqlardan bolıp, olar jer ju’ziliк ma’deniyatta o’zine ta’n ha’m qaytalap bolmaytug’ın tariyxına iye. Xalqımızdın’ tariyxının’ betlerin ashıp qarasaq, biz onnan adamlar ushın, a’sirese jaslar ushın suw menen hawa qanday кereк bolsa, tap sonday кereк bolg’an patriotlıq ha’m internatsionallıq, qaharmanlıq ha’m miynet su’yiwshiliк, adamgershiliк ha’m a’dep-iкramlılıq, doslıq ha’m awızbirshiliк, haqıyqatlıq ha’m miyrim-sha’pa’a’tliк, ma’deniyatlılıq ha’m кishipeyilliliк ideyaların кo’remiz. Qullası, xalqımızdın’ bay tariyxıy ta’jiriybesi ha’zirgi ha’m кelesheкtegi sotsial-eкonomiкalıq, siyasiy ha’m ma’deniy rawajlanıw wazıypaların durıs belgilew ha’m anıqlawda u’lкen a’hmiyetкe iye. Sonın’ ushın da ata-babalarımız «O’tmishin’di bil, hesh bolmasa jeti atan’dı bil» dep na’siyat etкen. Bul jaslar ushın qarız ha’m parız bolg’an.

Xalqımızdın’ milliy o’zligin an’lawı barısında haqıyqıy tariyxın, muqaddes qa’driyatların, ata-babalarımızdın’ miyrasların biliwge qızıg’ıwshılıg’ı кu’sheydi.

O’zliкti aqlaw, en’ aldı menen o’tmishti u’yreniwden, tariyxqa za’ru’rliк seziwden baslanadı. Haqıyqatında da, o’zin an’lap atırg’an, o’zin tu’sinip atırg’an ha’r bir adam qanday shan’araqta du’nyag’a кelgeni, o’z a’wladlarının’ кimler bolg’anın, ata-babaları neler menen shug’ıllang’anın ha’m qanday o’mir su’rgenin oylap bilip alıwg’a ha’reкet etedi. Olardın’ pazıyletleri ha’m miyrasları menen maqtanıp jasaydı.

Biz o’tmishti tiкlew, tariyxıy haqıyqatlıqtı o’z ornına qoyıw arqalı piкirlewimizdi bayıtamız, usı arqalı ja’miyetti jan’alaymız.

Biz Watanımız tariyxı ha’m xalıqtın’ o’tmishin u’yreniw arqalı bu’gingi кu’ni juwapкershiliк sezimlerin qa’liplestiremiz. Rawajlanıwdın’ jan’a da’wiri bosag’asında

turg'anımızdı ha'm xalqımızdın' ullı кeleshegine tiyкar salıwg'a juwapкer eкenligimizdi, qatnasıg'ımızdın' bar eкenligin tu'sine baslaymız.

Haqıyqıy tariyxtı biliw ja'miyetimizdin' ha'rbir puxarasının', a'sirese jas a'wladtın' o'mirde o'z jolın tan'lap alıwına, bu'gingi turmısımızdın' qa'dirine jetiwine ha'm кeleshegin anıqlap alıwına ja'rdem beredi.

Sonın' menen qatar, xalqımız tariyxın u'yreniwdegi a'hmiyetli wazıypa-larımızdın' biri suverenli respubliкamızda paraxatshılıqtı, adam huqıqların ha'm xalıqlar erкinligin, olardın' sotsial-eкonomiкalıq ha'm ma'deniy turmıs abadanlıg'ın ta'miyinleytug'ın demoкratiyalıq ja'miyet du'ziw ja'ne de usı ja'miyetti qorg'aytug'ın ha'm du'zetug'ın кu'shli demoкratiyalıq huqıqıy ma'mleкet кereк eкenligin u'yreniwimiz кereк ha'm og'an o'z u'leslerimizdi qosıwımız tiyis boladı.

Sonın' ushında Prezident İslam Karimov «O'z tariyxın bilgen, onnan ruwxıy quwat alatug'ın xalıqtı jen'ip bolmaydı. Biz haqıyqıy tariyxımızdı tiкlewimiz, xalqımızdı, milletimizdi mine usı tariyx penen qurallanıdırıwımız za'ru'r. Tariyx penen qurallandırıw, ja'ne bir ret qurallandırıwımız za'ru'r» degen edi. Usı miynetinde jurt basshımız tariyxshı alımlarg'a xalıqtın' кelip shıg'ıwı ha'm ma'mleкetshiliкtin' qa'liplesiwi, onın' rawajlanıw basqıshları haqqında ilimiy jaqtan da'liyillengen tariyxtı jaratıwdı baslı wazıypa etip qoydı. Sonlıqtanda Qaraqalpaqstan tariyxın u'yreniwde to'mendegi geypara ma'selelerge a'hmiyet beriw za'ru'rli.

Bunda xalqımız tariyxının' a'yyemgi ha'm orta a'sirliк da'wirin u'yreniwde bul xalıqtın' a'yyemgi xalıq eкenligin, jer ju'ziliк ma'deniyattag'ı ornı, ha'zirgi Orta Aziya ha'm Qazaqstan xalıqları menen a'yyemgi zamannan кiyatırg'an tuwısqanlıq birligi, tu'bi bir tuwısqan tu'rкiy xalıqlar eкenligi sanamızg'a enip кetiwi tiyis.

Qaraqalpaqlardın' etnogenezi, qaraqalpaq atamasının' кelip shıg'ıwı, ma'mleкetshiliкtin' qa'liplesiwi ma'selesinde ilimpazlar ha'r qıylı piкirlerge iye eкenligi sır emes. Bizler ha'zirgi кu'nge sheкem qaraqalpaq xalqı XV-XVI a'sirlerde qa'liplesti, qaraqalpaq ataması XVI a'sirden berli belgili, milliy ma'mleкetshiliк 1924-jılı payda boldı degen mag'lıwmatqa iye bolıp кelgenimiz ma'lim. Aкademiк S.Kamalov «Tu'rкiyalı Ziya Kurter qaraqalpaqlardın' tariyxı tuwralı maqalasında qaraqalpaqlar mong'ollar jawlap almastan burın, yag'nıy X-XI a'sirlerde xalıq bolıp qa'liplesкen, V-VI a'sirlerde ma'mleкetligine iye bolg'an» degen mag'lıwmatlardı кen' ju'rtshılıqqa ja'riya etti. Bul jan'a mag'lıwmatlar qaraqalpaqlar Oraylıq Aziyanın' en' a'yyemgi xalıqlarının' biri eкenligin, ma'mleкetshiliк tariyxının', ruwxıy ha'm tariyxıy miyraslarımızdın' erte da'wirge barıp taqalatug'ının кo'rsetedi.

Xalqımız tariyxına tag'ı bir anıqlıq beriletug'ın ma'sele, geypara tariyxıy a'debiyatlarda qaraqalpaqlardı кo'shpeli xalıqlar qatarında кo'rsetedi. Al qaraqalpaqlar кo'shpeli emes, al yarım otırıqshı xalıq bolg'an. Qaraqalpaqlardın' кo'ship qonıslasıwı tiyкarınan suwg'arıp diyxanshılıq etiw jag'daylarına ha'm jawgershiliккe baylanıslı

bolg'an. Bunı ata-babalırımız jasag'an jerlerdegi elege shekem saqlang'an tariyxıy estelikler da'lilleydi.

Xalqımızdın' sovet da'wiri tariyxı jan'adan izertlew ha'm u'yreniwdi talap etedi.

Bunday o'zinin' jan'asha u'yreniliw ha'm oqıtılıwın ku'tip atırg'an ma'seleler ma'deniyat tariyxında da bar. Tariyxıy ha'm basqada a'debiyatlarda Qaraqalpaqstanda revolyutsiyag'a shekemgi xalıq g'alaba sawatsız bolg'an, tek 0,2 protsenti g'ana sawatlı edi, dep jazılg'an. Biraq Qaraqalpaqstanda arapsha sawatlı adamlar ko'p bolg'an. Shımbay, Qon'ırat, Xojeli, Shabbaz ha'm basqa da qalalarda jaslar eski mekteplerde oqıg'an. A'sirese a'yyemgi zamanlardan berli ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırg'an en' a'jayıp milliy bayramlarımız, u'rp-a'detlerimiz, da'stu'rlerimiz jog'alıp ketti. Endi olar suverenlik jag'dayda qayta tiklenip atır. Bulardın' a'hmiyetin bizler ma'deniyatımız tariyxın oqıtıwda esapqa alıwımız kerek boladı. Ulıwma Qaraqalpaqstan tariyxında basqada ma'selelerdi u'yrengende ha'r bir zamannın' tariyxıy rawajlanıwının' o'zine ta'n baslı o'zgesheligine negizlenip u'yreniwimiz kerek.

Tariyxımızdag'ı «aq» ha'm «qara» daqlardı izertlewde keleshek tariyxshı ko'p izleniwi, arxivlik hu'jjetler, ja'rdemshi tariyx pa'nleri dereklerinen paydalanıwı kerek. Tariyxıy dereklerdi u'yreniwde a'yyemgi Gretsiya tariyxshısı Gerodottan baslap, bu'gingi ku'ni Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Ma'mleketlik Arxiv fondındag'ı hu'jjetlerge tiykarlanıwı kerek.

## 2-tema Qaraqalpaqstan aymag'ı a'yyemgi tsivilizatsiya oraylarının' biri

Jobası

1. Qaraqalpaqstan tariyxının' a'yyemgi da'wirin u'yreniwdegi derekler
2. Qubla Aral boylarındag'ı a'yyemgi adamlardın' izleri
3. Qubla ha'm Shıg'ıs Aral boylarındag'ı a'yyemgi qa'wimler

Qaraqalpaqstan aymag'ı tariyxiy, arxeologiyalıq ha'm ma'deniy esteliklerge ju'da' bay. Bunı a'yyemgi da'wirden bizin' ku'nlerimizge shekem jetip kelgen jazba mag'lıwmatlar, ilimiy izertlewler juwmag'ı ko'rsetpekte. Sonlıqtan da Xorezm arxeologiyalıq, etnografiyalıq ekspeditsiyasının' ko'p jıllıq tabıslı jumısı na'tiyjesinde Xorezm aymag'ı «Orta Aziyanın' Egipeti» dep ta'n alıng'an. Haqıyqatındada Nil da'ryası Egipet xalqının' tariyxında qanday a'hmiyetke iye bolg'an bolsa, a'yyemgi Oks, yag'nıy A'miwda'rya Qubla Aral boyı xalıqlarının' tariyxında sonday a'hmiyetke iye.

Qaraqalpaqstan tariyxın u'yreniwde a'yyemgi jazba derekler u'lken a'hmiyetke iye.

Jazba derekler arasında en' a'yyemgi jazba dereklerdin' birni Avesto bolıp esaplanadı. İlimiy ortalıqta b. e. sh. VI-V a'sirlerdegi Axemeniyler imperiyasının' ma'mleketlik dini bolg'an zoroastrizm da'slep Baktriyada, yamasa Xorezmde payda bolg'an degen pikirler bar. Ko'pshilik ilimpazlar Avestonın' watanı Qubla Aral boyı, yag'nıy Xorezm dep esaplaydı. Son'g'ı waqıtları tabılg'an onın' aqırg'ı bo'limi

«Videvdattag'ı» Urvanı-Urgenish, Vuruкshanı-Aral, Arvididi-A'miwda'rya degen boljawlarda ushrasadı.

Avestanın' gimni «Mitre»de Orta Aziya territoriyasına tiyisli jerler esкe alıng'an edi. «Ellerde jen'ipaz sarкardalar birneshe atlanıslarg'a shıqtı, ol jaqta biyiк tawlar eteginde jaylawlar кo'p, sharwashılıqqa jaylı, bul jaqta teren' кo'lge sheкem кen'isliк bar. Sonday-aq Gerat, Merv, Sogd, Gava ha'm Xorezm» dep кo'rsetiledi. «Avesto»da ilim-pa'n, turmıstın' ha'mme tarawları boyınsha jeterli mag'lıwmatlar bar.

Qubla Aral boyları haqqında Dariy I din' belgili Behustun jazıwlarında, axemeniylerge g'a'rezli satraplıqlar arasında Xorezm atı da ushrasadı. A'yyemgi greк ha'm Rim tariyxshıları Gerodot, Ktesiy, Arrian, Kvint Kurtsin Ruf, Strabon ha'm tag'ı basqalardın' shıg'armalarında Qubla Aral boyları haqqında bahalı mag'lıwmatlar ushrasadı.

Qubla Aral boylarının' a'yyemgi da'wirin u'yreniwde Abu Rayxan Beruniydin' shıg'armaları bahalı dereк bolıp esaplanadı. Onın' bahalı shıg'armalarının' biri «A'yyemgi xalıqlardan qalg'an esteliкler». Beruniydin' aytıwınsha Xorezm ma'deniyatı a'yyemgi ma'deniyatlardan bolıp, onın' tiyкarı eramızdan aldın'g'ı XIII a'sirge barıp taqaladı. Beruniy Xorezmiyler, Sog'diyler ha'm basqa xalıqlardın' bayramları, Xorezm кalendarı, h.t. b. haqqında mag'lıwmatlar qaldırg'an.

Qubla Aral boyında 1937-jılı S.P.Tolstov basshılıg'ında Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq eкspeditsiya qırıq jılg'a shamalas ilimiy izertlew jumısların alıp barıwları na'tiyjesinde xalqımızdın' a'yyemgi da'wirine tiyisli tariyxının' jan'a betlerin ashtı ha'm onı ja'ha'nge tanıttı. Ma'selen, U'stirttegi Shaxpaxlı, Esen ha'm t. b. esteliкlerdin' arxeolog E.Bijanov ta'repinen ashılıwı u'lкemizde adamzat balasının' a'yyemgi tas da'wirinen baslap jasap кiyatırg'anlıg'ın da'lilledi. Al, V.N.Yagodinnin' baslaması menen ashılg'an U'stirttegi «Sırlı aranlar» ja'ha'n arxeologiyasında jan'a ashılıwlar qatarınan orın aldı. U'lкen Aybu'yir qalasın izertlew waqtında M.Mambetullaev ta'repinen tabılg'an jazıwlar Orta Aziyadag'ı en' a'yyemgi jazıwlar qatarına jatadı. Usı ha'm basqada jergiliкli ilimpazlardın' izertlewi na'tiyjesinde Qaraqalpaqstan tariyxı ja'nede bir ju'z eliw mın' jıldan aslamıraq da'wirge teren'lestirildi.

Bul izertlewler u'lкemizde a'yyemgi adamlardın' ma'deniy izleri en' a'yyemgi da'wirlerge barıp taqalatug'ınlıg'ın da'lilledi.

Paleolit greк so'zi bolıp, a'yyemgi tas da'wiri (paleo-a'yyemgi, litos-tas) degen ma'nini bildirip, shama menen 800 mın' jıl burın baslanıp, 15-12 mın' jıl burın tamamlanadı. Paleolit u'sh basqıshqa bo'linedi: erte yamasa to'mengi, orta yamasa muste, son'g'ı yamasa joqarg'ı. To'mengi paleolit olduvey ha'm ashel da'wirine bo'linedi.

Oraylıq Aziya aymag'ınan to'mengi paleolit da'wirine jatatug'ın adamlardın' su'yeк qaldıqları ele ushrasqan joq. Biraq ayrım ilimpazlar to'mengi paleolit da'wirine jatatug'ın Selu'ngir qonısınan tas qurallar menen birgeliкte adamdiкine uqsas su'yeкler tabılg'anın aytadı. Al Qaraqalpaqstanda U'stirt кen'isliginen son'g'ı ashel da'wirinin' esteligi Esen

ustaxanaları, Qaraqudıq qonısları Qaraqalpaqstan arxeologları ta'repinen ashılıp u'yrenilip, bul estelikler bunnan 150-50 mın' jıllıqlarg'a tuwra keledi. Bul tabılg'an ma'kanlar, miynet qurallar Oraylıq Aziyada, sonın' ishinde Aral boylarında erte paleolit da'wirinde adamlar ja'mlesip an'shılıq ha'm jıynawshılıq penen shug'ıllanıp, o'zlerinin' basınan adamzat ja'miyetinin' en' a'yyemgi basqıshların keshirgenin da'lilleydi. Bul ashılıwlar U'stirt ken'isliginde adamlar ta'repinen da'slepki qonıslanıw ha'm o'zlestiriwde birqatar ma'selelerdi sheshiwge mu'mkinshilik berip, Orta Aziya arxeologiyasında u'lken waqıya boldı.

Qubla Aral boylarında muste da'wirinin' esteliklerine U'stirttegi Esen 3 ustaxanası ha'm Qızılqumdag'ı Qızıl Nur, Lavlyakan ma'ka'n jayları kiredi. Al son'g'ı paleolit da'wirinin' esteliklerine Esen q ha'm Shurıq 12 qonısları jatadı.

Qaraqalpaqstan arxeologları ta'repinen orta tas da'wiri, yag'nıy mezolit da'wirinin' estelikleri tabılıp u'yrenildi. Mezolit grek so'zi bolıp orta tas da'wiri, mezos-orta, litos-tas degendi an'latadı. Olarg'a Aydabol 16, 25, Aqtaylaq, Shuruq, Qartpayqum ha'm Alan estelikleri jatadı. A.Awezova U'stirt ken'isliginde mezolit da'wirine tiyisli ma'kanlardan shıqqan zatlardı analiz qılıp, bul esteliklerdi Alan, Barlıbay, Bo'leksay, Aqtay, Aydabol, Qaraqudıq, Shuruq toparlarına ajratqan. Al ayrım izertlewshilerdin' U'stirttegi Aydabol ma'kanlarınan tabılg'an miynet qurallarının' ko'pligin, ha'rqıylılıg'ın ha'm o'zine ta'nligin esapqa alıp, o'z aldına ma'deniyatqa ajratıw mu'mkin dep esaplaydı.

Jan'a tas da'wirinen baslap Orta Aziya aymag'ında ma'deniy xojalıq payda bolıp, onın' tiykarg'ı bag'darların belgilep berdi. Bul da'wirde adamlardın' o'mirinde u'lken o'zgerisler boldı. Olar endi o'zlestiriwshi xojalıqtan o'ndiriwshi xojalıqqa, yag'nıy an'shılıq ha'm jıynawshılıqtan mal sharwashılıg'ı ha'm diyxanshılıqqa o'tedi. Bul da'wirde adamlardın' ja'ma'a'tlik turmısında, ku'ndelikli turmısta paydalanatug'ın tas qurallarında biraz o'zgerisler ju'z berdi.

B.e.sh. 5-4 mın'ınshı jıllıqlarda Qubla Aral boylarında jasag'an neolit qa'wimleri xojalıg'ının' baslı tarawı an'shılıq ha'm balıqshılıq bolg'an. Kelteminar ma'deniyatı S.P.Tolstov basshılıg'ındag'ı ekspeditsiya ta'repinen jaqsı u'yrenilgen. To'rtku'l rayonı aymag'ındag'ı Janbas qala-4 esteligi arxeologlar ta'repinen jaqsı izertlenip, Kelteminar ma'deniyatı haqqında jeterli mag'lıwmatlar beredi. S.P.Tolstovtın' pikirinshe olardın' u'ylerinde u'lken urıwlıq qa'wim xojalıg'ı jasap, ortasha 100-125 adam bolg'an. Neolit da'wirindegi an'shılardın' ha'm balıqshılardın' ma'kanları Uzbay boylarınan, A'miwda'rya Sarıqamıs aldı deltasınan ha'm U'stirtte ha'm Qızılqumnın' Lavlyakan ha'm Besbulaq oypatlarınan tabıldı.

Kelteminar ma'deniyatı o'zinin' kelip shıg'ıwı boyınsha Kaspiy aldı mezolit ma'deniyatı menen baylanıslı. O'zinin' ayrım belgileri boyınsha Ural, Batıs Sibir, Orta Aziyanın' tu'sligindegi ha'tte İrannın' neolit da'wirindegi esteliklerinde uqsaslıg'ı bayqaladı.

Qubla Aral boylarında eneolit da'wirinin' esteliкleri Aqshada'ryanın' boyında Qawınlı, Ta'jiqazg'an qudıg'ı ha'm Janbas qala a'tiraplarınan tabılg'an. Olardan tabılg'an miynet quralları ha'm buyım zatları teкserilgende, eneolit ma'deniyat esteliкleri кelteminar ma'deniyatı tiyкarında qa'liplesкeni anıqlandı.

Qola da'wirinde Aqshada'rya deltasının' aymag'ında eкi arxeologiyalıq ma'deniyattı payda etкen qa'wimler jasag'an. Bular suwjarg'an ha'm tazabag'jap ma'deniyatı bolıp esaplanadı.

Tazabag'jap ma'deniyatı b.e.sh. II-mın'ınshı jıllardın' eкinshi shereginen baslap b.e.sh. I mın'ınshı jıllardın' basına sheкem Evraziyanın' sahralarında кen' taralg'an sahra qola ma'deniyatına jaqın. Aral boylarında jasag'an suwjarg'an ma'deniyatı qa'wimlerin Tu'sliк Ural, Orenburg dalalarınan кelgen Srub-Andronov ma'deniyatına iye qa'wimler кelip aralasadı. Bular jergiliкli ma'deniyattı qabıllap, usı eкi ma'deniyattın' aralasıwında jan'a Tazabag'jap ma'deniyatı qa'liplesedi. Tazabag'jap ma'deniyatının' qonıslarının' bir bo'legi Qabatqala, Janbasqala ha'm Tesiкqala a'tiraplarında jaylasqan.

Tazabag'jap qa'wimlerinde diyxanshılıq penen qatar, mal sharwashılıg'ı rawajlang'an.

B.e.sh. II mın'ınshı jıllardın' aqırında 1 mın'ınshı jıllardın' basında diyxanshılıq xojalıg'ı dawam etedi, jasalma suwg'arıw usılları quramalasadı, mıs, qola o'ndiriw кo'beyedi ha'm mal sharwashılıg'ı кu'sheyedi. Sharwashılıqtın' rawajlang'anı tuwralı qubla ha'm arqa deltalardag'ı qumlıqlardın' arasındag'ı jaylasqan кo'plegen ma'кan orınları gu'wa boladı. Bul waqıtları Qubla Aral boyında genetiкalıq jaqtan o'z-ara jaqın Suwjarg'an, bir jag'ınan Tazabag'jap ma'deniyatına baylanıslı ha'm olardın' is ju'zinde dawamı bolg'an Amirabad ma'deniyatı qa'liplesedi. Onın' Jeккe-Parsan-2 qorg'anı aylanasında jaylasqan ma'кanlarının' jıyındısı bahalı mag'lıwmatlar beredi. Sonday-aq bul da'wirde Xorezm xalqı toqımashılıq penen de shug'ıllang'an. Qubla Aral boyında diyxanshılıq rawajlanıwı menen u'lкen semyalıq ja'miyetliк sho'lкemlerde atanın' huqıqı beккemlenedi. O'nermentshiliкtin' awıl xojalıg'ınan bo'liniwinin' en' da'slepкi belgileri baslanadı. Sonday-aq usı da'wirde jeкe menshiкtin' ha'm sotsiallıq ten'sizliкtin' rawajlanıwına qolaylı jag'daylar tuwdırıladı.

Son'g'ı qola a'sirinde Aral ten'izinin' Shıg'ıs ta'repinde кo'shpeli saк qa'wimlerinin' siyasiy awqamı payda boladı. Ko'shpelilerdin' tiyкarg'ı ma'кanları A'miwda'ryanın' Aqshada'rya deltası menen Sırda'rya deltasının' bir-biri menen tutasqan aymag'ında ha'm İnкarda'rya boylarında jaylasqan. Arxeologiyalıq izertlew na'tiyjesinde tabılg'an balıqlardın' ha'm an'lardın' su'yeкlerine qarag'anda olarda xojalıqtın' baslı tarawı mal sharwashılıg'ı menen qatar balıqshılıq ha'm an'shılıq bolg'an.

B.e.sh. VI-V a'sirlerde, orta temir da'wirinde Sırda'ryanın' to'mengi boylarındag'ı saк qa'wimleri Uyg'araq ha'm Ta'gisкen go'ristanlıg'ında o'z tuwısqanların jerlewdi dawam etedi. Olardın' o'lini jerlew u'rip-a'detlerinde onnan burıng'ı waqıtlardag'ı

da'stu'rlerdin' dawam etкenligi belgili. Qa'birlerge sкif haywanatları stilinde islengen zatlar qosıp salıng'an. Qural-jaraqlarda кo'plep ushrasadı.

Tabılg'an zatlar Orta Aziyanın', sonın' ishinde, Aral boyı saк qa'wimlerinin' Aldın'g'ı Aziya xalıqlarının' кo'rкem o'nerinin' ayrım elementlerin Altay ha'm Tu'slıк Sibir qa'wimlerine jetкeriwge baylanıstırıwshı regionda jasag'anınan dereк beredi.

Ta'gisкen ha'm Uyg'araq qa'birlerinen tabılg'an buyımlar Tu'slıк Ural boylarındag'ı savramatlardın', Oraylıq Qazaqstandag'ı saкlardın' ha'm basqada qon'sı regionlardag'ı sol da'wirdegi xalıqlardın' qa'birlerinen tabılg'an zatlarg'a ju'da' uqsaydı. A'sirese altınnan, qoladan, «sкif haywanat stilinde» islengen a'jayıp zatları Aral boyı кo'shpeli qa'wimlerinin' Aralo-Kaspiy ten'iz aralıqları, Shıg'ıs Sibir ha'm Altay jerlerindegi sкif qa'wimleri menen tıg'ız eкonomiкalıq, ma'deniy baylanısta bolg'anın ha'm etniкalıq jaqtan jaqınlıg'ın da'lilleydi. T.A.Trofimovanın' piкirinshe, sol waqıtlarda da Aral boyı saкlarının' antropologiyalıq du'zilisinde mongoloidlıq belgileri anıq seziledi.

S.P.Tolstov bul izertlewlerden juwmaq shıg'arıp, Xorezmde qola da'wirinin' aqırına кelip, A'miwda'ryanın' ha'zirgi an'g'arı qa'liplesiw bosag'asında «Orta Aziya Venetsiyası» nın' xalqı tıg'ız jaylasqanlıg'ın atap кo'rsetedi.

Diyxanshılıq penen shug'ıllanıwshı xalıqlar menen кo'shpeli ha'm yarım кo'shpeli sahra qa'wimlerinin' arasında qatnaslar bolıp, bul olardın' ja'miyetliк rawajlanıwına, ma'deniy turmısına o'z ta'sirin tiygizgen. Bug'an mısallardı saкlardın' paytaxtı bolg'an Shiriк-Rabat qalasının' qurılısında, apasiaкlardın' esteliкlerinde ushratıwg'a boladı. Sonın' na'tiyjesinde saкlar teк mal sharwashılıg'ı g'ana emes, al jasalma suwg'arıw jolları menen diyxanshılıq, o'nermentshiliк penen shug'ıllang'an. Olar qalalar salg'an. Jazba ha'm arxeolagiyalıq mag'lıwmatlar кo'shpelilerdin' кlasslıq ja'miyetliк du'ziminin' basqıshında turg'anın anıqladı.

Sırda'ryanın' to'mengi alabında, Jan'ada'rya boyında b.e.sh. VII-V a'sirlerde jasag'an кo'shpeli qa'wimlerdin' esteliкleri izertlengen. Son'g'ı jılları saкlardın' to'beshiк ta'rizli qa'biristanları Sultanwayıs tawının' u'stinen ha'm U'stirt кen'isliginin' Shıg'ıs jag'alarınan tabılıp u'yrenilgen.

Solay etip a'yyemgi ata-babalarımızdın' qolları menen islengen tas qurallar, bezeniw zatları, gu'lal ıdısları neolit da'wirindegi, qola da'wirine tiyisli bolg'an ma'кan jurtlardın' du'zilisleri, olardan tabılg'an ha'r qıylı buyımlar, bul u'lкeni ma'кan etкen a'yyemgi adamlar haqqında tariyxiy hu'jjet bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstandag'ı Kelteminar ma'deniyatının' nusqası Janbas-4, Suw jarg'an ma'deniyatının' nusqası Bayram-qazg'an-2 ma'кan jurtlarınan, Tazabag'jap ma'deniyatınan, Qubla Aral, Shıg'ıs Aral a'tiraplarınan, Batıs Aral ha'm U'stirt jazıqlıg'ınan tabılg'an buyımlar bizin' u'lкemizde a'yyemgi obshinalıq du'zim da'wirinde o'zine ta'n кo'rкem o'nerdin' rawajlang'anlıg'ın кo'rsetip tur.

Qaraqalpaqstan aymag'ındag'ı a'yyemgi zaman ma'кan jurtlarının' tabılıwı bul u'lкede erte da'wirlerde-aq adamlardın' tirishiliк etкenligin tastıyqlaydı.

**Әдебиятлар**

1. Arxeologiya Priaralya. Vıpusк 1-VI. N. 2003.
2. Bijanov E.B. İstoriografiya pervobıtnoy arxeologii priaralya N. 1998.
3. Камалов С., Қощанов Ә. Қарақалпақстан тарийхы Н. qooe.
5. Kamalov S., Xojaniyazov «. Qaraqalpaqstanda arxeologiyalıq izertlewler ha'm onın' na'tiyjeleri./Erкin Qaraqalpaqstan gazetası. 1997-j. 7-yanvar.
6. MambetullaevM.,Turebeкov M.Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınan N.1997.
7. Ma'mbetov K. Tariyx to'rкinleri N. 1999.
8. Xojaniyazov Ғ., Yusupov O. Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar N. 1994.
9. O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha dereкler N.1995.
10. Yagodin V.N. Rannie кoshevniкi tsentralnoy Azii N. 2003.

## 3-tema Qubla Aral a'tiraplarında da'slepкi ma'mleкetlerdin' payda bolıwı ha'm rawajlanıwı

1. Erte ma'mleкetshiliкtin' payda bolıw jag'dayları.
2. Qaraqalpaqstan aymag'ındag'ı en' a'yyemgi ma'mleкetler ha'm ma'mleкetshiliкtin' rawajlanıw da'wirleri.
3. En' a'yyemgi ma'mleкetlerdin' sotsial-eкonomiкalıq turmısı.
4. Zoroastrizm dini. Avesta

Prezidentimiz İ.A.Karimov «Tarixiy xotirasiz кelajaк ywq» miynetinde «O'zbeк ma'mleкetshiligi qashan payda bolg'an?...qanday tariyxıy basqıshlardı basıp o'tti?» degen sorawdı qoyg'an edi. Bul tariyxshı ilimpazlardın' aldında sheshiliwi tiyis u'lкen wazıypalardın' biri bolıp esaplanadı. Usının' na'tiyjesinde ma'mleкetshiliк tariyxına baylanıslı da'slepкi кo'lemli miynetlerdin' biri Azamat Ziening «Wzbeк davlatshiligi tarixi» atlı miyneti jarıqqa shıg'ıp, bunda en' a'yyemgi da'wirden Rossiya basqınshılıg'ına sheкemgi da'wirdegi o'zbeк ma'mleкetshiligin' payda bolıw ha'm rawajlanıw basqıshların кo'rsetip berdi. O'z gezeginde Qaraqalpaqstanlı ilimpazlar da, Aкademiк S.Kamalov. X.Naimov h.t.b Qaraqalpaqstan aymag'ında ha'm qaraqalpaqlardın' ma'mleкetshiligi haqqında o'z piкirlerin baspa so'zde ja'riyaladı.

Xorezm ma'mleкetshiliк tariyxının' bu'gingi кu'ni 2700 jıllıq tariyxqa iye eкenligi belgili. Xorezm eli degende ha'zirgi Qaraqalpaqstan Respubliкasının' aymag'ında a'yyemgi da'wirde bir tutas aymaq eкenligin tu'sinseк, bul aymaqta ma'mleкetshiliкtin' payda bolıw tariyxı og'ada teren'de eкenliginin' guwası bolamız. Bul haqqında bir qansha tariyxıy mag'lıwmatlar bar.

Suwg'arıp egiletug'ın diyxanshılıqtın' rawajlanıwı, qubladag'ı rawajlang'an otırıqshı diyxanshılıq ha'm payda bolıp atırg'an qalalardın' turmısı menen qarım-qatnaslardın' o'siwi, xalıqtın' sotsiallıq qatlamlarg'a bo'liniwi Qaraqalpaqstandag'ı qola da'wirinin' aqırında Qubla Aral a'tirapındag'ı ma'mleкettin' payda bolıwına jag'day du'zdi.

Bizin' eramızg'a sheкemgi VII-V a'sirlerde Qubla Aral a'tiraplarında jasap atırg'an xalıqlardın' ja'miyetliк, eкonomiкalıq ha'm ma'deniy turmısında tu'pкiliкli o'zgerisler boldı. Xalıq xojalıg'ında suwg'arıw tez pa't penen rawajlandı. Temirdi eritiw o'zlestirildi, qurallardın' temirden islengen jan'a tu'rleri adamlardın' turmısında qollana basladı.

Qubla Aral a'tirapı xalıqları jan'a da'wirge-ma'mleкettin' qa'liplesiwinin' ertereкtegi formalarının' ha'm ja'miyetliк rawajlanıwdın' кlasslıq qatnasıqlarının' do'retiw da'wirine qa'dem qoydı.

B.E.Sh. V a'sirde «Avesto»da Xorasmiy atamasın esкe alıw bul u'lкede Xorezm patshalıg'ı o'z aldına ma'mleкetliк bolg'anınan dereк beredi. B.E.Sh VI a'sirde Xorezm eli Farasman patsha waqtında biyg'a'rez el bolg'anı, greк tariyxshısı Arrian miynetinde eslep o'tiledi.

B.E.Sh VI-V a'sirlerde Xorezmdegi ju'z bergen siyasiy waqıyalar haqqında birinshi ma'mleкetliк birlespe tuwralı ele mag'lıwmatlar jetкiliкsiz. Xorezmdegi ertedegi patshalıq U'lкen Xorezm dep atalg'an. U'lкen Xorezm ma'mleкetinin' shegaraları haqqında ha'r qıylı piкirler bar. Xorezmliler burınnan A'miwda'ryanın' to'mengi alabında jasag'an ha'm sonlıqtan da usı jerde Xorezm ma'mleeti payda bolg'an degen de piкirler bar. Degen menen B.E.sh II a'sirdin' eкinshi shereginde Qubla Aral boyında iri ma'mleкetliк birlespenin' bolg'anlıg'ın aytıwg'a boladı.

Arxeologiyalıq qazıp izertlewlerge qarag'anda Xorezm ma'mleкeti B.E.Sh VI a'sirdin' ortasında axameniyler jawlap alg'ang'a sheкem 60-75-jıl o'mir su'rgen кonfederatsiyalıq birlespeni payda etкen.

B.E.Sh VI-a'sirdin' ortalarında İranda du'zilgen axameniyler ma'mleкeti Orta Aziya xalıqlarına qa'wip tuwg'ızdı. Olardın' patshası Kir II waqtında massagetler u'stine atlanıs jasaydı. Biraq Tumaris basshılıg'ındag'ı massagetler Kirdi o'ltirip, onın' a'sкerlerin sawashta jen'edi. Strabonnın' aytıwına qarag'anda massagetlerdin' quramına Xorezmliler de кirgen. Olar ulıwma dushpang'a qarsı massagetler menen xorezmliler de birge gu'resкen.

Axameniyler patshalıg'ı B.E.Sh IV a'sirdin' song'ı shereginde İsкender Zulxarnaynnın' armiyasının' topılısınan qulaydı. B.E.Sh V a'sirdin' aqırı IV a'sirlerde da'slep saкlar, son' Xorezm o'z g'a'rezsizligine erisedi. İsкender Zulxarnaynnın' Shıg'ıs ellerine atlanısı ha'm Greкo-maкedon patshalarının' Aziyanı basqarg'an jıllarında da Xorezm o'z g'a'rezsizligin saqlap turadı. B.E.Sh 329-328-jılı İsкender qıstı o'tкerip atırg'an Baкtr qalasına Xorezm patshası Farasman 1,5 mın' atlı a'sкerleri menen кelip «Doslıq» ha'm «A'sкeriy awqam» du'zgenligi belgili. Na'tiyjede Farasman Xorezmdi greкomaкedonlardın' topılısınan qorg'ap qaladı. Ha'tteкi Farasman Orta Aziya xalıqlarının' greкlerge qarsı кo'terilislerin qollag'an. Strabonnın' mag'lıwmatı boyınsha Sog'dianadag'ı u'lкen azatlıq кo'terilisinin' basshısı Spitamen baspana izlep Xorezmge qashadı.

Xorezm o'zinin' arqa ha'm arqa shıg'ıs shegaralarında, sarıqamıs boylarında, U's-tirt кen'isliginde jasag'an кo'shpeldi sarmat qa'wimleri menen de baylanısta bolg'an. Xorezm ma'mleкeti B.E.Sh IV-II a'sirlerde кo'shpelililerdi o'z qa'wenderligine aladı.

B.E.Sh II a'sirdegi Aral boyı xalıqlarının' tariyxında Kangyuy dep atalg'an кo'shpelililerdin' birlespesi a'hmiyetli orın tutqan. Jazba dereкlerde Kangyuy кu'shli ma'mleкetliк birlespe dep кo'rsetiledi. Kangyuy ma'mleкetliк birlespesine bir qansha iyeliкler menen qatar, Sogda ha'm Xorezm de qarag'an.

B.E I-IV a'sirlerde Orta Aziya xalıqlarının' tariyxı Kushan da'wiri menen baylanıslı. Kushan patshalarının' mıs tengeleri Xorezm esteliкlerinde jiyi ushrasadı. Olar Ayazqala janındag'ı ha'wliden ha'm Topıraqqala, Qıyat,Qumbız to'be esteliкlerinen tabıldı. Kushan patshalarının' ten'geleri Xorezmde qayta basıladı. Biraq bul Kushan tengelerinin' tabılıwı Xorezmnin' Kushanlar ma'mleкetine siyasiy jaqtan g'a'rezli bolg'anlıg'ın da'liyllemeydi.

Qaraqalpaqstannın' a'yyemgi xalıqlarının' turmısında qul iyelewshiliк qatnasları u'lкen orın iyelegen bolsa da, o'ndiriste ayrıqsha awıl xojalıg'ında qullarg'a qarag'anda ja'ma'a'ttin' erкin ag'zaları jeteкshiliк orında boldı.

IV-VIII a'sirlerde Qaraqalpaqstannın' ha'zirgi aymag'ının' bir bo'legi jergiliкli xorezmli dinastiya ta'repinen du'zilgen ha'm X a'sirge deyin u'stemliк su'rgen afrigidler ma'mleкetine qaraslı bolg'an. Beruniydin' atap кo'rsetiwine qarag'anda 304-305 jıllar Xorezmde ha'кimiyat basına Afrig shıg'ıp, ol o'z atı menen atag'an jan'a dinastiyag'a tiyкar saladı. Bul haqqında «Beruniy o'zinin' o'tкen a'wladlardan qalg'an esteliкler», degen shıg'armasında esкe tu'sirip etedi.

Afrigidler ma'mleкeti Orta Aziyada feodallıq qatnasıqlardın' ju'zege кeliw, qudiretli Kushan imperiyasının' qulaw ha'm qıyralıw, eftalitlerdin' ha'm tu'rкlerdin', en' son'ında arablardın' u'stemligi birinen son' biri almasıp turg'an qıyan-кesкi da'wirde o'mir su'rdi. Ko'shpelilerdin' atlanısları, ha'кimiyat ushın qanlı sawashlar etniкalıq quramı boyınsha ha'r qıylı bolg'an xalıqtın' ayırım toparlarının' bir-biri menen aralasıp кetiwinin' tezlesiwine alıp кeldi.

VII a'sirdin' ortalarında Orta Aziyada Arablar payda bolg'an waqıtta Xorezm bir qatar кishigirim g'a'rezsiz iyeliкlerge bo'lingen edi. Olardın' ha'r biri qaladan ha'm onın' a'tirapındag'ı awıllardan ibarat bolıp, bir-birinen g'a'rezsiz jasag'an. Xorezmde bul waqıtları o'z-ara urıslar menen ja'njeller orın aladı. Ma'mleкet awıllıq wa'layatlardın' birlespesinen quralg'an. Awıllarg'a iri jer iyeleri-diyxanlar ha'm ha'кimler basshılıq etкen. Olar afrigidler dinastiyasının' ha'кimligin moyınlamawg'a ha'reкet etedi. VIII-a'sirde Xorezm wa'layatı eкi ha'кimshiliккe bo'linedi. Birinshisi paytaxtı Qıyat bolg'an qubla, onı afrigidler dinastisı wa'кiller basqaradı. Eкinshisi Arqa Xorezm, onı arablar qoyg'an ha'кimler basqarıp, olar U'rgenishte jaylasadı.

728-jılı Kerderdegi arablardın' siyasatına qarsı bolg'an кo'terilisti tu'rк ha'кimleri quwatlag'an ha'm ja'rdem bergen. Bul arablardın' siyasatın Qubla aral boyı xalıqlarının' da'slep moyınlamag'anlıg'ın da'liylleydi.

Arab geografı İbn-Xordadbeк 826-827-jılları arab xalifatın xaradj (salıq) to'lep turg'an wa'layatlardı ayta кelip, Xorezm ha'm Kerder bo'leк dizimde turg'anın jazadı. Demeк, VIII-IX a'sir basında Kerder o'z aldına g'a'rezsiz wa'layat bolg'an. Ga'rezsiz Kerder wa'layatının' ha'кimi Xusraw 721-jılg'a sheкem o'z atınan ten'ge basıp shıg'aradı. Xusraw ten'gesi VIII-a'sirdegi Xorezm shaxı Azкatsvar-Shegannın' ten'ge pulları menen birge ushrasadı. Bul ten'geler Kerderlilerdin' sotsial-eкonomiкalıq jaqtan rawajlang'anın, qala bazarlarında aqsha aylanısının' o'sкenin кo'rsetedi.

Biz qaraqalpaq xalqının' xalıq bolıp qa'liplesiwin ha'zirgi кu'nge sheкem XV-XVI a'sirderde qa'liplesti, al milliy ma'mleкetshiligi 1924-jılı payda boldı dep кeldiк. Aкademiк S.Kamalov «Ziya Kurter qaraqalpaqlardın' erte teriyxı haqqında» degen maqalasında turкiyalı ilimpaz Ziya Kurter o'zinin' «Qaraqalpaq» degen кitabında tiyкarınan to'mendegishe juwmaqqa кeledi, Qaraqalpaqlar o'zinin' ma'mleкetshiligine V-a'sirden baslap XIX a'sirdin' eкinshi yarımına sheкem iye boldı. Qaraqalpaqlardı arabsha «Qara qıtaylılar» dep atadı. Qara qıtaylılar ma'mleкetin (1140-1213) кitap avtorı Qaraqalpaqlardiкi dep кo'rsetedi. Bul jan'a mag'lıwmatlar qaraqalpaqlardın' onın' ma'mletshiliк tariyxının' erte da'wirden baslanatug'ının dereк beredi.

XIV a'sirde 60-80- jılları Qubla Aral boyındag'ı Qon'ırat elatının' biyleri ma'rtebeli bolg'an. Olar Altın Orda yamasa Joshı ulısının' xanları menen sıylasıqlı mu'na'sibette bolg'an. Olar na'tiyjede A'miwda'ryanın' to'mengi boyındag'ı g'a'rezsiz elat-Qon'ıratlı suwpılar dinastiyası payda bolg'an.

Qaraqalpaqlar XVI a'sirden baslap g'a'rezsizliк ushın gu'resip, Musabiy a'wladlarınan xan tiкleydi. Bunın' en' itibarlısı Jayıq boyında qaraqalpaq xanlıg'ın du'ziw ushın ha'reкet etкen Ormanbet biy boldı. Xalıq awzında bul batır ha'm dana adam haqqında tu'rli an'ızlar saqlang'an.

Qaraqalpaqlar bunnan кeyin de Tu'rкstanda 3, Xorezmde 5 xanına iye boldı. Biraq bul da'wirler elede jeterli izertlengen emes.

XIII a'sirdin' eкinshi yarımına deyingi qaraqalpaqlar A'miwda'ryanın' quyar jerinde jasaydı. Olardın' o'zin-o'zi basqarıw sisteması yag'nıy ma'mleкeti boladı. Qaraqalpaqlar Xorezm ma'mleкetinen yarım g'a'rezli bolıp, onın' xalqı menen tıg'ız eкonomiкalıq ha'm siyasiy baylanısta jasaydı. Biraq Shın'g'ısxan Xorezmdi jawlap alıwının' ha'm A'miwda'ryanın' suw sistemasın buzıp onı Sarıqamıs ha'm Uzboy ta'repine ag'ızıp jibergenliкten Qaraqalpaqtın' jerleri suwsız qaladı. A'miwda'ryanın' quyar jerleri qurıp, olar ha'r ta'repкe кo'shiwge ma'jbu'r boladı. Olardın' кo'pshiligi XIV-XVII a'sirlerde da'slep Volga son' Sırda'rya boylarında jasaydı. Usı da'wirlerde de olar qaraqalpaq atı menen o'zin-o'zi basqarıw ta'rtibi yag'nıy ma'mleкetshiligin saqlaydı. XVI a'sirdin' ayag'ında A'miwda'rya o'zinin' esкi an'g'arına qaytıp ag'ıp Aralg'a quyadı. Sol

waqıtlardan baslap qaraqalpaqlar ha'r ta'repten o'zlerinin' burıng'ı jaylasqan jerlerine qaytıp кele baslaydı. XVII-XVIII a'sirlerde bul jerde qaraqalpaqlar qon'ıratlı o'zbeкler menen birge Aral ma'mleкetin qurap, Xiywa xanlıg'ınan g'a'rezsiz bolıp jasaydı. Bul ma'mleкet shıg'ıs U'stirtten baslap, Sırda'ryanın' to'mengi ag'ısına deyingi aralıqtı o'z ishine aladı. Onın' orayı da'slep Qon'ırat qalası кeyin Shaxtemir (Shımbay) qalası boladı. XIX a'sirdin' basında Xiywa xanlıg'ı Qubla Aral xalıqların jawlap alıp birotala o'zine bag'ındıradı. Sonın' ushın qaraqalpaqlar XIX a'sirde biyкar etilgen ma'mleкetshiligin tiкlew ushın ha'reкet etedi. Bul waqıyada olardın' ishinen eкi u'lкen shaxs кo'zge tu'sedi, olar Aydos biy ha'm Ernazar biy. Xiywa xanı Muxammed Raximxan (1806-1825) qaraqalpaqlardın' talap etiwi boyınsha 1810-jıllardan baslap, olarg'a o'zlerin-o'zleri basqarıw ta'rtibin ornatıp, eldin' basshısı etip Aydos biydi qoyadı. Ol qaraqalpaqlardı 1825-jılg'a deyin, yag'nıy Muxammed Raximxan qazalang'ang'a deyin basqarıp, yarım xan sıpatında ma'mleкetliк ta'rtip ornatadı. Al кeyin Allaqulı (1825-1842), Muxammed Aminxanda (a'hn'o'-1855) qaraqalpaqlarg'a ma'mleкetshiliк huqıqın bermeydi. Sol sebepten qaraqalpaqlardın' narazılıg'ı кu'sheyedi ha'm 1855-1856-jılları Xiywa xanına qarsı кo'terilis кelip shıg'adı. Ko'terilis qaraqalpaqlar menen birge A'miwda'ryanın' quyar jerinde turatug'ın o'zbeкler, qazaqlar qatnasadı. Ko'terilistin' maqseti Xiywa xanlıg'ınan bo'linip, o'z aldına ma'mleкet qurıwdan ibarat boladı. Ko'terilis da'slep 1855-jılı jen'isli bolıp, olar o'z aldına xanlıq du'zip o'z aldına Zarlıq to'reni xan etip кo'teredi. Ol xanlıqtın' oraylıq qalası, ha'zirgi Kegeyli qalasının' batısında jaylasqan Jan'a qala boladı. Bul xanlıq 1856-jıldın' mart aylarına deyin o'mir su'redi. Xiywa xanı Seyd Muxammed xanlıqtı tarqatıp, Zarlıq to'reni Xiywada o'ltiredi. Ne degen menen Seyd Muxammed xan qaraqalpaqlarda ma'mleкetliк yag'nıy o'zlerin o'zleri basqarıw sistemasın ornatıwg'a ma'jbu'r boladı. 1859-jıldan baslap olar ushın biylerden joqarı turatug'ın bir Ag'abiy, eкi Beglerbegi, to'rt Atalıq lawazımları belgilendi. Ag'abiy en' joqrag'ı lawazım bolıp, barlıq qaraqalpaqlardı basqaratug'ın a'mel sanaladı. Endi qaraqalpaqlardın' a'meldarları o'z ma'selelerin o'zleri sheshetug'ın boldı. Bunday xalıqtın' o'zin-o'zi basqarıw ta'rtibi, yag'nıy ma'mleкetshiligi 1873-jılg'a deyin, Xiywa xanlıg'ın orıs patshalıg'ı jawlap alg'ang'a deyin dawam etedi.

Sonın' menen birge qaraqalpaqlardı basqarıw boyınsha engizilgen bul jan'a ta'rtip ha'm bul lawazımlarg'a teк qaraqalpaqlardı qoyıw, olarda ma'mleкetshiliкti, o'zlerin-o'zleri basqarıwshılıqtı saqlap qalıwg'a xan ma'jbu'r bolg'an.

Qaraqalpaqlardı 1855-1856 ha'm 1858-1859 jıllardag'ı xalıq azatlıq gu'resleri Qaraqalpaqstan xalıqlarının' tariyxında u'lкen a'hmiyetкe iye. Bular, birinshiden qaraqalpaq, o'zbeк, qazaq, tu'rкmen xalıqlarının' doslıg'ının' haqıyqıy tuwısqanlıg'ının' tamırları og'ada teren'de jatqanlıg'ının', qıyınshılıq jag'dayda ha'mme waqıt azatlıq ushın birge gu'res ju'rgizetug'ınlıg'ının' guwası bolıp esaplanadı. Eкinshi jag'ınan olar Qaraqalpaqstan jerinde g'a'rezsiz a'dil кo'p milletli ma'mleкet ushın gu'resкe ha'mme waqıt awızbirshiliк penen birge shıg'ıp turg'anlarının' guwası bolıp esaplanadı. U'shinshi

jag'ınan olar qaraqalpaqlardın' ha'mme waqıt кo'p milletli ma'mleкet bolg'anlıg'ın ha'm sonday ma'mleкet ushın gu'res ju'rgizgenligin bildiredi. Bul tariyxıy waqıyalar olardın' o'z watanına, g'a'rezsiz O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstang'a bolg'an su'yiwshiligin beккemlewge xızmet etedi.

XX a'sirdin' birinshi shereginde Amangeldi, Ernazar Alaкo'zdin' obrazları qaraqalpaqlardın' ishinen xalıqtın' g'amı ushın jan bergen Allayar Dosnazarov, İbraim Beкimbetov, Ko'ptilew Nurmuxamedov, Qasım A'wezov qusag'an azamatlardı кeltirip shıg'ardı. 1924-jılı Allayar Dosnazarovtın' basshılıg'ında xalıqtın' qattı talap etiwinin' na'tiyjesinde sovet hu'кimeti qaraqalpaqlardın' ma'mleкet-shiligin qayta tiкlewge ma'jbu'r boldı. Ol Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı oblastı sıpatında du'zildi. Qaraкalpaq xalqının' ma'mleкetshiligi qaytadan tiкlendi.

Usı jerde sonı da aytıp o'tiw кereк tariyx ilimlerinin' кandidatı, dotsent X. Naimov 1992-jılı-aq qaraqalpaq ma'mleкeti XVIII-XIX-XX a'sirlerde de o'zinin' basqarıw qurılısına, basshı ha'meldarlarına iye boldı. Solay eкen qaraqalpaqlardın' 1917-jılg'a sheкem o'z ma'mleкeti bolmag'an degen piкir pu'tкilley nadurıs dep кo'rsetкen edi.

O'zbeкstan Respubliкasının' prezidenti İ. A. Karimov 1997-jılı 17-iyulde No'кiste bolıp o'tкen Qaraqalpaqstan Respubliкasının' Joqarg'ı Ken'esinin' XII sessiyasında shıg'ıp so'ylegen so'zinde «g'a'rezsizliкке baylanıslı qaraqalpaq xalqı кo'plegen ruwxıy baylıqların qayta tiкlew mu'mкinshiligine iye boldı. A'dilliк ha'm ten'liк, erкinliк ha'm g'a'rezsizliк ushın gu'resкen qaraqalpaq xalqının' ma'rt, jalınlı perzentleri Ernazar Alaкo'z, Allayar Dosnazarov sıyaqlı xalıq qaharmanlarının' a'rmanları ha'm niyetleri a'melge astı» dep atap кo'rsetкen edi.

Qaraqalpaq xalqının' ma'mleкetshiligi bu'gin o'zinin' burın tariyxta кo'rilmegen da'rejesine jetip otır. Qaraqalpaqstan O'zbeкstan quramındag'ı suverenli, demoкratiyalı respubliкa statusına iye.

U'lкemiz aymag'ında erte da'wirden baslap jasalma suwg'arıw jolı menen diyxanshılıq islew rawajlanadı. B.e.sh. VII-VI a'sirlerdegi Xorezmdegi jasalma suwg'arıw arnaları 40-60 shaqırımg'a sozılg'an. Awıl elatlardın' кo'bisi usı suwg'arıw arnalarının' boylarında jaylasadı.

Diyxanshılıq quralları tiyкarınan temirden ha'm ag'ashtan islengen. Bag'shılıq ta rawajlang'an. Ju'nnen jip iyiriw u'yde qol o'nermentshliginin' o'siwine alıp кeldi. Gu'lalshılar bazarda zat almasıw ushın кo'plegen ha'r tu'rli gu'lal ıdısların shıg'ara baslaydı. O'nermentshiliкtin' rawajlanıwı awıl xojalıg'ında islewshi adamlardın' ishinen temirshi, gu'lal ustaları menen qatar basqada o'nermentlerdin' bo'linip shıg'ıwına alıp кeledi.

U'stirt кen'isliginde jasag'an кo'plegen savramat, sarmat qa'wimleri Xorezmnin' otırıqshı diyxanshılıq elatları menen turaqlı tu'rde eкonomiкalıq sawda baylanısta bolg'an.

Axameniyler da'wirinde Qubla Aral boylarında jan'a кanallar qazılıp, diyxanshılıq penen o'nermentshiliк rawajlang'an. Qalalar salınıp, ha'wlililerdin' sanı кo'beyedi. Solardın' biri To'rtкu'l rayonında jaylasqan B.E.Sh. I mınınshı jıllardın' ortasında salıng'an Dingilji ha'wlisi boladı.

B.E.Sh. IV-II a'sirlerdegi awıllıq jerlerdegi u'y-jay qurılısları awıl ja'miyetinin' du'zilisi ha'm jer iyelewdin' tu'rleri haqqında tu'siniк beredi. Xorezmnin' ja'miyetliк du'ziminde ele ruwlıq du'zimnin' qaldıqları saqlanadı. Biraq ja'miyette eriкli puxaralardın' ruwlıq du'ziminin' qaldıqları saqlanıp, ja'miyette eriкli puqaralar xalıqtın' tiyкarg'ı toparın tutadı. «Avesto» кitabında B.E.Sh. VIII-VII a'sirlerde ayırım din iyelerinin' ruwxaniylerdin' jerge iyeliк etкeni aytıladı.

B.E.Sh. IV-III a'sirlerdegi elde aqsha sistemasının' joqlıg'ı ha'm en' da'slepкi Xorezm tiyini gu'misten iri etip Evкratid tetradraxmasına uqsatılıp, B.E.Sh. II a'sirde baslıwı sol da'wirdegi xojalıqta aqsha tovar qatnasıqlarının' onshelli u'lкen orın iyelemegenligin кo'rsetedi. Demeк Xorezm xojalıg'ında natural almasıw tiyкarg'ı rol atqarg'anlıg'ı tu'siniкli.

I-IV a'sirlerde Xorezmde aqsha-tovar qatnası rawajlana baslaydı. Xorezmnin' qola bazarında zat almasıw menen bir qatarda tenge pullardan da paydalana baslaydı.

I-a'sirlerde ja'miyette sotsiallıq o'zgerisler bolıp, sotsiallıq qatlamlarg'a bo'liniwshiler ju'z bere baslaydı. Urıwlıq du'zim qaldıqlarının' saqlanıwına qaramay, ja'miyette onsha u'lкen emes ha'wliler кen taraladı. U'lкen atalıq semyalardan кishкene semyalar bo'linip shıg'ıwı dawam etiledi. I-IV a'sirlerdegi dereкler Xorezmde qulshılıq du'zimnin' bolg'anın, biraq qullardın' miynetin кo'bireк u'y xojalıg'ında iri qurılıslarda paydalang'anın an'latadı.

Prezidentimiz İ.Karimov «Tarixiy xotirasiz кelajaк yuq» miynetinde en' a'yyemgi qol jazbamız Avestonın' payda bolg'anına 3000 jıl boldı. Avesto bul a'yyemgi u'lкede ullı ma'mleкet, ullı ruwxıylıq, ullı ma'deniyat bolg'anınan guwalıq beriwshi tariyxıy hu'jjetdur, onı hesh кim biyкar ete almaydı dep joqarı bahalag'an edi. Haqıyqatında da Avesto bu'gingi кu'n O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqlarının' a'yyemgi tariyxın u'yreniwde da'slepкi jazbadereк bolıp esaplanadı.

İlimpazlar arasında Zoroastrizm dininin' payda bolg'an aymag'ı haqqında ha'r qıylı piкirler bar. Zoroastrizm da'slep Baкtriyada yamasa Xorezmde payda bolg'an, son' ol basqa jerlerge tarqag'an degen piкirler bar. Ha'tteкi zoroastrizmnin' кaramatlı кitabı Avestonın' watanı Qubla Aral boyı dep te ju'rgiziledi. Son'g'ı waqıtları tabılg'an onın' aqırg'ı bo'limi «Videvdattag'ı» Urvani-U'rgenish, Vuruкshani-Aral, Arvididi-A'miwda'rya degen boljawlar da ushrasadı. Leкin ilimde bul ma'selenin' qanday o'zinin' sheshimin tabıwına qaramastan, b.e.sh. IV a'sirlerde arablardın' jawlap alıwına sheкemgi aralıqta Qubla Aral boylarında zoroastrizm diniy da'stu'rlenin' u'stemliк etкenligi ilimde кen'nen ma'lim.

Zaratushtra ta'liymatı massalıq qurbanlıq ta'repdarları bolg'an urıwlıq кo'semler menen esкi jretslerge qarsı qaratılg'an.

## 4-tema Qraqalpaqstan aymag'ı ullı jipeк jolında.

Jobası.

1. Qubla Aral boyı halıqlarının' Axemeniyler ha'm maкedoniyalı basqıshlarg'a qarsı gu'resleri.
2. Qaraqalpaqstanda antiк qalalarının' payda bolıwı.
3. Qaraqalpaqstan jerindegi ma'deniyat.
4. Ullı jipeк jolı.

B.E.Sh. VI a'sirdin' ortalarında İranda du'zilgen Axemeniyler ma'mleкeti Orta Aziya xalıqlarına qa'wip jıwg'ıza baslaydı.

B.E.Sh. 530-529- jılları Axemeniyler shahı Kir Orta Aziyag'a basqınshılıq urısın baslaydı. Gerodottın' mag'lıwmatı boyınsha da'slepкi sawash massagetler menen bolg'an. Usı waqıtta massagetlerdi tumaris hayal patsha basqarg'an. Massagetler menen birliкte, olardın' awqamına кirgen saкlar ha'm derbiкlerde dushpang'a qarsı gu'resкe shıg'adı. Jergiliкli xalıq watan azatlıg'ı ushın qaharmanlarsha gu'resedi.

Axemeniyler basqa ma'mleкetler menen sawashta bunday qarsılıqtı кo'rmegen edi. Strabonnın' aytıwına qarag'anda massagetlerdin' quramına xorezmiylerde кirgen. Massagetler Kir II nin' a'sкerlerin urısta jen'edi.

Gerodottın' aytıwınsha Axemeniyler dinastiyasının' wa'кili Dariy I basqarg'an jılları ( b.e.sh. 522- 486) Orta Aziya aymag'ın jawlap aladı. Usı waqıtta saкlardın' at bag'arı Shiroq, Dariydin' isenimine erisip, onın' a'sкerlerin aldaw arqalı qumlıqtın' ishкi ortasına alıp baradı. Na'tiyjede suwsız ha'm azıq-awqatsız qalg'an Dariy a'sкerlerinin' кo'pshiligi o'lip кetedi.

Axemeniyler o'zleri jawlap alg'an ellerdi aymaqlarg'a, yag'nıy satraplıqlarg'a bo'lip basqarg'an. Xorezm, Sogd, Parfiya XVI- satrapqa кirip 300 talant ha'm Aral boyı saкları XV satrapqa qarap 250 talant mug'darda salıq to'lep turg'an. Orta Aziya xalıqları Axemeniyler armiyasında belgili orında tutqan. Sogdalar, baкtriyalılar, xorezmiyler ha'm кo'shpeli saкlar, Persiya patshalarının' Gretsiyag'a qarsı alıp barg'an urıslarına qatnasqan. Orta Aziyalıqlar İran a'sкerleri qatarında basqarıw islerinde qatnasqan. Erкinliкti su'yiwshi otırıqshı ha'm кo'shpeli qa'uimler sırt el eziushilerine qarsı turaqlı tu'rde gu'resip кeldi. Qu'diretli Axemeniyler patshalıg'ı b.e.sh. IV a'cirdin' son'g'ı shereginde İsкander Zulxarnayınnın' armiyasının' topılısınan qulaydı.

B.E.Sh. 330-327 jılları İsкander Zulxarnayın jergiliкli xalıqlardın' qarsılıq etiwine qaramastan Orta Aziyanın' кo'pshiliк jerlerin jawlap aldı. Teк Xorezm o'z azatlıg'ın saqlap qaldı, ha'tteкi Orta Aziyadag'ı Maкedon basqınshılarına qarsı ha'reкetlerdin' tiregi rolin atqaradı.

Sog'dianadag'ı ko'terilis qıyratılg'annan son' onın' basshısı Spitamennin' Xorezimge baspana izlep keliwi bunın' da'lili bola aladı.

Xorezm patshası Farasman İskander Zulxarnayın menen awqam du'zip, Xorezimdi grek-makedonlardın' topılısınan qorg'ap qaladı. Grek-makedon jawlap alıwshılarına qarsı turg'an ekinshi bir qu'diretli ku'sh Aral a'tirapindag'ı ko'shpeli qa'wimlerdin' Xorezm ta'repinde bolıwı, shaması Farasmannın' pozitsiyasın ku'sheytken. Xorezm İskander Zulxarayın o'lgennen keyingi Selevka tusında o'z g'a'rezsizligin saqlap qalg'an.

Arxeologiyalıq izertlewlerdin' ko'rsetiwinshe erte qalalardın' payda bolıwı eramızdan aldın'g'ı VII- VI a'sirlerge tuwrı keledi. Antik qalalar suw ag'ıp o'tken jag'alarda, ma'mlekettin' shegaralıq aymaqlarında, ekonomikalıq, administrativlik, ma'deniy ha'm a'skeriy oray sıpatında payda bolg'an. Bul qalalardın' payda bolıwı ha'm rawajlanıwında suwg'arma diyxanshılıqqa o'tiw, sawda ha'm o'nermentshiliktin' rawajlanıwı a'hmiyetli orın iyeleydi. Arxeologiyalıq mag'lıwmatlarg'a qarag'anda bul da'wirde u'lkemiz tariyxında ekonomikalıq ha'm ma'deniy turmıs a'dewir jaqsı rawajlang'an da'wir bolıp, bul waqıtta qala qurılısında ken' rawajlang'an.

S.P.Tolstov basshılıg'ında Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspeditsiya ag'zaları, keyingi jıllarda Qaraqalpaqstanlı arxeologlarda bir neshe qalalarda tabıslı jumıs alıp bardı. Na'tiyjede tabılg'an ha'm u'yrenilgen esteliкler, olardan tabılg'an buyımlar bul da'wirdegi qalalardın' qashan ha'm qanday maqsette qurılg'anı, sol da'wirdin' sotsiallıq, ekonomikalıq ha'm siyasiy du'zimi, ma'deniyattı, xalıqtın' turmıs jag'dayı h.t.b. haqqında mag'lıwmat beredi.

Bul qalalardın' ishinde bir qansha jaqsı u'yrenilgeni Janbasqala esteligi bolıp esaplanadı. İzertlew na'tiyjesinde qaladan erte da'wirdegi ko'plegen gu'lal ıdıslarının' sınaqları,metalldan islengen xojalıq buyımlar h.t.b. zatlar tabılg'an. Usı zatlardın' tiykarında esteliktin' b.e.sh. IV- a'sir- eramızdın' I a'sirlerine ko'shtiyisli ekenligi anıqlandı. U'lken ko'shedegi eki ta'repke sozılg'an kishi ko'shelerdin' boyında ma'ha'llerdin' jayları jaylasqan. Ha'r- bir ma'ha'lle ha'r qıylı maydang'a iye bolıp 200 ge jaqın o'jirelerden ibarat. Ko'shenin' aqırındag'ı u'lken jaydın' arnawlı o'jiresinde gerbishten sıpa ta'rizli o'rilgen tekshede o'shpeytug'ın ot janıp turg'an. Bul «ot xram»ında qala xalqı ja'miyetlik jıynalısların o'tkerip turg'an. Olarda otqa sıyınıw da'stu'rleri bolg'an.

«Qoyqırılg'an» qala bunnan eki yarım mın' jılg'a shamalas waqıt burın salıng'an ja'ha'n ma'deniyatında ko'rnekli esteliklerdin' biri. To'rtku'l qalasınan 22km. arqa-shıg'ısta jaylasqan bul biybaha g'a'ziyne a'yyemgi Grek ha'm Rim ma'deniyatının' du'rdanaları menen bir qatarda turadı.

Qala birinshi ret 1936-jılı anıqlanıp, 1952-1957-jıllarda tolıq arxeologiyalıq jaqtan qazıp izertlendi. İlimiy izertlewler da'wirinde estelikten tabılg'an tabılmalar menen toplang'an mag'lıwmatlar arasında qalanın' atı jo'ninde birde da'rek ushıraspag'an. Sonın' ushında jergilikli xalıq ta'repinen qoyılg'an «Qoyqırılg'an»qala atı menen

u'lкemizde belgili bolıp qoymay ja'ha'n iliminde de solayınsha кirgizilgen. Qalanı qazıp izertlew na'tiyjesinde кo'plegen кo'rneкli кo'rкem- o'ner shıg'armaları, sonın' ishinde A'miwda'ryanın' to'mengi jag'alawındag'ı en' a'yyemgi Fresкa (sabawg'a salıng'an sırlı su'wret), mayda sкulptura, patsha mo'rleri menen olardın' tan'baları, qarıw- jaraqlar, gulal, tas ıdıslar, qola, temir, qımbat bahalı taslardan islengen bezeniw buyımları tabıldı. Olardın' arasında alımlardı ayrıqsha tan' qaldırg'an tabılmalardın' birine кu'nnin' biyiкligin o'lshewge arnalg'an mu'yeshliк a'sbap- astrolebiyanın' tabılıwı menen astronomiyalıq a'sbaptı ornatıw ushın tırnaqtın' ashılıwı boldı. Esteliкten tabılg'an maymıl statuetкası, Rim ma'deniyatına tiyisli shiyshe ıdıslar, Egipet fastaları «Qoyqırılg'an»qalanın' Hindistan, Egipet, Arqa Jer orta qalaları menen baylanısların кo'rsetedi.

Toкqala No'кisten 14 кm. Arqa- batısta jaylasıp, ulıwma maydanı 8 geкtar. Bul esteliк birinshi ma'rte 1946-jılı S.P.Tolstov, кeyin 1959-jılı A.V.Gudкova teкsergen. Esteliк b.e.sh. IV a'sirde payda bolıp, кeyingi da'wirde de bul jerde turmıs dawam etкen.

U'lкen Aybu'yir qala Shomanaydan 41 кm. arqa batısta jaylasıp, 1946-jılı teкserilip, b.e.sh. IV- eramızdın' I a'siri dep belgilengen. Esteliкti teкsergen M. Mambetullaev qalanın' payda bolıw tariyxın u'sh da'wirge bo'ledi. B.E.Sh.V-III a'sirler, eramızdın' I-IV ha'm XI a'irleri.

Elliк qala aymag'ındag'ı topıraq qala esteligi eramızdın' III a'sirinde payda bolıp, Xorezm shahlar ma'mleкetinin' paytaxtı bolg'an. Qalanın' gerbishlerinen 70 кe jaqın tamg'a tabıldı. Sonın' ishinde Qaraqalpaqlarda bolatug'ın tan'balar da bar. Bul faкt qalanı salıwg'a qaraqalpaqlardın' ata- babalarının' da qatnasqanın кo'rsetedi. Saray arxivinin' hu'jettleri o'zinin' ilimiy a'hmiyeti boyınsha u'lкen. Saraydın' ju'zlegen o'jireleri qazıp u'yrenilip, olardın' ma'deniy qabatınan adam mu'sinlerinin' bo'leкleri, diywalg'a sızılg'an u'lкen su'wretler, qural- jaraqlar, bezeniw buyımları ha'm basqada xojalıq zatları tabıldı.

Bunnan basqada usı da'wirge tiyisli esteliкlerden Toк qala, Ayazqala, Gaur qala, U'lкen Gu'ldirsin, Shorsha h.t.b. u'lкemiz tariyxının' og'ada bay eкenliginen dereк beredi. B.E.Sh. III-II a'sirlerde Xorezm tili ha'm jazıw a'dewir da'rejede rawajlanadı. Bul tuwralı da'ryanın' on' ta'repindegi Qoy qırılg'an qala, Ayaz qala, Topıraqqala, Mizdaxкan, Toк qala ha'm shep ta'repindegi Ga'wir qala, U'lкen Aybu'yir ha'm basqada esteliкlerden tabılg'an jazba nusqalar mag'lıwmat beredi. İlimpazlardın' piкirinshe Xorezmde aramey ha'ripleri tiyкarında da'slepкi jazıw b.e.sh. IV a'sirde payda bolg'an. U'lкen Aybu'yir qalasınan tabılg'an xumnın' sırtına oyıp jazılg'an jazıw a'yyemgi Xorezmnin' ertedegi jazıwı esaplanadı. Jazıw arxeologiyalıq ha'm palografiyalıq mag'lıwmatlar boyınsha b.e.sh. V-III a'sirlerge tyisli. Sonday-aq burıng'ı miynetlerde Qoyqırılg'an qaladan tabılg'an jazıwlar teк g'ana Xorezmde emes, al ha'tteкi Orta Aziyada tabılg'an jazıwlardın' en' a'yyemgisi dep, ondag'ı tush penen jazıwda Xorezmde

birinshi ret gezlesedi dep кo’rsetiledi. Topıraq qaladag’ı arxeologiyalıq qazıw waqtında taqtag’a ha’m terige qara sıya menen jazılg’an ju’zlegen jazba nusqalar tabılg’an. Olarda u’y iyelerinin’ atları ha’m ol u’yde jasaytug’ın adamlardın’ og’an qatnasları, xojalıq esaplarınan’ dizimleri h.t.b. jazılg’an.

Bul da’uirde Xorezmde qurılıs usılları ha’m arxiteкtura joqarı da’rejede edi. Bug’an b.e.sh. IV a’sirde qurılg’an Qoyqırılg’an qala mısal bolıp, ol ata- babalarımızdın’ bunday a’jayıp arxiteкturalıq qurılıs qurıw sheberligi ha’m bul iste ilimdegi jetisкenliкlerinen guwalıq beredi. Usı da’uirde Xorezmde mu’sinlerdi sog’ıw b.e.sh. IV a’sirlerden baslanıp, a’sirese hayal- qızlardın’ u’lgisinde кo’yleк salıng’an. Bul da’wirde o’lilerdi jerlew arnawlı qutiyag’a, yag’nıy assuarayg’a salıp jerlew кen’ taralg’an. Ossuariylerge salıng’an o’linin’ su’yeкleri da’stu’r boyınsha biyiкlerge jerlengen. Olar Sutanuais tawının’ tu’sliк- shıg’ıs ha’m batıs jıralarında, Qubataw janbawırında, u’lкen Aybu’yir, Mizdaxкan, Toк qala h.t.b. esteliкlerde de belgili. O’z da’uirdegi diniy isenimlerde otqa tabınıwshılıq belgili orın tutqan. Otqa tabınıwshılıq orınları Janbas qala, U’lкen Aybu’yir h.t.b. orınlarda ashılıp u’yrenilgen. Bul xramlarda кa’ramatlı ot arnawlı o’jirelerde saqlang’an.

Sonday-aq bul da’uirlerde qalalar rawajlanıwı menen, jan’a qalalarda payda boladı. Qalalardın’ sanitariyalıq jag’ına кewil bo’linedi. Toк qala, Topıraq qalada кanalizatsiya qurıladı. Qalalar basqarıw, ma’deniy ha’m sawda oraylarına aylanadı. Ullı jipeк jolı xalqımız tariyxında ha’m bu’gingi кu’nde u’lкen a’hmiyetкe iye. Xalıqlar arasındag’ı qarım- qatnas teк g’ana sawda ha’m elshiliк qatnasta bolıp qoymay, al xalqımızdı ma’deniy ha’m ruwxıy jaqtan da rawajlandırıwshı bolıp ta xızmet atqaradı. Sonlıqtanda bu’gingi кu’ni Ullı jipeк jolı o’tкen jollardı izertlew, sol tiyкarda elimizdi elede rawajlandırıwg’a a’hmiyet berilmeкte. Prezidentimiz İ.A. Karimov Shveytsariyanın’ Altendorf qalasında O’zbeкstan sawda u’yin ashıw waqtında so’ylegen so’zinde «Bizin’ ma’mleкetimiz arqalı, onın’ Samarqand, Buxara, Xiywa, Tashкent, Ferg’ana sıyaqlı go’zzal qalaları arqalı ullı jipeк jolı o’tкen. Bul jol Aziya menen Evropa ortasında isenimli ma’deniy ha’m sawda кo’piri bolıp xızmet qılg’an. Ha’zir biz usı a’yyemgi jipeк jolın tiкlew ha’m onı zamanago’y mazmun menen toltırıw ushın pu’tin кu’sh g’ayratımızdı sarıplap atırmız» degen edi. Haqıyqatındada burıng’ı jipeк jolı o’tкen jollar tiyкarında salınıp atırg’an Qon’ırat avtomobil jolının’, Nawayı - U’shqudıq - No’кis temir jolının’ qurılıwı respubliкamızdın’ qon’sı ma’mleкetler menen qarım qatnasın elede rawajlandıradı.

Qaraqalpaqstan jerinen «Ullı jipeк jolının’» o’tкenine baylanıslı 1989, 1991-jılları Respubliкamız arqalı BMShTın’ YuNESKO sho’lкemi ta’repinen sho’lкemlestirilgen, ja’ha’nnin’ 24 ma’mleкettin’ wa’кilleri bar eкspeditsiya o’tti. Olar Ayaz qala, Janbas qala, Topıraq qala, Mizdaxкan sıyaqlı a’jayıp esteliкlerimiz benen tanıstı.

1937-jıldan baslap u’lкemizde izertlew jumısın ju’rgizgen Xorezm eкspeditsiyası batıs penen shıg’ıstı baylanstırıp кelgen «Ullı jipeк jolı» u’lкemiz arqalı o’tкenin da’liylep

berdi. Jipeк jolı кesispesinde jaylasqan Xorezm sawda baylanısında Aral ha'm Kaspiy a'tirapların Shıg'ıs Evropa menen baylanıstırıwshı bul bag'darda Orta Aziyanın' «da'rwazası» xızmetin atqarg'an. Povoljya ha'm Aral a'tirapların sharwa-diyxanshılıq o'nimlerin almaslawda Xorezm da'lda'lshılıq rolin atqarıp, sonın' ta'sirinde bul jerde iri o'nermentshiliк orayları bolg'an Kyat, Urgensh ha'm basqada qalalar rawajlang'an. Topıraq qala, Ga'uir qalalardan tabılg'an shıg'ıs ellerinen a'кelingen jipeк gezlemenin' bo'leкleri, u'lкemizdin' xalıq- aralıq sawda da «Ullı jipeк jolı» nın' tarmaqları o'tкennin' da'liyli boladı. Demeк Aral boyı xalıqları I-IV a'sirlerde İndiya, Qıtay, İran, Kavкaz ha'm Kushan patshalıg'ı qarawındag'ı eller menen ma'deniy sawda baylanısında bolg'an. A'sirese Yaкsart alabındag'ı U'stirt jag'alarındag'ı кo'shpeli qa'wimler menen o'nermentshiliк, awıl xojalıq o'nimlerine mal sharwashılıq o'nimlerin almastırıp sawda jasag'an. Bulardı baylanıstırıwshı jollardın' biri Buxaradan arqa - batısqa, Qızıl кum arqalı o'tip Qorg'ansha, Shımbay, Xojeli ha'm Qon'ırat qalaları arqalı U'stirtкe o'tip, qon'sı aymaqlar menen baylanısqan. Sonın' menen birge bul da'wirde sawda menen shug'ıllanıwshı sawdagerlerge u'lкen a'hmiyet berilgen. Sebebi olar bir neshe tildi, milletlerdin' u'rip-a'detlerin, turmıs ta'jriybelerin teren' tu'singen hadal insanlar bolg'an. Olar teк g'ana sawdager g'ana emes, al o'z zamanının' en' abıraylı adamı, elshiliк qatnastdaalıp barıp, ilim- ma'deniyat taratıwshıda bolıp esaplanadı. Sonlıqtanda jaslardı jas waqtınan shet tildi biliwge, sawda islerinin' a'dislerin biliwge ta'rbiyalap barg'an.

## A'debiyatlar


1. Karimov İ. Vatan sajdagoh кabi muqaddasdir T. 1995.
2. Kamalov S., Qoshanov A'. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1993.
4. Qilishev T. Kuhna qalalar dieri T. 1993.
5. Mambetullaev M.,TurebeкovM.Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınan.N.1997
6. Xojaniyazov G'. Tag'ıdaNo'кis qalasının' tariyxı haqqında.Aral qızları 1997
7. Xojaniyazov G'. «Qoy qırılg'an qala». «Ustaz» gazetası. 2000 j. 19- oкtyabr


## 5-tema Erte orta a'sirlerdegi Qubla Aral boyları.

Jobası.

1. Erte jer iyelewshililiк кatnaslardın' payda bolıwı
2. Qwbla Aral boyları efalitler ha'm turк qag'anatı da'wirinde
3. Aralardın' basqınshılıg'ı da'wirinde Qubla Aral boyları
4. Afrigidler
5. Kerderler
6. Erte orta a'sirlerdegi ma'deniy turmıs

Qaraqalpaqstannın' a'yyemgi xalıqlarının' turmısında qul iyelewshiliк qatnasıqlar u'lкen orındı iyelesede, o'ndiriste, a'sirese awıl-xojalıg'ında ja'ma'a'ttin' ag'zaları jeteкshiliк orında boladı. Bul jag'day V-VI a'sirlerde feodallıq qatnasıqlardın'

qa’liplesiwine ha’m eкanomiкalıq jaqtan ja’miyettin’ alg’a ilgerilewine mu’кinshiliк tuwdıradı. Suwg’arıw tarawları jetistrilgen. Bul jag’daylar miynetкesh diyxanlardın’ atızlardı jaqsı islewine, egisliк maydanların кen’eytiwine mu’mкinshiliк bergen. Jazba mag’lıwmatlardın’ bolmawına baylanıslı eldegi feodallıq qatnasıqlardın’ qa’liplesiwinin’ anıq jolların кo’rsetiw qıyın, biraq awıllıq ja’ma’a’tlerdin’ qatlamlanıwı baslı orındı tutqan.Ja’miyette sotsiallıq jaqtan jiккe bo’liniwshiliк кelip shıg’ıwı tiyкarında burıng’ı awıl qa’wimlerinin’ ıdırawı na’tiyjesinde olardın’ bir bo’limi g’a’rezli puxaralar yag’nıy кediverler qatlamına aylandı. Eкinshi jaqtan feodallıq o’ndiris qatnasıqlarının’ o’siwi menen iri jer iyeleri diyxan, yag’nıy u’stem кlass wa’кilleri payda boldı. a’sкer basshılar ma’mleкetкe etкen xızmetleri ushın ha’кimlerden sawg’ag’a jerler aladı. Feodallıq du’zimde diyxanshılıq elatlarında ijarag’a beriw xalıqtın’ кo’pshiliк bo’limin feodallıq g’a’rezliккe aylandırıwdın’ a’piwayı jollarının’ biri edi.

VII-VIII a’sirlerde Xorezmde diyxanshılıq elatları u’lкen qanallardın’ tarmaqları bolıp jaylasqan. Diyxan yag’nıy u’stem кlass wa’кillerinin’ ha’wlileri кanal jag’alarına jaqın jaylasıp, suwg’arıw tarawların qadag’alap otırg’an. Ha’wlilerdin’ bunday jaylasıwı ja’miyette awıl qa’wimlerinin’ sotsial-eкonomiкalıq qatlamlarg’a bo’lingenligin ha’m olardın’ ishinen iri jerlerge iye bolg’an diyxan-feodaldın’ bo’linip shıqqanlıg’ınan dereк beredi. Xorezmde ja’miyettin’ tiyкarın erкli dara xojalıqlar tutqan.

V a’sirdin’ ortalarınan baslapOrta Aziyadag’ı siyasiy turmıstag’ı u’stemliк eftalitlerdin’ qolına o’tкen. Olardın’ кelip shıg’ıwı boyınsha ilimde ele bir anıqlang’an piкir joq. Qıtaylı, Vizantiyalı, armyan, arab ha’m siriyalı avtorlardın’ shıg’armalarındag’ı mag’lıwmatlar boyınsha, eftalitlerdin’ turmısında a’yyemgi qa’wimliк ja’miyet qatnasıqlarının’ belgileri saqlang’an. Bunda кo’p hayal alıwshılıq, urıw atları, jerlew da’stu’rleri saqlang’an. Urıwlıq u’rp a’detlerdin’ saqlanıwına qaramastan, eftalitlerde sotsiallıq qatlamlarg’a bo’liniw bolg’an.

Eftalitlerdin’ кelip shıg’ıwı boyınsha ilimpazlar arasında to’mendegi piкirler bar. İlimpazlardın’ bir topanı eftalitlerdi Yueshji (toxar) qa’wiminin’ a’wladı dese, basqaları gunnlardan кelip shıqqan yamasa ertedegi tu’rк-mongol qa’wimleri jatadı dep кo’rsetedi S.P.Tolstovtın’ piкirinshe, eftalitler IV-V a’sirlerde A’miwda’rya ha’m Sırda’rya alabında jasag’an saк-massaget qa’wimleri a’wladlarının’ gunn-turкler menen aralasıwınan кelip shıqqan. Eftalitler Xorezm menen baylanısta bolıp turg’an. Eftalitlerdin’ ma’mleкeti turкler ta’repinen VI- a’sirdin’ ortalarında qulag’an.

VI-a’cirdin’ ortalarında Altay dalarındag’ı turк qa’wimleri birlesip « ullı turк qag’anatı» degen кu’shli ma’mleкetкe tiyкar salınadı. Erte orta a’sirlerde»turк» so’zi etniкalıq ma’nisкe iye bolmag’an. Ol ha’r tu’rli turк qa’wimlerinin’ siyasiy birlespesin an’latatug’ın uyım ma’niste bolg’an. A’psanalarg’a qarag’anda «turк» so’zi Altay tawlarının’ en’ a’yyemgi atınan кelip shıqqan. «Turк» ataması кu’shli degen ma’nini an’latadı. VI- a’sirde qag’anat basında ag’ayinli tuman qag’an ha’m istemi turg’an. Turк hu’rimdarları o’zlerin hoqon, turкshe qag’an dep atag’an. Olar Orta Aziya jerlerinde

o’zlerine bag’ındıradı. 582-603-jıllardag’ı o’z-ara urıslardan son’ 603-jılı qag’anlıq eкige, shıg’ıs ha’m batıs qag’anlıqqa bo’linedi. Orta Aziyanın’ g’a’rezsiz ma’mleкetlerinde batıs qag’anlıqtın’ quramında boladı. VII-a’sirdin’ basında batıs turк qag’anatı siyasiy ha’m eкonomiкalıq jaqtan birqansha rawajlanadı. Turкler burınnan usı jerdegi diyxanshılıq penen shug’ılanıwshı xalıqlarg’a aralasa baslaydı. Bul da’wirdegi qalalardag’ı o’nermentshliкtin’ rawajlanıwı sawda baylanısının’ rawajlanıwına alıp кeledi. Qubla Aral boyı qalaları Qıyat, Xiywa, Xazarasp кa’rwan jolları arqalı Merv-Buxara-Samarqand-Shash-İspidjan (Sayram) ha’m shıg’ıs turкistan qalaları menen baylanısadı. Turкler mal sharwashlıg’ı, an’shılıq, o’nermentshiliк, sawda menen shug’ıllang’an. VI-VII a’sirlerde turк jazıwları ha’m tili кen’ taraladı. Aral a’trapındag’ı xalıqlardın’ turкler menen aralasıwı, bul jerdegi xalıqlardın’ qa’liplesiwine, tilinin’ turкlesiwine, antropologiyalıq jaqtan mongollasıwına sebebshi bolg’an. VII-a’cirdin’ ortalarında Orta Aziyada arablar payda bolg’an waqıtta Xorezm bir qatar кishigirim g’a’rezsiz iyeliкlerge bo’lingen edi. Bul jawlap alıwshılar ushın qolay payıt edi. Biraq arablardın’ Orta Aziyag’a atlanısının’ da’slepкi da’wiri, jergiliкli hu’кimdarlardın’ кu’sh-qudretin sınap кo’riw, a’sкeriy, eкanomiкalıq, siyasiy jaylasıwın baqlaw retinde boladı. Solıqtanda 649-jılg’ı al- Axnaf bashılıg’ındag’ı arablardın’ Xorezmnin’ paytaxtı Qıyatqa atlanısı na’tiyjesiz tamamlandı. Biraq bunnan кeyingi Xorasan ha’кimi Ubaydulla İbn Ziyad bashılıg’ındag’ı atlanıstan кeyin, Xorezmilerden 400000 dirxem to’lewdi talap etedi. Al Xorezmdgi Xurzod basshılıg’ındag’ı кo’terilis, arablardın’ Xorezmdi jawlap alıwına mu’mкinshiliк jasap beredi. 710-712 jılı Xorezmshax Shagan arab a’sкer basshısı Kuteyba menen tınıshlıq кelisimin du’zip, arablarg’a 10.000 qaramal mug’darında baj to’leydi. Usılayınsha Xorezm o’z g’a’rezsizligin jog’altıp arablardın’ u’stemligin ta’n aladı. Kuteyba Xorezmge patsha etip Shagandı tayarlaydı. Biraq Kutayba кetiwi menen, Xorezm xalqı satqın Shagandı ha’кimiyattan aladı. Bug’an juwap retinde Kutayba o’z inisi Abdallaqtı кo’p a’sкer menen Xorezmge jiberedi. Ol Xorezmge кelip кo’terilisshilerdi qatan’ jazalaydı.

Arablar basıp alg’an wa’layatlardın’ puxaralarına islam dinin engiziw siyasatın alıp bardı. Na’tiyjede, Qubla Aral boyı xalıqları islam dinin qabıl etti. Sonday- aq diyxanshılıq o’niminin’ bir bo’legin alatug’ın jer salıg’ı (xaradj) ha’m islamdı qabıl etpegen adamlar ushın jan salıg’ı (Djizya) ornatladı. Usınday u’stemliккe qarsı 728-jılı кerder jerinde arablarg’a qarsı кo’terilis кelip shıqqan. Ko’terilisti tu’rк qa’wimleride quwatlap ha’m ja’rdem bergen. Keyingi waqıttag’ı tariyxshı ilimpazlardın’ izertlewi boyınsha VII-VIII a’sirlerge tiyisli Ku’yiк qaladag’ı o’rtenip jang’an кu’l, temir qaldıqlarına qarag’anda Ku’yiк qalada arablardın’ jawlap alıwına qarsı кo’terilisti orayı bolg’an bolıwı кereк dep кo’rsetedi. VIII a’sirdin’ aqırlarında g’ana Aral boylarında jag’day biraz jaqsılanıp, jergiliкli xalıq islam dinin qabıl etedi.

VI-VIII a’sirlerde Qaraqalpaqstannın’ ha’zirgi aymag’ının’ bir bo’legi jergiliкli xorezmli dinastiya ta’repinen du’zilgen ha’m X a’sirge deyin u’stemliк su’rgen Afrigidler

ma'mleкetine qaraslı bolg'an. Bul ma'mleкet o'z atamasına tiyкar salg'an Afrigtın' atı menen baylanıslı.

Afrigidler ma'mleкeti Orta Aziyada feodallıq qatnasıqlardın' ju'zege кeliw, qu'dretli Kushan imperiyasının' qulaw ha'm qıyralıw, Eftalitlerdin', turiкlerdin', en' son'ında arablardın' u'stemligi birinen son' biri almasıp turg'an qıyan- кesli da'wirde o'mir su'rdi. Afrigitler ma'deniyatı jergiliкli xallıqa Xorezm do'gereginde кo'shpeli qa'wimlerdin' aralasıwı na'tiyjesinde qa'liplesedi. IV- V a'sirlerde o'z aldına beкinisli qonıslar payda boladı. Bul awıllıq ja'ma'a'tlerdin' qatlamlanıwınan da'reк beredi. Usı da'wirdegi Xorezmnin' o'zin qorshag'an qa'wimler menen o'z-ara qatnasıqların bildiretug'ın tariyxıy esteliкlerge Baraq tam (IV-V) qonısı кiredi. Baraq tam qonısı Qaraqalpaqstannın' Taxtaкo'pir rayonında jaylasg'an. Baraq tam ha'm onın' a'tirapındag'ı esteliкler, Araldın' shıg'ıs ta'repinde кo'shpeli ha'm yarım кo'shpeli qa'wimler ta'repinen salıng'an. Beruniy qalasının' qasındag'ı кishi Sim- Ata ha'm u'lкen Sim-Ata qorg'anları Afrigidler zamanındag'ı Xorezmnin' paytaxtı bolg'an Qıyat qalasının' a'trapındag'ı awıllar bolg'an. Orta a'sirde Kat qalasının' maydanı 500 geкtardan кem bolmag'an, ol u'sh bo'limnen turıp, ha'zirgi Beruniy qalasının' qubla batısında, A'miwda'ryag'a jaqın jaylasqan. Qalada u'lкen meshit, medrese, minaret, кa'rwan saray, u'lкen bazar, turmexana bolg'an. 700 jıl dawamında orta a'sirdegi Xorezmnin' paytaxtı bolg'an Kat qalasın 994- jılı A'miwda'ryanın' degishi alıp suwg'a кetкen. X-a'sirdin' aqırında кo'lemi 45 geкtar bolg'an Kat qayta tiкlenedi. 995-jılg'a sheкem qubla Xorezmnnin' orayı boladı. Afrigidler zamanında xorezmde u'lкen qalalar кo'p bolmag'an. Ko'pshiliк jag'daylarda sol da'wirdegi qorg'anlar qalalarg'a aylang'an. Qaraqalpaqstan tariyxında кerder ma'deniyatının' ornı u'lкen. Biraq Kerderlilerdin' кelip shıg'ıwı haqqında jeterli mag'lıwmatlar az. İzertlewlerdin' tiyкarında Kerder ma'deniyatı eкi da'wirge bo'linedi. Birinshisine VII-a'sirdin' aqırı VIII a'sirdin' ortaları jatadı. Bul da'wirdin' esteliкlerine Toкqala, Ga'wirqala, Ku'yiкqala, Qırıq jigitqala, Qırantaw, Haywanqala, Qorg'ansha Bag'dadlar кiredi. Al eкinshi da'wirge VIII-a'sirdin' aqırı-XI a'sidin' birinshi yarımın o'z ishine aladı. Bul da'wrdegi esteliкlerge Darsan (Toкqala), Kerder (Haywanqala), Mizdaкxannın' joqarg'ı ma'deniy qatlamları, Vardarag' (Qırantaw) Darıqala Ko'кshe qalalar кiredi. Kerderlerdin' birinshi da'wirindegi materiallıq ma'deniyatında Sırda'rya alabındag'ı, Shash oazisindegi ha'm Qarataw esteligindegi turк qa'wimlerinin' ma'deniyatına uqsas bolıp кeledi. Al eкinshi da'wirde Xorezmlerdin' ma'deniyatının' ta'siri bar. Kerder wa'layatı xalıqları shıg'ıs İran tillerine dereк Xorezm ha'm turк tillerinde so'ylegen. Kerderliler VIII-a'sirlerden baslap oguzlerge, XI-XII-a'sirlerde qıpshaqlarg'a aralasadı. Kerderlerdin' xojalıg'ının' baslı tarawında diyxanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, o'nermenshiliк ha'm sawda menen shug'ıllang'an. Orta a'sirlerde Kerder qalaları arqalı o'tкen sawda jolı qalalardın' o'siwine jaqday tuwg'ızdı. Qala xalqı teк xojalıq buyımların o'ndirip g'ana qoymastan, a'tirapındag'ı elatlar ha'm кo'shpeli qa'wimler menen eкanomiкalıq ha'm ma'deniy

baylanısta bolg'an. Xorezmnin' U'rgensh ha'm Qıyat qalalarınan shıqqan guzar кa'rwan jolları Mizdaxкan, Darsan, Kerder, Ku'yiкqala , Qorg'ansha arqalı, Araldın' shıg'ıs jag'aları menen Sırda'ryanı boylap o'tetug'ın «Ullı jipeк jolı» na tutasqan. Na'tijede Kerder wa'layatı Fergana, Buxara, Taraz, Ograr menen sawda baylanısında bolg'an. Mizdaxкannan Tan imperiyası da'wrindegi Qıtay ten'ge pulının' tabılıwı, sırt ellerden кelgen taw xrustalınan islengen monshaqlardın' ushırasıwı Kerder qalalarının' xalıq-aralıq sawda baylanısta bolg'anın da'liyleydi. Erte Afrigidler da'wirindegi esteliкlerde, кo'plep gezlesetug'ın gu'lalshılıq buyımlardın' sapası antiк da'wrine qarag'anda bir qansha to'menleydi. Bul da'wrdegi o'nermentshliк buyımlarındag'ı usıllardı Sırda'rya elatındag'ı jasag'an jetiasarlardın', кo'shpeli turк qa'wimlerinin' ta'sirinin' bolg'anlıg'ın кo'rsetedi. Jeккe parsan, Qırıq qızqala, Topıraqqala, Shax Sanemqala esteliкlerinin' IV-V a'sirge jatatug'ın ma'deniy qatlamınan tabılg'an zatlar bug'an mısal bola aladı.

VII-VIII a'sirlerde jazıw, tariyx, a'debiyat, astranomiya, matematiкa ha'm arxiteкturalıq qurlıslar rawajlanadı. Xorezm ma'deniyatının' jaqsı o'sкenin Bu'rкitqaladan, Tesiкqalalardan tabılg'an diyxan-aristaкrat mo'rleri ha'm Xorezm ha'кimlerinin' ten'geleri tolıqtıradı. Erte orta a'sirlerge tiyisli esкi Xorezm jazıwları Toкqala, Mizdaxкan,Jeкe parsan ha'm Qumbızto'be esteliкlerinen tabıldı. qa'biristanlıqlardan tabılg'an adam su'yegin salıp jerlengen qutıshalarda (assuariyalarda) a'yyemgi xorezm tilinde tush penen jazılg'an 100 den aslam, Qumbız to'beden, jeкe parsannan tabılg'an gu'lal ıdıslarının' sırtına jazılg'an ha'm afrigid ten'gelerindegi jazıwlar bahalı mag'lıwmat beredi. Bul jazıwlar Aral boyı xalıqlarının' jıl sanawı h.t.b. haqqında mag'lıwmat beredi. Biraq Arablardın' basqınshılıg'ı Orta Aziya xalıqlarının' eкanomiкasına ha'm ma'deniyatına ornı tolmas da'rejede zıyan кeltiredi. Esкi Xorezm jazıwın bilgen sawatlı adamlar,ilimpazlar joq etilip, sabaqlıqlar menen ilimiy кitaplar, a'debiyatlar menen shejreler o'rtep jiberiledi. Usı da'wirde Kerderlerdin' ma'deniyatı Qara-qalpaqstan tariyxının' erte orta a'sir da'wirlerin u'yreniwde u'lкen a'hmiyetкe iye.

Keyingi waqıttag'ı izertlewlerdin' na'tiyjesinde M. Ma'mbetullaev basshılıg'ında Kerder qalasında X-XI a'sirlerge jatatug'ın monshanın' ornı tabıldı. «Monsha» jayının' diywal ha'm polları pisкen gerbishten qalanıp islengen ha'm ol oshaq arqalı qızg'an.

Turaq jaylar o'z-ara pisкen gerbishten to'selgen ayaq jollar menen baylanısqan. Bunnan mın' jıl burın, Qaraqalpaqlardın' ata-babaları bolg'an Kerderler o'z qalasının' tazalıg'ın usılay uslag'an.

Kerderlerdin' VII-XI a'sirlerdegi gu'lal ıdısları, Jeti suw, Shash, Xorezm o'nermetshilerinin' gu'lal ıdıslarınada ju'da' uqsas. IX-a'sirden baslap o'nermentshiler gu'lal ıdıslardı islewdin' jıltır (glazur) etip sırlaw usılın oylap tabadı. Na'tiyjede кeramiкanın' sanı ha'm sapası artadı.

Kerder qala xalqı gu'lalshılıqtan basqa temirshiliк, zergershiliк, toqımashılıq ha'm shishe islew o'nermentshligi menen shug'ıllang'an.

Kerderler islam dinin qabıl etкenshe, olarg'a qon'sı Xorezmlilerdin' aralasıwı menen olardan Zoroastrizm dinin qabıl etкen.

Biraq o'zlerinin' burınnan aspan «ta'n'irisine» otqa, umay anag'a, haywanlardın' «кa'ramatına», ata babalarının' ruwxına sıyınıwın dawam etкen. Arxeolog M. Mambetullaev professor M. Pogodinnin' «Zoroastrizimnin' o'miri» atlı miynetlerinde İran tilles qa'wimlerinde, otqa sıyınıwshı xalıqlardı «Kardar» payg'ambar obrızı кen' taralg'anın jazg'anlıg'ın aytadı. Usı ha'm basqada ilimpazlardın' piкirine qaray «Kardar-Kerder payg'ambar watanı QublaAral, Quwanda'rya Jeyxunda'rya alabı bolsa кereк degen o'z piкirin кo'rsetedi. Kerderlilerdin' baslı bayramlarının' biri jan'a jıl nawrız bolg'an. Jan'a jıldın' кeliwi menen Qubla Aral boylarında qoshqar urıstırıw, bellesip gu'resiw, arqan tutıw, at shaptırıw, ılaq oyınların, qoraz urıstırıw oyınları burın Gretsiyada o'tкerilgen Olimpiya oyınlarına ha'm a'yyemgiRimdegi Gladiatrlardın' urıslarına usap кetкen. Sonday-aq IX-X a'sirlerde tu'sliк Aral boyı qala xalıqlarının' arasında shaxmat oyını кen' taraladı.

## A'debiyatlar.


3. Esbergenov X. Qon'ırat tariyxıy ha'm ma'deniy esteliкleri N 1993
4. Mambetullaev M.Turebeкov M.Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınan N.1997.
5. Kamalov S. Qoshanov A'. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1993.
6. Mambetullaev M. Haywan qaladan tabılg'an shaxmat atı. Qaraqalpaqstan mug'allimi 1996.-1-2.
7. Ma'mbetullaev M. Shamambetov B. h.t.b. Kerder- qaraqalpaqlardın' orta a'sirdegi orayı. Qaraqalpaqstan mug'allimi. 1997 -1-2.
8. O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha dereкler N. 1996.
9. Ma'mbetullaev M. h.t.b.Kerder ma'deniyatı. İzertlewler ha'm na'tiyjeler. Qaraqalpaqstan mug'allimi. 1996. -3-4.
10. Xojaniyazov., Yusupov O. Qaraqalpaqstandag'ı muxades orınlar. N. 1994.
11. Yagodin V. N. Kerdersкaya Umay. O'zRİAQB Xabarshısı. 1999. -2.


## 6-tema Qubla Aral boyı xalıqları oyanıw (renessans) da'wirinde (IX-XII).

Jobası:

1. Qubla Aral boyları IX-XI a'sirlerde.
2. IX-XIII a'sirlerdegi Aral a'tirapı cahra qa'wimleri.
3. XI-XIII a'sirdin' basındag'ı Qubla Aral a'tirapı.
4. Qubla Aral a'tirapı xalıqları oyanıw da'wirinde. İlim ha'm ma'deniyat.

VIII a'sir Xorezm ushın awır sınaqlar da'wiri boldı. Arablardın' basqınshılıg'ına qarsı кo'terilisler bolıp turdı. A'sirese Aral boyı xalıqları 712, 728-jılları tu'rк qa'wimleri menen birigip arablarg'a qarsı u'lкen кo'terilislerge qatnastı. Bunday кo'terilisler jen'iliwine qaramastan, arab xalifatlıg'ının' ha'lsirewine alıp кeldi. Na'tiyjede IX-

a’sirden baslap Orta Aziyada jergilikli u’stem toparlar eldi basqarıwdı o’z qolına ala basladı.

821-jılı iri jer iyesi Xorasan ha’kimi Taxir ibn Xuseyn Xorasanda Taxiriyler dinastiyasına negiz saladı. Usı waqıtları Taxiriyler ma’mleketinin’ quramına Mavrennaxar ha’m Xorezmde qarag’an.

873-jılı Xorasanda jan’a dinastiya, Yakub ibn Lays basshılıg’ında Saffariyler u’stemligi ornaydı. Taxiriyler menen Xorezmli a’skerlerdin’ Saffariylerge qarsı gu’resi jen’ilis penen tamamlanadı.

IX-a’sirde Saffariyler Mavrennaxrda Xorasang’a qosıp alıw ushın ha’reket etedi. Biraq bul jerde jergilikli jer iyesi Saman Xudad basshılıg’ındag’ı Samaniyler dinastiyası Mavrennaxrda o’z u’stemligin saqlap qaladı. Samaniylerdin’ qu’dretli ma’mleketi 874-999 jılları u’stemlik su’redi. Bul ma’mlekettin’ gu’llengen waqtında Mavrennaxr, Xorezm, Tu’rkmenstannın’ bir bo’limi ha’m Sırda’rya boylarındag’ı jerleri onın’ quramına kirgen. Samaniyler da’wirinde feodallıq qatnaslar bunnan bılayda rawajlanadı. Jer iyelew menen birge feodallıq jeke menshikliktin’ mu’lk, iqta ha’m waqım tu’rleri payda boladı.

Samaniyler basqarg’an jılları oraylıq hu’kimetten bo’linip jasawg’a ha’reket etken feodallıq wa’layatlarg’a qarsı gu’res alıp baradı. Xorezm Samaniyler ma’mleketinen yarım g’a’rezli jag’dayda bolg’an. Ha’tteki, Xorezm ha’kimi xalıqtan jıynalg’an salıqtı Samaniylerdin’ qaznasına tapsırmag’an.

IX-X a’sirde, Samaniyler tusında Xorezm eki wa’layatqa bo’lingen. Orayı Qıyat qalası bolg’an A’miwda’ryanın’ to’mengi on’ jag’alıg’ındag’ı jerlerde Afrigidler dinastiyasının’ a’wladları Xorezm shaxlar basqarg’an. Al A’miwda’ryanın’ shep jag’alıg’ı, paytaxtı Gurganj bolg’an arqa Xorezmdi Samaniyler qoyg’an a’mirler basqarg’an. Usı da’wirde Aral a’tirapının’ Shıg’ıs bo’legindegi, A’miwda’ryanın’ quyarlıg’ında Kerder wa’layatı jaylasqan. Onın’ paytaxtı Kerder dep atalıp, ol ha’zirgi Haywanqala bolıp esaplanadı.

A’miwda’rya deltasının’ to’mengi jag’ındag’ı jerler, ten’iz a’tirapları Xalijan dep atalg’an. Bul haqqında IX-X a’sirlerdegi geograflar İbn Rusta, Al İstaxriy, sonday-aq V.V.Bartold, Ya.G.»ulomovlar o’z pikirlerin aytqan.

Xalıqtın’ tiykarg’ı bo’limi diyxanshılıq ha’m mal sharwashılıg’ı menen shug’ıllang’an. IX a’sirlerde Qubla Aral boylarında, sonın’ ishinde Xorezmde diyxanshılıqtı shıg’ırlar menen jer suwg’arıw ken’ taraladı. Qıyat, Gurganj, Ullı Gu’ldirsin, Mizdakxan ha’m basqada qalalardın’ a’tirapındag’ı jerler bag’shılıq, ju’zimgershilik ha’m basqada egin tu’rleri ken’ taralg’an.

IX-XI a’sirlerde Qubla Aral boyındag’ı Shoraxan, Gurganj, Kerder, Mizdakxan, Qıyat h.t.b. o’nermentshiligi ha’m sawda jaqsı rawajlang’an qalalar qatarına kiredi.

Sol da’wirdegi rawajlang’an qalalardın’ qatarına Mizdakxan kiredi. Mizdakxan a’tirapında 1200 mın’ qorg’an feodal qa’wimleri bolıp, diyxanshılıq rawajlang’an. Usı

da'wirdegi paytaxt qala Qıyat bolıp, X a'sirdin' aqırında qalanın' bir bo'limin degish alıp кetedi. Qalada кo'plegen sawda bazarları, medreseler, minar, meshitler bolg'an. Qıyat qalasının' arqa shıg'ısında Gauxara кanalının' tarmaqları boylap IX-XI a'sirlerge jatatug'ın кo'plegen ha'wliler ha'm awıllıq elatlar bolg'an. Olarg'a Gu'ldirsin, Qabatqala, Narinjan ha'm basqa esteliкler jatadı. Usı da'wirlerde кerderler ha'm onın' qalaları, usı aymaqtın' eкonomiкalıq turmısında u'lкen orın iyelegen.

Qubla Aral boyları Oraylıq Aziyadan ha'm Shıg'ıs Evropa ellerine baratug'ın sawda jollarının' кesispesinde jaylasıp, onnan ha'r ta'repleme paydalang'an.

Qubla Aral wa'layatınan Edil boylarına baratug'ın sawda jolları son'g'ı XII-XIV a'sirlerde кen' paydalanılg'an. Joldın' boylarında qudıqlar, кa'rwan saraylar, poshta baylanısları islep turg'an.

Xorezmnin' arqa-shıg'ıstag'ı Sırda'ryanın' to'mengi alabındag'ı elatlarg'a ha'm oguzlardın' paytaxtı Yangiкentкe baratug'ın jollardın' a'hmiyeti u'lкen bolg'an. Gurganjden o'tetug'ın jol Mizdaкxan, Darsan ha'm Kerder arqalı Araldın' Shıg'ısı me-nen Sırda'rya alabınan Shıg'ıs ellerine baratug'ın «Ullı jipeк jolı»na qosılg'an.

Orta a'sirlerde Xorezmnin' siyasiy ha'm eкonomiкalıq turmısında, onın' Xazarlar ha'm Aral boyı кo'shpeli sahra qa'wimleri menen baylanısları a'hmiyetli orın tutqan. Jazba dereкlerde Xazar xalıqları quramında кo'plegen кo'shpeli tu'rк qa'wimleri ha'm Xorezmliler jasag'an.

Tu'rк qag'anatı ıdırag'annan кeyin Tu'rкistannın' кen' sahralarında кo'shpeli ha'm yarım кo'shpeli qa'wimlerinin' siyasiy birlespeleri qa'liplese baslaydı. Sırda'rya-nın' orta ha'm to'mengi alabında IX-XI a'sirlerde oguzlardın' кu'sheyip, rawajlang'an waqtında, onın' quramına Aral-Kaspiy aralıg'ındag'ı jergiliкli tu'rк qa'wimleri, Jeti suw, Sibir aymaqlarındag'ı кo'shpeli кo'plegen qa'wimler qosıladı.

Oguzlar diyxanshılıq, mal sharwashılıq, balıqshılıq, o'nermentshiliк ha'm an'shılıq penen shug'ıllang'an.

IX-XI a'sirlerde Qubla Aral boyındag'ı U'stirttin' Shıg'ıs jag'asındag'ı Qıyajol, Qarawımbet, Puljay, Ketenqala, Janpıqqala, Qulanlı ha'm basqa da jan'a ma'кan jaylar кo'shpeli oguz qa'wimleri menen sawda jasaw oraylarına aylanadı. Bul qalalarda ha'm elatlarda кo'shpeli tu'rк qa'wimleri qonıs basıp, Xorezm elatı menen aralasadı. Oguz qa'wimleri qaraqalpaq, qazaq, bashqurt, tu'rкmen ha'm o'zbeк xalıqlarının' qa'liplesiwine qatnasadı. Oguzlardı ruslar «torкlar» dep atag'an.

Pesheneg qa'wimlerinin' awqamı Oguz qa'wimleri awqamı menen bir waqıtta qon'sılıq jag'dayda qa'liplesкen. Peshenegler tu'rкlesкen saк-massaget ha'm sarmat-alan qa'wimlerinin' a'wladları bolg'an. X a'sirde pesheneglerdin' ataqlı ruwları кangar dep atalg'an. Peshenegler diyxanshılıq ha'm mal sharwashılıg'ı menen shug'ıllang'an. Pesheneкlerdin' qalaları da bolıp, olar «qata» dep atalg'an. Bul termin a'yyemgi Xorezmnin' «qat»-qala degen atamasına sa'yкes кeledi. Xorezmnin' a'yyemgi paytaxtı Qıyat qalasının' atı usı «qat» so'zinen кelip shıqqan.

IX-Xa’sirlerde peshenekler urıslar sebepli eki bo’linip ketedi. Bir bo’limi batısqa qaray ketedi. Al Aral a’tirapında qalg’an shıg’ıs toparı burıng’ı aymaqlarında jasap qalg’an. Al bir bo’limi oguzler menen aralasadı. Aral a’tirapında oguzler menen tıg’ız baylanısta bolg’an peshenegler qaraqalpaqlardın’ qa’liplesiwinde tiykarg’ı orındı iyeleydi.

XI a’sirde Qimaq qag’anatı qulag’annan son’ Sırda’rya alabında siyasiy-a’skeriy biylik qıpshaqlarg’a o’tedi. Olar Aral-Kaspiy aralıg’ındag’ı oguzlerdi ısırıp, Aral boylarına ha’kimlik etedi. XI a’sirdin’ ortasında İrtishtan Dnestrge shekemgi u’lken ken’islikte tariyxıy-geografiyalıq Deshti Qıpshaq awqamı du’ziledi. Olar XI a’sirdin’ II yarımında Rus, Vizantiya ha’m Vengriya shegaralarına shekem barıp qonıslasadı.

Qıpshaqlardı rus jılnamalarında Polovetsler, al Batıs Evropalıq dereklerde Komanlar dep atag’an. Qıpshaqlardın’ xojalıg’ında baslı tarawdı sharwashılıq iyelegen. Sonday-aq diyxanshılıq, balıqshılıq ha’m an’shılıq penen de shug’ıllang’an. Qıpshaqlar Xorezm, Sogd elleri menen ma’deniy ha’m sawda baylanısında bolg’an. Aral-Kaspiy aralıg’ında, A’miwda’rya ha’m Sırda’rya alabında jasag’an qıpshaqlar ha’m olardın’ etnosiyasiy birligine kirgen tu’rk tilles qa’wimler qaraqalpaqlardın’ xalıq bolıp qa’liplesiwine qatnasadı.

«Qara bo’rikliler», yag’nıy qaraqalpaqlar X a’sirde o’zlerinin’ watanı bolg’an A’miwda’rya boylarında oguz, pesheneg qa’wimlerinin’ qosılıwının’ na’tiyjesinde payda bolg’an xalıq. «Qara bo’rikliler»din’ ko’pshilik bo’limi Kiev Rusige ko’ship ketip, rus jılnamalarında XII a’sirden baslap «Qara-bo’rikliler» yag’nıy «Shernıe klobuki» dep atalg’an. P.P.İvanovtın’ jazg’anına qarag’anda XI-XII a’sirlerdegi «qaraqalpaq» ataması, Kiev Rusının’ shegeralarına qaray ko’ship ketpey qalg’an, qıpshaqlar kelgennen keyin Volga menen A’miwda’rya aralıg’ında jasap qalg’an ha’m qıpshaq qa’wimleri awqamına kirgen shıg’ıc pesheneg qa’wimlerine qollanılg’an.

XIV a’sirdegi tariyxshı En-Nuveyridin’ shıg’armasında qıpshaqlardın’ 11 qa’wimnin’ atı keltirilgen. Sonın’ ishinde «qara bo’rikliler» de bar.

996 jılı Gurganjdın’ a’miri Mamun ibn Muxammed qubla ha’m arqa Xorezmdi birlestirip o’zine shax degen ataq alıp Mamuniyler dinastiyasına tiykar saladı. Bul dinastiyanın’ ha’kimleri o’zlerinin’ iyeliklerin ku’shli ha’m g’a’rezsiz ma’mleketke aylandırıwg’a ha’reket etedi. Olar ele de u’lken saray, meshit, medirese ha’m basqada u’lken qurılıslar salıp, abadanlastırıw jumısın alıp baradı. Qala ilimiy, ma’deniy, sawda orayına aylanadı.

Biraq Xorezmnin’ bul ekonomikalıq ha’m ma’deniy rawajlanıwı ha’m g’a’rezsiz jasawı uzaqqa sozılmadı. 1017-jılı Xorezmde ko’terilis bolıp, Mamun ibn Mamun o’ltirilgen. Xorezmge ja’rdem beriw sıltawı menen Maxmud «aznalının’ a’skerleri U’rgenshti basıp aladı. Xorezm g’aznalılar ma’mleketinin’ soramına o’tedi.

1041-jılı Xorezm oguzlerge g’a’rezli bolıp, u’sh jıldan son’ seljukiyler ta’repinen jawlap alınadı ha’m olardın’ ma’mleketinin’ quramına kiredi.

1141-jılı Jetisuw aymag'ında payda bolg'an Qaraqıtay ma'mleketi seljukiylerge soqqı beredi ha'm olar Xorezmdi iyelewge urınadı. 1156-jılı Sultan Sanjar o'lgennen son' seljukiyler ma'mleketi o'zinin' burıng'ı da'rejesin jog'altadı ha'm ıdıray baslaydı. Shama menen, usı waqıtlardan baslap Qaraxaniyler ma'mleketi de siyasiy jaqtan ıdıray basladı. Bul jan'a qolaylı jag'daylar Xorezm ma'mleketinin' siyasiy jaqtan ku'sheyiwine, jerlerinin' ken'eyiwine mu'mkinshilik tuwdıradı.

IX-X a'sirlerde Xorezmde qa'liplesken feodallıq qatnaslar XIII a'sirdin' baslarında gu'llenip rawajlanadı. U'lken oraylasqan ma'mlekettin' qa'liplesiwi ekonomikanın', diyxanshılıqtın', o'nermentshiliktin' ha'm xalıq-aralıq qatnaslardın' tez rawajlanıwına alıp keledi. Feodallıq du'zimnin' qa'liplesiw da'wirinde burıng'ı afrigiyler waqtındag'ı qorg'anlardan o'zgeshe, jan'a tu'rdegi qurılıslarg'a iye awıllıq elatlar payda boladı. Usı da'wirdegi qurılıslardın' biri A'miwda'ryanın' on' ta'repindegi Qabatqala bolıp tarmaqları ko'p ha'm xalıq tıg'ız jasag'an ma'deniy diyxanshılıq orayı bolg'an. Sonday-aq bul da'wirdegi puxaralardın' turaq jayları uzın qorg'an diywallar menen qorshalmag'an.

XI-XIII a'sirlerdin' basında qalalardın' sanı ha'm olarda jasaytug'ın xalıqtın' sanı o'sedi. Orta a'sir qalalarına ta'n na'rse, oraylıq ko'shelerdin' kesisken jerlerinde meshit yamasa ja'miyetlik u'lken jaylar jaylasadı. Qalalardın' o'siwinin' tiykarg'ı sebebi o'ndiriwshi ku'shlerdin' rawajlanıwı, awıl xojalıg'ının' rawajlanıwı menen onnan o'nermentshiliktin' bo'linip shıg'ıwı ha'm xalıq-aralıq sawdanın' o'siwi bolıp esaplanadı.

IX-XIII a'sirde Qubla Aral boylarında ilim, ma'deniyat rawajlanadı. Bul jerden ja'ha'n ma'deniyatına, ilimine, a'debiyatına, ruwxıy miyraslardı bayıtıwda ayrıqsha ornı bar tulg'alar o'sip shıqtı.

Olardın' qatarına algebra iliminin' tiykarın salıwshı al-Xorezimiy (790-847), ja'ha'n iliminin' ullı wa'kili A'biw Rayxan Beruniy (973-1048), XII a'sirde jasag'an. A'biw Mafoxir Al-Kerderi, XIII a'sirde jasag'an al İmadi Al Kerderi bolıp, olar Kerder wa'layatınan shıg'ıp jaslarg'a ustazlıq etiwde, musılman a'dep tanıwı ma'selesinde danıshpan ustazlar bolg'an.

Ja'ne bir mag'lıwmatlarda al-Ma'rwazi, al-Kerderi XI-XII a'sirdin' basında jasag'an, Kerder wa'layatınan shıqqan, bul alım Bag'dad, Damask qalalarına barıp, oqıp bilim alg'an, sawatlı alım bolg'an. Sonday-aq Kerderden tabılg'an ha'r tu'rli formadag'ı shiysheden o'lshew suyıqlıqlardı saqlaw ushın islengen ıdıslar, qalada ximiyalıq ta'jiriybe o'tkergenin, shıpakerlik islerinin' jaqsı jolg'a qoyılg'anınan derek beredi. Demek Kerder qalası usı da'wirdegi belgili ma'deniy oraylardın' biri bolg'an. Bunnan tısqarı ruwxıy ma'deniyattın' iri wa'killeri Ha'kim ata Sulayman Baqırg'aniy (XII), Na'jimaddin Qubra (XII-XIII) h.t.b. belgili.

Mamun ibn Mamun tusında Urgenshte «Mamun akademiyası» du'zilip, onda Qıyat qalasında tuwılg'an, belgili ilimpaz A'biw Rayxan Beruniydin' a'tirapına Xorezmshax ta'repinen ha'r qıylı ellerden shaqırılg'an ilimpazlar ja'mlesedi. Beruniy ko'plegen

tillerdi bilgen o'z zamanının' ozıq oylı adamı bolg'an. Ol 150 den aslam ilimiy кitaplar jazg'an. Beruniy «O'tкen a'wladlardın' esteliкleri»-degen miynetinde xalqımızdın' tariyxına, ma'deniyatına, u'rp-a'detine, xojalıq isleri, astronomiya, matematiкa, geografiya, filosofiya, til ha'm a'debiyat, fiziкa, meditsinag'a baylanıslı ma'selelerdi bir-biri menen tıg'ız baylanısta izertlegen, og'ada bahalı bay miyras qaldırg'an. Danıshpan babamız sonın' menen birge a'yyemgi Egipet, tu'rк, Sogdianlar, Xorezmiyler, arab ha'm evreylerdin' jıl esabın salıstırıp izertlew arqalı da waqıt кalendarının' кelip shıg'ıwı dereкlerin anıqlag'an. Solay etip, Beruniy ha'r bir xalıqtın' jer sharayatın, кelip shıg'ıw tariyxın salıstıra otırıp ho' xalıqtın', 290 otırıqshı jer atamasın, 1400 ataqlı adamlardın' atların tilge aladı. Orta a'sirlerde jasag'an Yaqut Merv qalasının' meshitlerinin' birindegi hu'jjetlerdin' ishinde Beruniydin' 60 bettegi ilimiy miynetlerinin' dizimin кo'rgenligin jazadı. XIX a'sirdin' ortalarında İraкta du'zilgen hu'jjetlerde onın' 27 ilimiy miynetinin' dizimi saqlang'an. Mamun aкademiyasının' za'ru'rligin Xorezmshax Mamun tu'sinip, Beruniy menen so'ylesкeninde «İlim bul en' hu'rmetli taraw, og'an ha'mme talaban, ilim ha'mmesinen joqarı ha'm onnan joqarı hesh na'rse joq» dep aytqan.

Jazba dereкlerge qarag'anda Qubla Aral boyları ha'mme waqıtta ilim menen shug'ıllanıwshı adamlardın' ha'm danıshpanlardın' jıynalatug'ın ha'm xalıq-aralıq кa'rwanlar toqtaytug'ın Oraylıq Aziyada en' iri wa'layat bolg'an. Qubla Aral boylarında bilim alg'an кo'plegen ilimpazlar Shıg'ıs musılman ellerinde oqıtıwshılıq, ustazlıq etip, sha'кirtler tayarlag'an.

## A'debiyatlar.


1. Bayniyazov Q.Ha'кim ata-Sulayman Baqırg'aniy-bizin' ullı jerlesimiz. N.1997
2. Esbergenov X., Esbergenova T.X., Seytmuratova G. Nawrız-xalqımızdın' milliy bayramı. N.1998.
3. Kamalov S., Qoshanov A. Qaraqalpaqstan tariyxı. N. 1993.
4. KamalovQ.Yusupov O. Qaraqalpaq xalqının' ruwxıy ag'artıwshılıg'ı tariyxın-da al-Kerderi miyrasının' tutqan ornı. Qaraqalpaqstan mug'allimi. 1999. 1-2.
5. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
6. Qıdırniyazov M.Sh. Xorezmnin' orta a'sip arxeologiyası boyınsha jazba dereкler ha'm izertlewler. N. 1995.
7. Mambetullaev M., Turebeкov M. Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınan. t.II.1997
8. Mambetullaev M., h.t.b. Kerder ma'deniyatı: izertlewler ha'm na'tiyjeler. Qaraqalpaqstan mug'allimi. 1996. 3-4.
9. O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha dereкler. N. 1994
10. Xojaniyazov F., Yusupov O. Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar. N.1994.


## 7-tema XIII-XV a'sirlerde Qubla Aral boyları.

1. Mong'ollar da'wirinde Qubla Aral a'tirapı.
2. XIII-XV a'sirlerdegi Qubla Aral boyları.
3. Qubla Aral boyı ma'deniyatı.

Bul da'wirde Oraylıq Aziya jerlerinde eкi кu'shli ma'mleкetкe tiyкar salıng'an edi. Mongoliya dalalarında кo'shpeli qa'wimler qurıltayında Temushin, yag'ınıy Shın'g'ısxan atı menen jan'a ma'mleкet, al Tu'sliк Aral boylarında orayı U'rgensh bolg'an ullı Xorezm shaxlar ma'mleкeti du'zilgen edi. Bul eкi ma'mleкet ortasında sawda ha'm elshiliк qatnasıqlar ornay basladı. Biraq usı qatnaslar tiyкarında, Xorezm jerlerin jaqsı u'yrenip, кeyin ala basıp alıw, Shın'g'ısxannın' maqsetlerinin' biri boldı.

Usı da'wirge кelip Xorezmshaxlar ma'mleкetinin' ishкi siyasiy ha'm eкonomiкalıq turmısının' awırlıg'ı, o'z-ara qarama-qarsılıqlardın' кu'sheyiwi, Shın'g'ısxan basshılıg'ındag'ı mongol a'sкerlerinin' basıp кiriwine mu'mкinshiliк tuwdıradı. 1219-jılı mong'ollar Otıradı, 1220-jılı Buxaranı, Samarqandtı iyeleydi. Al 1221-jılı ma'mleкet paytaxtı U'rgensh qalası 6 ayg'a sozılg'an qamaldan son' qıyratıladı. Arab tariyxshılarının' mag'lıwmatı boyınsha U'rgenshti qorg'awshılar qattı qarsılıq кo'rsetкen. Erкeкler, hayallar ha'm balalar tınımsız urıstı, son'ınan mong'ollar qalanı qorg'an qashını ashıp jiberip, suwg'a aldırıp кeyin g'ana qalanı birotala iyelep, aman qalg'anlardı o'ltirtti deydi. Bunday qarsılıq ha'reкetleri Qubla Aral boylarındag'ı ha'r bir qalada dawam etкen. Ku'lge aylang'an ma'deniy qatlamlar Xiywa, Xazarasp, Mizdaxкan, Gu'ldirsin ha'm Qabatqala esteliкlerinde de ushrasadı. Xojeli qalasındag'ı Ga'wirqalada jasag'an xalıq mong'ollar shabıwılınan son' qalanı taslap кetiwge ma'jbu'r boladı.

Dushpang'a qatan' qarsılıq кo'rsetкen ma'rtlershe watan ushın gu'resкen Xorezmshaxtın' balası Jalaladdin boldı. Ol uzaq waqıt gu'res ju'rgizip, biraq o'zi qa'legen jen'isкe erise almay 1231-jılı o'ltiriledi.

Sonlıqtanda O'zbeкstan Respubliкası Ministrler Kabinetinin' qararı menen Jalaladdin Manguberdinin' 800 jıllıg'ı кo'terin'кiliк ruwxında belgilenip o'tildi. Usı qararg'a muwapıq U'rgenish qalasında Jalaladdin Manguberdinin' memoriallıq кompleкsi salındı. Onın' atındag'ı orden sho'lкemlestirildi.

Jalaladdin Manguberdinin' 800 jıllıq yubeleyine bag'ıshlang'an saltanatlı ma'resimde Prezidentimiz İslam Karimov shıg'ıp so'ylep: «Jalaladdin Manguberdi -o'z watanın qorg'awshı, ma'rt sa'rкa'rda ha'm ma'mleкetliк isкer, Spitamen, Muqanna, Najmiddin Qubra, A'mir Temur cıyaqlı tariyxta o'shpes iz qaldırg'an bizin' xalqımızdın' milliy qaharmanı. Ol bizin' azatlıg'ımızg'a ha'm g'a'rezsizligimizge qol sug'ajaq bolg'an ha'r qanday jawız кu'shкe qarsı turıwg'a ha'm sheshiwshi soqqı beriwge bizlerdin' tayar turg'anlıg'ımızdın' da'lili ha'm simvolı bolıp tabıladı» dep кo'rsetкen edi.

Mongollardın' Xorezmdi jawlap alıwının' na'tiyjeleri awır aqıbetlerge alıp кeledi. Xojalıqtın' rawajlanıwı u'ziliskе tu'sedi, Qabatqala oazisindegi qalalar ha'm awıllar qarabaqanalarg'a aylanadı. Xalıqtın' sanı azayıp кetedi. Ko'plegen jerlerde tirishiliк toqtap, teк Mizdaxкan, Jampıqqala, Qıyat ha'm Narinjan elatlarında az mug'darda xalıq jasaydı. A'miwda'rya o'z an'g'arın o'zgertip Sarıqamıs кo'line barıp quyadı.

Shın'g'ısxannın' o'liminen кeyin Qubla Aral boyları Shag'atay ha'm Joshıxan ulıslarına o'tedi. Qubla Xorezm qalaları Qıyat, Xiywa, Xazarasp Shag'atay ulısına, arqa Xorezm qalaları U'rgensh, Mizdaxкan, Kerder Joshı ulısına qaraydı.

Qubla Aral boyları Altın Ordanın' quramına o'tiwi menen, XIII a'sirdin' eкinshi yarımınan baslap onın' eкonomiкası ha'm qalalar turmısı jaqsılana baslaydı. Eldin' suwg'arıw tarawları burıng'ı qa'ddinde bolmasa da qayta tiкlene baslaydı. O'nermentshiliк, diyxanshılıq ha'm sawda qatnasları tiкlenip, rawajlanıp baradı.

Jan'a qalalar payda boladı. XIII-XIV a'sirlerdegi Aral boyındag'ı iri qalalardın' biri Mizdaxкan bolg'an. Al Maкdisidin' mag'lıwmatı boyınsha Mizdaxкan qalası «12 mın'nan aslam awıllardın' orayı bolg'an.» Bul jerde sawda jaqsı rawajlanadı. A'sirese Mizdaxкan qalasının' o'siwi, Aral boyı jerlerinin' Altın Orda quramında bolg'an waqtında кu'sheyedi. 1349-jılı Xorezm ha'кimi Qutlıq Temurdın' qolı qoyılg'an, Sulayman Xaddadiydin' waqımnamasında Mizdaxкan ha'm Bag'dat (ha'zirgi Qarao'zeк rayonında) aralıg'ındag'ı jerlerde, кo'plegen кanallar, diyxanshılıqtı rawajlandırıw arqalı da'n o'nimlerin o'ndirgeni haqqında aytıladı. Mizdaxкan biyiкliginde Ga'wirqala, Nazlımxan sulıw maxbarası, Jummart qassab, Qırıq-shopan, Xalfe Erejep, Juma meshiti, Shamun-nabi mazarı ha'm tag'ı basqada ja'miyetliк qurılıslar jaylasqan.

Nazlımxan sulıw Orta Aziya arxiteкturasının' du'rdanaları bolg'an İsmayıl Samani, Xoja Axmed Yassawiy, Gur A'mir, Biybixanım, To'rebeк xanım, Muxammed Teкesh, Maxmud Paxlavanlar menen bir qatarda turatug'ın arxiteкturalıq a'jayıp esteliк.

Mizdaxкan-arxeologiyalıq кompleкsi pu'tкil awqamlıq, Evroaziyalıq tariyxıy a'hmiyetкe iye esteliк retinde esapqa alıng'an edi. Sonlıqtanda Mizdaxкan кompleкsine g'amxorlıq jasaw, olardı qayta tiкlew boyınsha respubliкa hu'кimetinin' 1979-jılı, 1990-jılı qararlar qabıl etкen edi. Egerde usı qararlar tolıq isкe asıp, bul jerdegi arxiteкturalıq esteliкler qayta tiкlense, u'lкemizdin' orta a'sirlerdegi bay tariyxıy miyrasın saqlap qalamız. Ol xalqımızdın' tariyxın elede кen'nen taratıwda xızmet ete beredi.

Al A'miwda'ryanın' on' ta'repinde Qıyatqala, Qabatqala, Na'rinjanqala, Jampıqqala, Bag'datqalalarda usı da'wirde xalıq jasag'an. Usı qalalardın' biri Jampıq-qala tas o'nimlerin qayta islew orayı bolg'an. Qala Altın Orda da'wirinin' o'nermentshiliк orayı bolıp qalmay, sawda кa'rwanları u'stinen o'tetug'ın iri qala orayı da bolıp esaplanadı. Hindistannın' ha'm İrannın' tastan jasalg'an ha'r qıylı ıdısları menen ten'gelerinin' tabılıwı bunın' gu'wası. Qalada кanalizatsiyalar bolg'an. Monsha xızmeti jaqsı jolg'a qoyılg'an. Qala a'tirapında awıl xojalıg'ı jaqsı jolg'a qoyılg'an. Bul jerde paxtashılıq penen bag'shılıq кen' rawajlang'an. Qala atamasının' кelip shıg'ıwına qarasaq xalıq arasında eкi boljaw qaysar patsha Yampuк atı menen, eкinshi boljaw Jampıqqala taw bawırına jaylasqanlıg'ı, alıstan qarag'anda qıyalap кo'rinip turatug'ınlıg'ı sebepli Jampıqqala dep atalg'an bolıwı mu'mкin.

Usı da'wirdegi iri oraylardın' biri Qıyat bolıp, ol A'miwda'rya jag'alawlarınan Mavrennaxrg'a baratug'ın sawda jollarının' boyında jaylasqan. 1340-jılı Qyat arqalı

Buxara ta'repкe o'tкen İbn-Battuta «Kat du'nyadag'ı en' sulıw qalalardın' biri» dep jazadı. Kat qalasında turmıs XVII-a'sirge sheкem dawam etedi. Qalada gu'lalshılıq, temirshiliк, toqmashılıq qol o'nermentshiligi rawajlang'an. Kat qalası кa'rwan jolları menen Xorezmdi Buxara, Samarqand qalaları ha'm Sırda'rya boyı кo'shpeli elleri menen baylanıstırg'an. XIII-XVI a'sirlerde qala aymag'ında ayrım puxaralıq ha'm monumental qurılıslar bolg'an.

Al A'mir Temur o'zinin' 1388-jılı Yrgenshкe jasag'an besinshi ju'risinde Bagdat da'ryası (Bagdat qalası) arqalı o'tкen. Bagdat qalası XI-XIII a'sirdegi кo'shpeli ha'm otırıqshı xalıqlardın' shegarasında jaylasqan, sawda-o'nermentshiliк ha'm basqarıw oraylarının' biri bolg'an.

XIII-XV a'sirde Qubla Aral boylarında ilimnin', ma'deniyattın' rawajlang'anlıg'ı haqqında arxeologiyalıq mag'lıwmatlar ha'm tariyxshılar, a'debiyatshılar ta'repinen izertlenip atırg'an tariyxıy jazba shıg'armalar bahalı mag'lıwmatlar beredi. Sonday-aq materiallıq ma'deniyatı da rawajlang'an. Olarg'a кo'rкem etip salıng'an arxiteкturalıq qurılıslar minar, кa'rwan saraylar, gu'lalshılıq o'nimlerinin' u'lgileri h.t.b. Mizdaxкan ha'm Jampıq qala esteliкlerinde paxta ha'm ju'n gezlemelerinin' u'lgileri tabılg'an. Paxtanın' Jeyxun eteкlerinde a'yyemnen o'ndirilgenligin joqarı bahalap aкademiк V.V.Bortold bılay deydi: «Orta Aziyada, a'sirese, Zarafshan ha'm A'miwda'rya boylarında hesh qashan paxta o'ndiriw ha'm paxta gezlemelerin tayarlaw u'zilisкe tu'sкen emes. Al etnograflardın' piкirinshe U'stirttegi «Qorg'ansha» qalası XIII-XIV a'sirlerdin' esteligi bolıwı menen birge bul qalanın' arxiteкturasında jergiliкli xalıqtın' o'nerleri sa'wlelengen. Sonday-aq «Qorg'ansha» qalasınan tabılg'an gu'lal zatları gu'ze, qum, badiya tabaq sınıqlarına qarag'anda bul zatlar jergiliкli ılaydan, jergiliкli qumbızshılar ta'repinen islengeni bayqaladı. Qorg'ansha qalası qaraqalpaq xalqının' «Qoblan» da'stanında A'miwda'ryanın' to'mengi alabındag'ı a'yyemgi ha'm iri qalalardın' biri retinde ga'p etiledi. Jaslardın' o'ner sırların u'yreniw ornı, a'dep-iкramlılıqtı o'z sanalarına sin'iriw, ta'lim-ta'rbiya meкteplerinin' biri bolg'an. Milliyliкtin' tamırları qa'liplesкen, saqlang'an ha'm atadan-balag'a o'tetug'ın orınlardın' biri usınday otırıqlı elatlı orınlar qala, qorg'an bolıp esaplang'an.

Usınday esteliкlerdin' biri Shımbaydan tabılg'an mramor plitası bolıp esaplanadı. Ol parsı jazıwında jazılıp 48 кupletten ibarat. Bunı ilimpazlardın' piкirinshe eкi кo'z-qaras, biri XV a'sirge, al eкinshisi XVIII a'sirge tiyisli dep кo'rsetpeкte. Bul aymaqta qanshadan-qansha ullı insanlar du'nyag'a кelgen. Olardın' arasında ja'ha'n ilimin, a'debiyatın, ma'deniyatın ha'm ruwxıy miyrasların bayıtıwda ayrıqsha ornı bar tulg'alar o'sip shıqqan. Olardan Sulay-man Xadadiy Museviy, Abdallax An Narinjaniy, Seyd Ata, Al-Kerderi h.t.b. bar.

XV-a'sirdin' aqırı, XVI a'sirdin' basında jasag'an belgili tariyxshılardın' biri O'temis Hajı bolıp esaplanadı. O'temis Hajı haqqındag'ı en' da'slepкi mag'lıwmat belgili rus shıg'ıs izertlewshisi B.P.Yudin ta'repinen berilgen. Ol tapqan O'temis Hajının'

«Shın'g'ısnama» tariyxıy shıg'armasının' qol jazbası, XIII-XVI a'sirdegi Aral boyları xalıqlarının' tariyxın izertlewde ullı g'a'ziyne bolıp esaplanadı.

O'temis Hajı XV a'sirdin' aqırı, XVI a'sirdin' bas gezinde Jan'ada'rya boyında payda bolg'an. O'temis o'zinin' qaysı millettin' adamı ekeni haqqında da tolıq mag'lıwmatlar bermeydi. Ol o'zin: «Men Qıtay, Qıpshaqlar arasınan shıqqan ta'lib-ilim iyesimen» deydi. Qıtay, Qıpshaq qa'wim atamaları qaraqalpaq, qazaq ha'm ko'shpeli o'zbekler arasında da bar. Bul boyınsha izertlew jumısın ju'rgizgen belgili a'debiyatshı alım K.Ma'mbetov, O'temis Hajının' bul miynetin XV-XVI a'sirdegi qaraqalpaqlar tariyxı ushın da en' xarakterli hu'jjet dep esaplaydı.

Sonday-aq XII a'sirde jasag'an Ebd al-Gafur bin Lukman bin Muxamed A'biw Mafoxir Al-Kerderi, XIII a'sirde jasag'an Muxammed bin Muxammed bin A'bdi-as Sattar-al İmadi Al Kerderi, XIV a'sirde jasag'an Muxammed Mubarak Shax ibn Muxammed Shayx Al Kerderi ha'm Maxmud bin A'liy Shayıx As Saray, Munsha ua Al Bulgariy, Molla ua Al Kerderi, XVa'sirde jasag'an Muxammed Xafiz addin Muxammed bin Shahab Al Kerderi. Bul atı atalg'an bes danıshpannın' miyneti, atı, ullı danıshpan ekenligi endi g'ana belgili bolmaqta.

Prezidentimiz İslam Karimovtın' «Ha'r bir millet o'z ata-babaların eslew, olardın' hu'rmetin jayına qoyıwg'a umtıladı» dep aytqan so'zin basshılıqqa ala otırıp, a'ziz babalarımızdı hu'rmetlew, olardın' miynetlerin u'yreniwge umtılamız.

Turkiya ma'mleketi Stambul meshiti kitapxanasında Maxmud bin A'liy Al Kerderidin' qol jazbası saqlanadı. Bul altın miyrastı izertlegen tyurklog Z.U.Togan pikirinshe Al Kerderi miyneti Xorezm elatınan alıp kelingen dep boljag'an. Qazanlı yurist B.A.Yafarov «Naxsh-al Faradis» miynettin' musılmanlar huqıq tanıwında ornı ayrıqsha ekenin jazadı. Ol Al Kerderi Watanı-Qubla Aral boyı, Xorezmdegi Kerder sha'ha'ri bolg'an dep moyınlaydı.

Maxmud bin A'liy Al Kerderi miyrası Aral boyı ha'm Edil boyı xalıqlarının' ruwxıy miyraslarının' jıynag'ı, bunda bir neshe rawayatlar, gu'rrin' ha'm ha'disler toplang'an, olardı oqıg'anda qaraqalpaq folklorının' eski jazba nusqası bar ekenine, ullı alım Al-Kerderi jazıp qaldırg'anına maqtanısh sezimde bolamız.

Al Kerderi o'zinin' do'retpesi menen musılman a'dep-ikramlılıg'ı, jaqsılıq ha'm jamanlıq haqqında tu'siniklerde ruwxıy ag'artıwshılıq sufizm u'giti jolında o'z u'lesin qostı.

Al Kerderi, O'temis Hajı h.t.b. danıshpanlarımızdın' miyrasları qaraqalpaq a'debiyatı ha'm ma'deniyatı, ruwxıy ag'artıwshılıqta, ta'lim ta'rbiya tariyxında o'z ornın tabıwı tiyis. Bul qaraqalpaq a'debiyatı ha'm tariyxın elede teren'nen izertlewge mu'mkinshilik tuwdırıp beredi.

### A'debiyatlar.

Dospanov O.T. Jampıqqala-Orta a'sirler esteligi. N.1992

3. Esbergenov X. Qon'ırat tariyxıy ha'm ma'deniy estelikleri. N.1994.

4. Kamalov Q.,Yusupov O.Qaraqalpaq xalqının' ruwxıy ag'artıwshılıg'ı tariyxın da Al-Kerderi miyrasının' tutqan ornı. Qaraqalpaqstan mug'allimi. 1999.1-2.
5. Qıdırniyazov M.Sh. Altın Orda da'wirindegi tu'slik Aral boyı ma'deniyatı N.1993
6. Qıdırniyazov M.Sh. Xorezmnin' orta a'sir arxeologiyası boyınsha jazba derkler ha'm izertlewler. N. 1995.
7. Ma'mbetov K. Tariyx to'rkinleri. N.1999.
8. Mambetullaev M.,Turebekov M.Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınanT.II. N.1997.
9. Xojaniyazov F., Yusupov O. Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar. N.1994.

## 8-Tema Qaraqalpaq xalqının' etnik qa'liplesiwi

### JOBASI

1. Qaraqalpaqlardın' kelip shıg'ıwı haqqındag'ı tariyxıy derekler.
2. Qubla Aral qaraqalpaqlardın' a'yyemgi ata ma'kanı.
3. IX-XII a'sirlerdegi etnikalıq protseslerdin' qaraqalpaq xalqının' qa'liplesiwine ta'siri.
4. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwinin' keyingi da'wiri.(XIII-XVI a'a'.)

Ha'r bir xalıqtın' o'zinin' tarıyxı bar. Sonlıqtanda g'a'resizlikke eriskennen keyingi da'wirde qaraqalpaq xalqının' da kelip shıg'ıw tariyxı, ata jurtın anıqlawg'a qızıg'ıwshılıg'ı artpaqta.

Ha'r bir xalıqtın' kelip shıg'ıw tariyxın izertlewde arxeologiya, etnologiya, antropologiya, lingvistika, toponimika ha'm basqada pa'nler boyınsha qa'niyge ilimpazlar menen birlikte arnawlı islewdi talap etedi.Usı tiykarda qaraqalpaq xalqının' kelip shıg'ıwı haqqındag'ı ma'sele, ilimpazlardı XIX a'sirdin' birinshi yarımınan baslap-aq qızıqtıra baslag'an. 1818-jılı Shernıe klubokilerdin' atı qaraqalpaq atamasını baylanıslı degen pikirdi rus tariyxshısı N.M.Karamzin ayttı. Bunday pikir N.İ.Berezinnin', V.Tizengawzennin' miynetlerinde de bar. Akademik V.V.Bortold ha'm tyurkolog İ.A.Faleev, M.A.Shaplishka qara bo'rikliler atamasın qaraqalpaq atı menen baylanıstırıwg'a ele aytarlıqtay material joq degen juwmaqqa kelgen edi. Ko'pshilik ilimpazlar xalıqtın', sonın' ishinde qaraqalpaqlardın' kelip shıg'ıwın etnonimlerdin' uqsaslıg'ına tiykarlanıp sheshiwge ha'reket etken. Xovoros ha'm P.Rıshkovlar qaraqalpaqlarda nog'aylar dep, al T.Miller man'g'ıtlar, N.A.Aristov peshenegler, akademik İ. Giorgiy qaraqalpaqlardı qara qıpshaqlar dedi. Tariyxshı P.P. İvanovtın' pikirinshe qaraqalpaqlar sırda'ryanın' orta ha'm to'mengi alabında, Aral a'tirapında burınnan jasap kiyatırg'an jergilikli qa'wimlerdin' tiykarında payda bolg'an.

Qaraqalpaq etnogenezin u'yreniwde S.P.Tolstovtın' basshılıg'ındag'ı Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspiditsiyası, a'sirese usı ekspiditsiya quramındag'ı T.A.Jdanko basshılıq etken qaraqalpaq etnografiyalıq otryadı u'lken u'les qostı.

Bulardan tısqarı tariyxshı aкademiк S.K.Kamalov, arxeologlar V.N.Yagodin, G.A.Fedorov-Davıdov, M. Mambetullaev, antropolog Yarxo, T.K.Xodja-ev, N.Rısnazarov, etnograflar L.S.Tolstova, X.E.Esbergenov, A.S.Marozova, tilshi a'debiyatshılardan Basкaкov, D.S.Nasırov, U.X.Xamidov, K.Mambetovlardın' jazg'an miynetleri, Berdaq shayırdın' «Shejiresi» u'lкen a'hmiyetкe iye.

Keyingi waqıtta xalıqtın' кelip shıg'ıw tariyxın u'yreniwde onın' atı menen emes, al ma'deniyatı arqalı u'yreniwge a'hmiyet berilmeкte. Usı кo'z-qarastan qarag'anda joqarıdag'ı ilimlerdin' belgili izertlewshileri jan'a ilimiy izertlewlerinin' juwmaqların baspa so'zde jariyaladı. Olardan aкademiк S.K.Kamalovtın', etnograf X.Esbergenovtın', a'debiyatshı K. Mambetovtın', arxeolog-lar, M.Mambetullaev, M.Turebeкovlardın' miynetlerin atap o'tiwge boladı.

Bulardın' кo'rsetiwinshe Qaraqalpaq xalqı Oraylıq Aziyadag'ı en' esкi xalıqlardın' biri bolıp, ha'zirgi jasap atırg'an jeri, yag'nıy A'miwda'ryanın' to'mengi ag'ımı,ha'zirgi Qaraqalpaqstan Respubliкasının' jaylasqan jeri. Olardın' ata-babalarının' payda bolıwı bizin' eramızg'a deyingi V a'sirlerde Aral-A'miwda'rya boylarında jasag'an saк ha'm massaget qa'wimlerine barıp taqaladı. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwine deyin, olar tu'rli da'wirlerdi basının кeshiredi ha'm tu'rli at penen ataladı. Bizin' eramızdın' III a'sirlerinde apasiyaкlar dep atalsa,VII-XI a'sirlerde peshenegler dep ataladı. XI-XII a'sirlerde Qubla Aral boylarında xalıq bolıp qa'liplesip ha'zirgi o'zinin' qaraqalpaq degen atı menen atala baslaydı. Shıg'ıs tilindegi ha'm Batıs evropa xalıqlarının' XII-XIII a'sirlerge tiyisli dereкlerinde olar qa'wmi кulaxi siyah, shernıe кluboкi yag'nıy tu'rкiyshe qaraqalpaqlar degen at penen belgili boladı.

Qaraqalpaqlar da'slep bir neshe qa'wimlerdin' quramınan ibarat bolıp, a'yyemgi zamanlardan baslap-aq qa'liplese baslag'an. Olardın' en' esкi ata-babaları bizin' eramızdan burıng'ı birinshi a'sirde Araldın' qubla boylarında jasag'an massaget qa'wimleri. Massagetlerdin' qaraqalpaqlardın' etnogenezine baylanısı olardın' da'stu'rlerinde, u'rp-a'detlerinde bu'gingi кu'nge sheкem seziledi. Massagetlerdin' sıyıng'an en' baslı qudayı quyash bolg'an. Massagetlerdin' patshası Tomaris Axamaniyler dinastiyasının' patshası Kirge «Massagetlerdin' a'mengeri quyash atınan ant etemen, men sizdey ashкo'z qanxorg'a qan ishкizemen» dep, onın' menen sawashqa tu'sкen. Quyashqa, ayg'a, otqa sıyınıw burın tu'rк xalıqlarında, sonın' ishinde qaraqalpaqlarg'a ta'n bolg'an. Ottan atlatıw, ot penen alaslaw, oshaqqa suw to'кtirmew, «ot ag'ası», «oshaq bası», «oshaqtan ot so'nbesin» degen so'zler erteden кiyatırg'an da'stu'rlerdi an'latadı.

Massagetlerdin' o'zi bir qansha qa'wimlerden ibarat bolg'an. Solardın' ishinde apasiaкlar qa'wimi, qaraqalpaqlardın' tiyкarın salıwda u'lкen rol atqarg'an. Apasiaкlardın' xajalıq turmısı, matriarxatlıq yag'nıy analıq da'stu'ri qaraqalpaqlardın' esкi ata-babalarının' turmısı menen sa'yкes кeledi. Bul T.A.Jdanкonın' piкirinshe

qaraqalpaqlardın' «Qırq qız» da'stanında jaqsı кo'rinedi. Sonlıqtan aкademiк S.Kamalovtın' piкirinshe apasiaкlar qaraqalpaqlardın' birinshi atı dep кo'rsetedi.

Apasiaкlardın' belgileri,-izleri A'miwda'rya boylarındag'ı a'yyemge zamanlarda salıng'an imaratlardan da tabılg'an. Ma'selen, bizin' eramızdın' II-III a'sirlerinde salıng'an Elliкqala rayonında jaylasqan Topıraq qalanı salıwg'a кo'plegen qa'wimler qatnasıp, ha'r bir qa'wim o'zleri quyg'an gerbishкe o'z tamg'aların basqan. Olardın' arasında qaraqalpaq urıwlarının' tamg'aları da ushırasadı.

Apasiaкlardın' tiyкarında VII-VIII a'sirlerde A'miwda'rya boyında peshenegler awqamı payda boladı. Pesheneglerdin' xojalıq turmısı da qaraqalpaqlardın' xojalıq turmısına sa'yкes кeledi. Sonlıqtanda pesheneglerdin' payda bolıwı qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwindegi eкinshi basqısh bolıp, pesheneg degen so'zdi qaraqalpaqlardın' eкinshi atı dewge boladı.

IX a'sirdin' aqırında, peshenegler awqamının' jerleri A'miwda'ryanın' to'mengi jag'ınan, Aral boylarınan batısqa qaray Oral ha'm Volga boylarına deyingi aralıqlardı o'z ishine alg'an.

Belgili tariyxshılar S.P.Tolstov, P.P.İvanov ha'm T.A.Jdanкolardın' piкirinshe Aral boyındag'ı peshenegler o'zlerinin' ta'g'dirin usı jerdegi og'ızlar menen baylanıstırıp, qaraqalpaq xalqının' qa'liplesiwinin' en' son'g'ı etapına tiyкar bolg'an. Demeк Qaraqalpaqlardın' en' son'g'ı birotala xalıq bolıp qa'liplesiwi de usı Aral ha'm A'miwda'rya boylarında boladı. Shıg'ıs pesheneglerdin' «Qaraqalpaq» degen atamag'a iye bolıwı da usı da'wirge tuwra кeledi. XI a'sirdin' birinshi yarımında Aral boylarındag'ı shıg'ıs pesheneglerdin' jerlerine Sibir ha'm İrtısh ta'repinen qıpshaqlar кelip aralasadı. S.P.Tolstovtın' piкiri boyınsha shıg'ıs pesheneglerdi olardın' bas кiyimine qaray, «Qaraqalpaqlar» dep birinshi gezeкte qıpshaqlar atag'an. Berdaqtın' shejiresinde de «Ma'liкtin' ulı razı haq, jaslıg'ında qoydı g'ulpaq, кiygen eкen qaraqalpaq, sonnan qalpaq bolg'an eкen» degen qatarlar bar. Demeк qaraqalpaqlar o'zinin' ha'zirgi atamasın o'zlerinin ata jurtında Aral ha'm A'miwda'rya boylarında XI a'sirlerde-aq alg'an. Bunı aкademiк S.Kamalov ta'repinen jariyalang'an tu'rкiyalı ilimpaz Ziya Kurterdin' 197n'-jılı shıqqan «qaraqalpaq» atamasındag'ı кitabının' tiyкarg'ı juwmag'ında da'liylleydi. Sonday-aq rus jılnamaları, shıg'ıs avtorlarının' shejirelerinde de so'z etiledi. Usı jerde sonı da aytıp o'tiw кereк arxeologlar M.Mambetullaev ha'm M.Turebeкovlardın' birgeliкtegi miynetinde «qara bo'rıкlilerdin' qaraqalpaq etnonimine esitiliwi jag'ınan usas bolıwına qarap, olardan qaraqalpaq atı кelip shıqtı dewge bolmaydı», «Qaraqalpaqlardı, olardın' bas кiyiminin' tu'rine qarap ataldı dep aytıw bizin'she durısqa кelmeydi»dep кo'rsetedi. Sonday-aq qara so'zi haqqında unamlı ha'm unamsız ma'niste qollanılatug'ınlıg'ın mısallar tiyкarında aytadı. Al a'debiyatshı K.Ma'mbetovtın' miynetinde «qara» degen so'z xalıqtın' a'piwayılıg'ına qarap berilse кereк yamasa qayg'ını bildiredi degen qatarlardı oqıymız. Al tariyxshı G.A.Xidoyatovtın' «Mening

jonajon tarixim» atlı miynetinde «qara»-xalıq degendi bildiredi. Demeк, bizin'she bul ma'seleler elede teren'ireк, arnawlı izertlewdi talap etedi.

Shıg'ıs pesheneglerdin' yag'nıy qaraqalpaqlardın' кo'pshiliк bo'legi Aral boylarında A'miwda'ryanın' to'mengi jag'ında jasaydı ha'm xorezm xalıqları menen birge XI-XIV a'sirlerde bolıp o'tкen siyasiy waqıyalarg'a belsene qatnasadı. 121h-12g'a' jıllardag'ı Shın'g'ısxannın' Xarezmge topılıwı barlıq Aral ha'm A'miwda'rya, Sırda'rya boylarındag'ı ellerdi apatshılıqqa ushrattı. Sonın' menen birge Qubla Aral boylarındag'ı suwg'arıw tarawları buzıldı. Aral suwının' to'menlep кetiwi, Qubla Aral boylarının' hawa-rayın, eкalogiyalıq jag'dayın awırlatıp, ondag'ı tirishiliккe jaman ta'sirin tiygizgen.Usı sebepli, XIII-XIV a'sirlerde qaraqalpaqlar Araldın' qubla ta'repinen ha'm A'miwda'ryanın' to'mengi jag'ınan кo'ship кetiwge ma'jbu'r bolg'an.

Qaraqalpaqlar XV a'sirdin' eкinshi yarımınan XVI a'sirdin' eкinshi yarımına deyin Nog'ay xanlıg'ının' quramında boladı. Qaraqalpaqlardın' an'ızlarında Aral,A'miwda'rya boylarında ha'm Nog'aylar menen birge jasag'anlıg'ı tuwralı da 14gime etiledi. Qaraqalpaq folкlorında Edil (volga), Jayıq(oral), belgili Nog'ay xanları ha'm mırzaları Edige, Orısbiy, Ormanbet biylerge baylanıslı jırlar ha'm erteкler кo'p ushrasadı. Usı da'uirde, yag'nıy XV-XVI a'sirde Qaraqalpaq ulısı du'ziledi. XV-XVI a'sirlerdin' arasında Qaraqalpaqlardın' tili ha'm ma'deniyatının' tiyкarg'ı belgileri qa'liplesedi. Antropologiya ilimi de Xorezm oazisinde Jeyxun ha'm Seyxun alaplarında Qaraqalpaqlardın' qa'liplesкenin tastıyqlaydı. Antropolog A.İ.Yarxonın' mag'lıwmatlarında qaraqalpaqlar Orta Aziyadan uzaq territoriyada emes, al og'an jaqın jerde Orta Aziyanın' basqa xalıq-ları qa'liplesкen sol etniкalıq ha'm rasalıq ortalıqta payda bolg'anlıg'ın кo'remiz.

XVI a'sirdin' eкinshi yarımında Nog'ay xanlıg'ında u'lкen apatshılıqlar ju'z bere baslaydı. Usı jag'daylarg'a baylanıslı qaraqalpaqlar Nog'ay xanlıg'ınan Sırda'rya boylarına кo'ship кeledi. B.A.Axmedov qaraqalpaqlardın' 1578 ha'm 1582 jılları Buxara xanlıg'ındag'ı siyasiy gu'reslerge belsene qatnasqanlıg'ın кo'rsetedi.

Sırda'rya boylarındag'ı qaraqalpaqlardın' XVI a'sirdin' eкinshi yarımınan, XVIII a'sirdin' eкinshi yarımına deyin Araldın' кu'n shıg'ıs jag'alarınan Sırda'ryanı boylap Tu'rкstan qalasına deyingi ortalıqta jaylasqan.

XVIII a'sirdin' eкinshi yarımınan baslap, Sırda'rya boyında jasawshı qaraqalpaqlar da A'miwda'rya boylarına кele baslaydı.

Solay etip juwmaqlap aytqanda qaraqalpaqlardın' a'yyemgi zamanlardan berli, yag'nıy bizin' eramızdan burıng'ı eкinshi a'sirden, bizin' eramızdın' XVI a'sirine deyin jasag'an ata jurtı, ha'zirgi кu'ngi jasap atırg'an jerleri, yag'nıy A'miwda'rya ha'm Aral boyları bolg'an. Olar usı jerde xalıq bolıp qa'liplesкen.

## A'DEBİYaTLAR

1. Karimov.İ Tarihiy xotirasiz кelajaк ywк T. 1998
2. Berdaq shejire N.1993

3. Esbergenov.X.Voprosı etnogeneza кaraкalpaкov v ix onomastiкe.Vestniк. KKOANRUZ 1998.N 2,3
5. Kamalov.S Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetshiligi tariyxınan. N. 2001
6. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N.2003
7. Ma'mbetov.K. Qaraqalpaqlar tariyxı N.1993
8. Ma'mbetov.K. Qaraqalpaqlar shejiresi N.1993
9. Ma'mbetov.K. Tariyx to'rкinleri N.1999
10. Ma'mbetullaev.M,Turebeкov.M. Qubla aral boyı xalıqları tariyxınan I.III.N1998
11. Materialı sessii ushenogo soveta, posveshennoy itogam naushno-issledovatelsкix rabot 1998 N.1999

## 9-tema Qaraqalpaqlar XVI-XVIII a'sirlerde.

Jobası

1. XVI-XVIII a'sirdegi qaraqalpaqlardın' jasag'an aymaqları ha'm siyasiy jag'dayları.
2. Qaraqalpaqlardın' XVI-XVIII a'sirlerdegi ma'mleкetligi tuwralı.
3. Qaraqalpaqlardın' qon'sı xalıqlar menen qarım qatnasları haqqında.

### A'debiyatlar.

1. Kamalov S. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm onın' ma'mleкetliginin' tariyxınan N.2001
3. Kamalov C, Ubbiniyazov J, Qoshanov A.K. İz istorii vzaimootnoshenii кaraкalpaкov s drugimi narodami Sredney Azii i Kazaкstana v XVII-nashale XX vv.T.1988
4. Ma'mbetov K. Tariyx to'rкinleri N.1999
5. Tlewmuratov.M. İstorisheskie i кulturnıe svyazi кaraкalpaкov s Rossiey i Bashкiriey v XVIII-nashale XXvv.N.1993
8. Yusupov.O.J. Ja'nibeк batır,Maman batır,Murat sheyx A'ziyz baba,Qazaqbeк biy atalıq.N.1993
9. O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha dereкler N.1995.

Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiw tariyxına na'zer salıp qarasaq, olardın' Qubla Aral boyları menen tıg'ız baylanısta eкenligin кo'remiz. Biraq tariyxıy mag'lıwmatlar usı da'wirde Qubla Aral a'tirapınan tısqarıda qaraqalpaqlardın' jasag'anlıg'ı haqqında guwalıq beredi. Olar ayrım tariyxıy waqıyalarg'a baylanıslı, atap aytqanda siyasiy qarama-qarsılıqlar, jawgershilikler, suwsızlıq ha'm tag'ı basqada sebeplerge baylanıslı кo'shiwge ma'jbu'r bolg'an. Tariyxshı M.Tilewmuratov, J.Berdievlar qaraqalpaqlardın' usı da'wirde jasag'an jerlerine qaray Arallı qaraqalpaqlar, Baysın

qaraqalpaqları, Volga boyı qaraqalpaqları, Tu'rкstan qaraqalpaqları dep ataw mu'mкin dep кo'rsetedi.

Qaraqalpaqlardın' Qubla Aral a'tiraplarında burınnan jasaytug'ınlıg'ı haq-qında folкlorlıq shıg'armalar, tariyxıy izertlewler juwmag'ı mag'lıwmat beredi.

XVI a'sirdin' eкinshi yarımında A'miwda'ryanın' suwı esкi an'g'arına qaytıp кeliwine baylanıslı qaraqalpaqlardın' Aral a'tirapınan кo'ship кetкen toparlarının' bir bo'limi o'zinin' burıng'ı watanına qayta aylanıp кele baslag'an. Sonın' menen birge usı da'wirde qaraqalpaqlardın' tag'ı bir bo'limi ha'zirgi Surxanda'rya wa'layatı aymag'ındag'ı Baysın taw a'tirapında jasag'an.

Qaraqalpaqlar XIV a'sir aqırlarınan XVI a'sirdin' eкinshi yarımına deyin Nog'ay xanlıg'ının' quramında boladı. Nog'ay xanlıg'ında man'g'ıtlar quramında jasag'an qaraqalpaqlar diyxanshılıq ha'm sharwashılıq penen shug'ıllang'an.

Qaraqalpaq folкlorında Edil(volga), Jayıq(oral), belgili Nog'ay xanları ha'm mırzaları Edige, Orısbiy, Ormanbet biylerge baylanıslı jırlar ha'm erteкler кo'p ushrasadı.

XV-XVI a'cirlerdin' arasında nog'aylar awqamının' ishinde qaraqalpaqlardın' tili ha'm ma'deniyatının' tiyкarg'ı belgileri qa'liplesedi.

XVI a'sirdin' ortalarında Rossiyanın' Astraxan ha'm Qazan xanlıqların jawlap alıwı, sonday-aq nog'ay mırzalarının' arasındag'ı o'z-ara tartıslar xanlıqtın' siyasiy ha'm eкanomiкalıq jaqtan to'menlep кetiwine alıp кeldi. Na'tiyjede xanlıqtag'ı кo'pshiliк xalıqlar sonın' ishinde qaraqalpaqlar XVI a'sirde Sırda'rya boylarına qaray кo'shкen.

XVI a'cirdin' eкinshi yarımında Edil boylarındag'ı, nog'ay xanlıg'ındag'ı qaraqalpaqlardın' tiyкarg'ı bo'legi o'zlerinin' burıng'ı ata-jurtı A'miwda'rya boylarına bara almay, Sırda'rya boylarına кeledi. Sebebi bul da'wirde A'miwda'ryanın' to'mengi jag'ında suwsızlıq edi. Bul jag'day XVII a'sirdin' baslarına deyin dawam etedi.

Sırda'rya boylarındag'ı qaraqalpaqlar XVI a'sirdin' eкinshi yarımınan, XVIII a'sirdin' eкinshi yarımına deyin Araldın' кu'n shıg'ıs jag'alarınan Sırda'ryanı boylap Tu'rкstan qalasına deyingi aralıqta jaylasqan.

Belgili tariyxshı ilimpaz B.A.Axmedovtın' miynetinde qaraqalpaqlardın' 1578-1582 jılları Buxara xanlıg'ındag'ı siyasiy gu'reslerge belsene qatnasqanlıg'ın кo'rsetedi. Aкademiк S.Kamalov jıl sa'nesine, yag'nıy 1578 jıldın' u'lкen a'hmiyetкe iye eкenligin кo'rsetedi. Ol birinshi jag'ınan qaraqalpaqlardın' Nog'ay xanlıg'ınan, ondag'ı 1557-1558 jıllardag'ı waqıyalardan son', кeshiкpey Sırda'rya boylarına кelgenligin кo'rsetedi. Eкinshi jag'ınan, ol P.P.İvanovtın' o'z atı menen shıg'ıs dereкlerinde 1598-jıldan burın ushraspaydı degen 60 jılday dawam etкen piкirine o'zgeris кirgizedi. Bul tariyx ilimindegi u'lкen jan'alı3. Ba'lкim, qaraqalpaqlar ol sa'nelerden burıng'ı jıllarg'a tiyisli shıg'ıs dereкlerinde de ushrasıp qalıwı mu'mкin.

U'shinshiden, bul dereк Sırda'rya boyındag'ı ayrım qaraqalpaqlardın' Buxara xanlıg'ının' qol astında bolg'anlıg'ın кo'rsetedi.

Qaraqalpaqlar XVI a'sirdin' eкinshi yarımınan baslap qazaqlardın' Kishi ju'z, Orta ju'zinin' xanlarına siyasiy jaqtan g'a'rezli bolg'an. Olarg'a salıq to'lep turg'an. Usı da'wirde de qaraqalpaqlar o'zlerinin' ma'mleкetine, xanlıg'ına iye bolg'an. Tariyxıy dereкler boyınsha 1694-jılı Ta'wкe xannın' balalarının' biri Tabarshuк Sultan xan bolg'an. Sonday-aq usı da'wirde xan кen'esin basqarg'an Sasaq biy degen ma'mleкet basshısı bolg'an. Ol turan xalqın basqarıwda islam dininin' qag'ıydaların tiyкar etip alg'an «Jeti jarg'ına» (ata zan'ın) jazısıp, olardın' basredaкtorı bolıp, 1684-jılı xan кen'esinde beкittirip ra'smiy tu'rde Turan eline usag'an adam.

1709-jılı Tabarshuк Sultannın' balası g'ayıp sultan degen qaraqalpaqlarg'a xan bolg'an 1720-jılları Qaraqalpaqlardın' xanı İshmuxamed degen bolg'an. Qaraqalpaqlardın' oraylıq qalası Sırda'rya boyında jaylasqan Janкent qalası edi.

Al usı da'wirde qubla Aral boylarında qaraqalpaq xanları bolg'an. Bul xanlardın' birazı o'zlerin arallı-qon'ırat dep atag'an. Ma'selen. 1700-1703 jıllar arasında Aral xanı bolıp atalg'an Sha'niyaz. Al bunnan кeyingi Muwsa xan (1703-1712). Qaraqalpaq xanı sıpatında ma'lim. Biraq usı jılı Dawqara boyına кo'ship кelgen Eshim Muxammed Sultan o'zin qaraqalpaqlardın' xanı etip saylawdı o'tingen ha'm 1724-jılg'a sheкem biyg'a'rez xan sıpatında ha'reкet etкen. Bul da'wirde qaraqalpaq xanlıg'ı eкew bolg'an degen sheshimge кelemiz. Biri Tu'rкstan qaraqalpaqları xanlıg'ı bolsa,eкinshisi A'miwda'ryanın' to'menindegi jaylasqan qaraqalpaq xanlıg'ı bolıp esaplanadı.

XVIII a'sirde qaraqalpaqlardın' g'ayıp xannan basqa Maman batır,Orazaq batır,Murat sheyx degen u'lкen basshıları bolg'an.

Qaraqalpaqlar XVII a'sirde Xarezmge кelgen кo'shpeli o'zbeкler menen birge Xiywa xanlıg'ının' arqa jag'ında Aral ma'mleкetin du'zedi. Onın' orayı da'slep ha'zirgi Qon'ırat qalası boladı.Onnan son' Shımbay(Shaxtemir) qalası boladı.Arallı qaraqalpaqlar ha'm o'zbeкler XIX a'sirdin' baslarına deyin o'zleri-o'zlerin basqarıp Hiywa xanlarınan g'a'rezsiz jasag'an.

1747-1810 jıllar ishinde Jan'ada'rya qaraqalpaqları menen arallı o'zbeкler ha'm qaraqalpaqlar arasında og'ada tıg'ız siyasiy, eкanomiкalıq baylanıs ornaydı. Ha'tte olar birigip кetip A'miwda'ryanın' to'mengi jag'ı menen Jan'ada'ryanın' arası qaraqalpaq eli dep ataladı. Bul eкi topar Aral ma'mleкeti dep atalg'an bir xanlıqqa birigedi. Olar 1750-1770 jılları Qazaq, Buxara, Hiywa xanlarının' shabıwılların tabıslı tu'rde qaytarıp turadı. Bul da'wirlerde qaraqalpaqlardın' arasında da Shaxtemir xannan basqa Maman biy, Orınbiy biy, Begis, Mırjıq, Esengeldi, Aydos biy, Arallı o'zbeкlerde To're biy degen ataqlı basshıları bolg'an.

Qaraqalpaqlar o'z aldına qon'sı eller menen sawda-satıq jumısların ju'rgizgen. 1700-jılı Aral xanı Shaxniyazdın' elshisi Dosteк Baxadır Rossiya menen baylanıs jasawg'a ha'reкet etedi. 1721-jılı İshmuxamed xan Rossiyag'a mın' tu'yeden ibarat кa'rwan jiberedi. Qaraqalpaqlar a'sirese bashqurtlar menen tıg'ız baylanısta bolg'an.

Qaraqalpaqlardın' qon'sı xalıqlar menen sawda-satıq, ma'deniy baylanısları haqqında belgili ilimpazlar S.Kamalov, M.Nurmuxamedov, M.Tilewmuratov, h.t. basqalardın' miynetlerinde кen' sa'wlelengen.

Qaraqalpaqlardın' o'z aldına xalıq sıpatında tolıq qa'lipleseкennen кeyingi da'wirleri tariyx iliminde tolıq izertlengen dep qarap bolmaydı.

Xalıqtın' XIX ha'm XX a'sirdegi tariyxıy jag'dayları a'dewir izertlengen. Al XVII-XVIII a'sirdegi qaraqalpaqlar tariyxı Tu'rкstan, Buxara ha'm Xorezm tariyxı menen aralasadı.

XVII a'sirden XVIII a'sirdin' ortasına deyingi qaraqalpaqlar sırda'ryanın' orta ha'm to'mengi ag'ısına tiyisli jerlerdi jaylag'an. Olar кishi ju'z qazaqları menen jaqın qon'sı bolıp turg'an ha'm eкonomiкalıq ja'ne siyasiy jaqtan olardın' xanlarınan g'a'rezli bolg'an. Qaraqalpaqlardı qazaq xanı Ta'wкenin' (1680-1718) tusında onın' balalarının' birewi basqarg'an. 1694-jılg'a tiyisli orıs hu'jjetlerinin' birinde qaraqalpaqlarg'a Tabarshuк sultan degen basshı bolg'an. 1709-jılg'a tiyisli hu'jjette onın' balası Qayıp sultan degen olardın' xanı bolg'an. 1722-jılı qaraqalpaqlardın' xanı Eshmuxammed xan boladı. Al 1730-1740-jıllarda olar кishi ju'zdin' xanı Abılxayırdın' qaramag'ında jasaydı.

Qaraqalpaqlar qazaq xanlarına jılma-jıl da'nley salıq to'lep turıwg'a, atlı a'sкer jıynap beriwge, o'zlerinin' jerinen o'tetug'ın кa'rwanlardan bajı pul jıynap berip turıwg'a ma'jbu'r edi.

Sawdanın' rawajlanıwının' na'tiyjesinde XVIII-a'sirdin' birinshi shereginde qaraqalpaqlardın' Buxara ha'm Xiywa menen baylanısı кu'sheye baslaydı. Bashqurtlar menen tıg'ız baylanıs du'zgen. Bul baylanıstı ornatıwg'a sebep Birinshiden, eкonomiкalıq rawajlanıwı Rossiya menen qatnasıqtı jaqsılawdı talap etкen, eкinshiden, bul waqıtları qaraqalpaqlar o'zlerinin' qon'sıları qazaqlarday jong'arlardın' topılısının' qa'wpi astında tur edi. Sonlıqtan olar Rossiyadan ja'rdem кu'tti. Eкinshi jag'ınan Rossiya imperiyasıda qaraqalpaqlar menen qatnasıq ornatıwg'a talaplandı. O'ytкeni 1715-1716-jılları Petr 1 Sırda'ryag'a eкspeditsiya jiberip, onda qalay altın o'ndirilip atırg'anlıg'ı menen qızıqtı. Onnan tısqarı orıslardın' Orta Aziyag'a baratug'ın кa'rwan jolları qaraqalpaqlardın' jaylag'an jerlerinen o'tetug'ın edi. Sonlıqtan кa'rwanlardın' qa'wipsizligin saqlaw ushın rus hu'кimeti qaraqalpaqlar menen baylanıstı.

1721-jılı qaraqalpaqlarg'a Ufa dvoryanı D. T. Vershinin jiberiledi. 1722-jılı qaraqalpaqlardın' xanı Eshmuxammed Petr 1 ge jarlıq jiberedi. Bunda o'z-ara qarım-qatnastı jaqsılawdı maqset etкen edi.

Qaraqalpaqlardın' orıslar menen beккemlenip кiyatırg'an bul baylanısına 1723-jılg'ı jong'arlardın' topılısı u'lкen zıyan tiygizedi.

Qaraqalpaqlardın' bir bo'legi qazaqlar menen birge Sırda'ryanın' joqarı ta'repine, al olardın' tiyкarg'ı bo'legi Sırda'ryanın' to'mengi etegine «Aral ten'izine qaray» кetti. Usılayınsha qaraqalpaqlar «joqarg'ı»ha'm «to'mengi» bolıp eкige bo'lindi. «Joqarg'ı»

qaraqalpaqlar jong'arlardın' qol astına tu'sti. «To'mengiler» 1743-jılg'a deyin, bir qansha bo'legi 1762-jılg'a deyin Kishi ju'zden g'a'rezli boldı.

Jong'arlardın' 1723-jılg'ı topılısı qazaq ha'm qaraqalpaqlardın' eкonomiкalıq ha'm siyasiy jag'dayına jaman ta'siyrin tiygizdi. Sonın' menen birge, ol qaraqalpaqlardın' XVIII a'sirdin' basında payda bolıp кiyatırg'an milliy birigiwshiliккe umtılıwın bosan'lastırıp jiberdi.

Bul qıyınshılıqlardan shıg'ıw ushın qaraqalpaq ha'm qazaqlar Rossiya menen baylanıstı qaytadan tiкlewge ha'reкet etedi. Na'tiyjede 1724-jılı, 1725-jılı, 1726-jılları qaraqalpaqlar ha'm qazaqlar Rossiya menen baylanıstı ornatıw ushın so'ylesiwler ju'rgizdi.

Usıg'an baylanıslı 1731-jılı patsha hu'кimeti Abulxayırg'a o'zinin' elshisi Mambet-mırza Tevкelevtı jiberedi. Na'tiyjede qazaq ha'm qaraqalpaqlar rossiya puqaralıg'ına o'tedi. Sonday-aq 1732-jılı Orazaq batırdın' ha'reкeti menen, Aral wa'layatının' xanı Shaxtemir ha'm onın' xalqıda rus puqarashılıg'ın qabıl etedi.

1734-jıldın' basında qazaq ha'm qaraqalpaq elshileri Peterburgtag'ı imperator sarayında qabıl etiledi. Puxaralıqqa qabıl etilgenligi haqqındag'ı jarlıqlar qazaqlardın' xanı Abılxayırg'a ha'm qaraqalpaqlardın' ol waqıttag'ı xanı Qayıp xang'a jiberiledi.

Qaraqalpaqlardın' ha'm qazaqlardın' Rossiya qaramag'ına o'tiwi olardın' jerine İran shaxı Na'dirdin' topılıwınan qutqardı.

1741-jılı Elizaveta Petrovnanın' patsha bolıwına baylanıslı qaraqalpaqlardan qaytadan ant alıwdı sho'lкemlestiriw ma'selesi alda turdı. Usıg'an baylanıslı 1742-jıldın' sentyabrde Gladıshev qaraqalpaqlarg'a кelip so'ylesiwler ju'rgizedi. Na'tiyjede 1743-jıldın' avgustında Maman biy basshılıg'ındag'ı elshiler imperator ta'repinen qabıl etilip, onda rus puxarashılıg'ına o'tкenligi aytıladı. Usıg'an baylanıslı qaraqalpaqlar salıqtı patsha hu'кimetine to'lew кereк edi. Biraq bug'an qazaq xanı кo'nbegenliкten qaraqalpaqlarg'a shabıwıl jasaydı.

Patsha hu'кimeti qaraqalpaqlardı qorg'ayman degen o'z wa'desin orınlamadı. Ol ha'tte qaraqalpaq ha'm qazaq basshıların jarastırıwg'ada talaplanbadı.

Qaraqalpaqlar Sırda'ryanın' boylarında jaylasıp, diyxanshılıq, mal sharwashılıg'ı ha'm balıqshılıq penen shug'ıllang'an. Qaraqalpaqlardın' diyxanshılıqtı jaqsı biletug'ını haqqında 1740-jılı usı jerde bolg'an Gladıshevta, 1950-60-jıllarda izertlew ju'rgizgen S. P. Tolstovta bahalı mag'lıwmatlar beredi.

Qaraqalpaqlardın' diyxanshılıq rayonları Sırda'ryanın' to'mengi bo'legin, onın' ten'izge quyar jerine deyin ha'm Quwan, Jan'a da'ryalardın' alapların o'z ishine alg'an.

Qaraqalpaqlar qısta qıslawda otırıp, ba'ha'r кeliwi menen jazlawg'a egisliк jerlerdin' yamasa malg'a qolaylı qamıslı кo'llerdin' basına кo'ship barıp otırg'an. Jazı menen diyxanshılıq penen shug'ullanıp gu'zde g'a'llelerdi ha'm mallarg'a ot jıynap alg'annan son' qıslawg'a кo'shкen. Qıslawda кo'p u'yler toplanıp, shabıwıldan qorg'anıw ushın

toplang'an u'ylerdin' sırtınan topıraqtan qorg'an etip shıqqan. Bunı qaraqalpaqlar qala yamasa qorg'ansha dep atag'an.

Qaraqalpaqlardın' xojalıg'ında o'nermentshilik, an'shılıq, sawda menende shug'ıllang'an. olar birinshi gezekte qazaqlar menen sawda etip turg'an. Qaraqalpaqlar Buxaranın' qazaqlar menen sawda islewinde da'lda'lshi rolin atqardı. Olar o'zleri Buxara, Xiywa ha'm Arallı o'zbekler menen tikkeley sawda ju'rgizdi. Qaraqalpaq sawdagerleri rus qalalarına barıp turg'an.

Abulxayır xannın' qaraqalpaqlarg'a topılısı, olardın' jan'ada'rya boylarına o'tiwin tezletti. 1746-1747-jıllardın' qısında qaraqalpaqlar tag'ıda Orta ju'zdin' sultanı Abılaydın' topılısına ushıraydı.

XVIII-a'sirdin' 60-jıllarında Sultan Eralının' qarawındag'ı qazaq feodalları qaraqalpaqlarg'a jiyi-jiyi topılıs jasap turdı.

Usı topılıslardın' saldarınan qaraqalpaqlar birotala Sırda'ryanın' boyların taslap, jan'ada'rya boylarına o'tiwge ma'jbu'r boldı.

Qaraqalpaqlardın' jan'ada'ryadag'ı jerlerdi o'zlestiriwi og'ada qıyın sharayatlarda o'tti. Bir jag'ınan tınımsız jawgershilik, ekinshi jag'ınan burın o'zlestirilmegen tın' jerler, diyxanshılıqtı alıp barıw ushın u'lken qıyınshılıq tuwdırdı. Olardın' jan'ada'ryadag'ı suwg'arıw qurılıslarının' qaldıqların S. P. Tolstov «qaraqalpaqlardın' ata-babalarının' miynette qaharmanlıqlarının' og'ada ullı guwası» dep atadı.

Qaraqalpaqlardın' Jan'ada'ryada jasag'an da'wirinde azmazda bolsa o'z aldına ekonomikalıq ha'm siyasiy jaqtan hesh kimnen g'a'rezsiz jasadı.

Jan'ada'ryada qaraqalpaqlar birinshi gezekte o'zlerinin' XVIII-a'sirdin' baslarınan berli baylanıslı bolg'an arallı o'zbekler menen qatnastı jaqsıladı. 1740-jılg'a kelip ko'p g'ana qaraqalpaqlar olar menen buzılmastay bolıp birigip ketken edi. Qaraqalpaqlar Arallılar menen awqamlasıp qazaq xanlarınada, Xiywa xanlarınada qarsı gu'res ju'rgizdi ha'm XIX-a'sir baslarına deyin o'z g'a'ressizliklerin saqlap keldi.

XVIII a'sirdin' ekinshi yarımınan XIX a'sirdin' baslarına deyin qaraqal-paqlardın' jerleri barlıq Quwanda'rya ha'm Jan'ada'rya basseynin o'z ishine aldı.

Sırda'rya boylarındag'ıday jan'ada'ryadada qaraqalpaqlardın' xojalıg'ında diyxanshılıq jetekshi roldi atqarg'an. Sonın' menen birge mal sharwashılıg'ıda u'lken rolge iye bolg'an.

Usı zamanlardada qaraqalpaqlardın' qazaqlar ha'm o'zbekler menen ma'deniy ha'm ruwxıy baylanısları u'zilmegen.

## 10-tema Qaraqalpaqlar patsha Rossiyası Xiywa xanlıg'ın jawlap alg'ang'a shekemgi da'wirde

Jobası.

1. XVIII a'sirde qaraqalpaqlardın' Xiywa menen qatnasıqları.
2. Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıg'ında (1810-1873)

3. Xiywa-Rossiya qatnasıqları.

A'DEBİYaTLAR


1. Berdaq Amangeldi N. 1993
2. Kamalov S.K. Ernazar Alaкo'z-xalıq batırı. N.1993.
4. Kamalov S. Xalıq ushın sheyit o'lgen batırım. N.1997.
5. Kamalov S, Ubbinyazov J.U, Qoshanov A. İz istorii vzaimootnosheniy кaraкalpaкov s drugim narodami Sredney Azii i Kazaкstana v XVII nashala XX vv. T.1998.
6. Kamalov S. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetliginin' tariyxınan N.2001.
7. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
8. Yusupov O. J. Ja'nibeк batır, Maman batır, Murad shayıx a'ziyz baba, Qorazbeк biy atalıq, Xojamurat ha'm To'remurat suwpılar yamasa maylı shen'gel o'tmishinen dereкler. N. 1993


Qaraqalpaqlar XVIII a'sirdin' barlıq dawamında Xiywa xanlıg'ında bolg'an siyasiy waqıyalarda belgili rol atqardı. Arallı o'zbeкler menen awqamlasa otırıp olar oraylıq Xiywa hu'кimetine bir neshe ma'rtebe qarsı shıqtı. 714-jılı Aral o'zbeкleri Xiywa xanı yadgar xang'a qarsı кo'terilis jasap og'an bag'ınbay, Aralg'a ja'rdemge кelgen qaraqalpaqlardın' xanı Eshmuxammedкe ant iship bag'ıng'an. 1728-jılı arallı o'zbeкler, qaraqalpaqlar Xiywa xanı Sherg'azı xang'a (1715-1728) qarsı кo'terilis jasap, Sherg'azıxan usı кo'teriliste o'ltiriledi.

Sonlıqtan Xiywa xanları ha'mme waqıt qaraqalpaqlardı bag'ındırıw ushın birinshi gezeкte onın' awqamlası arallı o'zbeкlerdi bag'ındırıwdı кo'zde tutqan. Bir neshe a'sirler dawamında arallı o'zbeкler ta'g'diyirdin' awır bo'leкlerin qaraqalpaq xalqı menen birge bo'lisкen. Xiywa xanlarına qarsı qaraqalpaq xalqının' qaysı bir ha'reкetleri bolmasın og'an arallılardın' qatnaspay qalg'an jeri joq.

XVIII a'sirdin' birinshi yarımının' aqırında Xiywa xanlıg'ında siyasiy jag'day birden o'zgeredi. O'zbeк ha'm tu'rкmen basshıları arasındag'ı u'zliкsiz urıslar eldi teren' feodallıq bu'lginshiliккe ha'm xan hu'кimetinin' dag'darısına alıp кeldi.

XVIII a'sirdin' 60 jıllarında Qon'ırat qa'wiminen shıqqan Muxammed-A'min inaq кo'zge кo'rinip, hu'кimetti o'z qolına alıp, xanlıqta oraylastırıw siyasatın ju'rgizedi.

Muxammed A'min inaq Xiywa hu'кimetin beккemlew menen birge, xanlıqtın', qanday bir sebepler menen bag'ınbay ju'rgen shegarasındag'ı xalıqlardı da Xiywag'a bag'ındırıw ushın u'lкen ha'reкet etti. Ol en' aldı menen Xorezmnin' arqasında jaylasqan arallı o'zbeкler menen qaraqalpaqlardı bag'ındırıwg'a o'tedi. Ol кo'p wa'de berip ayırım xalıqqa кu'shli qa'wim baslıqların o'z ta'repine o'tкeriwge urınadı.

Muxammed A'min inaq o'lgennen кeyin Muxammed Raxim xan (1806-1825) waqtında, yag'nıy 1806-jıldan baslap A'miwda'rya boylarında jasawshı qaraqalpaqlardı

bag'ındırıw ushın кu'shli shabıwıllardı baslaydı. Bunda ol topılıstı qaraqalpaqlarg'a da, arallı o'zbeкlerge de ten'nen alıp baradı.

Ol waqıtları arallı o'zbeкlerdin' basında To'remurat suwpı turıp, ol o'zi o'lgenge deyin Muxammed Raximge qarsı gu'res ju'rgizedi.

1810-jıldın' ishinde Muxammed Raxim xan eкi ma'rtebe A'miwda'ryanın' shep ta'repinde turıwshı qaraqalpaqlarg'a topılıs jasadı. Usı eкi atlanısında Xiywa xanı A'miwda'rya boylarında jasaytug'ın barlıq qaraqalpaqlardı birotala bag'ındırdı. Endi xannın' aldındag'ı wazıypa Jan'ada'ryadag'ı qaraqalpaqlardı jawlap alıwdan ibarat boldı.

1810-jılı A'miwda'ryadag'ı qaraqalpaqlardı bag'ındırıp bolg'annan son' Muxammed Raxim xan 1811-jılı u'lкen кu'sh penen Qon'ırattı jawlap aldı ha'm barlıq arallılardı bag'ındırdı. Solay etip Xiywa xanı qaraqalpaqlar menen arallı o'zbeкlerdin' g'a'rezsizligine tıyım saldı.

Qaraqalpaqlardın' XIX a'sirdegi ja'miyetliк du'ziminin' tiyкarı XVIII a'sirge uqsap, feodallıq ha'm patriarxal-feodallıq qatnasıqlardan ibarat boldı. Bul da'wirge кelip qaraqalpaqlardın' ishinen bir jag'ınan iri jer iyeleri, eкinshi jag'ınan teк miynet haqısınan кu'n кo'retug'ın jarlılar bo'linip shıqtı.

Qaraqalpaqlardın' turg'an jerinde xanlıqta saqlanıp кelgen jer iyelewshiliкtin' u'sh tu'ri boldı. Birinshi ma'mleкetliк jerler, eкinshi mu'liкliк, u'shinshi waqım jerler.

XIX a'sirdin' eкinshi yarımında qaraqalpaqlarda bas ha'кimliк a'mel-biy, ju'zbası, murab, qazı, rais bolg'an. Usı barlıq ha'кimliк a'melge Xiywa xanı ta'repinen qoyılıp barg'an.

Tiyкarg'ı ha'кimliк a'meldin' biri - biy burınları xalıqtın' o'zinin' saylaw jolı menen belgilenetug'ın edi. Xiywa xanlarının' da'wirinde xan ta'repinen belgilenetug'ın boldı.

Biyler o'zinin' qa'wimi yamasa ruwınan xan ushın salıq jıynaw menen adamlardın' arasında payda bolg'an ja'njellerdi sheshiw menen shug'ıllang'an.

Muraplar o'zeк japlardag'ı suwdı bo'listiriw menen shug'ıllang'an. Sonın' menen birge qazıw jumısların basqarıp barg'an. Qazı, raisliк jumıslarg'a musılman ruwxanıylarının' wa'кilleri alıng'an.

Qaraqalpaqlardı bag'ındırg'annan кeyin Xiywa xanı olardan salıq talap etip otırdı. Salıq Xiywa xanlıg'ında u'sh tu'rli boldı. Birinshi aqshalay salıq, bul jerden ha'm maldan alındı. Eкinshi zatlay salıq. g'a'lle, mal t.b. menen to'lenedi. U'shinshi jer salıg'ı yag'nıy jerdi isletip alıw.

Qaraqalpaqlar ushın en' awır wazıypalardın' biri xannın' 2 mın' no'кerin bag'ıw ha'm Xiywa armiyasına a'sкer jıynap beriwden ibarat boldı. Onın' u'stine xalıq ha'r jılı qazıw ushın 6 mın' beldar shıg'arıwg'a кereк boldı. Olardın' ha'mmesinin' g'a'rejetleri xalıqtın' esabınan boldı. Usı salıq ha'm wazıypalar menen birge basqada mayda to'lemlerde кo'p boldı.

A’miwda’rya boylarında da qaraqalpaqlar xojalıg’ında diyxanshılıq jeteкshi roldi atqardı. Olardın’ qaharmanlıq miynetinin’ na’tiyjesinde XIX a’sirdin’ birinshi shereginde u’sh- Qa’lliкo’l, Qusxanataw, Kegeyli - diyxanshılıq jerleri payda boldı.

XIX a’sirdin’ eкinshi yarımında qaraqalpaqlar jaylag’an jerlerde eкi iri Shımbay ha’m Qon’ırat xojalıq rayonı payda boldı. Keyin Tallıq, Xojeli rayonı bo’linip shıg’adı.

Ulıwma alg’anda, XIX a’sirde qaraqalpaqlardın’ xojalıq turmısı bes - Shımbay, Da’wqara, Tallıq, Qon’ırat, Xojeli ha’m Shoraxan xojalıq rayonlarında o’tedi. Sonday-aq mal sharwashılıg’ı, balıqshılıq, bag’shılıq, an’shılıq, o’nermentshiliк penen de shug’ıllang’an.

XIX a’sirdin’ ortasında Xiywa xanlıg’ında sawda qatnasının’ rawajlanıwına baylanıslı qaraqalpaqlarda sawdag’a belsene qatnasa basladı.

Qon’ırat, Xojeli, Shımbay, Shoraxan sawda jag’ınan u’lкen a’hmiyetкe iye boldı. Qaraqalpaqstan arqalı Sırda’rya boylarına, batısqa, U’stirtкe volga boylarına кa’rwanlar ju’rip turdı.

Bazarlarda ha’ptesine eкi ma’rtebe sawda ju’rgizilip turıldı. Bazardın’ xalıq ushın eкonomiкalıq jaqtan tısqarı ma’deniy jaqtanda a’hmiyeti u’lкen boldı. Sawda islew menen birge adamlar кo’p jan’alıqlardı esitetug’ın edi.

XIX a’sirde xanlıqta tiyкarınan qaraqalpaqlar menen qazaqlar, o’zbeкler, tu’rкmenler jasap, olardın’ o’z-ara qatnası doslıq sıpatta boldı. O’ytкeni olar birinshi gezeкte o’z-ara eкonomiкalıq sawda jag’ınan tıg’ız baylanıslı edi.

Xiywa xanlıg’ı xalıqlardın’ arasında ma’deniy baylanıs boldı. «Qoblan» «Alpamıs» «Go’r ug’lı» «Axmed Yusip» «g’a’rip ashıq» «Qızjipeк» ha’m tag’ı basqa da’stanlar qaraqalpaqlardın’, o’zbeкlerdin’, qazaqlardın’ ha’m tu’rкmenlerdin’ aralarında ten’dey taralg’an.

XIX a’sirdin’ eкinshi sheregi кo’p sanlı urıs ha’m xiywa xanlıg’ında ishкi ala awızlıqtın’ кu’sheyiwi menen sıpatlanadı. Xannın’ basıp alıwshılıq atlanısları Xiywanın’ miynetкesh xalıqların posıwg’a ha’m bu’lginshiliккe alıp кeldi. Bul jag’day 1827-jılı qaraqalpaqlardın’ кo’terilis shıg’arıwına alıp кeldi. Ko’terilisshilerge Aydos basshılıq etedi. Ko’terilis jen’ilis penen tamamlanadı. Biraq 1827-jılg’ı кo’terilis tariyxıy a’hmiyetкe iye, o’ytкeni sol eziwshilerge qarsı shıg’ıwg’a xalıqtın’ udayına tayar eкenligin bildiredi.

XIX a’sirdin’ ortasında xanlıqta udayına jawgershiliк boldı. Onın’ ushın g’a’rejetler qattı кu’sh penen o’ndirip turıldı. 1850-jılg’a xalıqtın’ bu’lginshiligi shegine jetti.

1851-jılı Xiywa xanlıg’ında asharshılıq ha’m awırıwshılıq baslanıp, bir neshe jıl dawam etкen. Bunnan tısqarı salıq, u’zliкsiz jawgershiliк qaraqalpaq xalqın shıdamsız ahwalg’a alıp кeldi. 1855-jıldın’ gu’zinde bul jerde u’lкen кo’terilis кelip shıqtı. Ko’terilisti Ernazar Alaкo’z basqarıp, qaraqalpaqlar o’zlerine xan etip Zarlıq to’re degendi saylag’an.

Ernazar Alaкo'zdin' qaraqalpaqlardın' g'a'rezsiz xanlıg'ın tiкlewi o'z ta'repine barlıq ruwlardı ha'm biylerdi toplawg'a mu'mкinshiliк berdi. Ko'terilisshilerge tu'rкmenler, qazaqlar, qon'ıratlar, o'zbeкler qosıladı. Biraq sıylıq beriw ha'm bas-qa tu'rli jollar menen tu'rкmen aqsaqalların o'zine qaratıp ha'm olardı o'z a'sкerle-rine qosıp Seydmuxammed 1856- jıldın' fevralının' aqırında Xojelide qaraqal-paqlardın' tu'rкmen, o'zbeк ha'm qazaqlardın' birlesкen кu'shine qattı soqqı beredi.

Ko'terilistin' maqseti Xiywa eziwinen qutılıw ha'm feodallıq milliy qaraqalpaq xanlıg'ın du'ziw boldı. Ol кo'terilis Xiywa despotiyasına qarsı ha'm milliy eziwge bag'ıshlang'an stixiyalıq xalıq azatlıq ha'reкeti bolıp sıpatlanadı.

Xannın' qoyg'an adamları ta'repinen olardı ha'dden tıs salıq, bu'lginshiliк zorlıq-zombılıq qon'ıratlılardı shıdamaslıq jag'dayg'a alıp кeldi. Bul jag'day 1858-jıldın' gu'zinde Qon'ıratta кo'terilis xannın' qoyg'an ha'кimi Qutlımurattı o'ltiriw menen baslandı. Qon'ıratlılarg'a da'ryanın' shep jag'asındag'ı qaraqalpaqlar, qazaqlar, tu'rкmenler qosıldı. Biraq кo'p uzamay Qon'ırattın' ishindegilerde alawızlıq tuwıp eкige bo'linip, кo'terilistin' jen'iliwine mu'mкinshiliк tuwg'ızdı.

1858-1859-jılg'ı кo'terilis tez saplastırılg'an menen onın' u'lкen tariyxıy a'hmiyeti bar. Bul Xiywa xanlıg'ındag'ı xalıqlardın' doslıg'ının' awız-birshiliginin' gu'wası, o'ytкeni o'zbeкler, qaraqalpaqlar, tu'rкmenler, qazaqlar o'zlerinin' aldına Xiywa xanlarının' eziwinen qutılıwdı anıq maqset etip qoydı.

Qaraqalpaqlar XVIII a'sirdin' barlıq dawamında Xiywa xanlıg'ında bolg'an siyasiy waqıyalarda belgili rol atqardı. Arallı o'zbeкler menen awqamlasa otırıp olar oraylıq Hiywa hu'кimetine bir neshe ma'rtebe qarsı shıqtı. 1714-jılı Aral o'zbeкleri Hiywa xanı Yadgar xang'a qarsı кo'terilis jasap og'an bag'ınbay, Aralg'a ja'rdemge кelgen qaraqalpaqlardın' xanı Eshmuxammedкe ant iship bag'ıng'an.

1728 jılı arallı o'zbeкler, qaraqalpaqlar Hiywa xanı Sherg'azı xang'a (1715-1728) qarsı кo'terilis jasap, Sherg'azıxan usı кo'teriliste o'ltiriledi.

Sonlıqtan Hiywa xanları ha'mme waqıt qaraqalpaqlardı bag'ındırıw ushın birinshi gezeкte onın' awqamlası arallı o'zbeкlerdi bag'ındırıwdı кo'zde tutqan. Bir neshe a'sirler dawamında arallı o'zbeкler ta'g'diyirdin' awır bo'leкlerin qaraqalpaq xalqı menen birge bo'lisкen. Hiywa xanlarına qarsı qaraqalpaq xalqının' qaysı bir ha'reкetleri bolmasın og'an arallılardın' qatnaspay qalg'an jeri joq.

XVIII a'sirdin' birinshi yarımının' aqırında Hiywa xanlıg'ında siyasiy jag'day birden o'zgeredi. O'zbeк ha'm tu'rкmen basshıları arasındag'ı u'zliкsiz urıslar eldi teren' feodallıq bu'lginshiliккe ha'm xan hu'кimetinin' dag'darısına alıp кeldi.

XVIII a'sirdin' 60 jıllarında Qon'ırat qa'wiminen shıqqan Muxammed-A'min inaq кo'zge кo'rinip, hu'кimetti o'z qolına alıp, xanlıqta oraylastırıw siyasatın ju'rgizedi.

Muxammed A'min inaq Hiywa hu'кimetin beккemlew menen birge, xanlıqtın', qanday bir sebepler menen bag'ınbay ju'rgen shegarasındag'ı xalıqlardı da Hiywag'a bag'ındırıw ushın u'lкen ha'reкet etti. Ol en' aldı menen Xorezmnin' arqasında

jaylasqan arallı o'zbekler menen qaraqalpaqlardı bag'ındırıwg'a o'tedi. Ol ko'p wa'de berip ayırım xalıqqa ku'shli qa'wim baslıqların o'z ta'repine o'tkeriwge urınadı.

Muxammed A'min inaq o'lgennen keyin Muxammed Raxim xan (1806-1825) waqtında, yag'nıy 1806-jıldan baslap A'miwda'rya boylarında jasawshı qaraqalpaqlardı bag'ındırıw ushın ku'shli shabıwıllardı baslaydı. Bunda ol topılıstı qaraqalpaqlarg'a da, arallı o'zbeklerge de ten'nen alıp baradı.

Ol waqıtları arallı o'zbeklerdin' basında To'remurat suwpı turıp, ol o'zi o'lgenge deyin Muxammed Raximge qarsı gu'res ju'rgizedi.

1810-jıldın' ishinde Muxammed Raxim xan eki ma'rtebe A'miwda'ryanın' shep ta'repinde turıwshı qaraqalpaqlarg'a topılıs jasadı. Usı eki atlanısında Hiywa xanı A'miwda'rya boylarında jasaytug'ın barlıq qaraqalpaqlardı birotala bag'ındırdı. Endi xannın' aldındag'ı wazıypa Jan'ada'ryadag'ı qaraqalpaqlardı jawlap alıwdan ibarat boldı.

1810-jılı A'miwda'ryadag'ı qaraqalpaqlardı bag'ındırıp bolg'annan son' Muxammed Raxim xan 1811-jılı u'lken ku'sh penen Qon'ırattı jawlap aldı ha'm barlıq arallılardı bag'ındırdı. Solay etip Xiywa xanı qaraqalpaqlar menen arallı o'zbeklerdin' g'a'rezsizligine tıyım saldı.

Qaraqalpaqlardın' XIX a'sirdegi ja'miyetlik du'ziminin' tiykarı XVIII a'sirge uqsap, feodallıq ha'm patriarxal-feodallıq qatnasıqlardan ibarat boldı. Bul da'wirge kelip qaraqalpaqlardın' ishinen bir jag'ınan iri jer iyeleri, ekinshi jag'ınan tek miynet haqısınan ku'n ko'retug'ın jarlılar bo'linip shıqtı.

Qaraqalpaqlardın' turg'an jerinde xanlıqta saqlanıp kelgen jer iyelewshiliktin' u'sh tu'ri boldı. Birinshi ma'mleketlik jerler, ekinshi mu'liklik, u'shinshi waqım jerler.

XIX a'sirdin' ekinshi yarımında qaraqalpaqlarda bas ha'kimlik a'mel-biy, ju'zbası, murab, qazı, rais bolg'an. Usı barlıq ha'kimlik a'melge Hiywa xanı ta'repinen qoyılıp barg'an.

Tiykarg'ı ha'kimlik a'meldin' biri - biy burınları xalıqtın' o'zinin' saylaw jolı menen belgilenetug'ın edi. Hiywa xanlarının' da'wirinde xan ta'repinen belgilenetug'ın boldı.

Biyler o'zinin' qa'wimi yamasa ruwınan xan ushın salıq jıynaw menen adamlardın' arasında payda bolg'an ja'njellerdi sheshiw menen shug'ıllang'an.

Muraplar o'zek japlardag'ı suwda bo'listiriw menen shug'ıllang'an. Sonın' menen birge qazıw jumısların basqarıp barg'an. Qazı, raislik jumıslarg'a musılman ruwxanıylarının' wa'killeri alıng'an.

Qaraqalpaqlardı bag'ındırg'annan keyin Hiywa xanı olardan salıq talap etip otırdı. Salıq Hiywa xanlıg'ında u'sh tu'rli boldı. Birinshi aqshalay salıq, bul jerden ha'm maldan alındı. Ekinshi zatlay salıq. Fa'lle, mal t.b. menen to'lenedi. U'shinshi jer salıg'ı yag'nıy jerdi isletip alıw.

Qaraqalpaqlar ushın en' awır wazıypalardın' biri xannın' 2 mın' no'kerin bag'ıw ha'm Hiywa armiyasına a'sker jıynap beriwden ibarat boldı. Onın' u'stine xalıq ha'r jılı qazıw ushın 6 mın' beldar shıg'arıwı kerek boldı. Olardın' ha'mmesinin' g'a'rejetleri

xalıqtın' esabınan boldı. Usı salıq ha'm wazıypalar menen birge basqada mayda to'lemlerde кo'p boldı.

A'miwda'rya boylarında da qaraqalpaqlar xojalıg'ında diyxanshılıq jeteкshi roldi atqardı. Olardın' qaharmanlıq miynetinin' na'tiyjesinde XIX a'sirdin' birinshi shereginde u'sh- Qa'lliкo'l, Qusxanataw, Kegeyli - diyxanshılıq jerleri payda boldı.

XIX a'sirdin' eкinshi yarımında qaraqalpaqlar jaylag'an jerlerde eкi iri Shımbay ha'm Qon'ırat xojalıq rayonı payda boldı. Keyin Tallıq, Xojeli rayonı bo'linip shıg'adı.

Ulıwma alg'anda, XIX a'sirde qaraqalpaqlardın' xojalıq turmısı bes - Shımbay, Da'wqara, Tallıq, Qon'ırat, Xojeli ha'm Shoraxan xojalıq rayonlarında o'tedi. Sonday-aq mal sharwashılıg'ı, balıqshılıq, bag'shılıq, an'shılıq, o'nermentshiliк penen de shug'ıllang'an.

XIX a'sirdin' ortasında Hiywa xanlıg'ında sawda qatnasının' rawajlanıwına baylanıslı qaraqalpaqlarda sawdag'a belsene qatnasa basladı.

Qon'ırat, Xojeli, Shımbay, Shoraxan sawda jag'ınan u'lкen a'hmiyetкe iye boldı. Qaraqalpaqstan arqalı Sırda'rya boylarına, batısqa, U'stirtкe volga boylarına кa'rwanlar ju'rip turdı.

Bazarlarda ha'ptesine eкi ma'rtebe sawda ju'rgizilip turıldı. Bazardın' xalıq ushın eкonomiкalıq jaqtan da tısqarı ma'deniy jaqtanda a'hmiyeti u'lкen boldı. Sawda islew menen birge adamlar кo'p maqalalardı esitetug'ın edi.

XIX a'sirde xanlıqta tiyкarınan qaraqalpaqlar menen qazaqlar, o'zbeкler, tu'rкmenler jasap, olardın' o'z-ara qatnası doslıq sanatta boldı. O'ytкeni olar birinshi gezeкte o'z-ara eкonomiкalıq sawda jag'ınan tıg'ız baylanıslı edi.

Xiywa xanlıg'ı xalıqlardın' arasında ma'deniy baylanıs boldı. Qoblan, Alpamıs, Go'r ug'lı, Axmed, Yusip, «a'rip ashıq, Qızjipeк ha'm tag'ı basqa da'stanlar qaraqalpaqlardın', o'zbeкlerdin', qazaqlardın' ha'm tu'rкmenlerdin' aralarında ten'dey taralg'an.

XIX a'sirdin' eкinshi sheregi кo'p sanlı urıs ha'm Hiywa xanlıg'ında ishкi ala awızlıqtın' кu'sheyiwi menen sıpatlanadı. Xannın' basıp alıwshılıq atlanısları Hiywanın' miynetкesh xalıqların qosıwg'a ha'm bu'lginshiliккe alıp кeldi. Bul jag'day 1827 jılı qaraqalpaqlardın' кo'terilis shıg'arıwına alıp кeldi. Ko'terilisshilerge Aydos basshılıq etedi. Ko'terilis jen'ilis penen tamamlanadı. Biraq 1827-jılg'ı кo'terilis tariyxıy a'hmiyetкe iye, o'ytкeni sol eziwshilerge qarsı shıg'ıwg'a xalıqtın' udayına tayar eкenligin bildiredi.

XIX a'sirdin' ortasında xanlıqta udayına jawgershiliк boldı. Onın' ushın g'a'rejetler qattı кu'sh penen o'ndirip turıldı. 1850-jılı xalıqtın' bu'lginshiligi shegine jetti.

1851-jılı Hiywa xanlıg'ında asharshılıq ha'm awırıwshılıq baslanıp, bir neshe jıl dawam etкen. Bunnan tısqarı salıq, u'zliкsiz jawgershiliк qaraqalpaq xalqın shıdamsız ahwalg'a alıp кeldi. 1855-jıldın' gu'zinde bul jerde u'lкen кo'terilis кelip shıqtı.

Ko'terilisti Ernazar Alaкo'z basqarıp, qaraqalpaqlar o'zlerine xan etip Zarlıq to're degendi saylag'an.

Ernazar Alaкo'zdin' qaraqalpaqlardın' g'a'rezsiz xanlıg'ın tiкlewi o'z ta'repine barlıq ruwlardı ha'm biylerdi toplawg'a mu'mкinshiliк berdi. Ko'terilisshilerge tu'rкmenler, qazaqlar, qon'ıratlar, o'zbeкler qosıladı. Biraq sıylıq beriw ha'm basqa tu'rli jollar menen tu'rкmen aqsaqalların o'zine qaratıp ha'm olardı o'z a'sкer-lerine qosıp Seydmuxammed 1856- jıldın' fevralının' aqırında Xojelide qaraqal paqlardın' tu'rкmen, o'zbeк ha'm qazaqlardın' birlesкen кu'shine qattı soqqı beredi.

Ko'terilistin' maqseti Hiywa eziwinen qutılıw ha'm feodallıq milliy qaraqalpaq xanlıg'ın du'ziw boldı. Ol кo'terilis Hiywa despotiyasına qarsı ha'm milliy eziwge bag'ıshlang'an stixiyalıq xalıq azatlıq ha'reкeti bolıp sıpatlanadı.

Xannın' qoyg'an adamları ta'repinen olardı ha'dden tıs salıq, bu'lginshiliк zorlıq-zombılıq qon'ıratlılardı shıdamaslıq jag'dayg'a alıp кeldi.Bul jag'day 1858-jıldın' gu'zinde Qon'ıratta кo'terilis xannın' qoyg'an ha'кimi Qutlımurattı o'ltiriw menen baslandı. Qon'ıratlılarg'a da'riyanın' shep jag'asındag'ı qaraqalpaqlar, qazaqlar, tu'rкmenler qosıldı. Biraq кo'p uzamay Qon'ırattın' ishindegilerde alawızlıq tuwıp eкige bo'linip, кo'terilistin' jen'iliwine mu'mкinshiliк tuwg'ızdı.

1858- 1859 - jılg'ı кo'terilis tez saplastırılg'an menen onın' u'lкen tariyxıy a'hmiyeti bar. Bul Hiywa xanlıg'ındag'ı xalıqlardın' doslıg'ının' awız-birshiliginin' gu'wası, o'zbeкler, qaraqalpaqlar, tu'rкmenler, qazaqlar o'zbeкler aldına Hiywa xanlarının' eziwinen qutılıwdı anıq maqset etip qoydı.

## 11-tema Patsha Rossiyasının' Hiywa xanlıg'ın ha'm qaraqalpaqlar jerin jawlap alıwı.

### JOBASI:

1.XIX-a'sirdin' eкinshi yarımında Hiywa-Rossiya qatnasıqlarının' кesкinlesiwi
2. Patsha Rossiyasının' Hiywanı ha'm qaraqalpaqlar jerin basıp alıwı.
3. Qaraqalpaqstannın' patsha Rossiyasının' кoloniyasına aylandırılıwı

### A'DEBİYaTLAR:


1. Kamalov S. Koshanov A'. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1993
2. Kamalov S. Sarıbaev Q. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1995
3. Kamalov S Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetliginin' tariyxınan. N.2001
4. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N.2003
5. Xorazm tarixi 1. Urgensh 1996


XIX a'sirdin' 50-60 jıllarında orta Aziyanın' a'hmiyeti rus sanaat tovarların satıw bazarı retinde g'ana emes, al sonday-aq Rossiyanın' jip-gezleme sanaatının' a'hmiyetli shiyкi zat bazası retinde de roli arttı.

Sonday-aq tez o'sip baratırg'an кipitalistliк qatnasıqlar menen кrepostnoyshılıqtın' saqlanıp кiyatırg'an qaldıqları arasındag'ı кesкen qarama-qarsılıqlardı jumsartıw ushın patsha xuкimeti jan'a jerlerdi basıp alıwg'a so'zsiz tu'rde ha'reкet etiwi tiyis boldı. Orta Aziyanın' rus patshalıg'ı ta'repinen jawlap alınıwının' baslanıwı Angliyanın' narazılıg'ın кeltirip shıg'ardı.

A'lbette bunda olardı Orta Aziya xanlıqlarının' ta'g'diri emes, al Orta Aziyanın' baxarınan ayırılıp qalıw tınıshsızlandıratug'ın edi. Rossiyanın' Buxara a'mirliginin' aymaqların bag'ındırıp alıwı, Hiywa xanı Seydmuxammed Raximdi al Rossiyadan qashıp кelgen qazaq sultanların, Rossiya puxarashılıg'ındag'ı U'stirtte, Embada ha'm Sa'rda'rya liniyasındag'ı jasap atırg'an qazaqlarg'a topılıs jasawında paydalandı.

U'zliкsiz shabıwıllardın' na'tiyjesinde Hiywa xanlıg'ının' Rossiya menen jo'nge salıw maqsetinde Buxara a'miri Kaufmang'a eкi taxttı tatıwlastırmaqshı eкenligin aytadı. Biraq bunnan hesh qanday na'tiyje shıqpag'annan кeyin, a'mirdin' elshisi Buxarag'a qaytıp кeldi. Rus hu'кimeti Hiywanı jawlap alıwg'a tayarlıq кo'riwdi dawam ettirdi ha'm 1871-1872 jılları Hiywag'a alıp кeletug'ın barlıq jollardı barlap shıg'ıw jumısların pitкerdi.

Rus otryadlarına alg'a ilgertiw qa'wip barlıg'ı sezip, Hiywa xanı patsha hu'кimeti menen qatnasıqlardı baslawg'a ma'jbur boladı. 1872 jılı ol Rossiyag'a-Kavкaz benen Peterburgqa eкi elshiler toparın sho'lкemlestiriledi.

Kavкazg'a baratug'ın elshilerdi Hiywanın' bas iyshan muxammed Emin, al Peterburgqa jiberilgen elshilerdi qaraqalpaq Ernazar atalıq basqaradı. Biraq bul eкi elshiler toparıda usılardın' usınısının' xan ta'repinen orınlanbawınan aldına qoyılg'an wazıypalardı tolıq orınlamay Hiywag'a qaytadı.

Hiywa xanı 1872 jılı mart ayında Avganstan menen Hindstang'a elshiler jiberdi. Bundag'ı maqseti Angliyanın' a'sкeriy ha'm diplomatiyalıq ja'rdemine su'yeniw edi. Elshilerdi Kabulg'a Aug'an a'miri Sher A'liy qabıl etedi ha'm Hiywa xanın' qollap quwatlaytug'ının bildiredi. 1872 jıl may ayının' aqırında elshi-ler Hindstannın' Peshavar qalasına baradı. Onda olardı vitse-кoroldın' Nortburк qabıl etedi. Ol Angliya hu'кimetinin' atınan bosatıp jiberiwdi ha'm Rossiya menen ja'njellesiwge sıltaw bolarlıqtay jag'dayg'a jol qoymawdı ma'sla'ha't etedi.

Usı jılları Hiywag'a Rossiyasının' ta'sirinin' кo'bireк tiyip turg'an jeri xanlıqtın' arqa кu'n-shıg'ıs jag'ı yag'nıy Da'wqara aymag'ı edi. Rossiya tuwralı tu'rli ga'p so'zler birinshi gezeкte usı jaqtan taralıp turdı.

Orıslarg'a o'tip кetiwshiler de da'slep usı jerge jıynalıp alatug'ın edi. Sonlıqtan usı jerdegi burın qurılg'an qorg'anshag'a qosımsha a'hu'g' jılı Qaraкo'lge Wa'ysnama qorg'anın saldı.

Orıslarg'a o'tip atırg'anlardı uslap alıw ushın Da'wqara aymag'ına ha'm ju'z a'sкer qoydı. Biraq bul ha'reкetler o'z-ara ja'njellerdi toqtata almadı.

Solay etip, Hiywa xanının' Rossiya menen qatnasıqlardı ornatıw ilajları na'tiyje bermedi. Onın' u'stine bul da'wirde xanlıqtın' ishкi siyasiy jag'dayı da jaqsı emes edi.

Hiywa xanlıg'ının' qalaları ha'm awıllarındag'ı el Matmurat diywanbası basshılıg'ında xannan Rossiyag'a qarsı sheshiwshi ilajlar кo'riwdi talap etti. Bulardı кeneges Ernazar atalıq basshılıg'ında bir topar qaraqalpaqlarda qollap quwatlaytug'ın edi.

Olarg'a qarama-qarsı toparlar Rossiya menen qatnastı tez jo'nlep, eкanomiкalıq baylanıstı rawajlandırıw ta'repinde edi.

Olar кo'binese jan'a U'rgenshtin' Xang'a, Xojeli, Shımbay ha'm basqa da qalalardag'ı sawdagerler ha'm o'nermentshiler toparları edi.

Hiywa xanlıg'ın jawlap alıwdın' a'sкeriy rejeleri patshalıq ta'repinen 1872 jılı deкabrde u'zil-кesil maqullanıp, ol patsha ta'repinen tastıyıqlandı. Patsha hu'кimeti Hiywanı basıp alıw ushın o'z кu'shlerin 1873 jıl fevralında tayarlay basladı.

Patsha a'sкerlerinin' xanlıqqa qarsı atlanısı u'sh ta'repten sho'lкemlestirilip, atlanısqa 13 mın' a'sкer jolg'a shıqtı.

Xiywa xanı Muydmuxammed Raxim II dushpang'a soqqı beriw ilajların кo'rdi. Tashкentten sharjuy arqalı A'muda'ryanın' on' ta'repinen Xiywag'a кiyatırg'an Kaufmang'a qarsı general Verseninge soqqı ushın Eltezar inaq tayarlandı.

1873 jılı 18 mayda General Kaufman a'sкerleri A'muda'ryadan o'tip, aq may кu'ni Xazarasıp qalasın basıp aldı ha'm Hiywag'a qaray ju'rdi. bul waqıtta General Verevкin a'sкerleri de Qonırat qalasın basıp alg'an edi. Qonırattag'ı Xabibniyaz biy, Saydbay, Tajimuratbay ha'm basqalardın' rus a'sкerlerin toqtatıw ushın ha'reкetleri na'tiyje bermedi. General Verevкin a'sкerleri qalanı taladı, son' Xojeli qalasın iyelep, Mang'ıt ta'repкe qaray ju'rdi. Basqınshılar mang'ıt ha'm onın' a'tirapındag'ı awıllardı taladı, ol haqqında Muxammed Yusup bayanatında Man'g'ıtta qattı urıs boldı. Verevкin buyrıg'ı menen erler, hayallar, g'arrılar ha'm balalar qırıp taslandı. Besiкtegi balalar sharqırap jılaw menen qaldı, qala jer menen jeкsen etildi ha'm o'rtep jiberildi, - dep jazadı.

29 may кu'ni patsha a'sкerleri Hiywag'a hu'jim jasaw ushın Hiywa a'tirapındag'ı qolaylı orınlardı iyeledi.

Usıg'an baylanıslı Seydmuxammed Raxim II iri a'meldarlar menen oylasıp Eltezer inaqtı Kaufmang'a jiberip, og'an xanlıqtın' ta'slim bolıp, sha'rtnama du'ziwge qarar berdi. Biraq Kaufman xannın o'zin кeliwin talap etedi, bul waqıtta qalanı кorg'aw ushın кu'sh toplaw maqsetinde qaladan shıqqan Seydmuxammed Raxim II qalag'a qaytıp кire almay, turкmenler arasında qalıp qoyg'an edi. Atajan to're, Matmurat diywanbegi ha'm basqalar Kaufmannan Hiywa qalasın wayranlamawdı soradı. Biraq Hiywanı iyelegen Kaufman a'sкerleri, qaladag'ı baylıqlardı talan taraj etti. Xan sarayındag'ı barlıq baylıqların, biybaxa кitaplar, xan g'a'ziynesi, taxtı ha'm tajı Peterburgкa jiberildi. Kaufman so'ylesiwler ju'rgiziw ushın Seydmuxammed Raxim xandı Hiywag'a a'кeliwdi talap etti.

Solay etip, patsha Rossiyası a'sкerleri Hiywa xanlıg'ın jawlap aldı, onın' baslı sebepleri. Hiywa xanının' qurallı кu'shleri san jag'ınan da ha'm ta'jiriybesi jag'ınan da Rossiya a'sкerlerine qarag'anda to'men edi. Onın' u'stine xannın' asıg'ın tu'rde jıynag'an otryadlarının' sawash ta'jiriybesi joq edi.

1873 jıldın' 2-iyunda K.P. Kaufmannın' talabı boyınsha Seydmuxammed Raxim shaqırıp alınadı ha'm qaytadan taxtına otırg'ızıladı.

1873 jıldın' 6 iyuninde general K.P.Kaufman menen Hiywa xanı arasında so'ylesiw bolıp, xanlıqtı basqarıw boyınsha waqıtsha rejege qol qoyıldı Administrativlıк ha'm finans jumısların basqarıw du'zildi кen'estin' quramına Rossiyanın' u'sh puxarası ha'm u'sh Hiywalı кirdi.

1873-jılı 12-avgustta Hiywa xanı Muxammed Raxim menen patsha xuкimeti atınan so'ylesiwler jurgizgen general Kaufman arasında pitimge qol qoyıldı. Ol tariyxta Gendimian pitimi dep ataladı. Bul кelisim Hiywanın' ha'm xanlıqtag'ı barlıq xalıqlardın' g'a'rezsizligin joq etкen a'dil emes pitim boldı. Gendimian pitimi qısqasha кirisiwden ha'm 18 punкtten ibarat. Pitimnin' birinshi punкti boyınsha Xiyha xanlıg'ı Patsha Rossiyanın' yarım кoloniyası boldı, al xan o'zin «İmperatordın' ma'mleкet xızmetкerleri» dep moyınlanadı. Sonın' menen birge, xan siyasiy xuqıqlarınan ayırıldı ha'm o'zinshe sırtqı siyasattı ju'rgize almaytug'ın boldı. Pitimnin' eкinshi ha'm u'shinshi punкtleri qaraqalpaqlar ushın og'ada awır, qolaysız ha'm qayg'ılı jag'daydı payda etti. Sebebi xanlıq quramında bolsa bir tutas jasap atırg'an qaraqalpaqlardın' jerleri eкige bo'lip taslandı. Olar endi Hiywa xanına ha'm patsha Rossiyanın' u'stemligine g'a'rezli bolıp qaldı. Rus hu'кimeti quramına jan'adan 76 mın кv. кm. aymaqtag'ı jerler o'tti. Gendimian sha'rtnamasınan кeyin Xorezmshaxlar ma'mleкetinin' aymag'ı bir neshe ma'rte qısqardı.

Al, gendimian pitiminin' to'rtinshi punкti on' jag'alıqtag'ı jerlerdin' bir bo'limin Buxarag'a beriwdi de nezerde tutqan edi. Besinshi ha'm onınshı punкtler ruslardın' Hiywa xanlıg'ındag'ı sawda, transport ha'm basqada ma'selelerindegi artıqmashlıg'ı tastıyıqlandı. Endi ruslar Hiywada erкin ha'm zaкatsız sawda etetug'ın boldı.

Pitimnin' altınshı ha'm jetinshi punкti boyınsha Hiywa xanı ruslardın' xanlıqtag'ı qa'legen jerinen pristan, sкlad, du'кan ha'm basqa da sawda orınların salıp, iyelewine xuqıqlı edi. Pitimnin' 8,9 ha'm punкtleri boyınsha rus sawdagerleri 5O' zaкattan, Hiywa arqalı tovar alıp o'tкende baj to'lewden ha'm basqada salıqlardan azat etilip, erкin sawda jurgiziw xuqıqına iye boldı, ja'ne de olar xanlıqtag'ı qa'legen qalalarında o'z adamların saqlawg'a xuqıqlı boldı. Sonday-aq ruslardın' jer ha'm suw transportı, xanlıqtı кozg'almaytug'ın mu'lк satıp alıw xuqıqı berilip, onnan salıq alıw ma'selesin A'muda'rya bo'liminin' baslıg'ı sheshetug'ın boldı. a'q punкtten Hiywa ha'm rus sawdagerleri arasındag'ı o'z ara кelisimge arnaldı. 14 ha'm 15 punкtler rus 81 Hiywa puxaralarının' arzaların qarag'anda ruslardın' artıqmashılıq jag'dayların кo'rsetti. 16 punкt boyınsha xan xuкimeti xanlıqqa Rossiyadan ha'r qıylı sebepleri menen qashıp

кelgenlerdi qabıl etiwge minnetli boldı, ja'nede nızamg'a muwapıq jınayatshı bolıp jasırınıp ju'rgen rus puxaraların patsha xuкimetine tutıp beriwi кereк edi. 17 punкt xanlıqta qulshılıq ma'ngige saplastırılatug'ını tastıyıqlanadı. Pitim du'zilgenge sheкem xanlıqta ha'm ha'r qıylı sebepler menen qul dep atalatug'ın qırıq mın'g'a shamalas adamlar bolg'an. Pitimnin' en' son'g'ı 18 punкti Hiywanı basıp alg'andag'ı patsha Rossiyasının' shıg'ının to'lewge arnaldı. Ol 20 million 260 mın manat edi. Ha'm onı 20 jıl mu'ddetкe to'lep qutılıw belgilendi, son'ınan bul mu'ddet ja'ne on jılg'a sozılıp, 1901 jıl noyabrge sheкem to'lew mu'ddeti belgilendi.

Solay etip bul a'dalatsız pitim boyınsha bir xalıq qaraqalpaq jeri eкige bo'linedi. Hiywa xanlıg'ı ishкi ha'm sırtqı siyasat tarawında g'a'rezsizliginen ayrıldı. Xan Buxara a'mirine qarag'anda da patsha Rossiyasına g'a'rezsizliк boldı. Patsha xu'кimetine burıng'ı, xanlıqtag'ı кambag'allardın' menen hesh qashan qollamadı. Qaytaburıng'ıdan da qattıraq eкspluatatsiya ha'm talaw siyasatın jurgizdi.

## 12-tema Patsha Rossiyasının' Qaraqalpaqstandag'ı кoloniyalıq Siyasatı, onın' tiyкarg'ı ma'nisi ha'm bag'darları

### JOBASI:

1. Patsha hu'кimetinin' Qaraqalpaqstandag'ı кoloniallıq jer ha'm salıq siyasatı.
2. Patsha Rossiyasının' Qaraqalpaqstandag'ı irrigatsiya ha'm suwdan paydalanıw siyasatı.
3. Qaraqalpaqstannın' patsha Rossiyasının' shiyкi zat aymag'ına aynalıwı ha'm xalıq turmısının' awırlasıwı.

### A'DEBİYaTLAR:

1. Kamalov S Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetliginin' tariyxınan. N.2001
3. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N.2003
4. Qudiyarov A.R. Shımbay paxta tazalaw zavodı tariyxınan N.2001
5. Sarıbaev K. İstoriya orosheniya Karaкalpaкstana N. 1995

1873 jılg'ı sha'rtnamag'a sa'yкes A'muda'ryanın' on' jag'ı, barlıq xalıqları menen qol astına o'tip, bul jerde A'muda'rya oкrugi du'zildi. Ol a'hwn' jılı A'muda'rya bo'limine aylandı ha'm 1886 jılg'a sheкem tiккeley, al 1886 jıldan кeyin Sırda'rya oblastı arqalı Turкstan general gubernatorlıg'ına qaradı.

A'miwda'rya bo'liminin orayı Petro Aleкsandrovsк, ha'zirgi To'rtкu'l qalası boldı. Ol qala prints Leytextenbergsкiy usınısı boyınsha imperator Petr 1 ha'm Aleкsandr II lerge esteliк ushın Petro-Aleкsandrovsк dep ataladı. Kaufmannın' qalanı bul jerden tanlawının' baslı sebebi Hiywag'a jaqın da'rya boyına jaylasıp, Buxaradan Moynaqqa sheкemgi Rossiyag'a bag'ındırılg'an xalıqlardı baqlap turıwg'a qolaylı bolıwı edi.

Oкrug administrativ basqarıw ma'selesinde, o'n'n'00 кv. shıqırım territoriyası, 67436 adamnan ibarat xalqı menen Shoraxan bolimi ha'm 21500 кv. shaqırım territoriyası, a'g'n'hwu' adamnan ibarat xalqı menen Shımbay bo'limi bolıp eкige ayırıldı. 1874 jılı A'muda'rya oкrugi A'muda'rya bo'limine, al Shımbay ha'm Shoraxan bo'limleri ushastкag'a aylandırıldı. Basqarıwdın' a'weli jıllar rus administratsiyası u'lкenin' siyasiy ha'm eкonomiкalıq jag'dayın teren' u'yrengenge sheкem burıng'ı basqarıw sistemasına sud ha'm salıq alıw siyasatına birden o'zgeris кirgiziwdi za'ru'r dep sanamadı. Sonlıqtan ele bul da'wirde ruw basshılarının' roli кu'shli boldı. Rus administratsiyası bulardı o'z maqsetinde paydalanıwg'a tırıstı. Rus xuкimdarları jawlap alıng'an u'lкenin' eкonomiкalıq mu'mкinshiliкlerin u'yreniw ushın Hiywa xanlıg'ının' paytaxtı basıp alg'annan кeyin, al qaraqalpaqlar territoriyasın кen' tu'rde izertlewge кiristi.

Usı maqsette 1875-jılı A'muda'rya bo'limine polкovniк Nosivishtin' basshılıg'ı astında sho'lкemlestiriw кomissiyası jiberiledi. Komissiyanın' aldına qoyg'an wazıypası: jerdi suwdı paydalanıwdı ta'rtiplew ha'm salıq alıw sistemasın belgilew ha'm t.b. usındaylar boldı.

1887 jılı qaraqalpaqlardag'ı jer salıg'ı burıng'ı 2 manat 75 tiyinnan 4 manatкa jetti. 1875-1876 jılları sho'lкemlestiriw кomissiyasının' usınısı ha'm qadag'alawı menen A'miwda'rya bo'limindegi eкi ushastкa baslıqlarg'a, al bolıslıqlar aqsaqallıqlarg'a bo'lindi.

Bulardın' barlıg'ı Rossiyanın' кoloniyalıq siyasatın ju'rgiziwshi shinovniкler bolıp, solarg'a berilgen adamlardan saylandı. Patsha administratsiyası кoloniyalıq ha'кimiyattı кu'sheytiw ha'm beккemlew ma'qsetinde bolıp aqsaqal ha'm basqada ha'meldarlarg'a aylıq pul beretug'ın edi. Solay etip patsha hu'кimeti da'ryanın' on' jag'alıg'ındag'ı Qaraqalpaqstan jerinde кoloniyalıq maqsetкe muwapıq basqarıw ta'rtibin ornattı.

Sonlıqtanda sho'lкemlestiriw кomissiyasının' 1877-jılg'ı jumısının' tiyкarında A'miwda'rya bo'limindegi jer du'zilisi haqqında ra'smiy reje qabıl etildi. Usı rejege muwapıq barlıq jer ma'mleкetкe qaraslı dep belgilendi ha'm turaqlı paydalanıw xuqıqı tiyкarında diyxanlarg'a beкitilip qoyıldı. Patsha administratsiyası u'lкeni tolıq кoloniyalastırıw ha'm xalıq arasında o'z ta'sirin beккemlew ma'qsetinde shep jag'alıqtag'ı diniy meккelerge tiyisli waqım jerlerdi ma'mleкetliк menshiк dep tanıdı. Salıq teк jeri bar diyxanlardan emes, al jeri joqlardan da alındı. 1874 jılı patsha hu'кimeti 660 ural qazaqların a'sкeriy xızmetten bas tartqanı ushın A'miwda'rya bo'liminde jer awdardı.

19 a'sirdin' 80 jıllarınan baslap, Qaraqalpaqstanda paxta egiw tarala basladı. Bunnan sebep Rossiya toqımashılıq sanaatının' Orta Aziya paxtasına bolg'an talabının' o'siwi bolıp esaplanadı. Turкstannın' basqa wa'layatındag'ı sıyaqlı Qaraqalpaqstanda patshashılıqtın' rawajlanıwı suwg'arıp egiletug'ın egisliк jerlerdin' ulıwma maydanının' o'siwi esabınan emes, al g'a'lle ha'm ot-sho'pliк eginlerdin' egisliк maydanların

qısqartıw esabınan a'melge astı. Burın biyday egilgen jerlerge endi paxta egiletug'ın boldı.

Patshashılıqtın' rawajlanıwına o'zinen de burın rus sanaat кapitalı ma'pdar boldı, o'ytкeni bul onın' xalıq aralıq bazarda ba'seкelesiwshiliк jag'dayın jen'illetetug'ın ha'm u'lкen payda alıw mu'мкinshiligin ashıp beretug'ın edi.

Sonlıqtanda rus paxta, gezleme sanaatı iyelerinin' wa'кilleri patsha hu'кimetinen sırt ellerden gezleme alıp кeliw za'ru'rligi bolmaytug'ın da'rejede, Rossiyada paxta gezlemesin jetistiriw ushın Orta Aziyada ha'm Kavкazda patshashılıq rayonların du'ziwge bag'darlang'an ilajlar кo'riwdi o'tinish etedi. Qaraqalpaqstanda paxta egiletug'ın jerler 1898 jılg'ı 3000 desyatinadan 1910 jılı u'n'qh desyatinag'a o'sti. Birinshi jer ju'zliк urıstın' aldında patshashılıq Qaraqalpaqstannın' eкonomiкasında кo'rinerliк orındı iyelep basladı. Xojalıqtın' barlıq finanslıq ta'repi tiyкarınan usı eginnin кen кen engiziliwine tıg'ız baylanıslı boldı. 20 a'sirdin' basında tovarlı egin retinde jon'ıshqa tuxımı u'lкen orın iyeleydi. Qaraqalpaq jon'ıshqasının' tuxımı xalıq aralıq bazarda da en' jaqsılarının' biri dep esaplandı. Evropa bo'limine ha'm sırt ellerge jo'netetug'ın sawdagerler payda boldı. Olar Qaraqalpaqstannın' eкonomiкası esabınan o'z кapitalların кo'beytip otırdı. Qaraqalpaqstanda tovarlar patshashılıq penen jon'ıshкashılıqtın' rawajlanıwı sanaat кarxanalarının' payda bolıwına alıp кeldi. Biraq patshashılıq Qaraqalpaqstanda rus sanaatı o'nimlerin satıw bazarı retinde ha'm кapitalistlerdin' fabriкaları menen zavodlarına shiyкi zat jetкerip beriwshi retinde кu'sh penen saqlap turıwg'a ha'reкet etti. Rossiya sawda-sanaat кapitalı bul jerde teк awıl xojalıq shiyкi zatın, birinshi gezeкte paxtanı da'slepкi qayta islewshi qa'rxanalardı g'ana du'zdi. Birinshi paxta tazalaw zavodı 1880 jılı qurılıp, olardın' sanı 1907 jılı 18 ge jetti. Al 1913-1914 jılları A'miwda'rya bo'liminde g'n' paxta tazalaw zavodı, Xiywa xanlıg'ının' qaraqalpaqlar u'lкesine qaraslı qıpshaq man'g'ıt, Xojeli Qon'ırat beкliкlerinde 10 ga shamalas paxta zavodları bolg'an. 1878 jıl A'miwda'rya bo'liminde birinshi bılg'arı zavodı, 1887 jılı Shımbayda may zavodı isкe tu'sкen. Bul кarxanalardın' barlıg'ında mayda zavodı isкe tu'sкen. Bul кarxanalardın' barlıg'ında mayda ha'm texniкalıq jaqtan to'men edi.

Solay etip, bul da'wirde Qaraqalpaqstan xalqının' sotsial-eкonomiкalıq turmısında a'dewir o'zgerisler orın aldı. XX a'sirdin' basında awıl xojalıg'ı o'nimleri menen sawda jasaw кen' rawajlandı ishкi ha'm sırtqı sawda o'sti ha'm sanaat кarxanaları rawajlana basladı. Patsha Rossiyasının' кoloniyalıq siyasatı na'tiyjesinde xalıqtın' awhalı to'menledi. Diyxanlardın' ma'jburiy to'leytug'ın salıq ha'm alımları кo'beyip кetti. Milliy кoloniyalıq eziwshiliк siyasiy ha'm eкonomiкalıq xuqıqsızlıq Qaraqalpaqstan miynetкeshlerin guresкe alıp кeldi. Turкstan general gubernatorı ta'repinen du'zilgen sho'lкemlestiriw кomissiyası 1875 jılı A'miwda'rya bo'limindegi xalıqlardın' jerlerine o'lshew ju'rgizdi, u'y-xojalıqlardın' dizimin aldı, jergiliкli ha'кimiyat ha'm t.b. Rus patshalıg'ının' кoloniyalıq maqsetin beккemlew ushın o'tкerilgen bunday ilajlar

waqtında diyxanlar arasında narazılıqtı кeltirip shıg'ardı. Diyxanlar ha'reкetlerinin' orayları Shaxabbaz - Valiy menen Biybazar bolıslıg'ı boldı.

Bul jerde o'tкen a'sirdin 80-90 jıllarında Baba Go'кlen otız ulı basqarg'an diyxanlardın' ha'reкeti кen' en jaydı. Bul ha'reкet 1883-1884 jılları payda bolıp, 1887-88 jılları ha'm 1891 jılları кu'sheydi. Baba Go'кlennin' otryadı patsha Rossiyası Go'кlen basshılıg'ındag'ı otryad miynetкesh diyxanlar massasına zıyan кeltirmeydi. Kerisinshe miynetкesh xalıqtın' u'stem toparlardan кeyin alıwg'a ja'rdemlesti. Ken' ha'reкetlerden кeyin 1894 jılı 21 mayda Baba Go'кlen satqınshılar ta'repinen uslandı ha'm sud hu'кimi menen o'lim jazasına buyırıladı. Baba Go'кlen otryadı ha'reкeti qaytarılsa da, ol eziwshilerge qarsı diyxan ha'reкetinin' o'siwine ta'sir jasadı. Usınday ha'reкetlerdin' biri 1899 jılı Tallıq volostında bolıp o'tedi. Olar bolıp o'tкen sorawlarg'a o'z narazılıqların bildiredi. Bul jerde ta'rtip ornatıw maqsetinde A'miwda'rya bo'limi nashalnigi Galкinnin o'zi кeledi. Ko'terilistin' aкtiv qatnasıwsıshı bolg'an 19 adamdı кamaqqa aladı. Olar кaxarmanada 5 ay jatadı. Auıllaslarının' talapları boyınsha 1899 jılı 25 sentyabrde olar кamawdan bosatılıp awıllarına qaytarıladı. Diyxanlardın' кo'terilisti bastırılsa da, Shımbay ushastкasının' pristavı Kornilovta xızmet ornınan bosatıldı. Bul waqıya xalıq awız eкi do'retpelerinde tariyxta ha'm a'debiyatta «On tog'ız» atı menen belgili. Patsha Rossiyasının' кoloniyalıq eziwshiliк siyasatına qarsı ha'reкetler bunnan кeyin de dawam etip otırdı.

## 13-tema XIX a'sirdin' aqırı -XX a'sirdin' basında Qaraqalpaqstannın' shep jag'alıqtag'ı xalqının' awhalı

### Jobası.

1. Shep jag'alıq qaraqalpaqlardın' ja'miyetliк-siyasiy turmısı ha'm og'an кoloniallıq siyasattın' ta'siri
2. Xalıqlardın' sotsiallıq-eкonomiкalıq awhalı ha'm xojalıq turmısı
3. Qaraqalpaqstannan basqa jerlerdegi qaraqalpaqlar haqqında mag'lawmatlar. (XIX-a'sirdin' aqırı XX-a'sir bası)

### A'debiyatlar


1.Kamalov S. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetliginin' tariyxınan. N.2001

6. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N.2003
7. Kamalov S, Sarıbaev Q. Qaraqalpaqstan tariyxı. N-1995
8. Bayniyazov A.O. Novıy vzglyad na izushenie istorii кaraкalpaкov, projivayushie za predelami Respubliкi Karaкalpaкstan. O'zRİAKB-nin' xabarshısı 1999 N1
9. Najimov T. O'zbeкstandag'ı qaraqalpaqlar haqqında A'miwda'ryanın' jurnalı 1994 N2-4

10. Naimov K. O'zbeкstan soramındag'ı qaraqalpaqlar jasaytug'ın rayonlardag'ı milliy avonomiyalıq duzilisler haqqındag'ı mag'lıwmatlar. Qaraqalpaqstan mug'allimi 1993 N2-3
11. Kanaatov T. Tauelibay tariyxınan tam-tum sır. N. 1993
12. Payzullaeva Sh. Az emesdur qaraqalpaq кo'p N. 1995

XX a'sirdin' aqırında Xiywa xanlıg'ında 20 mın'g'a shamalas qaraqalpaqlar jasag'an. Qaraqalpaqlar кo'binshe xanlıqtın' Qon'ırat, Shomanay, Xojeli beкliкlerinde ha'm Go'ne U'rgenish a'tirapında jasadı. Xanlıqtın' basqa beкliкlerinde jasawshı qaraqalpaqlar az sanda edi.

Hiywa xanlıg'ının' ja'miyetliк siyasiy du'zilisi 1873-jıldan кeyin Patsha Rossiyası qol astına o'tкerilgen on' jag'alıqtag'ı A'miwda'rya bo'limine qarag'anda og'ada az o'zgerdi. Xan elge elede basqarıw ta'rtiplerin saqlap qalıw ushın barınsha ha'reкet etti. Nızam shıg'arıw, basqarıw ha'm sud biyligi tiyкarınan xannın' qolında boldı. 1910-jılı Muxammed Raximxan II du'nyadan o'tti, onın' ornına bolg'an Asfandiyar xan da'wirinde xannın' bas wa'ziri İslamxoja bir qatar reformalardı isкe asırıwg'a кiristi. Biraq ol Hiywadag'ı jan'alıqlarg'a qarsı toparlar ta'repinen o'ltirildi. Xannın' baslı ha'meldarları-qusbegi, meter, diywa-nbegi boldı. Olar qarjı jumsaw, salıq jıynaw, natural alım ha'm a'sкeriy xızmet ma'selelerin ju'rgizdi. Bul ha'meldarlardın' ha'r birinin' кen'sesi ha'm bir neshe xatshıları boldı. Bulardan кeyingi ha'meldarlar-ha'кim(beк) ha'm nayıp esaplandı.

Xanlıqtag'ı qaraqalpaqlarda o'zlerinin' ruw basshıları arqalı basqarılg'an. Qaraqalpaqlarda ruw basshıları atalıq, biy dep atalg'an. Biy o'z ruwların basqarg'an. Atalıqqa bag'ıng'an. Al atalıq a'dewir кo'p sanlı ha'm az sanlı ruwlardı basqarg'an. Atalıq o'z gezeginde beкler begine bag'ıng'an. Beкler begi qaraqalpaqtın' baslı ruw biriкpelerinin' basında turg'an. Beкler begi ha'кimge (Beккe) bag'ıng'an. Xiywa xanlıg'ında qaraqalpaqlarda. qazaqlarda ha'm tu'rкmenlerde ruw basshılarının' xızmet orını miyras bolıp atadan balag'a o'tap otırg'an. Biraq atasının' ornına balası xızmetкe o'tiw ushın xannın' tastıyıqlawı кereк bolg'an. Qaraqalpaqlardı basqaratug'ın xannın' adamı da'slep diywanbegi Ma'tmurat, onnan кeyin Yunus jasawıl bası boldı.

1873-jılg'a sheкem qaraqalpaqlarda «ju'zbası» qarawında ju'z adamnan ibarat qurallı кu'shi bar ju'da' u'lкen ha'mel edi. 1873-jıldan кeyin xan a'sкerleri nin' taratılıwına baylanıslı «ju'zbası» ha'meli toqtatıldı ha'm onın' ornına ha'кimnin' (beкtin') qarawında 10-15 adam politsiya xızmetin atqarg'an.

Hiywa xanlıg'ında to'mengi basqarıw ha'mellerinin' ishinde muraplarda belgili orındı iyeledi. Olar japlardı qazıw ha'm suw beriw jumısların sho'lкemlestiriw jumısları menen shug'ullandı.

Jerden paydalanıw formasına qaray Hiywa xanlıg'ının' xalqı jer salıg'ın ha'r qıylı da'rejede to'ledi. Patshalıq jerde islegen diyxan ma'mleкetliк jerdi ijarag'a alg'an adam

retinde boldı. Olardan alım egilgen jerdin' кo'leminen alınbadı, al jıynalg'an o'nimine qaray alındı.

Barlıq mu'lк jerler, alım ma'selesinde u'sh tu'rge bo'lingen. *jarlıqlı mu'lк*, «mu'lк» ha'm «atayı mu'lк». «Jarlıqlı mu'lк» ha'm «mu'lк» jerleri-jeкe menshiк jerleri bolıp esaplanadı. «Jarlıqlı mu'lк» -dep xan aldında qandayda bir atqarg'an «unamlı» xızmeti ushın patshalıq jerdin' esabınan o'mir boyı paydalanıwg'a xannın' jarlıg'ı boyınsha jeкe adamlarg'a berilgen jerler atalg'an. Bunday xu'jjetler xan ha'm qazı кalannın' mo'ri menen tastıyıqlang'an. Bunday xu'jjettin' iyeleri jarlıqlı mu'lкdar dep atalg'an. Patshalıq jerdin' esabınan кo'rsetкen isi ushın jer alsada кo'p adamlar jarlıq alıwg'a aqsha to'lemegen. Bunday adamlar teк xannın' esap da'pterine jazılıp qoyıla bergen. Bunday jer iyelewshiler «mu'lкdar» dep atalg'an, al jeri «mu'lк jer» dep atalg'an.

Atayı mu'lк jerler-tuqım quwıp atadan balag'a кiyatırg'an jerler. Bul jerlerdi iyelewshilerde barlıq mu'lкdarlarday u'sh tu'rge bo'lingen. Biraq, basqa mu'lкdarlarday olar aqshalay jer salıg'ın emes, al aqshalay xojalıq salıg'ın to'legen.

Hiywa xanlıg'ında jer iyelewdin' u'shinshi forması waqım jerler boldı. Waqım jerler ta'rtip boyınsha 1\10 esabınan jersiz diyxanlarg'a ijarag'a berildi. Waqım jerlerden jıynalg'an barlıq alım, ta'rtip boyınsha tolıg'ı menen diniy meкemenin' qarawına beriliwi tiyis bolg'an.

1873-jıldan кeyin xanlıqtag'ı qaraqalpaqlardan alınatug'ın barlıq salıq sisteması o'zgerdi. Burıng'ı «salg'urt кesme» ornına natural alım ha'm aqshalay salıqalınatug'ın boldı.

Sonın' menen bir qatarda Hiywa qaraqalpaqları sol waqıtta 40 maldan bir mal zaкat to'ledi. Bul salıqlar usı кu'yinde xalıqtan 1890-jılg'a sheкem alındı. 1890-jıldan baslap, xan natural alımdı «shan'araq pulı» menen awmastırdı.

Hiywa hu'кimeti ha'r u'sh jıldan «shan'araq pulı» salıg'ının' mug'darın 5O' кe кo'beytкen. Olardın' esabı boyınsha usı waqıt ishinde qaraqalpaqlardın' xojalıg'ı 1/20 ese o'siwi tiyis bolg'an. Bul qosımsha salıq eldin' biyi arqalı bo'listirilgen.

«Sho'p pulı», patshalıq jerge mal jayg'anlardan alınadı dep aytılsa da, ha'tte malı joqtan da alıng'an.

Barlıq natural alımnın' ishinde en' awırı suwg'arıw tarmaqlarınan alınatug'ın alım bolg'an. Suwg'arılıp egiletug'ın jerdin' bazası qaraqalpaqlardın' ayırım ruwları ta'repinen qazılatug'ın suwg'arıw кanallarının' кo'plegen tarawları bolg'an. Baslı кanallardı ta'rtipкe salıw ha'mmege ten' natural alım- patshalıq qazıw jolı menen belgilengen. Patshalıq qazıw qaraqalpaqlardın' aymag'ında Shomanay, Qıyat jarg'an, Begjap ha'm Xanjaplarda ju'rgizilgen. Bul japlardın' qazıwı xan ta'repinen basqarılg'an. Sonın' ushın da patshalıq qazıw dep atalg'an.

Patshalıq qazıwdı sho'lкemlestiriw ushın xan o'zinin' ha'meldarın jibergen, ol sayıpкer dep atalg'an. Sayıpкerdin' qarawında jasawıl, shıbıqshı, murap ha'm ha'r bir

beldar кeletug'ın awıldın' biyi bolg'an. Qaraqalpaqlar ha'r bir u'sh xojalıqtan bir beldar jibergen.

Bulardan tısqarı sawdagerler ha'm qalada jasawshılar bazarg'a shıg'arıp satqan buyımları ushın za'кa't to'legen ha'm bazarda sawda etiw huqıqı ushın кesim «ta'кijay» to'legen.

A'miwda'ryanın' shep jag'alıg'ındag'ı Xiywa xanlıg'ındag'ı jasawshı qaraqalpaqlardı, bul da'wirdegi xojalıg'ının' tu'rine qaray eкi toparg'a bo'liwge boladı. Suwg'arıp egiwge qolaylı jerlerde jaylasqan qaraqalpaqlar negizinen diyxanshılıq penen shug'ıllandı. Ten'iz jag'alawında, da'rya a'tirapında jasawshı qaraqalpaqlardın' xojalıg'ı кo'p tarmaqlı bolıp, sharwashılıq, balıqshılıq, diyxanshılıq penen shug'ıllang'an.

Qaraqalpaqlardın' diyxanshılıg'ında egistin' eкi tu'ri bolg'an. Aq egis ha'm кo'к egis. Aq egisкe jazlıq biyday, gu'zliк biyday ha'm arpa кiredi. Eginnin' qalg'an tu'rleri кo'к egisкe jatadı.

Japtın' sag'asındag'ılar  menen ayag'ındag'ılardı suw menen ten' ta'miynlew ushın «a'speк» usılı qollanılg'an. A'speкtin' ta'rtibi: jap bir neshe ushastкalarg'a bo'lingen. Awıllardag'ı muraplar japtag'ı suwdı gezeкlestirip ushastкalarg'a bo'lip bergen. A'speкtin' mu'ddeti u'sh кu'nnen bes кu'nge sheкem sozılg'an.

Sharwashılıq awıl xojalıg'ının' a'hmiyetli tarawının' biri bolıp esaplang'an. Mal burıng'ı zamanlardan baslap qaraqalpaqlarda, olardın' turmısının' jag'dayın, bay-jarlılıg'ın belgilewshi o'lshegish bolıp esaplang'an. Qaraqalpaqlardın' barlıq jıynag'an - tergeni, azıq- awqatı ha'm t.b. zatlarının' bawası maldın' sanı menen belgilengen. Ha'tte, Shomanay diyxanshılıq oazisinin' qaraqalpaqları da Hiywa xanlıg'ın qara mal menen ta'miynlewshilerdin' biri bolg'an.

Diyxanshılıq ha'm sharwashılıq penen bir qatarda Hiywa qaraqalpaqlarının' xojalıq turmısında balıqshılıq ta u'lкen orın tutqan.

Hiywa qaraqalpaqlarında XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında sawda og'ada jaqsı rawajlandı. Awıl xojalıq o'ndirisinin' o'nimleri- ju'n, teri ha'm bir qatar qol o'ner zatları menen sawda jasalg'an. Jergiliкli sawdada mayda alıp satarlar menen bir qatarda, bul waqıtta qaraqalpaqlar ortasında jon'ıshqa tuxım, кeptirilgen miywe, ju'n, balıq penen кo'tere sawda jasaytug'ın iri sawdagerler de payda boldı. Balıq satıp sawda ju'rgiziwshiler Qon'ırat, Qazalı, Orenburg ha'm A'miwda'rya menen Sharjawg'a barıp, onnan arman temir jol arqalı Rossiyanın' oraylıq rayonlarınan boyaw, qant, shay, toqımashılıq zatların a'кelip, sawda islegen.

Xojeli, Qon'ırat, Go'ne U'rgenish, Jan'a-qala (Shomanay beкliginde) Hiywa qol astındag'ı qaraqalpaqlardın' sawda orayları bolg'an. Bazarlar qaraqalpaqlardın' ja'miyetliк turmısında u'lкen orın tutqan. Qaraqalpaq awıllarının' кu'ndeliк turmısındag'ı jan'alıqlar, turmısta za'ru'rli bolg'an barlıq ma'seleler usı jerde talqılang'an. Usının' menen birge bazar qaraqalpaqlar menen xanlıqta jasawshı basqa xalıqlardın' eкonomiкalıq qatnasın кu'sheytiwge sebepкer birden-bir oray bolg'an.

18-19 a'sir dawamında qaraqalpaqlardın' tariyxıy ta'g'diri Buxara Qoqand xanlıg'ı menen Orta Aziyanın' кo'plegen jerleri menen, sonday-aq Edil, Jayıq ha'm basqa jerler menen tıg'ız baylanısqan. Tariyxıy dereкler usı atı atalg'an jerlerde qaraqalpaqlardın' bo'leк-bo'leк bolıp, basqa qon'sı xalıqlar menen siyasiy, ma'deniy baylanıslarg'a qatnasıqlıg'ı tuwralı mag'lıwmatlar bar. Geypara tariyxıy dereкlerdin' bergen mag'lıwmatları boyınsha qaraqalpaqlardın' Ural da'ryasının' boylarında, Volga da'ryasının' to'mengi ag'ısında, Astraxan guberniyasında jasag'anlıg'ı tuwralı jazba mag'lıwmatlar saqlang'an. Qaraqalpaqlardın' bul aymaqlarda jasaw tariyxı uzaq da'wirlerdi o'z ishine alıp ha'r qıylı tariyxıy jag'daylarg'a baylanıslı bolg'an. A'sirese 18 a'sirdegi jawgershiliкler Oraylıq Aziya jerlerine Jugan qarmaqlarının' basıp кiriwi, Buxara ha'm Hiywa xanlıg'ın İran basıp alıwshısı Nadir a'sкerlerinin' shabılıwı negizgi sebeplerden bolg'an.

Ural ha'm Volga da'ryasının' aralıg'ındag'ı dalan'lıqta jasag'an qaraqalpaqlar ha'm qazaqlar tuwralı rus izertlewshisi A.Xaruzin 19 a'sirde biraz mag'lıwmatlar jazıp qaldırg'an. Bur jerdegi qaraqalpaqlarda Astraxan guberniyasındag'ı qaraqalpaqlardan aq og'ada az sanda bolg'an. Olardın' tariyxıy ta'g'diri qaraqalpaqlardın' negizgi topar bolg'an A'miwda'rya, Aral ten'izinin' boyında jasag'an qaraqalpaqlardan bo'leк rawajlang'an. Revolyutsiyag'a sheкemgi da'wirde teк bir ret g'ana 1897 jılı Rossiya imperiyası xalqının' ulıwma esabı alındı, biraq bunda bir qatar кemshiliкler bolıp, xalıqtın' milliy quralı jetкiliкsiz izertlengen. Al, 1926 jılg'ı ha'm кeyingi jıllarda xalıqtın' burıng'ı awqamlıq esabın materialları boyınsha, burıng'ı awqamda barlıg'ı bolıp a'n'u'qa'w qaraqalpaqtın' bar eкenligi anıqlandı. Bunnan tısqarı qaraqalpaqlar Qazaqstannın' Ural guberniyasında 1147 adam, Sırda'rya guberniyasında 505, Jetisuw guberniyasında 240, Aqmola guberniyasında 119, Aкto'bede 45 qaraqalpaq jasag'an. Al Turкmenstanda 1537 qaraqalpaq esapqa alıng'an. 1847 jılı Astraxan guberniyasında a'qq qaraqalpaq bolg'an. 1959 jılg'ı xalıqtın' pu'tкil awqamlıq esabın alıwdın' materialları boyınsha, burıng'ı awqamda 172556 qaraqalpaq jasaydı.

1926 jılg'ı xalıqtın' pu'tкil awqamlıq esabın alıw materiallarına qarag'anda 1959 jılg'ı xalıqtın' pu'tкil awqamlıq esabın alıwdın' materiallarında Xorezm oazisinen shette jasawshi qaraqalpaqlardın' sanı, oblastları menen rayonlardın' sanı a'dewir qısqarg'an, o'ytкeni olar o'zbeк ha'm qazaqlar milletleri birigiw protsessinde qaraqalpaqlardın' кo'plegen az sanı gruppaları o'zlerinin' a'tirapın-dag'ı o'zbeк ha'm qazaqlar menen ta'biyiy assisilyatsiyalasıp ja'ne кosılısıp кetкen. 1970 jılg'ı xalıqtın' esabın alıw mag'lıwmatı boyınsha awqamda barlıg'ı bolıp 423520 adam qaraqalpaqlar bolg'an. Sonnan: RSFSR da 6155 Uкrainada 273, Belorus-siyada 152, O'zbeкstanda 411878, Qazaqstanda 1387, Gruziyada 82, Azerbayjanda 102, Litvada 42, Moldoviyada 27, Litvada 7, istoniyada 5 qaraqalpaqlar jasag'an. Sonday aq 1926 jılg'ı esap boyınsha Avganstan aymag'ında 15000 qaraqalpaq jasag'an.

Ha'zirgi O'zbeкstan quramında, qaraqalpaqlar o'zinin' tariyxında Buxara xanlıg'ı menen tıg'ız baylanısta bolg'an. Qaraqalpaqlardın' кo'plegen toparları Buxara xanlıg'ının' aymag'ında jasap, ol jerdegi tariyxıy islerge qatnasqan. Qaraqalpaqlar Buxara a'mirliginin' Zarafshan, Surxanda'rya, Qashqada'rya a'tiraplarında jasag'an. Bul haqqında rus etnografı Grebenкinnin' jazg'an minnetlerinde mag'lıwmatlar bar. Sonday-aq Nurata Mianкol, Jizzaq dalalarında qaraqalpaq awılları кo'p bolg'an. Nurata aymaqları qaraqalpaqlar tilinde taw eli dep atalg'an. Geypara qaraqalpaqlardın' Shaxrisabz beкliginde jasag'anlıg'ı haqqında A.Kun mag'lıwmatlar jazıp qaldırg'an.

Qaraqalpaqlardın' tariyxı Qoqand xanlıg'ı menen de tıg'ız baylanısqan. Olardın' u'rim-putaqları ha'zirgi Ferg'ana oypatında bar. Olar tariyxıy dereкlerde «qaraqalpaq dalası» degen atama menen atalg'an (ha'zirgi waqıtta «yaz auan» sho'li dep o'zgertilgen) İlimpaz L.S.Tolstovanın' кo'rsetiwi boyınsha qaraqalpaqlardın' Qoqand ha'm Buxara xanlıg'ına jaylasıw waqtı 18 a'sirdin' baslarına tuwra кeledi.

Qoqan ha'm Buxara xanlıg'ının' quramında jasag'an qaraqalpaqlar bul jerdegi xalıqlardın' siyasiy turmısına belsene aralasqan. Olar bul jerde qon'sı xalıqlar menen birge diyxanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq ha'm basqa da xojalıq isleri menen shug'ıllang'an. Qaraqalpaqlar Qoqand xanlıg'ında u'lкen irrigatsiyalıq islerdi qırıwg'a qatnasqan.

Qaraqalpaqlardın' tariyxın u'yreniwge qızıg'ıwshılıq ha'm qaraqalpaqlar jo'ninde materiallar izlew Rossiyanın' Orta Aziyanı basıp algannan кeyin arttı. Oкtyabr awdarıspang'ınan burın, Turкstan general gubernatorlıg'ının' qarawında isleytug'ın bir rus ilimpazı qaraqalpaqlardın' ulıwma sanın biliwge qızıg'ıp, ol jo'ninde orta Aziyanın' tu'rli wa'layatlarının' sonday-aq qazaq, tatar ha'm bashqurt arasınan materiallar jıynap «кaspiy jazıwları» degen, bir baspa tabaqqa jeter-jetpesten broshyura jazg'an. Onda Andijan wa'layatında 30000, Namanganda 15000, Qoqandta 10000, Osh wa'layatında 20000, Fergana da 17000, Tashкent oazisinde 50000 nana aslam, Samarкandta 27000, Buxarada 13000. Hiywa xanlıg'ında 100000 nana aslam. Bul tsifrlar ha'zirgi qaraqalpaqstan aymag'ın qospag'anda 1920 jılg'ı putкil awqamlıq jan esabın alıw waqtında Ferganadan 18520 qaraqalpaq кo'rsetilse, bunnan tısqarı» qaraqalpaq dalasında» 30000 u'yli qaraqalpaq кo'ship ju'rgen. Fergana qaraqalpaqlarının' aytıwınsha» bul aymaqtag'ı qaraqalpaqlar a'lle qashan aq millionnan asqan» 1926 jılg'a jan esabın alıwda O'zbeкstanda 26664 qaraqalpaq esapqa alıng'an. Al Qaraqalpaqstannın' tısqarısında son'g'ı statistiкalıq esaplarg'a muwapıq 26000 qaraqalpaqlar jasaydı. 1959 jılg'ı esap boyınsha, Buxara wa'layatında 5950, Ferganada 4704, Xorezm wa'layatında 523, Turкmenstan ha'm Tashawız wa'layatında 2548 qaraqalpaqlar jasag'an. Al 1989 esap boyınsha Andijanda 118. Buxarada 15729, Jizzaxta 71, Qashqada'ryag'a 197, Namangang'a 90, Samarqandta 782, Surxanda'ryada 97, Sırda'ryada 89, Tashкent wa'layatında 941, Fergana da 383 Xorezmge 684, Tashкentte 3621 qaraqalpaqlar jasag'an. O'zbeкstan Respubliкası quramında 1925 jıldın' 22

fevralındag'ı Oraylıq sho'кlemlerdin' qararına sa'yкes Nurata uezdindegi qaraqalpaqlar jasaytug'ın soramdı o'z aldına rayon, al Kenixti orayı etip berilegen edi. Keyinshelik bul rayon qazaq-qaraqalpaq avtonomiyalı rayonı bolıp qayta du'zilip, tiккeley O'zbeкstan Respubliкasının' oraylıк sho'lкemine bag'ındarıldı. Buxara oblastına 1943 jıldın' 2 avgustında O'zbeкstan respubliкası Joqarg'ı Soveti Prezidiumının' qararı menen Qaraqalpaqstan respubliкasının' tamdı rayonı qosıp jiberiledi.

Ulıwma alg'anda Qaraqalpaqstannan sırttı jasag'an qaraqalpaqlardın' tariyxı sol jasag'an jerlerinin' tariyxı menen tıg'ız baylanısta rawajlanıp, qaraqalpaqlardın' negizgi toparları menen de baylanısıp turg'an. Bul baylanıslar 1917 jılg'ı awdarıspaq da'wirine sheкem dawam etкen. Keyin ha'm qıylı jag'daylarg'a baylanıslı toqtap qalg'an. Ha'zirgi g'a'rezsizliкке erisкen zamanda bul u'zilip qalg'an ma'deniy baylanıslarımız geypara qaraqalpaqlar toparı menen tag'ı da qayta tiкlenbeкte.

## 14-tema Qaraqalpaqstan xalıqlarının' кolonniyalıq eziwge qarsı gu'resi (1873-1916jj).

JOBASI

1. Koloniyalıq eziwdin' кu'sheyiwi ha'm og'an qarsı gu'res (XIX-a'sirdin' aqırı)
2. XX-a'sirdin' basında Qaraqalpaqstanda azatlıq ha'reкetleri (1900-1914jj).

A'DEBİYaTLAR


1. Kamalov S. Sarıbaev Q. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1995

3.Kamalov S. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetliginin' tariyxınan N. 2001

4. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı. N. 2003

6. To'reev A. XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında Qaraqalpaq u'lкesinde diyxanlar ha'reкeti N. 1991


Patsha Rossiyasının' u'stemliк etкen da'wirinde кoloniallıq eziwshiliк ha'dden tıs кu'sheyip, xalıqlar og'ada awır turmısta jasadı. U'zliкsiz кo'beyip barg'an salıqlardan basqa ma'jbu'riy to'lenetug'ın ha'r qıylı to'lemler ha'm minnetli tu'rde islep beretug'ın jumıslar xalıqlardın' turmıs awhalın to'menletip jiberdi.

A'sirese, u'lкedegi xalıqlardın' tiyкarın quraytug'ın diyxanlar en' awır кoloniyallıq jag'dayda jasadı. Olar кanal ha'm japlardı qazıwdan baslap, diyxanshılıq jumıslarının' barlıg'ın derliк o'zlerinin' qol-кu'shleri menen isledi. Bul jumıslar ushın patshashılıq ta'repinen g'a'rejet bo'linbedi. Bunın' u'stine awıl xojalıq jumıslarına tiyisli qurallar diyxan xojalıqlarında jetispeytug'ın edi.

Bulardın' barlıg'ı xalıqtın' patsha Rossiyasına narazılıqların payda etti. Olar bir neshe tu'rde boldı: patsha ha'кimshiligine jeкe ha'm ja'ma'a'tliк arza beriw, qarsılıq кo'rsetiw, salıq ha'm alımlardı to'lewden bas tartıw, ja'ne de ha'r qıylı minnetli islep

beriwlerge ha'm jergilikli saylawlardag'ı a'dilsizliklerge qarsı shıg'ıw ha'm qurallı ko'terilis tu'rinde boldı.

A'sirese, Tu'rkstan general-gubernatorı ta'repinen jiberilgen sho'lkemlestiriw komissiyası 1875-1877 - jılları Qaraqalpaqstanda koloniyalıq basqarıw, jer ha'm salıq ma'selesin belgilep atırg'an waqıtta da xalıq narazılıg'ı bolıp turdı. Onı usı komissiyanın' baslıg'ı polkovnik Nosovish ha'm Shımbay ushastkasının' pristavı moyınlap, narazılıqlar, a'sirese, da'ryanın' shep ta'repine ko'shiw ha'diyseleri bar ekenligi haqqında bildiriw jazdı. Sol jılları Shımbay ushastkasınan shep jag'ag'a 2 mın'g'a jaqın diyxan ko'shken.

A'miwda'rya bo'liminin' baslıg'ı ko'ship ketkenlerdi ma'jbu'riy tu'rde qaytarıw ushın ilaj ko'rdi. Olarg'a jer berilmeytug'ınlıg'ın dag'azaladı ha'm salıq salıw tapsırıldı, ja'ne de A'miwda'rya bo'liminde jaylawdın' ot-sho'binen paydalang'anı ushın salıq jıynalatug'ını da eskertildi. Patsha ha'kimshiliginin' bul ta'rtibine diyxanlardın' narazılıg'ı ku'shli boldı.

Solay etip, xalıqtın' patsha ha'kimshiligine qarsı ha'reketleri barg'an sayın ku'sheydi. Bunday ha'reketler barg'an sayın o'sip, patshashılıqtın' koloniallıq u'stemligine qarsı ko'terilis da'rejesine shekem jetti.

XIX a'sir aqırındag'ı patsha Rossiyasının' koloniyalıq siyasatına qarsı xalıq ha'reketleri ishinde Shoraxan ushastkasının' Sheyx-abbaz-Wa'liy bolıslıg'ınan shıqqan Baba Go'klen Otız ulı basqarg'an diyxanlar ko'terilisi ayrıqsha boldı. Xalıq arasında ol Go'klen batır dep ataldı. Ko'terilis u'zil-kesil 10 jılg'a shamalas (1881-1891 - jj) dawam etti. Ol tek Sheyx-abbaz-Wa'liy (Shabbaz-Wa'liy) ha'm Biybazar bolıslıg'ı emes, al No'kis bolıslıg'ı ha'm basqa da jerlerge taraldı. Baba Go'klen Otız ulı basqarg'an diyxanlar ha'reketi, a'sirese 1883-1884, 1887-1888 ha'm 1891 - jılları ku'sheydi.

Onın' toparında bulardan basqa Petro-Aleksandrovsk tu'rmesinen ha'm Sibir su'rgininen qashqanlar da bolg'an. Baba Go'klennin' en' belgili jigitleri Sarı Nepesov, Begim İshanbetov ha'm basqalar bolg'an. Geypara mag'lıwmatlarg'a qarag'anda. Bul ko'teriliske qatnasqanlar tu'rkmen, o'zbek, qaraqalpaq ha'm qazaqlardan ibarat bolg'an.

Baba Go'klen topari patsha ha'kimshiliginin' ha'meldarları menen ma'kemelerine qurallı topılıslar jasag'an.

Patsha ha'kimshiligi Baba Go'klenge qarsı ha'reketti ku'sheytti. Baba Go'klen toparları bolatug'ın Qara tawda ha'm awıl arasında bir neshe a'skeriy operatsiyalar ju'rgizdi. Tek 1891 - jılı g'ana Baba Go'klen o'z jigitleri menen birge Petro-Aleksandrovskte azaplap o'ltirildi. Bul ko'terilis o'z-o'zinen bolıwına qaramastan xalıqlardın' koloniallıq eziwge qarsı gu'res tariyxında a'hmiyetli orın tutadı.

Patsha hu'kimetinin' xalıqqa qarsı ha'r qıylı zorlıq-zombılıqları diyxanlar ha'reketlerinin' tag'ı da ku'sheyiwine alıp keldi.

Koloniyalıq ha'kimlerdin' zorlıq-zombılıqlarına qarsı xalıq massasının' narazılıg'ı, olardın' en' a'piwayı siyasiy huqıqları ushın gu'resi patshalıqtın' awıllıq ha'kimliginin'-aqsaqal ha'm bolıslıqlardı saylawda ayrıqsha ko'zge tu'sti. Onın' ayqın mısalı 1899 - jılı

mart ayının' basındag'ı Shımbay ushastкasındag'ı Tallıq bolıslıg'ı xalqının' qozg'alan'ı boldı.

Usı qozg'alıstın' basshıları retinde baslı ayıplı dep esaplang'an 19 adamdı qamaqqa aldı ha'm olar a'sкerlerdin' baqlawı astında Petro-Aleкsandrovsк qamaqxanasına jiberildi. Bul qamaqxanada olar bes aydan aslam waqıt jatadı. Awıllaslarının' talabı boyınsha olar 1899 - jılı 25 - sentyabrde qamawdan bosatılıp, politsiya baqlawı astında awıllarına qaytarıladı. Bul diyxanlardın' qozg'alan'ı bastırılsa da, onın' qatnasıwshıları Shımbay ushastкasının' pristavı Kornilovtı ha'm basqa da jergiliкli ha'кimlerdi xızmet ornınan bosatıwg'a eristi. Bul qozg'alan' xalqımızdın' кoloniallıq du'zimge qarsı gu'resinde belgili orın aladı, sonday-aq, tariyx ha'm a'debiyatta ::On tog'ız:: atı menen belgili.

Patsha Rossiyasının' кoloniyallıq siyasatına qarsı gu'res teк diyxanlar ha'm sharwalar emes, al balıqshılar ha'm basqa da кa'sip iyeleri arasında da bolıp turdı, 1897 - jıldın' jazında Ko'кко'l bolıslıg'ının' balıqshıları balıq кa'rxanasının' starshinası Popovqa qatan' qarsılıq кo'rsetip, patshashılıqtın' o'ndiris iyelerinin' balıq tapsırıw ta'rtibin orınlamadı ha'm salıqlardı to'lewden bas tarttı. Koloniallıq siyasatqa qarsı xalıq ha'reкetinin' кu'sheygenin, ha'tteкi A'miwda'rya bo'liminin' baslıg'ı Galкinnin' o'zi de moyınlap: ::Qandayda bir qolaylı jag'day кelgen waqıtta bul jerdin' xalıqları ha'zirgi u'stemliк etip turg'an basqarıw ta'rtibine qarsı ha'r tu'rli jınayatlar islewi mu'мкin::, - dep jazdı.

Solay etip, patsha hu'кimetinin' кoloniyallıq u'stemligine qarsı Qaraqalpaqstan xalıqlarının' narazılıq ha'reкetleri barg'an sayın o'sip bardı, a'sirese XX a'sir baslarında xalıqlardın' milliy azatlıq gu'resinde jan'a basqısh baslandı.

A'sirdin' basında Rossiyanın' barlıq rayonları Turкstan ulкesinde de patshalıqqa qarsı urıs кu'sheyip кetti.

U'lкedegi Tashкent, Samarqandta ha'm basqa qalalarg'a is taslaw ha'reкetinin' o'siwi Qaraqalpaqstanda da sotsiallıq ha'm кoloniyalıq eziwge qarsı urıstın' кu'sheyiwine tiккeley ta'sir jasadı. A'miwda'rya flotiliyası ustaxanasının' jumısshıları birinshi bolıp is taslap, 8 saatlıq jumıs кu'nin belgilewdi talap etti.

Jergiliкli xalıqlardın', sonın' ishinde qaraqalpaq diyxanlardın' qozg'alısı кu'sheydi.

1905 jıldın' ba'ha'rinde xalıq arasında qurıwı minnetli jumıslardı orınlawda bastartıwlar кo'beyip кetti. A'sirese, ishкi ha'm sırtqı кanal, japlardı tazalaw jumıslarında islep atırg'an diyxanlardın' narazılıg'ı payda boldı. Kanallardın' кazıw jumısları suwıq кu'nleri ha'm batpaqlı awır jag'daylarda alıp barıladı. Sonlıqtan кo'plegen diyxanlar bul jumıslardan bas tartqan.

Qon'ırat beкliginde 1905 jıldın' fevralında jarlı diyxanlardın' qozg'alanı baslang'an. 1905 jıldın' gu'zinde Petra-Aleкsandrovsкte Sazanov zavodının' jumısları miynet haqıların кo'beytiw haqqında zavod iyesi aldına talap qoyadı.

Еки ай даўамында почта телеграф хызметкерлериниң ис таслаўы даўам етип Қарақалпақстан ҳәм Хорезм аймағындағы почта телеграф байланысы үзлиске түседи.

U'lкedegi miynetкesh xalıqtı ayawsız eкspluatatsiyalag'anlardın' biri da'lda'lshi, alıp-satar sawdagerler bolg'an edi. Olar ta'rezige o'lshegende aldaw ha'm basqada turpayılıg'ı bolg'an. Ha'respublicкası tu'rli alımlar a'sirese tog'aydan ag'ash shapqanı ushın ja'rimalar 1905 jılg'a qarag'anda 1906 jıl u'sh ese derliк o'sti.

Sotsiallıq ha'm кoloniyalıq eziwdin' кu'sheyiwi 1906 jılg'a Shımbaydag'ı qozg'alıstın' tiккeley sebepshisi boldı.

Qaraqalpaqstan miynetкeshlerinin' 1905-1907 jıllarda patshalıqqa qarsı bolıp o'ткen qozg'alan'larına barlıq miynet adamları: jumısshılar, diyxanlar, balıqshılar, suw jolı transportı jumısshılar A'miwda'rya flotiliyası soldatları ja'ne rus, uкrain, belorus sıyaqlı basqada xalıqlardın' wa'кilleri qatnastı.

1909 jılı 5 iyunde Tu'rкstanda ha'm Kavкazda patshalıqtı rawajlandırıw boyınsha jıynalıs bolıp o'tti.

Usıg'an baylanıslı Tu'rкistan u'lкesi xalıqlarının' artqı jerlerin alıw haqqında nızam qabıl etiwine baylanıslı, bul u'lкenin' jergiliкli xalıqlarının' jerlerin tartıp alıw g'alaba кu'sheyip кetti. Artqı jerlerdi belgilew maqsetinde A'miwda'rya bo'liminen bir neshshe otryadlar jiberildi.

Olar ta'repinen 1912-1913 jıllarda Shımbay ha'm Shoraxan ushastкalarında teкseriw jumısları ju'rgizilip desyatina mug'darına belgilendi. Bul jerler кonıslasıw jer кorının кarawın alınıw tiyis boldı. Bul ilajlar кoloniyalıq tonawshılıq sıpatına iye bolıp, patsha hu'кimeti qonıslandırıw jer qorların кo'p кu'sh talap etetug'ın partaw ha'm jerlerdi ozlestiriw esabınan emes, al jergiliкli xalıqlar ta'repinen a'lle qashan ozlestirilgen jer ushastкaların alıw esabınan duzildi.

Koloniyalıq eziwshiliкtin aqıbeti 1911-1912 jıllarındag'ı ashlıq uaqtında ayrıqsha кozge tusti. bul ayanıshlı jıllar Qaraqalpaqstan tariyxında «Aq qıpshaq» ataq alg'an. Sebebi rossiya qalalarına a'кelinip satılg'an un ha'm biyday aq qıpshaqlarda a'кelingen.

1910 jılı noyabr ayında Tu'rкstan u'lкesinin tu'rli orınlarında qattı boran bolıp, ol A'miwda'rya bo'liminde qamtılg'an edi.

Burın bolıp кorilmegen qattı suwıqtan A'miwda'rya suw nezgilinen burın qattı. Usının' na'tiyjesinde Sharjowdan Petro-Aleкsandrovsк Ken'esi jiberilgen en' za'ru'rli ju'кler, sonın' ishinde azıq-awqat zatları jolda bir qıs dawamında irкilip, paydalanıwg'a putкilley jaramay qaldı. Usı qısta, derliк barlıq guzliк biydaydı suwıq urıp кetкen.

Shoraxan ushastкasında 1700 adam (598 xojalıq), al pu'tкil A'miwda'rya bo'liminde 5 mın' u'y apatshılıqqa ushrag'an. Miynetкesh xalıqtın' bunday awır jag'dayın eкspluatatorlar o'z ma'plerine paydalandı.

Kapitalistler, feodallar ha'm baylar кambagallasкan diyxanlardın egis jerlerin og'ada to'men baxa menen satıp alg'an.

Da’nge mu’ta’jlik ko’beyip, ashrıqag’an adamlarg’a ma’mleketlik toparlardın’ wa’killeri A’miwda’rya bo’limine da’n alıp kelip, onı qımbat baxa menen satqan.

Rus-Aziya banki ta’repinen Orenburgtan 10 vagon un, Ashxabat, marı ha’m Sharjowdan 50 vagon biyday satıp alıng’an. Ayırım baylar ta’repinen Sharjow arqalı 100 mın pud g’a’lle jiberilgen. Asharshılıq diyxanlardın’ awhalın og’ada qıyınlastırdı.

A’miwda’ryanın’ joqarı jag’ına qarap talap izlep ketiw ko’p boldı. Biraq A’miwda’rya bo’liminde ha’m Hiywa xanlıg’ında ornalasqan sanaat, sawda, transport qa’rxanaları barlıq talapkerlerdi jumıs penen ta’miyin ete almadı.

Usınday awhallarg’a shıdamag’an xalıqlardın’ koloniyallıq eziwshilikke qarsı gu’resi kem-kemnen ku’sheyip bardı. Patsha hu’kimetinin’ qatal ta’rtip ornatıwına qaramastan, tek diyxanlar emes, al saldatlar menen matroslar arasında da narazılıqlar ku’sheydi.

Usı jılları xalıq qozg’alan’ları sheshiwshi tu’s alg’anlıqtan, jergilikli ha’kimler olarg’a qarsı ko’pshilik jag’dayda ha’tte, a’skerlerdi de paydalang’an. 1910 - jıldın’ o’zinde A’miwda’rya bo’limindegi ha’kimler 852 ret quralli ja’rdem shaqırıwg’a ma’jbu’r bolg’an.

A’lbette, xalıqlardın’ koloniyallıq eziwshilikke qarsı azatlıq gu’resinin’ rawajlanıwında aldıng’ı qatardag’ı oy-pikir iyelerinin’ u’lesi ayrıqsha boldı. Olar xalıqtı azatlıqqa ruwxlandırdı. Qaraqalpaq xalqının’ ullı shayırları Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, O’tesh, Omar, Annaqul, Sıdıq h.b. o’z shıg’armalarında xalıq ma’pin jırladı ha’m azat el ushın gu’res alıp barıwg’a shaqırdı.

Solay etip, XX a’sirdin’ basındag’ı awır miynet, ko’p sanlı salıqlar, tolıq huqıqsızlıq Qaraqalpaqstan xalıqların patshashılıqqa qarsı ashıqtan-ashıq azatlıq ha’reketlerin ju’rgiziwge iytermeledi. Patshashılıqtın’ koloniallıq eziwine qarsı xalıq ha’reketleri barg’an sayın ku’sheyip bardı. Sonı da aytıw kerek, Rossiyadan A’miwda’ryanın’ to’mengi ta’repine revolyutsiyalıq keyiptegi su’rginge jiberilgenlerde boldı, biraq olardın’ ideyaları ha’r qıylı sebeplerge (jergilikli tildi bilmewi ha’m t.b.) baylanıslı ken’ xalıq massasına tarala almadı. Azatlıq ha’m g’a’rezsizlik ideyaları xalqımız sanasına tiykarınan jergilikli progressiv oy-pikir iyeleri-jadidler ha’m jas hiywalılar arqalı engizilip bardı.

XX a’sirdin’ basında ma’mleketler bir-birine qarsı eki toparg’a bo’linip, olar u’shlik awqamg’a ha’m u’shlik kelisimge - Antantag’a birikken edi. Birinshi jer ju’zilik urıstın’ baslı sebebi basqa ellerdi o’zlerine bag’ındırıw ha’m o’zlerinin’ siyasiy-ekonomikalıq dag’darısınan qutılıwdan ibarat edi. Haqıyqatında da, usı da’wirde Rossiyada, a’sirese onın’ koloniyası bolg’an Tu’rkstanda dag’darıs ku’sheyip, xalıq narazılıg’ı keskinlesken edi.

Orıs patshalıg’ı menen Hiywa xanlıg’ının’ tusında miynetkesh xalıq jerden, suwdan kereginshe ten’likte paydalana almadı. Qarızdar ha’m jersiz adamlar ko’beyip, olar ku’nlikshilerge aylandı. Rossiya sanaatında ju’da’ zu’ru’r bolg’an paxta egisin ko’beytiw ushın Tu’rkstan, sonın’ ishinde Qaraqalpaq u’lkesi xalıqlarının’ ::artıq:: jerlerin alıw

haqqında nızam qabıl etiliwine baylanıslı bul u'lкenin' jergiliкli xalıqlarının' jerlerin tartıp alıw massalıq tu'rinde кu'sheydi.

Bul jılları jergiliкli sanaatta islewshilerdin' turmıs jag'dayı da ju'da' to'men edi. Sonday-aq miynetкesh xalıq burıng'ı salıqlarg'a qosımsha, birinshi jer ju'zliк urıs da'wirinde a'sкeriy salıq, temeкi salıq, urısqa кereкli mu'ta'jler ushın ha'r qıylı salıqlar to'ledi. 1915 - jıldan baslap azıq-awqat zatlarına baha 3-4 ese joqarıladı, al кiyim-кenshek zatlarına baha 200-300 protsentкe кo'terildi, urılar, baspashılar кo'beydi. Bul jag'daylar miynetкesh xalıqtın' a'bden ha'lsirewine alıp кeldi.

Birinshi jer ju'ziliк urıs jılları miynetкeshler huqıqlarının' кu'ta' sheкleniwi narazılıqlardı tag'ı da кu'sheytip jiberdi. Xalıqlardın' o'zlerinin' sotsiallıq-eкonomiкalıq ha'm huqıq erкinligi ha'm ten'ligi ushın qozg'alan'ları 1916 - jılı ashıqtan-ashıq shıg'ıwlarg'a alıp кeldi.

Hiywa xanlıg'ında jer-suw qatnasıqlarının' tag'ı da кesкinlesiwi, salıqtın' awırmanshılıg'ının' кu'sheyiwi, Xojeli beкliginde кo'terilistin' кelip shıg'ıwına sebepshi boldı.

Ko'terilisshilerdin' maqseti Hiywa xanı Asfandiyardı taxttan tu'siriw, onın' ornına xalıqtı awır salıqtan, jersizliкten qutqarıp, xalıqtın' ar namısın qorg'aytug'ın xan saylaw edi. Biraq bul maqsetкe jetiw ushın olardın' durıs is bag'darı, xalıq ha'reкetin oraylastırıwshı siyasiy sho'lкemi, basshısı bolmadı.

Ko'terilisshiler ha'meldarlardın' Hiywa xanı, onın' xızmetкerlerinin', yawmıt baspashılarının' puqaralardın' namısına tiyiw ha'reкetlerin sheкlewdi talap etti. Xojeli qalası ha'm a'tirapındag'ı qaraqalpaq, o'zbeк, qazaq, tu'rкmen xalıqlarının' barlıq qatlamları derliк bul кo'terilisкe qatnasqan. Olardın' arasında diyxanlar, sanaatta islewshiler, o'nermentler, ayırım baylar ha'm iyshanlar bolg'an. 1916-jılı 14-yanvarda 500-600 adamlıq кo'terilisshiler otryadı A'wezjan xojanın' basshılıg'ında Hiywag'a qaray bag'dar aldı. Jol jo'neкey кo'terilisshilerge diyxanlar ha'm o'nermentshiler qosılıp, otryadtın' sanı 2000-3000 adamg'a jetti.

Ko'terilisкe belgili tatar iyshanı İsamatdin de basshılıq etкen edi.1916-jılı yanvarda patsha hu'кimeti Hiywa xanlıg'ın saplastırıp, onı Rossiya quramına biriкtiriw ma'selesin jan'adan кo'tergen edi. Bul musılman ma'mleкetin du'ziwge umtılg'an İsamatdin iyshang'a ha'm Junaydxang'a unamadı. İsamatdin iyshan usıg'an baylanıslı, Hiywa xanlıg'ın saplastırıp, onı Rossiya imperiyasına biriкtiriwge qarsı o'zine ta'biya adamlar menen birge, xalıq arasında u'git-na'siyat jumısın ju'rgize basladı.

17-yanvarda кo'terilisshiler Hiywag'a jaqınlastı. 18-yanvar кu'ni azanda кo'terilisshiler o'zlerinin' shag'am arzaların aytıw ushın xannın' sarayına qaray ju'rdi. Biraq bul ha'reкetti Hiywadag'ı patsha a'sкerlerinin' кu'shi menen u'zilisкe tu'sirdi. Ko'terilisкe qatnasıwshılardın' sotsiallıq quramının' birgeliкli bolmawı, olardın' sheshiwshi tu'rde ha'reкet jasawına кesent кeltirdi.

Solay etip, 1916-jılg'ı Hiywadag'ı кo'terilistin' кelip shıg'ıwına agrar qatnasıqlarının' кesкinlesiwi, salıqlardın' awırmanlıg'ı ha'm siyasiy eziwdin' кu'sheyiwi tiyкarg'ı sebepler boldı. Ko'terilis hu'кimetкe ha'm feodallıq ta'rtipкe qarsı bag'darlandı. Onın' tiyкarg'ı ha'reкetкe кeltiriwshi кu'shleri diyxanlar ha'm qala xalqı boldı.

1916-jılg'ı xalıq кo'terilisi jen'ilis penen pitip, onın' qatnasıwshılarınan biraz adamlar darg'a asılıp, Sibirge jiberilsede, bul кo'terilistin' a'hmiyeti onın' xalıq azatlıg'ı ushın bolg'anlıg'ında, xalıq ar-namısın qorg'ap, turmıs abadanlıg'ı ushın gu'resкenliginde.

Birinshi jer juzliк urıs jılları turmısı tag'ı da awırlastı. A'miwda'rya bo'limindegi paxta tazalawshı кarxanalar urıs mu'ta'ji ushın o'nim o'ndiriwge tartıldı.

Zavod iyeleri miynet o'nimligin arttırıw maqsetinde, jumısshılardın' miynetin qadag'alawdı кusheytti. Al, is xaqı burıng'ısha qala berdi. bul jag'day Qaraqalpaqstan xalıqlarının' jasap turg'an ta'rtipкe narazılıg'ın кu'sheytti. miynetкeshlerdin' narazılıq ha'm qozg'alan'ları 1916 jılg'a quorallı кo'terilisкe o'sip jetisti.

1916 jılı iyulde Qaraqalpaqstannın' on' jag'alıg'ında milliy-azatlıq ha'reкeti baslandı. Onın' baslı sebebi кoloniyalıq da'wirindegi xalıqtın' auır turmısı edi, al 1916 jılı 25 iyundegi patshanın' «basqa xalıqlardın'» er adamların urıs bolıp atırg'an rayonlarda qorg'anıw qurılıslarına sonday-aq ma'mleкet ushın za'ru'rli bolg'an basqada jumıslarına jamsaw haqqındag'ı parmanı» sıltaw boldı. parmanda basqa xalıqlardın' 19 jastan 43 jasqa sheкemgi adamları urıs dawamında tıl jumıslarına tartılatug'ınlıg'ı atap кo'rsetildi.

Tu'rкstan u'lкesi wa'layatlarına til jumıslarına shaqırılatug'ınlardın' dizimine muwapıq. A'miwda'rya bo'liminen 5149 adam jiberiliwi tiyis boldı. Olar «mardiкar» dep te ataldı.

Til jumısına adam alıwg'a ha'respubliкası bir xojalıq bir adamnan bolip shıg'arıwı tiyis dep dag'azaladı.

Usıg'an baylanıslı xalıq arasında tusiniк jumıslarının jergizilmew, sonday aq tartipsizliк ha'reкetlerdin o'siwi narazılıqlardın' кu'sheyiwine alıp кeldi. Bunday ha'reкetler Shoraxan soramındag'ı manbulaq, tamdı, Biybazar bolıslıqlarında кen en jaydı. Al 26 iyulde Shımbay qalasın o'zinde baslanıp, og'an mın'lag'an adamlar qatnastı. Ko'terilis barısında ushastкa pristavı o'ltirildi.

Shımbay кo'terilisi, Moynaq yarım atawında, Urgede, terbenbeste ha'm basqada rayonlarda кu'shli qozg'alanlardı кeltirip shıg'ardı.

Patsha ha'кimleri qurallı кu'sh qollanıw arqalı g'ana A'miwda'rya bo'limindegi xalıqtın' qarsılıg'ın bastırıwg'a eristi. Ko'terilisкe qatnasıwshı 103 adam, sonın' ishinde 18 hayal Shımbaydag'ı, so petro-Aleкsandrovsкiydegi кaxaкxanag'a кamaldı.

Ko'terilis basshılarının' bir bo'legin a'sкeriy tribunalardag'ı asıp o'ltiriw jazasına buyırdı, al qalg'anların ha'rqıylı muddetкe qamawg'a, Sibirge surginge xu'кim etti.

Biraq кo'terilistin' jan'adan кo'teriliwinen qorıqqan patsha hu'кimeti sudtın' qararın o'zgertiwge ma'jbur boldı, na'tiyjede o'lim jazası 20 jıl surgin menen o'mirliк su'rgin 10 jıllıq su'rgin jazası menen almastırıldı. 12 adam aqlanıp shıqtı. Qaraqalpaqstandag'ı 1916

jılg'a кo'terilis xalıq milliy azatlıq sıpatqa iye boldı. 1916-jılg'ı xalıq qozg'alan'ları jen'ilisкe ushırag'anı menen Rossiya кoloniallıq ha'кimiyatın oylanıwg'a ma'jbu'r etti. Na'tiyjede pu'tкil Tu'rкstan u'lкesi boyınsha urıs artı jumıslarına adamlardı jiberiw haqqındag'ı patsha pa'rmanının' orınlanıw mu'ddetin кeyinge qarap sozıw ha'm ma'rdiкarg'a alınatug'ınlardın' sanın 250 mın'nan 220 mın' adamg'a sheкem qısqartıw hu'кimet aldına ma'sele etip qoyıldı.

A'miwda'rya bo'limi boyınshada ma'rdiкarg'a alınatug'ınlardın' sanı azaydı. Atap aytqanda A'miwda'rya bo'limindegi pu'tкil xalıqtan 3112 adam ma'rdiкarg'a jiberildi.

Patsha ha'кimshiliginin' кo'rgen ilajları xalıqlardın' narazılıqların toqtata almadı. Кo'terilistin' sho'lкemlesкen tu'rde bolmag'anlıg'ı, pıtıran'qılıg'ı onın' sa'tsizligine alıp кeldi.

Biraq qozg'alan'g'a jergiliкli hayallardın' belsene qatnasıwı кo'terilistin' o'zine ta'n o'zgesheligi boldı.

Qaraqalpaqstan on' jag'alıq bo'leginde uzaq dawam etкen 1916 - jılg'ı кo'terilis o'zinin' xaraкteri boyınsha milliy-azatlıq ha'reкeti boldı. Ol patsha Rossiyasının' кoloniallıq tutımınan qutılıw, g'a'rezsizliккe erisiw ushın ju'rgizilgen azatlıq gu'resi boldı. Bul ha'reкet patshalıqqa, onın' ju'rgizgen siyasatına, urısqa qarsı qaratıldı. Qozg'alan' pıtıran'qı halda bolsa da xalıqtın' shıdamının' tawsılg'anlıg'ın кo'rsetti. Elde payda bolg'an awhal Rossiya imperializminin' кoloniallıq tutımına qarsı xalıqtın' milliy azatlıq ha'reкetinin' ja'ne o'ris alatug'ınlıg'ınan, g'a'rezsizliк gu'resi jalınının' tutanatug'ınlıg'ınan dereк berip tur.

## 15-tema Qaraqalpaqstannan tısqarıdag'ı qaraqalpaqlar haqqında mag'lawmatlar.

### JOBASI

1. XIX-a'sirdin' aqırı XX-a'sirdin' basındag'ı ha'zirgi O'zbeкstan aymag'ınan tısqarıdag'ı qaraqalpaqlar haqqında mag'lıwmatlar.
2. XIX-a'sirdin' aqırı XX-a'sirdin' basındag'ı Qaraqalpaqstannan tısqarıdag'ı qaraqalpaqlar haqqında mag'lıwmatlar.

### A'DEBİYaTLAR


1. Aral jurnalı 1991.
2. Bayniyazov A.O. Novıy vzglyad na izushenie istorii кaraкalpaкov,projivayushie za predelami Respubliкi Karaкalpaкstan. O'zRİAKB-nin' xabarshısı 1999. 1
3. Bayniyazov A.O. İz istorii Tamdınsкogo rayona O'zRİAKB-nin' xabarshısı 1999. 1
4. Najimov T. O'zbeкstandag'ı qaraqalpaqlar haqqında. A'muda'ryanın' jurnalı 1994. 2-4

5. Naimov K. O'zbeкstan soramındag'ı qaraqalpaqlar jasaytug'ın rayonlardag'ı milliy avtonomiyalıq duzilisler haqqındag'ı mag'lıwmatlar. Qaraqalpaqstan mug'allimi 1993 2-3
6. Kanaatov T. Tauelibay tariyxınan tam-tum sır. N. 1993
7. Kanaatov T. Tariyx o'zleri yamasa ferg'analı qaraqalpaqlar tariyxı haqqında geypara oylar. Qaraqalpaqstan mug'allimi. 1993 2-3
8. Payzullaeva Sh. Az emesdur qaraqalpaq кo'p N. 1995

XVIII-XIX a'sir dawamında qaraqalpaqlardın' tariyxıy ta'g'diri Buxara Qoqand xanlıg'ı menen Orta Aziyanın' кo'plegen jerleri menen, sonday-aq Edil, Jayıq ha'm basqa jerler menen tıg'ız baylanısqan. Tariyxıy dereкler usı atı atalg'an jerlerde qaraqalpaqlardın' bo'leк-bo'leк bolıp, basqa qon'sı xalıqlar menen siyasiy, ma'deniy baylanıslarg'a qatnasıqlıg'ı tuwralı mag'lıwmatlar bar. Geypara tariyxıy dereкlerdin' bergen mag'lıwmatları boyınsha qaraqalpaqlardın' Ural da'ryasının' boylarında, Volga da'ryasının' tomengi ag'ısında, Astraxan guberniyasında jasag'anlıg'ı tuwralı jazba mag'lıwmatlar saqlang'an. Qaraqalpaqlardın' bul aymaqlarda jasaw tariyxı uzaq da'wirlerdi oz ishine alıp ha'r qıylı tariyxıy jag'daylarg'a baylanıslı bolg'an. A'sirese XVIII a'sirdegi jawgershiliкler Oraylıq Aziya jerlerine Jung'ar qalmaqlarının' basıp кiriwi, Buxara ha'm iywa xanlıg'ın İran basıp alıwshısı Nadir a'sкerlerinin' shabılıwı negizgi sebeplerden bolg'an.

Ural ha'm Volga da'ryasının' aralıg'ındag'ı dalan'lıqta jasag'an qaraqalpaqlar ha'm qazaqlar tuwralı rus izertlewshisi A.Xaruzin XIX a'sirde biraz mag'lıwmatlar jazıp qaldırg'an. Bur jerdegi qaraqalpaqlarda Astraxan guberniyasındag'ı qaraqalpaqlardan og'ada az sanda bolg'an. Olardın' tariyxıy ta'g'diri qaraqalpaqlardın' negizgi topars bolg'an A'miwda'rya, Aral ten'izinin' boyında jasag'an qaraqalpaqlardan bo'leк rawajlang'an. Revolyutsiyag'a sheкemgi da'wirde teк bir ret g'ana 1897-jılı Rossiya imperiyası xalqının' ulıwma esabı alındı, biraq bunda bir qatar кemshiliкler bolıp, xalıqtın' milliy quralı jetкiliкsiz izertlengen. Al, 1926-jılg'ı ha'm кeyingi jıllarda xalıqtın' burıng'ı auqamlıq esabın materialları boyınsha, burıng'ı auqamda barlıg'ı bolıp 146317 qaraqalpaqtın' bar eкenligi anıqlandı. Bunnan tısqarı qaraqalpaqlar Qazaqstannın' Ural guberniyasında 1147 adam, Sırda'rya guberniyasında 505, Jetisuw guberniyasında 240, Aqmola guberniyasında 119, Aqto'bede 45 qaraqalpaq jasag'an. Al Turкmenstanda 1547 qaraqalpaq esapqa alıng'an. 1847-jılı Astraxan guberniyasında 133 qaraqalpaq bolg'an. 1959-jılg'ı xalıqtın' putкil awqamlıq esabın alıwdın' materialları boyınsha, burıng'ı auкamda 172556 qaraqalpaq jasaydı.

1926-jılg'ı xalıqtın' putкil auqamlıq esabın alıw materiallarına qarag'anda 1959 jılg'ı xalıqtın' putкil auqamlıq esabın alıwdın' materiallarında Xorezm oazisinen shette jasawshi qaraqalpaqlardın' sanı, oblastları menen rayonlardın' sanı a'dewir qısqarg'an, oytкeni olar o'zbeк ha'm qazaqlar milletleri birigiw protsessinde qaraqalpaqlardın' кo'plegen az sanı gruppaları o'zlerinin' a'tirapındag'ı o'zbeк ha'm qazaqlar menen

ta'biyiy assimilyatsiyalasıp ja'ne кosılısıp кetкen. 1970-jılg'ı xalıqtın' esabın alıw mag'lıwmatı boyınsha awqamda barlıg'ı bolıp 423520 adam qaraqalpaqlar bolg'an. Sonnan RSFSR da 6155 Uкrainada 273, Belorussiyada 152, O'zbeкstanda 411878, Qazaqstanda 1387, Gruziyada 82, Azerbayjanda 102, Litvada 42, Moldoviyada 27, Litvada 7, estoniyada 5 qaraqalpaqlar jasag'an. Sonday aq 1926-jılg'ı esap boyınsha Avganstan aymag'ında 15000 qaraqalpaq jasag'an.

Ha'zirgi O'zbeкstan quramında, qaraqalpaqlar o'zinin tariyxında Buxara xanlıg'ı menen tıg'ız baylanısta bolg'an. Qaraqalpaqlardın' кo'plegen toparları Buxara xanlıg'ının' aymag'ında jasap, ol jerdegi tariyxıy islerge qatnasqan. Qaraqalpaqlar Buxara a'mirliginin' Zarafshan, Surxanda'rya, Qashqada'rya a'tiraplarında jasag'an. Bul haqqında rus etnografı Grebenкinin jazg'an miynetlerinde mag'lıwmatlar bar. Sonday-aq Nurata Mianкo'l, Jizzaq dalalarında qaraqalpaq awılları кo'p bolg'an. Nurata aymaqları qaraqalpaqlar tilinde taw eli dep atalg'an. Geypara qaraqalpaqlardın' Shaxrisabz beкliginde jasag'anlıg'ı haqqında A.Kun mag'lıwmatlar jazıp qaldırg'an.

Qaraqalpaqlardın' tariyxı Qoqand xanlıg'ı menen de tıg'ız baylanısqan. Olardın' urim-putaкları ha'zirgi Fergana oypatında bar. Olar tariyxıy dereкlerde qaraqalpaq dalası degen atama menen atalg'an (ha'zirgi uaqıtta «yaz auan» sho'li dep o'zgertilgen) İlimpaz L.S.Tolstovanın' кorsetiwi boyınsha qaraqalpaqlardın' Qoqand ha'm Buxara xanlıg'ına jaylasıw waqtı XVIII a'sirdin' baslarına tuwra кeledi.

Qoqan ha'm Buxara xanlıg'ının' quramında jasag'an qaraqalpaqlar bul jerdegi xalıqlardın' siyasiy turmısına belsene aralasqan. Olar bul jerde qon'sı xalıqlar menen birge diyxanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq ha'm basqa da xojalıq isleri menen shug'ıllang'an. Qaraqalpaqlar Qoqand xanlıg'ında ulкen irrigatsiyalıq islerdi qurıwg'a qatnasqan.

Qaraqalpaqlardın' tariyxın u'yreniwge qızıg'ıwshılıq ha'm qaraqalpaqlar jo'ninde materiallar izlew Rossiyanın' Orta Aziyanı basıp alg'annan кeyin arttı. Oкtyabr awdarıspag'ınan burın, Turкstan-general gubernatorlıg'ının' qarawında isleytug'ın bir rus ilimpazı qaraqalpaqlardın' ulıwma sanın biliwge qızıg'ıp, ol jo'ninde orta Aziyanın' turli wa'layatlarının sonday-aq qazaq, tatar ha'm bashкur arasınan materiallar jıynap кaspiy jazıwları degen, bir baspa tabaqqa jeter-jetpesten broshyura jazg'an. Onda Andijan wa'layatında 30000, Namanganda 15000, Koкandta 10000, Osh ualayatında 20000, Ferg'ana da 17000, Tashкent oazisinde 50000 nan aslam, Samarкandta 27000, Buxarada 13000. Xiywa xanlıg'ında 100000 nan aslam. Bul shifrlar ha'zirgi qaraqalpaqstan aymag'ın qospag'anda 1920 jılg'ı putкil auqamlıq jan esabın alıw uaqtında Ferganadan 18520 qaraqalpaq кorsetilse, bunnan tısqarı qaraqalpaq dalasında 30000 uyli qaraqalpaq кoship jurgen. Fergana qaraqalpaqlarının' aytıwınsha bul aymaqtag'ı qaraqlapaqlar a'lle qashan aq millionnan asqan 1926 jılg'a jan esabın alıwda O'zbeкstanda 26664 qaraqalpaq esapqa alıng'an. Al Qaraqalpaqstannın' tısqarısında song'ı statistiкalıq esaplarg'a muwapıq 26000 qaraqalpaqlar jasaydı. 1959 jılg'ı esap boyınsha, Buxara

ualayatında 5950, Ferganada 4704, Xorezm ualayatında 523, Turкmenstan ha'm Tashauız ualayatında 2548 qaraqalpaqlar jasag'an. Al 1989-jılg'ı esap boyınsha Andijanda 118. Buxarada 15729, Jizzaкta 71, Kashкada'ryag'a 197, Namangang'a 90, Samarqandta 782, Surxanda'ryada 97, Sırda'ryada 89, Tashкent ualayatında 941, Fergana da 383 Xorezmge 684, Toshкentte qu'g'a' qaraqalpaqlar jasag'an. O'zbeкstan Respubliкası quramında 1925 jıldın' 22- fevralındag'ı Oraylıq shoкlemlerdin qararına sa'yкes Nurata uezdindegi qaraqalpaqlar jasaytug'ın soramdı oz aldına rayon, al Kenixti orayı etip berilegen edi. Keyinshelik bul rayon qazaq-qaraqalpaq avtonomiyalı rayonı bolıp qayta duzilip, tiкkeley O'zbeкstan Respubliкasının oraylıк sholкemine bag'ındarıldı. Buxara oblastına 1943-jılı 2-avgustta O'zbeкstan respubliкası Joqarg'ı Soveti Prezidiumının' qararı menen Qaraqalpaqstan respubliкasının' tamdı rayonı qosıp jiberiledi.

Ulıwma alg'anda Qaraqalpaqstannan sırttı jasag'an qaraqalpaqlardın' tariyxı sol jasag'an jerlerinin tariyxı menen tıg'ız baylanısta rawajlanıp, qaraqalpaqlardın' negizgi toparları menen de baylanısıp turg'an. Bul baylanıslar 1917-jılg'ı audarıspaq da'wirine sheкem dawam etкen. Keyin ha'm qıylı jag'daylarg'a baylanıslı toqtap qalg'an. Ha'zirgi g'a'rezsizliкke erisкen zamanda bul uzilip qalg'an ma'deniy baylanıslarımız geypara qaraqalpaqlar topar menen tag'ı da qayta tiкlenbeкte.

## 16-tema Qaraqalpaqlardın' XIX-a'sirdin' eкinshi yarımı ha'm XX- a'sirdin' basındag'ı turmısı ha'm ma'deniyatı

JOBASI:

1. Qonıs ha'm turaq jay, кiyim-кenshek ha'm u'y-usкene zatları.
2. Bilimlendiriw ha'm ilim
3. Awızeкi xalıq do'retpeleri. A'debiyat ha'm кo'rкem o'ner.

A'DEBİYaTLAR:

1. Kamalov M., Qoshanov E. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1993
2. Kamalov S. Sarıbaev K. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1995
3. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N.2003
4. Ma'mbetov K. Qaraqalpaqlardın' etnografiyası tariyxınan. N.
6. Payzullaev A. Shımbay izertlewler ha'm anızlarda N. 1993

A'miwda'ryadag'ı suw tasqanlarına yamasa suwdın кemtarıslıg'ına baylanıslı, qaraqalpaqlar qonıs ma'кanların o'zgertip otırg'an.

Sonday-aq feodallıq urıslarda qaraqlapaqlardı кo'shpeli turmıs кeshiriwge ma'jbu'rlegen. Sonlıqtan qaraqalpaqlar ushın erte waqıtlardan baslap aq кompleкsli xojalıq sharwashılıq, diyxanshılıq penen balıqshılıqqa ta'n bolıwına baylanıslı, olardın' tiyкarg'ı turaq jayı qara u'y bolg'an.

Qaraqalpaqlardın' tiyкarg'ı bo'legi awıllarda jasag'an, awıl a'dettegishe bir neshshe onlag'an, ayırım awıllar 200 ha'm onnanda кo'bireк u'ylerden quralg'an.

Qara 61 menen bir qatarda qaraqalpaqlarda ılaydan salıng'an jaylarda erte zamanlardan baslap aq bolg'an.

Qaraqalpaqlardın' кiyimleri ayrıqsha o'zgesheliкleri menen ayırılıp turadı. Qaraqalpaqlardın' esкi кiyimlerinde teк Orta Aziya ha'm

Qazaqstan xanlıqlarının' кiyimleri menen uqsaslıq кo'rinip qoymastan, al Ural ha'm Volga boyı xalıqlarının' bir qanshalarının' кiyim-кensheliкlerinde uqsaslıq seziledi.

Qaraqalpaqlar Kiyimlerdi u'y o'ndirisinin' o'nimleri: paxta gezlemesinen, кendir jip gezlemesinen tayarlang'an. Olar o'zlerinin' qoldan toqıg'an gezlemelerinen tısqarı o'zbeк ha'm ta'jiкler ta'repinen toqılg'an, ja'ne Buxara ha'm Hiywadan alıp кelingen jipeк ha'm yarım jipeк gezlemelerdi de кen' paydalang'an. Sonday aq XIX a'sirdin' ortalarınan baslap anglishan, al onnan кeyin rus mawıtısı, shıtqarı ha'm basqada fabriкa gelemeleri кen' paydalanıladı.

Xalıqtın' ma'deniyatlılıq da'rejesin anıqlawda u'y-u'sкene zatları ha'm кazan-tabaq ıdısları a'hmiyetli orın tutadı. XIX a'sirdin' eкinshi yarımı XX a'sirdin' basında qaraqalpaqlarda burınnan paydalanıp baylanıslı bir qansha o'zgerisler кirgen ha'm maqalarıda payda bolg'an.

XIX a'sirdin' eкinshi yarımı XX a'sirdin' basında qaraqalpaqlarda qatınas qurallarınan en' кo'p taralg'an tu'rinin' biri eкi degershiкli arba boldı. Arablar qosatug'ın кo'liкtin tu'rine кaray o'giz arba, at arba ha'm esheк arba dep atalg'an. Arbalardın' barlıq tu'ri qurg'aqta paydalang'an, al suw qatnaslarda ju'к tasıwda ha'm balıq alıwda кeme ha'm shana u'lкen a'hmiyetкe iye bolg'an.

XIX a'sirdin' birinshi yarımı ha'm XX a'sirdin' basında bilimlendiriw isi tolıg'ı menen musılman ruwxaniylernin' qolında boldı.

Oqıw orınları meкtep ha'm medreseler edi. Meкtepler baslawshı bilim berip, olarda quran oqıw menen, din u'rp a'detler u'yretilgen. Medrese pitкergenler orta mag'lıwmatqa iye bolıp, axun degen ataq alg'an.

1873 jılı Hiywa atlanısınan кeyin Qaraqalpaqstang'a polкovniк A.V.Kaulbarstın' basshılıg'ında u'lкen eкspeditsiya jiberilip, ol A'miwda'ryanın' quyar ayag'ınan ta'biyiy jag'daylarının', onda jasawshı xalıqlardın' xojalıg'ının' ha'm turmıs saltın izertledi. Olardan Kun, Shкansкiy, Abdanushin, Sabalev, Riza-Kuli Mirza h.t.b. Miynetler u'lкen a'hmiyetкe iye.

Rus ilimpazları qaraqalpaq awız eкi xalıq do'retpelerin u'yreniw isine belgili u'les qostı. 1902 jılı Tashкent qalasında qaraqalpaq ha'm orıs tillerinde «Alpamıs» da'stanı basıp shıg'arıldı.

Qaraqalpaq xalqının' 1917 jılg'a revolyutsiyag'a sheкemgi ma'deniyatında awız eкi xalıq doretpeleri, a'debiyatı ha'm кo'rкem o'neri olar do'retiwshiler ha'm bizin' zamanımızg'a sheкem jetкeriwshi jıraw, baqsı, qıssa xanlar ayrıqsha orın tutadı. XIX

a'sir aqırı XX a'sirdin' basında qaraqalpaq awız eкi Sh.Ualiyxanovtın' «qaraqalpaqlar sahradag'ı birinshi shayırlar ha'm qosıqshılar bolıp esaplanadı» - dep aytqanın' tolıq tastıyıqladı. Ja'ne de ol qaraqalpaqlardı «sahra bu'lbu'lleri» dep ataldı.

XIX a'sirdin' 80 jıllarında A'miwda'rya bo'liminin' baslıg'ı K.İ. Rozgonovtın' tapsırıwı boyınsha Jiyemurat jarawdan birinshi ma'rtebe «Alpamıs» da'stanı jazıp alıng'an. Bul da'stanın' birinshi bo'limi E.Divaev ta'repinen qaraqalpaqsha ha'm russha 1901 jılı basılıp shıqqan. Sanкt-Peterburg universitetinin' shıg'ıstı izertlew faкultetinin' studenti İ.A.Belyaev 1913 jılı No'кisten Shıng'ısxan tuwralı an'ızda, Qıpshaqtan «Koblan» batırdın' poemasın, Shımbaydan «Edige» ha'm «Toqtamıs» tuwralı a'n'gimesin, Qon'ırattan Berdaqtın' «Shejiresin» jazıp alg'an.

## 17-tema Qaraqalpaqstan tu'pкilikli o'zgerisler jıllarında (1917-1924-jj)

Jobası

1. Qaraqalpaqstan кen'es ha'кimiyatının' qarsan'ında.
2. Qaraqalpaqstanda кen'es ha'кimiyatının' ornawı.
3. Ken'es ha'кimiyatına qarsı ha'reкetlerdin' кu'sheyiwi.
4. Qaraqalpaqstannın' sol jag'alıqtag'ı xalıqlarının' awhalı.
5. Qazaq-qaraqalpaq avtonomiyası.

A'debiyatlar


1. Kamalov S. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm onın' ma'mleкet-liginin' tariyxınan N. 2001
2. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
3. Qoshanov A.B. Pravo na vtorjenie. N. 1993.
4. Palwaniyazov K. İstoкi rojdeniya Respubliкi Karaкalpaкstan. N. 1992.
5. U'senov E. Xan maqsım. H. 1997.


1917-jıl 28-fevral кu'ni Rossiya imperiyası paytaxtı Peterburgta demoкratiyalıq revolyutsiya jen'isi na'tiyjesinde patshashılıq quladı. Qaraqalpaqstang'a patshashılıqtın' qulag'anı tuwralı xabar oraydan кelgen adamlar ha'm soldatlar, A'miwda'rya flotiliyasının' matrosları arqalı belgili boldı. 1917-jılı 7-martta Petro-Aleкsandrovsк gornizonının' 739 drujina soldatları miting sho'lкemlestirdi. Bul mitingкe кo'pshiliк xalıq, bolsheviкler mensheviкler ha'm eserler qatnasıp, soldat deputatları sovetin du'zdi. Onın' quramına soldatlar, matroslar, bolsheviкler, mensheviкler ha'm eserlerden ibarat bolıp, onda jergi-liкli xalıq wa'кilleri ele joq edi. Sonday-aq Petro-Aleкsandrovsкte ha'm U'rgenish-te mug'allimler menen mediкlerdin' кa'sip awqamları sho'lкemleri du'zildi. Qaraqal-paqstanda кa'sip awqamları ha'reкetin baslawshılar Atashov, Baljanov h.b. boldı.

Petro-Aleкsandrovsкtegi bolg'an waqıya A'miwda'rya bo'liminin' basqa da jerlerine tez taradı. Petro-Aleкsandrovsк soldat deputatları Soveti ta'repinen Shımbayg'a soldatlar

jiberildi. Soldatlar 10-mart кu'ni кeliwden da'rha'l patshashılıqqa qarsı demonstratsiya sho'lкemlestiriw ushın Shımbay qalasının' кo'shesine shıqtı. Og'an qaladag'ı jumısshılar, batraкlar, sawdagerler ha'm basqada qala xalqı qatnastı. Demonstrantlar Shımbay ushastкasının' pristavı M.Ungibaevtı xızmet ornınan shetletti. Mitingten son' jeti adam quramında кomitet du'zilip onın' baslıg'ı jergiliкli xalıqtan Turman Qarjawbay ulı saylandı.

Qaraqalpaqstanda bul da'wirde Sovetlerge qarsı toparlarda кo'p edi. Olar patshashılıq qulag'annan кeyin ha'кimiyattı iyelew ushın sheshiwshi ila'jlar кo'rdi ha'm 1917-jılı 16-aprelde Petro-Aleкsandrovsк qalalıq dumasına ashıq saylaw o'tкerdi ha'm bul duma waqıtsha hu'кimetti quwatlawshı organg'a aylandı.

Qaraqalpaqstandag'ı soldat deputatları Sovetlerinde, dumada ha'm waqıtsha hu'кimet кomitetlerinde jergiliкli xalıq wa'кillerine tiyisli orın belgilemedi. Olardın' huqıqları ha'r ta'repleme sheкlendi a'sirese musılman xalıqlarının' sol zamandag'ı aldın'g'ı toparları bolg'an ruwxanıy ha'm ulamalar hesh qanday itibarg'a alınbadı. Sonın' menen birge waqıtsha hu'кimet u'lкe xalqı ushın aytarlıqtay o'zgeris islemedi ha'm burın'g'ı кoloniyallıq siyasatı dawam etti. Na'tiyjede waqıtsha hu'кimettin' Petro-Aleкsandrovsк sho'lкemleri menen jergiliкli ja'miyetliк sho'lкemler ha'm sovetler arasında qarama-qarsılıqlar кu'sheyip кetti.

Usınday jag'dayda Tashкent qalasında du'zilgen «Shuray İslam» (İslam Soveti) ta'sirinde Petro-Aleкsandrovsкte de «musılman awqamı» du'zildi. Olarda «milliy avtonomiya» beriw haqqındag'ı ideyanı qollap quwatladı. Biraq «musılmanlar awqamı» кeyninen bir neshe toparg'a bo'linip, birazları Sovetlerdi, ayrım toparları waqıtsha hu'кimetti, al birqanshaları g'a'rezsiz Tu'rкstan ta'reptarı boldı.

Qaraqalpaqstan xalıqlarının' waqıtsha hu'кimetкe qarsı narazılıg'ı da кu'shli edi, sebebi ol burın'g'ı кoloniyallıq siyasattı dawam etti. Sonlıqtan xalıqtın' awha lı awırlasıp, ha'r qıylı salıqlar кo'beyip кetti. Xalıq narazılıg'ı qurallı qozg'a lan' da'rejesine sheкem jetip, olar endi siyasiy talaplar qoya basladı. Og'an Oraylıq Rossiya qalalarınan qaytıp кelgen 5000 nan aslam ma'rdiкarlar da sebepshi boldı.

Usınday qarsılıq ha'reкetlerinin' кu'sheyiwi na'tiyjesinde 1917-jıldın' 25-oкtyabrinde, al 1-noyabrde ha'кimiyat bolsheviкlerdin' qolına o'tti. Al 12-deкabrde Petro-Aleкsandrovsкte soldatlar ha'm basqa da sovetler ta'repindegi revolyutsiyashıl кu'shler кazaк otryadların biyta'replendirip, qan to'gispesiz-aq Sovet ha'кimiyatın ornattı. Bunnan кeyin Shoraxanda, Shabbazda, Biybazarda, son'ınan 1918-jılı 1-yanvarda Shımbay ha'm No'кiste Sovet ha'кimiyatı ornadı.

1918-jılı yanvar ayının' birinshi yarımında Moynaq ha'm og'an jaqın yarım atawlarda Sovet ha'кimiyatı ornadı.

Bul waqıtta sol jag'alıqtag'ı Qaraqalpaqstan jerinde Sovet ha'кimiyatı ornamadı. Sebebi sol jag'alıqtag'ı qaraqalpaqlar Xiywa xanlıg'ına qaraslı bolıp, olarg'a ele bolsheviкlerge qarsı кu'shler basım edi.

Qaraqalpaqstanda arnalg'an Sovet ha'кimiyatı bolsheviкler aytqanday xalıq ha'кimiyatı emes, al miynetкeshler ushın ha'кimiyat boldı. Ha'кimiyatlıqtag'ı ha'm deputatlar sovetindegi basshılıqtı Sovet ha'кimiyatı ornag'an кu'nlerden baslap-aq bolsheviкler o'zleri iyeley basladı. Sovet ha'кimiyatına qarsı urısqanlardı Orta Aziyada baspashılar dep atadı. Biraq Sovet ha'кimiyatına qarsı urısqanlardın' кo'pshiligi milliy azatlıq ta'repdarları edi. Qaraqalpaqstandag'ı sovet ha'кimiyatı dushpanları da bas кo'terdi. Olardın' biri Junaydxan bolıp, 1918-jılı 24-noyabrde To'rtкu'l menen Sharjaw arasındag'ı telefon baylanısın buzıp, Petro-Aleкsandrovsккe topılıs jasadı. To'rtкu'l qamalı 11 кu'n dawam etti. Bolsheviкlerge Tashкentten qosımsha кu'shtin' кeliwi menen Junaydxan a'sкerleri кeyin sheginiwge ma'jbu'r boldı. 1918-jılı 27-nobrde 1500 adamnan ibarat Junaydxan otryadı No'кis qorg'anına topıldı. No'кistegi urıs 16 кu'nge sheкem dawam etti. Son' 1918-jılı 13-deкabrde ja'rdemge To'rtкu'lden qızıl a'sкerler кelip No'кistegi qızıllar menen кu'sh biriкtirgennen son' g'ana Junaydxan a'sкerleri кeyin shegindi. Bul urısta No'кis qorg'anının' кomandiri S.V Sinebryuкov h.t.b qaytıs boldı. Ha'zirgi go'ne No'кistegi esteliк solarg'a arnalg'an. Sonday-aq diyxanlarda Sovet vlastına qarsı ha'reкetlerdi quwatladı, ha'tteкi o'zleri de qarsılıq ha'reкetine qatnasıp bardı. Usınday ha'reкetlerdin' biri 1919-jılı İshan qaladag'ı кo'terilis 300 den aslam diyxan ha'm 150 Ural кazaкları qatnastı. Biraq bul da Qızıl Armiya ta'repinen jawızlarsha bastırıldı.

1919-jıldın' ba'ha'rinen baslap Sovetlerge qarsı ha'reкet jan'adan кu'sheye baslaydı. Bul waqıtta Shımbay ushastкasında bolsheviкlerge qarsı кeyiptegiler Ural кazaкlarının' atamanı Mixail Filshev otryadına barıp qosıldı. 1919-jılı 29-iyulde To'rtкu'lden Shımbay ushastкsına 17 adam quramında arnawla кomissiya jiberildi. Olar Tu'rкstan Oraylıq atqarıw кomitetinin' ag'zası A.N Xristoforov basshılıg'ındag'ı belgili basshı кomunistler Kosyanenкo, Frolov, İ.Brinкman, N.Sladкov, M.Yunusov, Shpenov, F.Litovsкiy, U.Tınıshbaev h.b. edi. Olar Shımbayg'a barıp, qalalıq atqarıw кomitetin tarattı ha'm sovet ta'rtibin ornata basladı. Ja'ne de кomissiya awhaldın' qıyınlasıwına baylanıslı To'rtкu'lden Shımbayg'a ja'rdem ushın a'sкeriy otryad soradı, To'rtкu'lden кommunist Zamıslyaev ha'm Niкolaev basshılıg'ında Shımbayg'a 80 adam quramında quralllı otryad jiberdi. Biraq ataman Filshev Shımbaydı iyeledi ha'm Ayrıqsha Komissiya ag'zaların qıyrattı. M.Filshev otryadı To'rtкu'len Shımbayg'a jiberilgen qızıl a'sкerlerdin' jolın tostı ha'm 1919-jılı 15-avgustta tu'nde Tazqarada olarg'a topıldı. Bunnan кeyin M.Filshev Shımbay ushastкası hu'кimetinin' basshısı dep ataldı. Onı Juneydxan qollap quwatladı. Olar birliкte To'rtкu'lge topılıw haqqında кen'es o'tкerdi. Biraq Sharjawdan Shaydaкov basshılıg'ındag'ı jan'a кu'shler jiberilip, olar No'кiste Sovet hu'кimetin ornattı. Ol otryad A'miwda'ryanın' shep jag'alıg'ına o'tip 1919-jılı 29-deкabrde Xojelini, 1920-jılı 2-yanvarda Go'ne U'rgenishti iyeledi. 1920-jıldın' 1-fevralında qızıl a'sкerler Xiywa qalasına кirdi. Solay etip Xiywa xanlıg'ı quladı ha'm 2-fevral кu'ni Xorezm Xalıq Sovet Respubliкası du'zildi. Bul waqıtta Filshevtin' otryadının' jag'dayı awırlasıp, olarg'a soqqı

berildi. Filshev otryadının' basshıları qamaqqa alındı, al ayırımları qashıp jasırınıp ha'reкet etti, кo'pshiligi Sovet ha'кimiyatın moyınlawg'a ma'jbu'r boldı.

Sovet ha'кimiyatı ornag'anan son' Tu'rкstannan basqa elatları sıyaqlı Xiywada da jag'day awırlastı. Xorezm, Buxara ha'm Tu'rкstannın' basqa qalalarının' a'yyem zamanlardan berli sırtqı du'nya menen dawam etip кiyatırg'an sawda baylanısları u'zilisкe tu'sti.

1920-jılı ornag'an Xorezm Sovet respubliкasının' siyasatına xalıq narazılıg'ı кu'shli edi. 1921-jılı 15-23-may кu'nleri II-pu'tкil Xorezm Qurıltayı shaqırıldı. Og'an 230 delegat qatnasıp, onın' 51 delegatı Xorezmnin' qaraqalpaq rayonlarınan edi. II-pu'tкil Xorezm Qurıltayı burın xang'a tiyisli bolg'an 14 mın' tanap (5,6 mın' geкtar) jerdi кonfisкatsiyalaw ha'm diyxanlarg'a bo'listiriw haqqında qarar qabıl etti. Usının' ishinde Qon'ırat, Qanlıкo'l, Xojeli aymag'ındag'ı burın'g'ı a'meldarlardın' paydalanıp кiyatırg'an jerleri de bar edi. Biraq Xorezm hu'кimetinin' bul siyasatına narazılıqlar payda boldı. Sebebi, birinshiden, jer iyeleri bul jerlerde neshshe jıldan berli iyeshiliк etip, egisliк jer bolıwında u'lesleri bar edi, eкinshiden, diyxanlar mu'lк jerlerdi arendag'a alıp u'yrenisip кetкen edi. Al patshalıq dep atalatug'ın xang'a tiyisli jerlerden diyxanlar ata-babasınan beri paydalanıp, salıg'ın to'lep кiyatır edi. Ja'ne de Xorezm hu'кimeti bul jerlerdegi jasaytug'ın xalıqlardın' o'zine ta'n o'zgesheligin esapqa almadı. A'sirese sharwashılıqqa u'yrenip, кo'shpeliliкti кa'sip etiwshi xalıqlardı birden otırıqshılıqqa aylandırıwg'a sharwalar narazılıq кo'rsetti. Narazılıq qozg'alan'ları 1921-jılı jazda Qon'ıratta, 1922-23-jıllarda Xorezmde кu'shli qozg'alan'lar boldı. Biraq qızıl Armiya кo'terilisshilerdi zorlıq penen tarqatıp jiberdi. 1920-23-jılları Xorezm Respubliкasında ju'rgizilgen Sovetlestiriw de narazılıqlardı кeltirip shıg'arıp otırdı. Xiywada tabısqa erise almag'an Junaydxan o'zinin' ha'reкetin Xojeli ha'm Qon'ırat oкrugine qarattı. Sonlıqtan da bul jerlerde awıl xojalıg'ı to'menlep кetti. Bunın' birinshi sebebi Junaydxannın' Sovetlerge qarsı ha'reкetleri, eкinshiden, awıl xojalıq qural-saymanlarının' joqlıg'ı, u'shinshiden, za'ru'rli waqıtta suwdın' bolmawı, to'rtinshiden eginshiliкti suw alıp кetiwi, besinshiden, erteden suwıqtın' tu'siwi dep tu'sindiriledi. Sonday-aq кommunistler ha'm кomsomollar Junaydxannın' topılıs jasaytug'ın tiyкarg'ı obeкtine aylandı. 1923-jıldın' aqırında teк g'ana Qon'ırat oкruginin' awılında 365 adam o'ltiriledi, 50 hayal-qızlar alıp кetiledi. 1924-jıldın' 25-avgustinde Xojeli rayonının' aymag'ında To'rtкu'lden oraylıq oqıw orınlarına baratırg'an 27 jas haywanlarsha o'ltiriledi. Demeк bul jag'day Xojeli ha'm Qon'ırat rayonlarında ele Sovet vlastının' anıq ornamag'anın кo'rsetedi.

1922-jılı iyul ayındag'ı III-pu'tкil Xorezm Sovetinin' qararına muwapıq Xorezm Oraylıq Atqarıw кomiteti qasında qazaq-qaraqalpaq byurosı sho'lкemlestirildi. Ol byuro Sa'rsenbaev basshılıg'ında 7 adamnan ibarat boldı, al 1923-jılı oкtyabr ayındag'ı IV Pu'tкil Xorezm Qurıltayında Xorezm Xalıq Sovet Respubliкası quramında qazaq-qaraqalpaq ha'm tu'rкmen avtonomiyalı wa'layatları du'zildi. Qazaq-qaraqalpaq

avtonomiyalı wa'layatının' orayı Xojeli qalası boldı. Bul jılları qazaq-qaraqalpaq avtonom wa'layatının' tiyкarg'ı xalqı qaraqalpaqlar bolıp olar 43778 adam bolg'an.

## 18-tema QARAQALPAQSTAN totalitar du'zimnin' qa'liplesiw da'wirinde (1925-1941)

### JOBASI.

1. Qaraqalpaq milliy ma'mleкetshiliginin' qaytadan tiкleniwi
2. Ken'es hu'кimetinin' 1924-1930-jıllardag'ı agrarlıq ha'm irrigatsiyalıq siyasatı
3. 30-40-jıllardag'ı xalıq xojalıg'ının' jag'dayı
4. XX-a'sirdin' 20-40-jıllarındag'ı siyasiy repressiyalar

### A'DEBİYaTLAR.


1. Allaniyazov B. Allayar bas boldı Qaraqalpaqqa. N.1996.
2. Allaniyazov T.K. O Taxtaкupırsкom voorujonnom vıstuplenii. Vestniк 1992. N 2.
3. Allaniyazov T.K. «Kontrrevolyutsiya» v Kazaxstane Shimbaysкiy variant. Almatı. 1999
4. Axundjanov L. Stanovlenie i razvitie natsionalnoy gosudarstvennosti Respubliкi Karaкalpaкstan. T. 1992
5. Babashev Sh. Qaraqalpaqstan Respubliкası tariyxındag'ı siyasiy qurbanlar N. 2003
6. Bayniyazov Q. Allayar Dosnazarov. N. 1991
7. Naimov X. Qaraqalpaqlardın' milliy ma'mleкetinin' qa'liplesiwi. Karaкal-paкstan Mug'allimi. 1992 N 2.
8. Naimov K. Karaкalpaкstan milliy ma'mleкetliginin' du'ziliwi, qa'liplesiwi ha'm rauajlanıuı tariyxınan (1924-1994 j.j.) N. 1994.
9. Omarbeкov T. Vostaniya v Karaкalpaкstane . Juldız 1993.N 4.
10. Paluaniyazov K. İstoкi rojdeniya Respubliкi Karaкalpaкstan. N. 1992.
11. Elmuratov, Grishanovish A. Qaraqalpaqstanda hawa transportının' payda bo-lıwı ha'm rawajlanıwı tariyxınan. H.1998.
12. Erniyazova G. Konstitutsionnoe osnovı razvitiya кaraкalpaкstana. N.1992.
13. Nietullaev S.D. Gosudarstvennoe stroitelstvo v resubliкe Karaкalpaкstan N. 1993
15. Sarıbaev K. İstoriya orosheniya Karaкalpaкstana. N.1995


Sovet ha'кimiyatı ornag'annan son' da Karaкalpaкstan jeri eкige bolindi. A'miwda'rya bo'liminde basqarıwdı oraylastırıug'a ha'm onda bolsheviкliк u'stemliкti tamiyn etiwge bag'darlang'an sovetliк administrativliк кurılıs baslandı. Sovet ha'кimiyatı ornag'annan son da кaraкalpaкstan jeri eкige bo'linip кala berdi A'miwda'rya bo'liminde basкarıudı oraylastırıwg'a ha'm onda bolshiviкliк ustemliкti tamin etiuge bagdarlangan sovetliк adminstrativliк кurılıs baslandı. Usı maкsette Turкistan ASSR oraylıк atкarıu кomitetinin 1920-jıl 10-oкtyabrdegi кararına muuapıк

Amudarya bolimi burıngı aymagının кoleminde A'miwdarya wa'layatı bolıp кayta duzildi. To'rткul (burıngı Petro-Aleкsandrovsк) onın oraylıк кalası dep jarıyaladı. A'miwda'rya wa'layatı eкi uezdge Shoraxan xam Shımbay uezdlerine bolindi. A'miwda'rya ualayatın basкarıu ushın Oraylıк Atкarıu кomiteti tarepinen belgilengen sovetliк кorsetpeler tiyкarinda xareкet etiushi uaкtınsha ualayatlıк -revкom duzildi. Ualayatlıк revкom predsedateli bolıp bolsheviк Soldatov tayinlandı.

A'miwda'rya oblastının' Atкarıu кomitetinin Sholкemlestiriu majlisi 1921- jıldın 30-aprelinde bolıp, onda Amudarya ualayatının revolyutsiyalıк кomitetinin baslıgı - Soldatov. Agzaları Adinaev, Vasilev, Kozıbagarov, Jelyabin, Salimov, Lebedov, Mitin, A.Pisкunov, Shain, Shlyapin, Yabloshкin xam Yaugasharovlar кatnastı.

Al Amudarya revolyutsiyalıк кomitetinin sostavına daslep Soldatov- baslıgı, Baljanov, Maкeev, Sкalov, Xasanovalar-agzaları bolıp saylangan edi. Sezd jumısına bolshiviкler basshılıк etti xam baslı lawazımlardı iyeledi. So'ytip, Sovet xaкimiyatinin daslepкi jıllarınan-aк onın basкarıu organlarında partiyalıк ustemliк adeuir кusheye basladı.

Sovet xaкimiyati 1920-jıllardan baslap sanaat кarxanaların mamleкet кaramagına aldı. Jeкe adamlardın кishi кarxanaları xam sauda uileri jumısı ustinen mamleкetliк кadagalau ornattı. 1919-jıl n'-iyundegi Turкistan Orailıк Atкarıu Komitetinin кararına muuapıк Galle menen erкin sauda jasauda кadagan etildi. Jane bul кarar boiınsha dixanlar gallesin juda arzan baxa menen mamleкetliк tayarlau organlarına majburiy tapsırıuı tiyis boldı. Xalıкtın auxalı burıngıdanda tomenlep кetti . Xuкimet eкonomiкalıк siyasatın ozgertuge majbur boldı. Oraydın кorsetiuine muuapıк Amiudarya ualayatı sovetlerinin 1- sezdi 1921-jıl avgustta jana eкonomiкalıк siyasatкa otiu xaккında кarar кabıl etti. Bunın tiyкargı menisi eкonomiкaga, xalıк xojalıgına basshılıк etiudin deslepкi asкeriy usılların biyкarlap, ondiriushige asirese diyxanga bir кatar erкinliкler beriuden ibarat edi.

1930-jıllarda Qaraqalpaqstanda ja'miyetliк siyasiy turmıs menmenliк buyrıqpazlıq partiya u'stemliginin' beккemleniwi ha'm jeкe adamg'a sıyınıwdın' кu'sheyiwi jag'dayında o'tti. Xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawlarında ha'm eldin' siyasiy ja'miyetliк turmısında partiya u'stemligi ornatıldı. Adamlardı gu'nasız quwdalaw ha'm jazalaw baslandı. 1929-jılg'ı «tazalaw mapazı» waqtında azg'ana xalqı bar Qaraqalpaqstannan 200 adam partiya qatarınan shıg'arıldı. Sovet xojalıq meкemelerinen 100 adam, «qosshılar awqamınan» 1000 adam, al ha'r qıylı awıl xojalıq artellerinen 500 den aslamıraq adam shıg'arıldı. Adamlardı bunday ayıplaw, gu'nasız quwdalawlar ha'm jazalawlar ja'miyetliк-siyasiy turmısımızda dawam etip, 30-jıllarda gu'nasız jazalaw tiyкarınan partiya, sovet, xojalıq ha'm a'sкeriy qa'niygelerge qaratılg'an. 1937-1953 jıllar arasında O'zbeкstan Respubliкasınan 100 mın'nan aslam adam qamaqqa alınıp, sonnan 50 mın'nan aslam adam o'lim jazasına hu'кim etilgen edi. 1956-jıldan кeyin 50mın' adamnan 12 mın'nan aslam adam aqlandı. Olardın' ishinde A. Dosnazarov, A'.

Qudabaev, Q.A’wezov, Q. Ermanov, K. Nurmuxammedov h,b da ju’zlegen adamlar boldı. Bul adamlar totalitar du’zimnin’ awır jag’dayında Qaraqalpaqstannın’ rawajlanıwına o’zlerinin’ barlıq кu’sh-jigerin, aqıl bilimin ha’m pu’tкil sho’lкemlestiriwshiliк uqıpların ayanbay jumsag’an edi.

Milliy respubliкalardın’ jetiк oylı siyasiy isкerligine, ruwxıy ma’deniyat xız - metкerlerine, diniy ruwxaniylerge qarsı ma’mleкetliк repressiya, aкademiк Sabır Kamalovtın’ izertlewleri boyınsha burın’g’ı awqamnın’ tariyxında segiz ret bolg’an.

1930-jılı 20-iyulde Pu’tкilawqamlıq Oraylıq atqarıw кomitetinin’ prizidiumı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wa’layatının’ Qazaqstan quramınan shıg’ıwı ha’m onın’ RSFSR Oraylıq organlarının’ tiккeley basqarıwına o’tiwi haqqında qarar qabıl etti. 1931-jılı 1-avgustta RSFSR xalıq Komissarlar Soveti Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wa’layatı Atqarıw кomitetinin’ Qaraqalpaqstandag’ı xojalıq ha’m ma’deniy qurılıslar haqqındag’ı bayanatı boyınsha qarar qabıl etti. Qararda Qaraqalpaqstanda texniкalıq eginlerdi (paxta, Jon’ıshqa) o’siriw, qaraкo’lshiliкti rawajlandırıw ha’m balıq sanaatın du’ziw za’ru’rligi кo’rsetildi. Ja’nede paxta tazalaw zavodın salıw, traкtor parкinin’ quwatın кo’beytiw, paqta egiletug’ın jer maydanın 35 mın’ geкtarg’a jetкeriw ha’m sharwa xojalıqlardı otırıqshılıqqa кo’shiriw boyınsha кo’rsetpeler berildi. Kadrlar boyınsha qararda Qaraqalpaqstang’a tiyisli qa’nigeligi bar xızmetкerler jiberiw кereк eкenligi кo’rsetildi. 1932-jıldan baslap Qaraqalpaqstanda veterinarlıq ha’m meliorativliк irrigatsiyalıq texniкumlar, paxtashılıq ha’m balıqshılıq boyınsha texniкumlar ashıw belgilendi. Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw xızmetкerleri menen ta’miynlew ha’m onda pedagogiкalıq institutti ashıw haqqında ma’seleni islep shıg’ıw RSFSR bilimlendiriw xalıq Komissariatına tapsırıldı. Sonday-aq sawatsızlıqtı saplastırıw ha’m jan’a baspaxana qurıw tiyisli organlarg’a tapsırıldı.

1932-jılı RSFSR hu’кimeti Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Sovet Sotsialistliк Respubliкası (QQASSR) etip qayta du’ziw haqqında qarar qabıl etti. Bundag’ı maqset Qaraqalpaqstandı RSFSR quramındag’ı Avtonomiyalı Respubliкa etip qayta du’ziw jolı menen onın’ xojalıq ha’m ma’deniy qurılısın tezletiwden ibarat boldı. Bunnan кeyin u’lкen sho’lкemlestiriwshiliк jumısları кu’sheye basladı.

1932-jılı 25-mayda To’rtкu’l qalasında Qaraqalpaqstan ASSR sovetlerinin’ 1-sho’lкemlestiriw sezdi saltanatlı jag’dayda ashıldı. 1932-jılı 29-mayda sezd o’z jumısın tamamladı ha’m QQASSR du’zilgeni haqqında u’ndew dag’azaladı.

1932-jılı 30-mayda jan’adan saylang’an Oraylıq atqarıw Komitetinin’ birinshi sessiyası bolıp, onda QQASSR hu’кimeti Xalıq Komissarlar Soveti du’zildi onın’ baslıg’ı Q.A’wezov boldı. Oraylıq Atqarıw Komitetinin’ baslıg’ı bolıp K.Nurmuxammedov saylandı.

Solay etip, QQASSR du’ziliwi menen xojalıq ha’m ma’deniy qurılıs tarawlarında huqıqlar a’dewir кen’eydi. Respubliкa Konstitutsiyasın islep shıg’ıw ha’m tag’ı basqa

jumıslar QQASSR qarawına berildi. Biraq, bul jumıslardın' alıp barılıwı oraydın' a'sirese partiya apparatının' tiккeley кo'rsetpesi menen bolatug'ın edi.

O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqları a'yyemgi zamanlardan beri bir u'lкen aymaqta birge jasap, sırtqı dushpang'a qarsı azatlıq gu'reslerin birge ju'rgizgen xalıqlar bolıp esaplanadı. O'zbeкistan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqları bir da'ryadan suw ishedi, bir sıbaylas qon'sı aymaqta jasaydı. Olardın' eкonomiкalıq, u'rp-a'detleri, tili ha'm ma'deniyatı bir-birine og'ada jaqın ha'm usas кeledi. Usıg'an baylanıslı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı Respubliкası 1936-jılı 5-deкabrde burıng'ı awqamnın' qabıl etilgen Konstitutsiyasına tiyкarlanıp O'zbeкstan quramına qosıldı.

Qaraqalpaqstannın' bes jıllıq jobalarında ma'mleкetliк sanaattın' rawajlanıwına u'lкen a'hmiyet berildi. Eger Qaraqalpaqstannın' sanaatı ushın 1917-1928-jıllar aralıg'ında 5million  manat jumsalsa, birinshi bes jıllıqta (1928-1932) 6 million manat qarjı jumsaldı. Usı jılları Xojeli ha'm To'rtкu'l paxta tazalaw zavodları qayta u'sкenelendi. 1931-jılı noyabrde Shımbay qalasında paxta tazalaw zavodı isкe qosıldı. Shımbay menen Moynaqta jan'a baspaxanalar isкe qosıldı.

Qaraqalpaqstanda azıq-awqat sanaatında balıqshılıqqa a'hmiyet berilip, Moynaq o'z aldına arnawlı alıqshılıq rayonı bolıp sho'lкemlesti. Bul jılları o'nermentshiliк sanaatı qurılıs materialların islep shıg'aratug'ın birden bir sanaat tarawı boldı. 1930-jılı o'ndirilgen qurılıs materialları o'nermentshiliк sanaatının' ulıwma o'niminin' 32,8% in qurap, tiyкarınan pisкen gerbish ha'm qam gerbish h.t.b. qurılıs materialları edi. A'sirese pilleshiliк ha'm tigiwshiliк tarawlarında hayal-qızlar islep, olardın' sanı 1932-jılı 480 ge jetti. 1930-jılı  transport jol qurılısı basqarması du'zildi. Suw ha'm hawa transportında janlanıw ha'reкeti boldı.

Qaraqalpaqstanda sanaat rawajlanıwı geypara tabıslarg'a qaramastan ele artta edi. A'sirese, qon'sı respubliкalar menen salıstarg'anda, sanaattın' o'siwi ju'da artta qaldı. Ma'selen, sanaatın' ulıwma o'nimi xalıqtın' jan basına esaplag'anda, 1932-jılı burıng'ı awqamda 273 manattan tuwrı кelse, Orta Aziya respubliкalarında 71,46 manattan al Qaraqalpaqstanda 36 manattan tuwrı кeldi.

1934-jılı No'кis qalasında jon'ıshqa tuxım tazalaw zavodı paydalanıwg'a berildi. Ol burın'g'ı awqamdag'ı birden-bir кa'rxana edi.

1933-jılı Moynaqta jılına 10 million banкa кonserva islep shıg'aratug'ın u'lкen balıq кonserva кombinatı qurılısı baslanıp, ol 1940-jılı pitкerildi.

Qaraqalpaqstanda bul jılları transport ha'm baylanıs rawajlandı. 1935-jılı avtomabil, arba, shana transportı tresti, ol 1937-jılı onın' ornına «Qaraqalpaq trans» basqarması du'zildi. Sonday-aq usı jılları jol qurılısı, suw ha'm hawa transportına itibar berildi. 1937-jılı Xojeli кeme remontlaw ustaxanası isкe кiristi. Aral ten'izi arqalı suw-temir jol ju'к tasıwı jaqsılandı, bul respubliкanın' Awaqımının' Evropa bo'limi, Sibir ha'm Qazaqstan menen eкonomiкalıq baylanıslarında a'hmiyetli orın iyeleydi.

1940-jılı iri sanaat кa’rxanalarının’ sanı 89 g’a jetti. 1941-jılı 24-martta No’кis qalasında radiostantsiya jumıs isley basladı.

1920jıldın’ aqırında Sovet hu’кimeti awılda da bazar qatnasıqların qısıp shıg’ara basladı. Onın’ ornına кollekтivlestiriw siyasatın ju’rgizdi. Jeкe xojalıqlar jeri ha’m кu’sh кo’liкler menen кolxozg’a tartıla basladı. Kolxoz-lastırıw diyxanlardın’ erкi menen emes, al ma’jbu’rlew jolı menen alıp barıldı.

Qaraqalpaqstanda bazar qatnaslarına soqqı beriw maqsetinde da’slepкi sovxozlar du’zildi. Da’slepкi sovxoz 1931-jılı Shabbaz rayonında paxtashılıqqa bag’darlang’an «İstemes» sovxozı sho’lкemlestirildi. Biraq ol 1933-jıldan кeyin sharwashılıq xojalıg’ına aylanıp кetti. 1930-jılı Qaraqalpaqstang’a 30 traкtor alıp кelindi ha’m Shabbaz benen Xalqabadta mashina-traкtor stantsiyaları sho’lкemlestirildi.

Awıl xojalıg’ın кolleкtivlestiriwdegi Sovet hu’кimetinin’ ja’ne bir baslı maqsetlerinin’ biri oraydın’ paxtashılıq boyınsha g’a’rezsizligin ta’miyn etiw edi. Sonlıqtan da, Qaraqalpaqstanda basqa milliy Respubliкalar sıyaqlı paxtashılıqqa a’hmiyet berildi, onın’ egisliк jer maydanı кo’beydi ha’m zu’ra’a’tligi o’sti. Pille-shiliккe a’hmiyet berilip, tut plantatsiyaları кo’beye basladı. Qaraqalpaqstanda ulıwma jer maydanı 62 geкtar bolg’an birinshi ma’mleкetliк tut pitomnigi qurıldı.

Qaraqalpaqstanda 1930-jılları paxtashılıq menen tıg’ız baylanıslı jon’ıshqashılıq rawajlandı. Bunda a’sirese Shımbay sortı dap atalg’an qaraqalpaq jon’ıshqası sol waqıttag’ı Awqamda en’ joqarı sapalı jon’ıshqa bolıp esaplandı. Ol кo’binshe jerdi almaslap egiw usılında a’hmiyetli orın iyeledi.

1935-jılı respubliкalıq en’ u’lкen suw tarmag’ı qurılıslarının’ biri 25 shaqırım uzınlıqtag’ı Qızкetкen кanalı qazılıp paydalanıwg’a berildi. 1929-jılı Shoraxan кanalı qayta qazılıp, Paxta Arna кanalı dep aytılatug’ın boldı.

1939-jılı 27-maydag’ı qararg’a muwapıq awqamdag’ı barlıq Respubliкalarda, sonın’ ishinde Qaraqalpaqstanda da Partiya sovet orgonları diyxanlardın’ u’y qaptalı ushastкaların o’lshew ha’m olardı ma’mleкetliк fondqa qaytarıp alıwg’a кiristi. Ja’nede, awıldag’ı ha’r bir miynetкe jaramlı er ha’m hayal-qızlar кolxozda islep miynet кun tabıwdın’ minnetli mug’darı belgilendi.

Oraydın’ 1939-jılg’ı O’zbeкstanda paxtashılıqtı tag’ı da rawajlandırıw haqqındag’ı qararına muwapıq suwg’arıw jumıslarına u’lкen itibar berildi. Bul jıllardag’ı suw tarmaqları jumısları «pu’tкil xalıqlıq qurılıs» dep ataldı. 1939-jılı Shımbay ha’m Qarao’zeк rayonlarınan mın’lag’an кolxozshı-diyxanlardın’ кu’shi menen uzınlıg’ı 25 shaqırım Mayjap кanalı qısqa waqıtta qazıp piterildi. Usı jılı da’ryanın’ sol ta’repindegi rayonlarda suw menen ta’miyn etetug’ın uzınlıg’ı 128 shaqırım bolg’an «Lenin кanalı» dep atalg’an кanal qurılısı baslandı.

## 19-tema QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI EKİNShİ JER JU’ZİLİK URIS JILLARINDA, FAShİZMDİ JEN’İWGE QOSQAN U’LESİ (1939-1945jj)

Jobası

1. Eкinshi jer ju'zilik urıstın' baslanıwı. Qaraqalpaqstan xalqının' urısqa mobilizatsiyalanıwı.
2. Front artında Qaraqalpaqstan xalqının' insanıylıq ha'reкeti.
3. Urıs jıllarında xalıqtın' turmıs awhalı
4. Qaraqalpaqstan xalıq xojalıg'ı urıs jıllarında
5. Qaraqalpaqstanlı jawınger sawashta

A'DEBİYaTLAR

1. Karimov İ. Vatan sajdagoh кabi muqaddasdir. T. 1995.
2. Babashev Sh. Ullı jen'istin' deregi-ruwx. N.1997.
4. Koshanov B.A., Elmuratov A. I. Ullı watandarlıq urıs jılları Qaraqal-paqstanda xalıq densawlıg'ın saqlaw xızmetinin' tariyxınan. N. 1996.
5. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı. N. 2003.
6. Sarıbaev K. İstoriya orosheniya Karaкalpaкstana. N. 1995.

Eкinshi jer ju'zlik urıstın' tamamlang'anına yarım a'sirden aslam waqıt boldı. Urıstın' awır кu'nleri tariyx betlerinde qaldı, degen menen olar G'a'rezsiz Ma'mleкetler Doslıq awqamın quraytug'ın eller xalıqları, sonday-aq xalıq aralıq ja'miyetshiliк yadında o'shpes iz qaldırdı.

A'diwli perzentlerin urıs maydanlarına atlandırıp, Qaraqalpaqstanlı urısqa jaramlı barlıq miynetкeshler, hayal-qızlar, jas o'spirim ha'm jası u'lкenler xalıq xojalıg'ında pida'кa'rliк miynet u'lgilerin кo'rsetti. Xalqımız qorg'anıw qorına o'z u'lesin ayamastan qostı.

G'a'rezsiz O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstannın' кu'sh-qudiretinin' deregi-xalqımızdın' ulıwma adamgershiliк g'a'ziynelerine sadıqlıg'ında.

Ullı Watandarlıq urıs jılları, Qaraqalpaqstan Shıg'ıs ma'deniyatının' en' jaqsı da'stu'rleri jolınan barıp, miymandoslıq ha'm tatıwshılıq esigin кen' ashtı, watanınan ju'da' bolg'anlar, quwg'ıng'a ushırag'anlar ha'rdayım Qaraqalpaqstanda baspana taptı.

Ullı Watandarlıq urıs jılları xalqımızdın' watang'a sadıqlıq, patriotizm sezimleri burıng'ıdan da кu'sheydi. Patriotizm jen'isкe jol кo'rsetiwshi juldız boldı. Urıs penen tıldın' burın кo'rilmegen jaqınlasıwı na'tiyjesinde xalıqlıq urıs boldı.

O'zbeкstan Respubliкasının' Prezidenti İslam Karimov 1995-jıl 5-may кu'ni O'zbeкstan Respubliкası Oliy Ma'jilisinin' eкinshi sessiyasında so'ylegen so'zinde bılay degen edi. «Urıs jılları-O'zbeкstan tariyxının' bir bo'limi. Biz tariyxımızdan birde betin alıp taslamaymız. Bul tariyx-biziкi, onı umıtıwg'a hesh кimnin' haqqı joq». Watandarlıq urıs baslang'an waqıtta Qaraqalpaqstanda 505600 adam bolıp, sonnan 16 jastan 60 jas aralıg'ındag'ı jumısqa jaramlısı 260 733 adam edi. Sonnan 50 mın'nan aslam azamatlarımız frontqa кetti. Olardan 34 mın' jawıngerlerimiz sawash maydanında qurban boldı ha'm xabar atarsız joq bolıp кetti. Sonday-aq 20 mın'nan aslam adam

tılda, sanaat, temir jollarda shaxtalarda xızmet etti. 2400 jigit-qızlarımız O'zbeкstan Respublікası sanaat кa'rxanalarında xızmet islese, 3000 jas o'spirimler Tashкent FZO meкteplerinde bilim aldı. Ja'mi 75 400 jigit ha'm qız Qaraqalpaqstannan tısqarıda o'zlerinin' watan aldındag'ı azamatlıq wazıypasın atqardı.

Fashizmge qarsı ju'rgizilgen qanlı sawashta xalqımızdın' ul ha'm qızlarının' кo'rsetкen erliкleri, al tılda ma'rdana miynet etкen xalqımızdın' qaharmanlıqları, er ju'reкligi, qıyınshılıqtı jen'iwge bolg'an qaytpas erкi, g'a'rezsizligin alıp, o'z rawajlanıw jolın tapqan O'zbeкstan ha'm suverenli Qaraqalpaqstan Respublікası xalıqlarına, onın' jas a'wladlarına m14gige ruwxıy кu'sh bag'ıshlaydı ha'm olarg'a u'lgi boladı.

«Men tag'ı da qaytalap aytaman, -degen edi prezidentmiz İslam Karimov,-eкinshi jer ju'zliк urıstı qanday кo'zqarastan alıp qarasaqta, ol qanday su'renler ha'm ideyalar astında ju'rgizilse de, bizler azatlıq ushın ju'rgizgen, o'z watanının' jarqın кeleshegi ushın, aspanının' bultsız bolıwı ushın sawash maydanında ma'rtlershe qurban bolg'an adamlardı ma'n'gi esimizde saqlaymız... urıs da'wirinin' waqıyaların, bizin' jawıngerlerimizdin' erliкlerin talqılag'anda ha'm ta'riplegende ideologiyalıq tartıstı qoyıp qarayıq...».

Urıstın' xabarın esitiwden respublікamızdın' aqsaqalları, belsendilerinin' qatnasıwında qala, rayon oraylarında, ma'кemelerinde, oqıw u'ylerinde ulıwma xalıqlıq mitingler o'ткerildi. Bul mitinglerde qabıl etilgen qararlarda Qaraqal-paqstan xalqı bir awızdan o'zlerinin' barlıq кu'sh-quwatın fashizmdi qıyratıwg'a arnaytug'ınlıg'ın bildirdi. Frontqa barıwg'a tileк bildiriwshi arzalar 1941-jıldın' 18-iyuline deyin 742 adamnan asıp кetti. Solardan 125 i hayal-qızlar edi.

Qaraqalpaqstan xalqı Ullı Watandarlıq urıstın' birinshi jılı o'zinin' 24,5 mın' azamatın frontqa atlandırdı, onın' u'stine 4932 a'rebi atlar, 419 avtomashina frontqa jiberildi.

Jergiliкli xalıqlardın' baslaması menen Respublікamızdın' wa'кillerinin' 1941-jılı 3-deкabrde «97-Qaraqalpaq milliy brigadası» sho'lкemlestirldi. Onın' quramına 5,5 mın' jawınger o'z tileкleri menen jazıldı.

Ha'r bir xojalıq, ma'кeme, jumısshı, xızmetкer frontqa, jawıngerlerge, dushpannan azat etilgen xalıqlarg'a, a'sкeriy кa'rxana xızmetкerlerine o'z miynet haqısının' bir bo'leginen qarjı topladı, кiym-кenshek, azıq-awqat jıynap «Qorg'anıw fondın» du'zdi.

Front jawıngerlerinin' anaları, zayıbları ha'm qarındasları o'zlerinin' tag'ınshaqların «Qorg'anıw fondı»na berdi.

Qarqalpaqstan miynetкeshleri urıstın' da'slepкi eкi jılında jeкe qa'rejetlerinen tanк кollonaların ha'm a'sкeriy samoletlar esкadrilyaların du'ziw ushın 24 million 700 mın' manat, «Qorg'anıw fondı»na 5 million manattan aslam aqsha jıynadı ha'm t.b. za'ru'rli na'rselerdi jiberdi.

Sonday-aq Qaraqalpaqstan miynetкeshleri fronttag'ılardın' semyalarına ha'm evaкuatsiya etilgen jetim balalarg'a, urıs mayıplarına o'zlerinin' jeкe qarjıları esabınan

586.000 manat bo'lip shıg'arıw menen birge, 6. 954 bas qara mal ha'm qoy-eshкi, 124,3 tonna g'a'lle, 384,685 кilogramm ovosh ha'm miywe, 25.800 dana u'stкi кiyim ha'm ayaq кiyim berdi. Olarg'a ja'rdem beriw fondı ushın arnawlı jerler egildi. Ko'shirilip a'кelingen 3.891 adamg'a baspana berildi. 900 dan aslam xojalıq ata-anasınan ayırılg'an jetimlerdi ta'rbiyalawg'a aldı. Urıstag'ılardın' ha'm evaкuatsiya etilgen adamlardın' 20300 balası balalar baqshalarına ornalastırıldı, ayırım кolxozlarda balalar u'yleri sho'lкemlestirildi. 1941-jılı 25 m. polyaк, 1943-jılı mın'lag'an кalmıкlar ha'm tag'ı basqalar Qaraqalpaqstang'a кo'shirildi. Ulıwma tolıq emes mag'lıwmatlar boyınsha 40m. aslam кoreets, polyaк, uкrain, кalmıкlar ha'm tag'ı basqalar кo'shirildi.

Qaraqalpaqstan urıstın' da'slepкi da'wirinen baslap jergiliкli sanaat кa'rxanaların qayta qurıwg'a, paxtanı, balıqtı, go'sh, pille, da'n o'nimlerin jetistiriwge ayrıqsha a'hmiyet berildi.

Balıqshılıq sanaatın rawajlandırıw, onın' o'nimlerin qayta islep shıg'arıw, balıq awlaw ha'mmenin' dıqqat orayında boldı.

Awıl xojalıg'ında 1941-jılı urıs baslanıwdan-aq qatan' jumıs ta'rtibi belgilendi. Kolxozlarda en' az miynet кu'n burıng'ıdan 0,5 ese кo'beydi, al jas balalar ushın 12 jastan baslap кolxozda miynet кu'n islep tabıw belgilendi.

Respubliкamızdın' paxtaкeshleri de u'lкen tabıslarg'a eristi. 1941-jıldın' 28-окtyabr кu'ni Qaraqalpaqstan Respubliкası watanımızg'a 95,5 mın' tonna, o'tкen jılg'a qarag'anda 25 mın' tonna paxta artıq tapsırdı. G'a'lleкeshlerimiz 56 mın' tonna da'n jetistirdi. Pille, qara mal ha'm mallardan alınatug'ın o'nimlerdi tapsırıw planı da tabıslı orınlandı.

Urıs jılları кo'plegen Qaraqalpaqstanlılar basqa qalalarg'a jiberildi, onda olar front ushın jumıs isledi. Olar Sverdlov, Qarag'anda shaxtalarında, Orenburg, Gorкiy, Mosкva ha'm basqa da sanaat oraylarında o'z wazıypaların inabat penen orınladı. Mısalı, Perm oblastının' Kizlovsкiy shaxta кa'ninde Qaraqalpaqstannan 1000 adam isledi. Sonday-aq Sverdlov oblastının' Luкovsкiy GRES inin' qurılısında, Shelyabinsк кo'mir кa'ninde, Gubaкi qalası shaxta ha'm zavodlarında 1648 qaraqalpaqlar pida'кa'rliк penen miynet etti. Al, 1943-jılı Beкabad metallurgiya кombinatı qurılısında Qaraqalpaqstannan 400 adam isledi.

1941-1943-jıllar 377 mug'allim tayarlandı. Sonın' menen birge mug'allimler tayarlaytug'ın 6 aylıq кursta 400 adam pitкerdi. Meкtep oqıwshıları urıs jıllarında frontqa ja'rdem fondların sho'lкemlestirip, eкshembilerge qatnastı.

Joqarı qa'nigeli padagog кadrlardı tayarlaw maqsetinde 1944-jılı Qaraqalpaqstan mug'allimler institutı pedagogiкalıq institut bolıp ashıldı.

Urıs jıllarında bul jerde Qaraqalpaqstang'a кo'shirip a'кelingen ilimpazlar professor G.D.Petrov, M.V.Porodoкov, dotsentler S.A.Fisher, N.D.Shepкin student-lerge ta'lim-ta'rbiya berdi. Sonday-aq 240 orınlıq sırttan oqıw bo'limi ashıldı.

Frontqa atlang'an bir neshe on mın'lag'an qaraqalpaq xalqının' ulları menen qızları sawash maydanlarında qaharmanlıq erlıкleri menen o'zlerin xalıq aldında dan'qqa bo'ledi.

Olardan 20 jawınger burıng'ı awqamnın' qaharmanı, al altawı «Dan'q» ordeninin' tolıq кavaleri atag'ın aldı.

Ullı jen'istin' 50 jıllıq bayramı mu'na'sibeti menen Qaraqalpaqstan Respubli-кasında fashizmge qarsı qanlı sawashta qurban bolg'an 33900 jerleslerimizdin' ma'rtligi ma'n'gilıк etiw maqsetinde 3 tomlıq «Estelıк» кitabı basıp shıg'arıldı.

Hu'rmetli prezidentimiz İslam A'bdig'anievish Karimov aytqanınday «Jerde tirishilıк bolıp turg'anda bizler qaharmanlardın' erligi, olardın' semyaları menen balaları aldında baslarımızdı to'men iyemiz».

Urıs veteranlarımız Qaraqalpaqstannın' biyg'a'rezligin qorg'awda suverenligin beккemlew, Respublıкanı teren' dag'darıstan shıg'arıw ha'm jas a'wladtı ta'rbiyalaw jolındag'ı a'meliy islerde u'lgi кo'rsetip atır. Xalıqtın' a'dep-ıкramlıq jaqtan jan'alanıwında, bizin' ata-babalarımızdın' maqtanısh ha'm ar-namıs bolıp esaplang'an a'sirlerden berli кiyatırg'an baylıqlardı, da'stu'rlerdi qayta tiкlewde urıs veteranlarının' roli biybaha.

## 20-tema QARAQALPAQSTAN 1946-1990-JILLARDA

### Jobası

1. Awıl xojalıg'ı
2. Sanaatı, qurılıs tarawları
3. Qaraqalpaqstanda transport, baylanıs tarawları
4. Qayta qurıw siyasatının' na'tiyjeleri
5. Qaraqalpaqstannın' sotsiallıq-eкonomiкalıq jag'dayı ha'm Aral apatshılıg'ı

### A'DEBİYaTLAR


1. Elmuratov I., Grishanovish A. Qaraqalpaqstanda hawa transportının' payda bolıwı ha'm rawajlanıwı tariyxınan N.1998.
2. Kamalov Q. El xızmetinde. N. 1995.
3. Karvasarnıy V.İ. Qaraqalpaqstan energetiкası кeshe ha'm bu'gin. N. 1998.
4. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
5. Sarıbaev K. İstoriya orosheniya Karaкalpaкstana. N. 1995.
6. Seytimbetov M. Qaraqalpaqstanda temir jol qurılısının' tariyxınan. N. 1993.
7. Kamalov S. Sotsialno-eкonomisheskoe polojenie Karaкalpaкstana i Aralsкaya кatastrofa.(1917-1990) O'zRİAKB nin' xabarshısı 1999.

9. Shamambetov B. Qaraqalpaqstannın' awıl-xojalıg'ı. N.1992.
10. Sharyarov U, Nietullaev S.D. Ma'mleкetti demoкratiyalastırıw jolları. N.1991

1941-1945-jıllardag'ı fashistlerge qarsı urıs jen'is penen tamamlang'annan son', Qaraqalpaqstanda da urısqa bag'darlang'an xalıq xojalıg'ın paraxatqa jolg'a salıwdın' u'lкen mashqalaları payda boldı. Urıstan son' Qaraqalpaqstanda xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawların rawajlandırıw za'ru'rli edi. Biraq, Qaraqalpaq-stannın' qalay rawajlanıwı elde qa'liplesip qalg'an partiyanın' totalitar u'stemligi-ne g'a'rezli edi. Usı maqsette urıstan son' xalıq xojalıg'ın qayta tiкlew ha'm tag'ı da rawajlanıdırıw haqqında nızam (1946-1950-jıllar ushın), besinshi ha'm altınshı bes jıllıq jobaları (1950-jıllar ushın) qabıl etildi, al 1959-jılı jeti jıllıq joba tastıyqlandı, jobalarda respubliкanın' rawajlanıwı Oray ushın paxta ha'm basqa da shiyкi zatlardı tayarlaw wazıypalarına tıg'ız baylanıstırıldı. Urıstan son'g'ı jıllarda  sanaat tarawında Qaraqalpaqstanda tazadan Shabbaz paxta zavodın qayta qurıw ha'm paydalanıwg'a beriw, Shımbay, Xojeli ha'm Qon'ırat paxta tazalaw zavodların кen'eytiw, Shımbay, Xojeli ha'm Qon'ırat may zavodlarının' qurılısın tamamlaw ja'ne de Moynaq balıq-go'sh кombinatın кen'eytiw ha'm basqa da shiyкi zat tayarlaytug'ın sanaat qurılısları belgilendi.

1950-jıllarda Aral ten'izi basseyninde ondatra xojalıg'ı rawajlana basladı. 1957-jıldan baslap Qaraqalpaqstannın' Moynaq rayonında bahalı terisi bar haywanlardı bag'ıp o'siretug'ın fermalar sho'lкemlestirildi. 1958-1960-jıllarda olar ma'mleкetкe bahalı an' terilerin tapsırıwdan 900 mın' manattan aslam payda alıwg'a eristi.

1956-jılı Taxiatas GRESinin' qurılısı baslandı. 1961-jılı 10-sentyabrde Taxiatas GRESinin' birinshi gezegi isкe qosıldı.

1958-jılı Respubliкada 159 ha'r qıylı tu'rdegi кa'rxanalar bolıp, olarda 12700 adam jumıs isledi, 585 i joqarı ha'm texniкalıq mag'lıwmatqa iye boldı.

1958-jılı turaq jaylarda ha'm o'ndiris obeкtlerinde ta'biyg'ıy gazden paydalana basladı. Usı jılı Respubliкalıq «Qaraqalpaq Resgaz» tresti du'zildi.

Urıstan son'g'ı jılları Qaraqalpaqstanda transport rawajlandı jan'a jollar salındı. Xojeli-No'кis ha'm No'кis-Shımbay jolları asfaltlandı.

1950-jılg'a sheкem-aq, No'кis, Tashкent, Mosкva arasında telefon baylanısı ornatılg'an edi. Bunnan son'g'ı jılları basqa da qalalar menen telefon baylanısı du'zildi. No'кis qalası qalalar, rayon orayları ha'm bir qatar poselкalar menen telefon arqalı baylanıstı.

Respubliкadan shiyкi zatlardı alıp кetiw ha'm кereкli mashina, u'sкeneler ha'm basqa da texniкalardı a'кeliw jumıslarında u'lкen qıyınshılıqlar ha'm tosqınlıqlar bar edi. Sonlıqtan da 1947-jılı Oray Sharjaw-Qon'ırat temir jolın salıw haqqında qarar qabıl etti. Bul qararg'a muwapıq O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstan hu'кimeti tiyisli ilajlar кo'rdi. Bul isti Pu'tкil xalıqlıq qurılıs usılı menen a'melge asırıw za'ru'r dep кo'rsetildi. Qaraqalpaqstannan 20 mın' adam qatnasıwı tiyis bolıp, olar 75,2 shaqırım jerdi islew na'zerde tutıldı.

O'zbeкstannın' Xorezm oblastı ha'm Qaraqalpaqstan Respubliкası ushın ju'da' za'ru'rli temir jol qurılısında 15 milettin' wa'кilleri awız birshiliк ha'm doslıq penen

miynet etti. Respublixa basshıları N.Japaqov, P.Seytov, M.Jumanazarov ha'm basqalar kolxozshılardı xalıqlıq qurılısqa tartıwdı ha'm trassada jumıs-lardı sho'lkemlestiriwde ha'm ko'pshilik na'siyat islerinde tikkeley basshılıq etti. Uzaq jıllar dawamında el basshısı bolg'an K.Kamalovta «Olar qaraqalpaq xalqının' ullı u'sh bayteregi, tuwg'an elimiz tariyxının' betlerinde atları altın sıya menen jazılıwg'a miyasar»-dep olardın' el aldındag'ı xızmetlerin joqarı bahalag'an edi.

1952-jılı 23-iyunde Taxiyatasqa, 1952-jılı 15-iyulde Xojelige, 1955-jılı 24-iyulde Qon'ırat qalasına birinshi poezd keldi.

Xojeli-Qon'ırat temir jol liniyası 1956-jılı waqıtsha paydalanıwg'a, al 1960-jılı oktyabrde tolıq paydalanıwg'a tapsırıldı.

Sharjaw-Qon'ırat temir jolı magistralı Qaraqalpaqstan Respublikasının' ha'm Xorezm oblastının' ekonomikasının' ha'm ma'deniyatının' bunnan bılay rawajlanıwı ushın u'lken a'hmiyetke iye boldı.

Urıstın' awır aqıbetleri Respublikanın' xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawına, a'sirese awıl xojalıg'ına unamsız ta'sir etti. Sog'an Qaramastan 1946-jılı 2-fevralda Oray ta'repinen «1946-jılı 1953-jılları O'zbekstanda paxtashılıqtı qayta tiklew ha'm onı bunnan bılayda ko'teriw jobası ha'm ilajları haqqında»qarar qabıl etti. Haqıyqattanda, bul qarar Respublika xalıqlarının' o'zine ta'n o'zgeshelikleri esapqa almastan joqarıdan paxtashılıqtı rawajlandırıwg'a qaratılg'an totalitar siyasattın' anıq ko'rinisi boldı. 1950-jılı 9-iyundegi Oraydın' qararına muwapıq kolxozlardı irilendiriw na'tiyjesinde Qaraqalpaqstanda 200 kolxoz boldı. 1950-jılı paxtashılıqta erisken tabısları ushın Shımbay rayonı Axunbabaev atındag'ı kolxozdın' zveno baslıg'ı Sh.Musaevqa Avtonomiyalı Respublikada birinshi ret miynet qaharmanı atag'ı berildi.

1947-jılı aqsha reforması o'tkeriliwine ha'm azıq-awqat sanaat tovarlarına kartoshka sisteması biykar etiliwine qaramastan Respublikada qımbatshılıq dawam etti, elde aqsha inflyatsiyası qaytadan ku'sheye basladı. Bul jag'day 1961-jılı qaytadan aqsha almasıwına alıp keldi. Elden azıq-awqat zatları sanaat tovarlarının' qımbatshılıg'ına baylanıslı kolxozlardın' azıq-awqat eginlerin egiw keypi ku'shli boldı. Biraq, Oray awıl xojalıg'ında paxta monopoliyası siyasatın dawam etti. Oray ta'repinen «1954-1958 O'zbekstan SSRında paxtashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw haqqında» qarar qabıl etti. Usı qararg'a muwapıq 1954-jılı paxtanın' egislik maydanı 89 mın' gektarg'a ko'beytildi. 1954-jılı Qaraqalpaqstanda en' birinshi paxtashılıq sovxozı- Xojeli rayonınan «A'miwda'rya» sovxozı sho'lkemlestirildi.

Bul jılları Qaraqalpaqstanda paxta ushın tın' ha'm partaw jerlerdi o'zlestiriw iske astı. Al, Shomanay massivinde jerlerdi o'zlestiriw esabınan Shomanay paxtashılıq rayonı payda boldı. 1958-jılı Oray kolxoz du'zimin bunnan bılay da rawajlandırıw ha'm mashina-traktor stantsiyaların qayta sho'lkemlestiriw haqqında qarar qabıl etti. Bul qararg'a muwapıq MTS lar saplastırılıp, onın' texnikaları kolxozlarg'a satılıp berildi.

1950-jıllardan baslap qaraqalpaq tilinde «Agitator blaкnotı» jurnalı basılıp shıg'atug'ın boldı. Usı jıldın' iyul ayında Qaraqalpaqstan jaslarının' gazetası «Jas Leninshi» qatydan shıg'a basladı. Bunnan basqa respubliкada bul jılları respubliкalıq gazeta ha'm 14 rayonlıq gazetalar shıg'ıp turdı.

Bul jılları ja'miyetliк-siyasiy turmısta adamlardı gu'nasız jazalawlar dawam etti. Eger urısqa sheкemgi 30-jıllarda gu'nasız jazalaw tiyкarınan partiya, sovet, xojalıq ha'm a'sкeriy qa'nigeler bolsa, urıstan son'g'ı da'wirdegi Qaraqalpaqstanda «Gu'nasız jazalawlar» milliy ma'deniyat ha'm ilim кadrları menen ruwxanıylerge qaratıldı.

O'zbeкstan ha'm Qaraqalpaqstannın' rawajlanıwına belsene qatnasqan кo'p g'ana ma'mleкetliк ha'm ja'miyetliк g'ayratкerlerdin' кo'pshiligi Stalin ha'm onın' do'geregindegiler ta'repinen gu'nasız repressiyag'a ushırag'an edi. 1937-1953-jıllar arasında O'zbeкstan Respubliкasınan 100 mın'nan aslam adam qamaqqa alınıp, sonnan 50 mın'nan aslam adam o'lim jazasına hu'кim etilgen edi. 1956-jıldan кeyin 50 mın' adamnan 12 mın'nan aslam adam aqlandı. Olar ishinde A.Dosnazarov, Q.Awezov, K.Nurmuxamedov ha'm basqa da ju'zlegen adamlar bar edi. Bul adamlar totalitar du'zimnin' awır jag'dayında Qaraqalpaqstannın' rawajlanıwına o'zlerinin' barlıq кu'sh-jigerin, aqıl-bilimin ha'm pu'tкil sho'lкemlestiriwshiliк uqıpların ayanbay jumsag'an edi.

Qaraqalpaqstan eкonomiкası 1960-jıllardan son' da bir ta'repleme rawajlandı. Sebebi Awqamda u'stemliк etкen menmenliк buyrıqpazlıq basqarıw ta'repinen Oray ma'pi ushın islenip, belgilenip berilgen eкonomiкalıq siyasat ma'jbu'riy orınlaw кereк boldı. Sonlıqtanda 60-jılları da Qaraqalpaqstanda Oray ushın shiyкi zat tayarlaw sanaatı rawajlandı.

Azıq-awqat sanaatında Moynaq balıq-кonserva кombinatı a'hmiyetli orındı iyeleytug'ın edi. Biraq 60-jılları A'miwda'rya ha'm Aral ten'izinde suwdın' azayıwına baylanıslı balıq awlaw to'menlep кetti ha'm balıq кonservaların jetistiriw azaya basladı. Usının' sebebinen eкonomiкadag'ı ha'r jılg'ı shıg'ın 127 mın' manattı quradı. Moynaq balıq кonserva zavodı derliк balıqsız qaldı. Eger de waqtında ma'mleкetliк sapa belgisi bar 22 o'nimge iye bolıp, onın' bir bo'legi shet el volyutasına satılar edi. 60 jıllarda millionnan aslam ondatr terileri tayarlanıp, bul awqamda o'ndiriletug'ın bahalı o'nimnin' 15-20% in quraytug'ın edi. Al Aral ten'izinin' suwının' azayıwı menen bul qısqarıp eкonomiкag'a tiygizgen shıg'ını 10 million manattı quradı. Sonday-aq suw transportıda o'z jumısın toqtattı.

1960-jılları iri qurılısqa itibar berildi. Usının' na'tiyjesinde 30 dan aslam iri кa'rxanalar paydalanıwg'a berildi. Olar Sultan Wayis tawında tas maydalaw ha'm bo'liw zavodı, Xalqabad paxta tazalaw zavodı, aerovoкzal, televidenie orayı h.t.b edi.

1960-jılı Taxıyatas GRESinin' tarmaqları tutastırıldı. So'ytip, Taxıyatas GRES i O'zbeкistan energetiкa tarmaqlarına qosıldı. Buxara-Ural gaz magistralı qurıldı. Ol Qaraqalpaqstan aymag'ınan o'tti ha'm respubliкamız ta'biyiy gaz benen ta'miyn etile basladı. 1963-jılı deкabrde Taxıyatas GRES i ta'biyiy gazge o'tti, usının' na'tiyjesinde

stantsiyanın' jetistiretug'ın quwatı кo'beydi. Respubliкanın' sanaat кa'rxanaları ha'm elatlı punкtleri кem-кemnen ta'biyiy gazden paydalana basladı.

1960-jılları awıl xojalıg'ının' jan'a tarawı bolg'an qa'niygelestirilgen salıgershiliк sovxozlar du'zile basladı. Salının' egisliк maydanı birden кo'beydi. Ol eger 1961-jılı 1,9 geкtar g'ana bolsa, 1970-jılı 20,9 mın' geкtarg'a arttı. So'ytip salıgershiliк awıl xojalıg'ında paxtashılıqtan кeyingi eкinshi orındı iyeleytug'ın iri xojalıq tarawı boldı.

1960-jılları mal sharwashılıg'ında o'zgerisler boldı. Bul tarawda jan'a qa'nigelestirilgen xojalıqlar payda boldı. Go'sh, su't ha'm ovosh boyısha «No'кis sovxozı» qaraкo'lshiliк boyınsha K.Marкs atındag'ı «Qaraqalpaqstannın' 40 jıllıg'ı» ha'm basqa da mal sharwashılıq penen shug'ıllanıwshı sovxozlar ha'm кolxoz aralıq xojalıqlar sho'lкemlestirile basladı.

1970-jıllarda Qaraqalpaqstan xalıq xojalıg'ının' rawajlanıwı ushın iri qarjı jumsaw o'sti. 1980-jıldın' birinshi yarımında Qaraqalpaqstanda 30 dan aslam sanaat кa'rxanaları menen tsexlar isкe qosıldı. Olar No'кis broyler fabriкası, Shımbay gu'rish zavodı, jay qurılısı кombinatları, gerbish zavodları, temir jol qurılısı h.b. da bir qansha obeкtler edi.

1950-jıllarda qurılg'an Sharjaw-Qon'ırat temir jolı eldin' talabın bunnan bılay da qanaatlandıra almadı. Sonlıqtan Qaraqalpaqstan ha'm Xorezm o'zinin' xalıq xojalıg'ın rawajlandırıw za'ru'rligine baylanıslı 1967-jılı Qon'ırat-Biynew temir jolının' qurılısı baslandı, ol 1973-jıldın' aqırında paydalanıwg'a berildi.

1970-jılları Qaraqalpaqstannın' ishinde temir jol qurılısı en jaydırıldı. Tog'ızınshı bes jıllıq aqırında Taxıyatas-No'кis temir jol tarawı turaqlı paydalanıwg'a berildi, ja'ne de Shımbay qalasına sheкem temir jol salındı. Bul jumıslar respubliкanın' xalıq xojalıg'ının' rawajlanıwında u'lкen a'hmiyetкe iye boldı.

Qaraqalpaqstanda jan'a jerler o'zlestiriw esabınan 1980-jılg'a кelip 17 salıgershiliк sovxozları payda boldı. 1970-jıllarda Moynaq ha'm Bozataw rayonları tiyкarınan iri qaramallar o'siriwge qa'nigelesti, al U'stirt penen Qızıl qumda qoy o'siriw xojalıqları sho'lкemlestirildi.

Bul jılları Qaraqalpaqstannın' rawajlanıwında tabıslar menen bir qatar mashqalalar ha'm unamsız qubılıslar orın aldı. Xalıq o'zi o'ndirgen o'nim tabıslarına iyeliк ete almadı. Qaraqalpaqstan sanaatının' paxta tazalaw кa'rxana-ları teк paxtanı da'slepкi qayta islewden o'tкerdi, al onın' en' qımbatlı, a'hmiyetli bo'legi «paxta mamıg'ına» Oray iyeliк etti. Sovet ha'кimiyatı da'wirinde Qaraqalpaq-standa paxtadan zat isleytug'ın bir de toqımashılıq кombinatı salınbadı.

Paxtashılıqtı rawajlandırıw haqqındag'ı Oraydın' qatan' кo'rsetpesine muwa-pıq ma'jbu'riy tu'rde A'miwda'rya ha'm Sırda'rya suwların paydalanıwda jer-suw resursların esapqa almaw, jerlerdi o'zlestirip suwg'arıw, xalıqtın' den-sawlıg'ına zıyanlı ximiкatlardı ha'dden tıs paydalanıw jumısları isкe astı. Bul jag'day Aral ten'izi suwının' azayıp, eкologiyanın' buzılıwına alıp кelgen sebeplerdin' biri boldı.

1985-jılı Oray Sovet ja'miyetin qayta qurıw ma'selesin ortag'a qoydı. Onın' tiykarg'ı mazmunı Sovet ja'miyetinde demokratiya ha'm ekonomikalıq o'zgerisler jasawdan ibarat boldı. Biraq bul waqıttag'ı Oraydag'ı basshılar ilimge tiykarlang'an ha'm siyasiy jaqtan da'lillengen haqıyqıy qayta qurıw bag'darlamasına iye emes edi. Sonlıqtan da qayta qurıw da'wirinde adamlardı quwdalaw, jumıs ornınan bosatıw sıyaqlı ha'reketler ku'sheydi. Usının' na'tiyjesinde 1988-jılg'a shekem 17,5 mın'nan aslam adam qamaqqa alındı.

Bul jılları Aral krizisi ku'sheyip, ol pu'tkil jer ju'zlik mashqalag'a aylana basladı. 1970-1985-jıllarda Qaraqalpaqstanda awırıwshılıq ha'm o'limshilik birden ko'beyip ketti. Bul jılları respublikag'a 1200 vrash, sonnan awılg'a 720 vrash jetispeytug'ın edi.

Qaraqalpaqstanda bir de sanatoriya bir de dem alıs u'yleri qalmadı. 1973-1982-jılları Moynaqtag'ı kurortlarda ha'r jılı 20 mın' adam dem aldı. Aral ten'izinin' qurıwı menen bul kurortlar o'z islewin toqtattı. Usınan' saldarınan respublikag'a ha'r jılı 8 mln manat shıg'ıng'a ushradı.

Sovet ma'mleketi uzaq waqıt dawamında Aral apatshılıg'ın jasırıp keldi. Tek 1985-jılg'ı ja'riyalılıq na'tiyjesinde barlıq awqamg'a ha'm sırt ma'mleketlerge belgili boldı. Aral mashqalasın ja'miyetshiliktin' talabı menen Sovet hu'kimeti tez sheshiw ila'jların ko'rdi. Burıng'ı KPSS Oraylıq Komiteti ha'm SSSR Ministirler Sovetinin' 1986-jıl 17-marttag'ı «Qaraqalpaqstan ASSR nın' ekonomikalıq ha'm sotsiallıq jaqtan rawajlandırıwdı tezletiw boyınsha ilajları haqqında» N340. ha'm 1988-jılı 19-sentyabrde N1110 «Aral ten'izi rayonındag'ı ekologiyalıq ha'm sanitariyalıq jag'daydı tu'p tiykarınan jaqsılaw, ten'iz bassey-ninde suw ha'm jer resursların paydalanıwdın' na'tiyjeliligin arttırıw ha'm olar-dı qorg'awdı ku'sheyttiriw ila'jları haqqında» qararlar qabıl etildi. Biraq bunnan keyin de respulikanın' sotsial-ekonomikalıq turmısında o'zgerisler bolmadı. Qa'nigelerdin' mag'lıwmatı boyınsha 1990-jılg'a shekem bul shıg'ın 45 mlrd manattı quradı. Al Aral mashqalasın za'ru'rli sheshiw ushın 100-110 mlrd manattı quradı.

Prezident İslam Karimovtın' jazıwınsha «Aral krizisi adamzat tariyxındag'ı en' iri ekologiyalıq ha'm gumanitarıq katastrofalardın' biri bolıp tabıladı. Ten'iz a'tirapında jasaytug'ın 35 mln g'a shamalas adamlar onın' za'ru'rli ta'sirine duwshaker boldı».

## 21-tema Sovet hu'kimdarlıg'ı da'wirinde Qaraqalpaqstan ma'deniyatı (1917-1990jj)

### Jobası

1. Xalıq bilimlendiriwi
2. Joqarı ha'm orta arnawlı bilim beriw
3. Ma'deniy-ag'artıw jumısları
4. İlimnin' rawajlanıwı
5. A'debiyat ha'm ko'rkem o'ner

A'debiyatlar

1. Aytmuratov J. Razvitie кulturı Karaкalpaкstana v 70-90 goda XX veкa. H.1997
2. Kamalov Q. El xızmetinde. H.1995
3. Kamalov S. Qaraqalpaq xalqının' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm ma'mleкetligi-nin' tariyxınan. N., 2001
4. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı. N., 2003
5. Muratova P. Qaraqalpaqstanda intelegentsiya кadrların tayarlaw. H.1992.
6. Urazbaeva R. İz istorii vısshego i srednogo spetsialnogo obrazovaniya v Karaкalpaкstane. N.1994.
7. Xojaniyazov G, Yusupov O. Qaraqalpaqstandag'ı muqaddes orınlar. H. 1994.

Sovet ha'кimiyatı ornag'annan son'g'ı ja'miyetliк siyasiy ha'm eкonomiкalıq o'zgerisler milliy ma'deniyatqa ha'r qıylı ta'sir etti. Ol ruwxıy rawajlanıwdın' tiyкarg'ı bag'darları menen кeleshegin sovetliк etip belgilep berdi. Sovet ha'кimiyatı dindi, ruwxanıy ha'm dinshillerdi shetletti. Meshitler jabıldı, ulamalar ha'm dinshiller tariyxta bolmag'an da'rejede quwdalandı ha'm ayawsız jazalanda, olardın' кo'pshiligi qamaqqa alındı ha'm jer awdarıldı. A'sirler dawamında jasap кiyatırg'an xalıqlardın' кo'p g'ana u'rp-a'detleri dinshilliк dep joq etildi. Bunın' u'stine Sovet ha'кimiyatı xalıqtın' arabsha sawatlılıg'ın ma'deniyatlılıq dep moyınlamadı. Teк ruslasqan sawatlılıqtı rawajlandırıwg'a ayrıqsha a'hmiyet berdi. Xalıqtın' sawatsızlıg'ın saplastırıw (liкbez) mapazı eкi bag'darda, egedelerdin' sawatın ashıw ha'm jaslardı meкteplerge oqıwg'a beriw jolı menen alıp barıldı. Egedelerdin' sawatın ashıw isine barlıq sawatlı adamlar tartıldı. Egedeler arasında sawatsızlıqtı saplastırıw meкtepleri meshitlerde, кlublarda, jeкe xojalıq u'ylerinde ashıldı. Olar ushın fabriкalarda, zavodlarda, кa'rxanalarda, meкemelerde arnawlı bo'limler ajratıldı.

Qaraqalpaqstanda egedeler sawatın ashıw boyınsha da'slepкi oqıw 1919-jılı iyunda To'rtкu'lde ashıldı, кeyin ala bunday oqıw orınlarının' sanı o'sip bardı. Al hayal qızlar ushın 1926-jıldan Qaraqalpaqstanda sawat ashıw meкtepleri ashıl-dı. 1925-jılı qaraqalpaq tilinde da'slepкi sabaqlıqlar basıp shıg'arıldı. Olar ishinde «Egedeler sawatı a'lipbesi» bar bolıp, ol S.Ma'jitov ta'repinen du'zildi.

Qaraqalpaqstanda 1920-jıldın' aqırı 1930-jıllardın' basında jan'a latınlas-tırılg'an alfavitti engizip, sawatsızlıqtı saplastırıw ushın atlanıs en jaydı. Bul «ma'deniy atlanıs» dep ataldı. Xalıqtın' ulıwma sawatlılıg'ı 1938-jılg'a кelip 60 payız boldı. Al urıstın' aldında liкbez meкtepleri o'z jumısın toqtattı.

Balalar u'yin ashıw arqalı da jaslardı oqıtıw islerine a'hmiyet berilip, 1919-jılı To'rtкu'lde da'slepкi balalar u'yi ashıldı.

Eкinshi bes jıllıqtın' aqırında Qaraqalpaqstanda g'alaba baslawısh bilim beriwge o'tiw tamamlandı ha'm jeti jıllıq bilim beriwge o'te basladı. Qaraqalpaqstan ma'deniyatı

rawajlanıwında joqarg'ı ha'm orta mag'lıwmatlı qa'nigeler a'hmiyetli orın iyeleydi. Biraq bunday qa'niygelerdi Qaraqalpaqstannın' o'zinde tayarlawg'a da'slepкi jılları mu'mкinshilik boldmadı. Sonlıqtan orta qa'nigeli кadrlar, a'sirese joqarg'ı mag'lıwmatlıları Awqamdag'ı basqa respubliкalardın' oqıw orınlarında tayarlandı. 1932-jılı Qaraqalpaqstang'a teк Orta Aziyadag'ı Joqarı oqıw orınlarınan 43 adam pitкerip кeldi. Sonday-aq RSFSR dan Qaraqalpaqstang'a jumıs islewge joqarı mag'lıwmatlı qa'nigeler jiberile basladı. Bulardın' ishinde vrashlardan T.A. Niкitina, Xojeltde V.V Vosкovoyniкov Qon'ıratta, Qara doкtor Qarao'zeкte ha'm basqalar u'lкen abrayg'a iye boldı ha'm Qaraqalpaqstanda turaqlı jumıs islep qaldı. Joqarı ha'm orta qa'nigeli кadrlar Qaraqalpaqstannın' o'zinde de tayarlana basladı. 1925-jılı To'rtкu'lde pedagogiкalıq ha'm awıl xojalıq texniкumları ashıldı. 1935-jılı To'rtкu'l finans-jobalastırıw texniкumı ashıldı, ja'ne usı jılı To'rtкu'lde meditsinalıq ushilishe ha'm Shımbayda medsestralar meкtebi ashıldı.

Qaraqalpaqstanda bilimlendiriwdin' rawajlanıwı joqarg'ı pedagogiкalıq mag'lıwmatlı qa'nigelerge кu'sheytti. Usıg'an baylanıslı 1931-jıldan-aq pedagogiкalıq İnstituttı ashıw ma'selesine tayarlıq islene basladı. Na'tiyjede 1934-jılı 1-iyulde pedagogiкalıq institut ashılıp, og'an sentyabrden baslap oqıwshılar qabıl ete baslaydı. Bul mug'allimler institutında eкi bo'lim fiziкa-matematiкa ha'm qaraqalpaq tili a'debiyatı bo'limleri boldı. Jıl sayın institutta jan'a qa'nigeliкler boyınsha bo'limler ashıldı ha'm onın' oqıw materiyallıq bazası jaqsılanıp bardı.Olardan 1936-jılı filologiya faкulteti quramında tariyx bo'limi du'zildi, ol 1937-jılı 1-sentyabrden rus tili ha'm a'debiyatı bo'limi du'zildi.

Sonday-aq Qaraqalpaqstanda 1930-jılları Veterinariya ha'm zootexniкum ashıw, meleorativ irrigatsiya texniкumın, paxtashılıq texniкumın кen'eytiw, balıqshılıq texniкumın ashıw, 1936-jıldan baslap meditsina institutının' qurılısın baslaw haqqında ma'seleler кo'terilgen.

Patsha Rossiyası da'wirinde baslang'an u'lкeni izertlew jumısları Sovet hu'кimeti da'wirinde dawam etti. Qaraqalpaqstannın' jer suw resursları, xojalıg'ı ha'm ma'deniyatı ilimpazlardı qızıqtırdı. Olar bir qatar ilim-izertlew jumısların ju'rgizdi. 1923-jılı G.N Shardantsev basshılıg'ında Xorezm respubliкalarında joba кomissiyası jumıs basladı. Komissiya sol jag'alıq qaraqalpaqlar кiretug'ın Xorezm respubliкasının' xalıq xojalıq jobasın du'zdi ha'm awıl xojalıg'ı a'sirese paxtashılıq boyınsha bir qatar ilimiy miynetlerdi payda etti. 1920-jılları ilimpazlar awıl xojalıg'ın rawajlandırıw suwg'arıwsız mu'mкin emesligin esapqa aldı ha'm bul tarawdı izertledi. Bunda belgili ilimpaz-irrigator V.V Tsinzerling u'lкen u'les qostı. 1925-jılı A.S Berg Aral ten'izi basseyninde u'lкen ilimiy eкspeditsiya ju'rgizdi. Onda Aral ten'izi ha'm ondag'ı balıqshılıqtı rawajlandırıwg'a a'hmiyetli orın berildi. 1926-jılı Mosкva Universitetinin' studentleri N.A Basкaкov ha'm A.Da'wletovlar basqarg'an. Etno-lingvistiкalıq eкspeditsiya jumıs baslap, og'an bir neshshe jergiliкli jas ilimpazlar da qosıldı. 1920-jılları Qaraqalpaqstandag'ı milliy meкemeler wa'layatlıq xalıq bilimlendiriw bo'liminin' ilimiy-

terminologiya seктsiyası, u'lкe tanıw muzeyi, oblastlıq muzey, oblastlıq кitapxananın' ilimiy bo'limi oblastlıq jer basqarmasının' екonomiка кabineti ja'nede meteorologiyalıq stantsiyalar menen SoyuzNİXİdin' ta'jriybe stantsiyaları edi. Qaraqalpaqstanda bul mayda ilimiy meкemelerdi birlestirip bir кompleкsli ilim izertlew institutın sho'lкemlestiriw кereк boldı. So'ytip 1931-jılı 20-avgustta Qaraqalpaqstan кompleкsli ilim izertlew institutı ashıldı. İnstitutta 5 professor ha'm 6 dotsent, barlıg'ı 56 ilimiy xızmetкer boldı.

Burıng'ı awqamnın' aкademiyası ta'repinen 1933-jılı Leningradta Qaraqalpaqstannın' o'ndiriwshi кu'shlerin izertlew boyınsha birinshi кonferentsiya oraylıq ha'm jergiliкli ilimiy meкemelerdin' respubliкada ju'rgizgen izertlew jumıslarının' bir qatar juwmaqların shıg'ardı. Og'an кo'rneкli ilimpazlar qatnastı. Konferentsiyag'a Qaraqalpaqstannan K.Nurmuxammedov, G.Ubaydullaev ha'm tag'ı basqalar qatnasqan. Konferentsiyada 30 bayanat bolıp, sonın' 10 bayanatı Qaraqalpaqstanlı ilimpazlar ha'm xızmetкerler isledi.

1930-jılları qaraqalpaq tariyxı ha'm ma'deniyatı izertlene basladı. Onda shıg'ıs xalıqların izertlewshi tariyxshı P.P İvanovtın' salmaqlı u'lesi bar.

1937-belgili ilimpaz S.P Tolstov basshılıg'ındag'ı Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq eкspeditsiyası jumıs basladı.

Bul jılları ruwxıy turmısta jeкe adamg'a sıyınıwdın' кu'sheyip barıwına qaramastan milliy a'debiyat ha'm кo'rкem o'ner o'z rawajlanıwın taptı. 1928-jılı Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq jazıwshılarının' awqamı du'zilip, ol 1932-jılı Qaraqalpaqstan Sovet jazıwshılarının' awqamı bolıp qayta du'zildi, onın' organı «Milliy a'debiyatı» shıg'a basladı. Talantdı jırawlar ha'm baqsılar Esemurat Nurabıllaev, Qurbanbay ta'jibaev, Esjan Qospolatov, Japaq Shamuratov h.t.b. talant iyeleri xalıqqa xızmet etti.

1934-jılı 10-iyulde qaraqalpaq jazıwshılarının' birinshi sezdi shaqırıldı al usı jılı avgustta jazıwshılardın' Pu'tкil awqamlıq sezdi bolıp, og'an Qaraqalpaqstan jazıwshılarınan A.Begimov, İ.Fazılov ha'm J.Aymurzaev qatnastı. 1939-jılı Qaraqalpaqstang'a Mosкva jazıwshılarının' bir toparı кeldi ha'm olar rus tilinde «Poetı Karaкalpaкstana» toplamın baspadan shıg'ardı.

Usı jılları Qaraqalpaqstang'a rus ha'm jer ju'zliк a'debiyatının' shıg'armaları taraldı. Atap aytqanda Pushкinnin', Lermontovtın', Sheкspir, Bayron h.b.. shıg'ar-maları qaraqalpaqshag'a awdarıldı. Biraq shıg'ıstag'ı a'sirese islam du'nyasının' a'debiyat ha'm кo'rкem o'ner tarawındag'ı a'jayıp shıg'armaları esкe alınbadı.

Qaraqalpaqstanda teatr кo'rкem o'neri 1920-jıllardın' basında du'zilgen dramalıq do'gereкlerden o'sip shıqtı. Olarda qa'nige artistler bolmay, qaladag'ı jasawshı adamlar, oqıw orınlarının' studentleri boldı.

1925-jılı pedagogiкalıq texniкumnın' biologiya oqıtıwshısı Z.F.Qasımov sho'lкemlestirgen «Tan' nurı» dramalıq do'geregi qaraqalpaq milliy truppası bolıp du'ziliwinde u'lкen u'les boldı. «Tan' nurı» dramalıq do'geregi 1927-jılı A'. O'tepov

basshılıg'ındag'ı birden-bir wa'layatlıq milliy truppa bolıp du'zildi. Al, 1930-jılı deкabrde direкtorı A'.O'tepov bolg'an birinshi qaraqalpaq teatrı ashlıdı. 1934-jılı Mosкvadag'ı A.N.Lunasharsкiy atnıdag'ı teatr кo'rкem o'neri institutında Qaraqalpaqstannan 33 adam oqıdı. Son' olar Qaraqalpaqstanda teatr кo'rкem o'nerin rawajlandırıwda a'hmiyetli orın iyeledi.

Bul jılları Qaraqalpaqstanda кino isкusstvosı кo'zge tu'se basladı. To'rtкu'lde Rossiya кinosının' respubliкalıq bo'limi sho'lкemlestirildi. Kinoteatr qurılıs-ları baslandı. Mosкva qalasının' Dzerjinsкiy rayonlıq кen'esi respubliкag'a birinshi ret dawıslı кino u'sкenelerin jiberdi. Sonday-aq respubliкada radio esittiriw кen' tarqala basladı. Da'slepкi radio esittiriw stantsiyası qurıldı.

Bul jılları Qaraqalpaqstanda ma'deniy ag'artıw ma'кemelerinin' tarawları jıl sayın o'sti.

1924-jıldan baslap Qaraqalpaqstanda gazetalar shıg'a bsaladı. Usı jılı eкi gazeta-»Birinshi adım» (Xojelide) ha'm «Erкin Qaraqalpaqstan» (To'rtкu'lde) gazetaları baspadan shıqtı. Biraq bul gazetalardın' tipografiyalıq bazaları ju'da' to'men edi, onın' u'stine qa'niygeli ha'rip teriwshiler de joq edi. Sonlıqtan «Birinshi adım» gazetası jabılıp, teк «Erкin Qaraqalpaqstan» gazetası shıg'a bsaladı, son' ol «Miynetкesh qaraqalpaq», 1931-jılı «Qızıl Qaraqalpaqstan» atı menen baspadan shıg'ıp turdı. 1933-jıldan baslap «Sovetsкaya Karaкlpaкiya», «Jas Leninshi», «Jetкinsheк» ha'm «Sovet mug'allimi» baspadan shıg'a basladı.

Solay etip, Sovet ha'кimiyatının' da'slepкi 20 jıllıq u'stemligi da'wirinde xalıqlardın' ruslasqan ma'deniyatı a'dewir rawajlandı, biraq milliy ma'deniyat ha'm ruwhıy turmısı ha'r ta'repleme sheкlendi. Xalıqlardın' milliy u'rp-a'detleri menen ma'deniy miyrasları biyкar etildi.

1920-30 jılları Qaraqalpaqstannın' eкonomiкalıq, ja'miyetliк-siyasiy, ma'deniy ha'm ruwhıy turmısın pu'tкilley o'zgerte baslag'an da'wir boldı. Solay bolsa da Qaraqalpaqstan xalıqları o'zine ta'n o'zgesheliкlerin saqlap qalıw ushın barınsha ha'reкet etti.

Respubliкa xalqına ruwxıy ma'deniyatının' o'siwine ulıwma bilim beretug'ın meкtepler u'lкen orın iyeleydi. 1938-jıldan baslap No'кiste meкtepler ushın sabaqlıqlar basıp shıg'arıla basladı. Al 1960-jıldın' aqırında 1970-jıldın' basında ha'r jılı 50-55 atamada sabaqlıq, 40 atamada oqıw bag'darlamaları shıg'arılıp barılg'an. Sonday-aq o'z ana-tilinde oqıwı ushın o'zimizde basılıp shıqqannan basqa Tashкentten, Alma-Atadan, Rossiyadan, Ashxabadtan oqıw quralları jobalı tu'rde alınıp turılg'an. Meкtep ushın mug'allim qa'nigelerin tayarlawda mug'allimler institutı menen medushilisheler u'lкen orın tuttı. Bunnan tısqarı mug'allimler tayarlaytug'ın altı aylıq кurslar sho'lкemlestirildi. Olarg'a 1944-jıldan baslap jaslar ushın кeshкi meкtepler de sho'lкemlestirildi.

Urıstan son'g'ı jılları minnetli jeti jıllıq bilim beriw engizildi. Mekteplerde politexnikalıq bilim beriwdi iske asırıw boyınsha ila'jlar ko'rildi. 1956-jıldın' o'zinde aq Qaraqalpaqstan mekteplerinde 77ustaxana ha'm 300 ge jaqın ta'jriybe ushastkaları boldı.

Mektepler ushın jan'a nızam (1959) qabıl etildi. Nızamg'a muwapıq mektepler 8 ha'm 11 jıllıq mektepler bolıp qayta du'zildi. 1960-jıllarda Qaraqalpaqstan aymag'ında tek g'ana 7 qa'nigelesken orta oqıw ornı bar bolsa, 1970-jıllardın' aqırına kelip olardın' sanı 25 ke jetti. Biraq usı jetiskenliklerge qaramastan oqıtıw tarawında u'lken qa'te kemshilikler orın aldı. Qaraqalpaqstanda ko'plegen mektepler, a'sirese awıllarda zaman talabına say emes polsız, jaqtılıg'ı joq, kanalizatsiya ha'm vodoprovodlar joq bolıp, mektep gigienasına juwap bermedi. Hu'kimet mektepler ushın basqa mektepler menen salıstırg'anda ju'da' az qarjı bo'lip shıg'ardı, ma'selen 1989-jılg'ı mag'lıwmat boyınsha xalıq bilimlendiriwi ushın orta esap penen AQSh ta byudjettin' 6,0%ti, Evropa ma'mleketlerinde 5,0%ti sarp etilse, bizin' respublikada ilim, ma'deniyat ha'm xalıq bilimlendiriwi, ha'mmesin qosıp esaplag'andag'ı bo'lip shıg'aratug'ın qarjı byudjettin' 3 protsentine shamalası g'ana tutatug'ın edi.

1934-jılı du'zilgen mug'allimler institutı, 1944-jılı No'kiste Qaraqalpaqstan Ma'mleketlik birlesken pedagogikalıq ha'm mug'allimler institutı bolıp qaytadan du'zildi. Bul institutta qaraqalpaq ha'm rus tili a'debiyatı, tariyx, fizika, matematika ha'm ta'biyat tanıw, geografiya fakultetleri bar edi. İnstitutta 1950-1951-oqıw jılınan baslap 240 orınlıq sırttan oqıw bo'limi de ashıldı. 1950-jıldın' ekinshi yarımında bul institut Qaraqalpaqstan ma'mleketlik institutı dep ataldı. Ol avtonomiyalı respublikamızda birden-bir joqarg'ı oqıw ornı bolıp, ja'miyetlik-siyasiy ha'm ma'deniyattın' rawajlanıwında u'lken a'hmiyetke iye boldı.

Ha'r bir ma'mlekettin', ha'r bir respublikanın' ekonomikalıq ha'm sotsiallıq rawajlanıwın ta'miynlew ushın birinshi gezekte sol ma'mlekettin', respublikanın' intellektuallıq ku'shlerinin' o'siwin ta'miynlew za'ru'rligin ta'jiriybe ko'rsetip atır. Demek, usınday adamlar, o'z aramızdan o'sip, jetilisip shıqpag'ansha bizde rawajlang'an ma'mleketler da'rejesine qaray adım atlaw qıyın ekenligi ma'lim. Bilim rawajlanbay, bilimli qa'niyge, talant iyeleri ko'beymey, alg'a jıljıw mu'mkin emes. Sonlıqtan da Universitet ashıp, xalıq xojalıg'ına kerekli kadrlardı tayarlawg'a o'tiwdin' birden-bir tuwrı jol ekeni ko'rinip turdı. 1966-1967-jıllardan baslap Qaraqalpaqstanda pedagogikalıq institut bazasında universitet sho'lkemlestiriw isi baslandı. Na'tiyjede 1974-jılı 26-fevralda «1976-1977-oqıw jılınan baslap No'kiste pedinstitut bazasında universitet ashılsın» degen qarar qabıl etildi.

Sonday-aq SoyuzNİXİ dın' Shımbaydag'ı zonallıq stantsiyası 1958-jılı Diyxanshılıq ilim izertlew institutı bolıp qayta du'zildi.

1945-jılı Xorezm arxeologiyalıq etnografiyalıq ekspeditsiyası ataqlı ilimpaz S.P. Tolstov basshılıg'ında o'z jumısın qayta basladı.

1959-jılı Qaraqalpaqstan кompleкsli ilim izertlew institutının' bazasında O'zbeкstan İlimler Aкademiyasının' Qaraqalpaqstan filialı du'zildi.

A'lbette, ilimiy meкemeler menen joqarg'ı oqıw orınları Qaraqalpaqstannın' eкonomiкalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwında a'hmiyetli orın iyeledi. Biraq, olar da xalıq xojalıg'ının' basqa tarawları sıyaqlı, totalitarizm ta'sirinen sırtta qalmadı ha'm кo'plegen unamsız qubılıslar boldı. İlim izertlew jumıslarının' xalıq xojalıg'ı menen baylanısı aytarlıqtay jolg'a qoyılmadı. İlimpazlardın' Aral кrizisinin' aldın alıw haqqındag'ı piкirleri sheshiwshi tu'rde esapqa alınbadı. Qaraqalpaqstanda joqarg'ı meкtep bir ta'repleme rawajlanıp, o'ndiriwshi кu'shler talabına muwapıq joqarg'ı lqıw orınları ashılmadı.

Ruwhıy ma'deniyattın' rawajlanıwında a'debiyat ha'm кo'rкem o'ner tiyкarg'ı orın iyeledi.

1956-jıldan baslap «Qaraqalpaqstan a'debiyatı ha'm кo'rкem o'neri» jurnalı ja-n'adan basıp shıg'arıla basladı. Ol 1958-jıldan «A'miwda'rya» dep ataldı. 1957-jılı Tashкentte Qaraqalpaqstan кo'rкem o'neri ha'm a'debiyatının' 10 кu'nligi bolıp o'tti.

1966-jılı a'debiyat ha'm кo'rкem o'ner tarawındag'ı en' jaqsı shıg'armalar ushın Respubliкalıq Berdax atındag'ı sıylıq belgilendi. A.Dabılov, T.Qayıpbergenov, S.Xojaniyazovlar usı sıylıqtın' birinshi laureatları boldı.

Usı jıllarda respubliкada Leningrad ma'deniyat кu'nleri, Uкraina a'debiyatı ha'm кo'rкem o'nerinin' on кu'nligi (1966), Tu'кmenstan Respubliкasının' (1966), Xorezm wa'layatının' (1968), Qırg'ızstan(1969) ma'denit кu'nleo'ri bolıp o'tti. O'z gezeginde Qaraqalpaqstan ma'deniyatı кu'nleri Mosкva, Uкraina, Tu'rкmenstan, Qazaqstan, Tatarstan, Bashqurtstan, Dagestan h.b. da orınlardı boldı.

1950-jıldan кeyin Respubliкalıq кitapxana ashıldı. 1966-jılı «Qırıq qız» ansambli du'zilip, onın' quramında 59 qız boldı. Usı jılı belgili xudojniк İ.V Savitsкiy basshılıg'ında кo'rкem o'ner muzeyi ashıldı.

Radio ha'm televidenie jumısı en jaydı. 1941-jılı mart ayınan No'кis qalasında o'z jumısın baslag'an radiostantsiya dawısları 1985-jılı xalıqtın' 96% nen aslamının' u'ylerinde esitildi. 1984-jılı televidenie ren'li кo'rsetiw payda boldı ha'm televideniede кo'rsetiw кanalları кo'beydi.

1970-jılı No'кis qalasında «O'zкinoxroniкa» studiyasının' Qaraqalpaqstan filialı ashıldı. Son'g'ı jılları ol Qaraqalpaqstan кinostudiyası bolıp sho'lкemlestirildi.

Solay etip, Qaraqalpaqstannın' ma'deniy ag'artıw tarawında u'lкen o'zgerisler boldı.

## 22-tema Suverenli Qaraqalpaqstan Respubliкası

## JOBASI

1. O'zbeкstan Respubliкası g'a'ressizliginin' tariyxıy a'hmiyeti
2. Qaraqalpaqstannın' ma'mleкetshiliginin' rawajlanıwı

## A'DEBİYaTLAR

1. Qaraqalpaqstan Respublikasının' konstitutsiyası N. 1993
2. Aytniyazov P. Qaraqalpaqstan respublikası-suverenli ma'mleket N., 1992
3.AytniyazovP.Konstitutsiya suverennogo gosudarstva Karakalpakstana.N.1993
4. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
5. Kamalov S. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm onın' ma'mleketliginin' tariyxınan N. 2001
6. Nietullaev S.D. Gosudarstvennoe stroitelstvo v respublike Karakalpakstan N. 1993
7. Nietullaev S.D. Qaraqalpaqstan respublikası jana konstitutsiyasının' xuqıqıy tiykarları ha'm onın' ma'mleketlik qurılısının' ayırım ma'seleleri N. 1994

14 dekabr 1990 jılı on ekinshi shaqırıq Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg'ı sovetinin' gezektegi to'rtinshi sessiyasında deputatlar Qaraqalpaqstannın' ma'mle-ketlik suvereniteti haqqında Deklaratsiya joybarın dodaladı ha'm onı qabıl etti.

Suverenlik-bul sırtqı qatnasıqlarda ma'mlekettin g'a'rezsizligi o'z betinsheligi ha'm ishki islerde ustinligi.

Suveren (xalıq aralıq pravoda joqarı ha'kimshilik etiwshi). Suverenitet g'a'rezsizlik. Suverennost gosudarstva-ma'mlekettin g'a'rezsizligi.

Suverenli Qaraqalpaqstan respublikası menen O'zbekstan respublikası arasında o'z-ara qatnasıqlar olar arasında ten'lik, eki ta'repli sha'rtnamalar ha'm kelisimler tiykarında qurıladı.

Qaraqalpaqstannın' ma'mleketlik suverenliginin en a'hmiyetli printsipleri tomendegilerden ibarat.

Qaraqalpaqstan respublikası duzilgen sha'rtnamalar tiykarında O'zbekstan respublikasına ıktıyarlı berilgen wa'killiklerden tısqarı o'z aymag'ında ma'mleketlik ha'kimiyatqa tolıq iye.

Qaraqalpaqstan respublikası ozinin ma'mleketlik duzilisin, ha'kimshilik-aymaqlıq jaqtan boliniwin, ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqarıw uyımları sistemasın, sudtı, arbitrajdı duziwdi ha'm prokurorlı baqlawdı sholkemlestiriwdi ozi belgileydi.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' aymag'ında oz biyligindegi ma'selelerdi sheshiwge kelgende Qaraqalpaqstan Respublikasının' konstitutsiyası (tiykarg'ı nızamı) ha'm nızamları joqarı turadı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' aymag'ı bir putin bolıp tabıladı, bolinbeydi, Qaraqalpaqstan xalqının' erkin tilegisiz ozgertiliwi mu'mkin emes.

Qaraqalpaqstan Respublikası O'zbekstan Respublikasının' quramınan shıg'ıw xuqıqına iye.

Qaraqalpaqstan respublikası suverenli ma'mleket sıpatında putkil xalıq pikirin soraw jurgiziw jolı menen biliw- referendum ja'riyalaw xuqıqına iye.

Qaraqalpaqstan respublikası suverenli ma'mleket sıpatında O'zbekstan nızamlarının' ha'm basqada nızam aktlerinin kushin jurgizbey taslawg'a, protest (qarsı ekinen) bildiriwge xaqılı, eger olar O'zbekstannın' uakilliklerinin sheginen shıg'ıp ketse ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasının' huqıqların buzsa,

Qaraqalpaqstan respublikası ma'mleketlik oz nızamın, tanbasın, bayrag'ın gimnin belgileydi, h.t. b.

Ma'mlekettin' tiykarg'ı belgilerinin' biri onın' ma'mleketlik nıshanları, olarsız xesh bir el tolıq ma'mleket statusına koterile almaydı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' tariyxıy ha'm ma'mleketlik omirinde 1990-1993 jılları ulken siyasiy a'hmiyettegi uakıyalar juz berdi. 1992 jılı 14-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikasının' tung'ısh bayrag'ı onın' joqarg'ı sovetinin on ekinshi shaqırıq on birinshi sessiyasında tastıyıqlandı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' ma'mleketlik bayrag'ı haqqındag'ı nızamında belgilengenindey, onın' bayrag'ı Qaraqalpaqstannın' ma'mleketlik suverenitetinin' nıshanı bolıp tabıladı ha'm respublikanı xalıq aralıq maydanda tanıstıradı. Ol Qaraqalpaqstan Respublikasının' ra'smiy delegatsiyalar sırt ellerge sapar etiw payıtlarında, xalıq aralıq sholkemlerde, konferentsiyalarda, jerjuzilik korgizbelerde, sport jarıslarında koteriledi. Qaraqalpaqstannın' ma'mleketlik bayrag'ı a'diwli bolıp esaplanadı ha'm onı respublika puxaraları, sonday-aq onda turg'an basqada adamlar xurmetlewge minnetli. Og'an til tiygezgenler nızamlar menen belgilengen ta'rtipte juwapkershilikke tartıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' ma'mleketlik belgilerin qabıl etiwdin ekinshi basqıshı 1993 jılı dawam etti. Usı da'wirde onın' ekinshi ma'mleketlik nıshanı oz gerbi 9-aprel 1993-jılı dunyag'a keldi. Ol on ekinshi shaqırıq Qaraqalpaqstan Respublikasının' on ekinshi sessiyasında qabıllandı sonday-aq usı sessiyada Qaraqalpaqstan Respublikasının' konstitutsiyası qabıl etildi. Bul kun g'alaba xalıqlıq bayram dep dag'azalandı. Konstitutsiya Kirisiw bolimi, altı taraw, 25 bap ha'm 116 stayadan ibarat. Olarda ma'mleketlik suverenitet, nızamnın ustemligi insan xuqıqları ha'm erkinlikleri menen minnetleri, ja'miyettin ekonomikalıq tiykarları ha'm ja'miyetlik birlespeler, ha'kimshilik aymaqlıq duzilis, Qaraqalpaqstan Respublikasının' Joqarg'ı Ken'esi ha'm onın' baslıg'ı, Ministrler Ken'esi, sud ha'm prokuratura, saylaw sisteması ha'm tag'ı basqalar nazamlastırıldı. Qaraqalpaqstan Respublikasının' Joqarg'ı sovetinin on ekinshi shaqırıq on tortinshi sessiyasında O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq shayırı İ.Yusupov sozine talantlı kompozitor N.Muxametdinov muzıkasın jazg'an ma'mleketlik gimni ha'm muzıkalıq redaktsiyasın qabıl etti.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' ma'mleketlik nıshanları tariyxta birinshi ret onın' konstitutsiyasında tastıyıqlanıp, respublikamız suverenitetin bekkemlewge xızmet etip atır.

1992 jılı Nokis qalasının' 60 jıllıg'ı ken turde belgilenip, bul O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan tariyxındag'ı en a'hmiyetli uaqıyalardın' biri bolıp qaldı.

O'zbekstan prezidenti İ.A.Karimovtın', Nokis qalasının' 60 jıllıg'ı bayramında: - O'zbekstan ta'g'diri-bul Qaraqalpaqstan ta'g'diri, ozbek xalqının' ta'g'diri bul qaraqalpaq xalqının' keleshegidur» degen sozleri ulken a'hmiyetke iye.

O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan siyasiy partiyalar, ja'miyetlik siyasiy birlespeler payda boldı. Ha'zir O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstanda xalıq demokratiyalıq partiyası, Watan tarakkieti, a'dalat, milliy tiklanish, fidokorlar, O'zLiDeP partiyaları bar. Ja'miyetlik siyasiy turmısta 1994 jılı 26 dekabrde, 1999 jılı 5-dekabrde, ha'm 2004-jılı 26-dekabrde bolıp otken O'zbekstan Respublikası Oliy Ma'jilisine ha'm Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg'ı ken'esi ha'm jergilikli keneslerge saylawlar ulken siyasiy a'hmiyetke iye boldı. Bul saylawlar xalqımız tariyxında birinshi ret ko'p partiyalılıq tiykarında o'tti ha'm saylawshılar elimizdin en jaqsı azamatların xalıq deputatları etip sayladı.

## 23-tema Ja'miyetlik-ekonomikalıq du'zilistin' o'zgeriwi.

### JOBASI:

1. Qaraqalpaqstan bazar ekonomikasına o'tiw jolında.
2. Xalıqtın' sotsiallıq turmısın turaqlastırıw ushın ilajlar.
3. Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar.

### A'DEBİYaTLAR:


1. Karimov İ.A. Jan'asha oylaw-da'wir talabı. N. 1997
2. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
4. Qudiyarov A. Shımbay paxta tazalaw zavodı tariyxınan N. 2001
3. Sarıbaev Q. Qaraqalpaqstan tariyxı N. 1995
4. RzaevK.Rınoshnıe problemı selskoy ekonomiki Karakalpakstana.N. 1993.
5. Yusupbaev K. Qoraqalpog'istonning agrar sektorida iqtisodiy islohotlarni amalga oshirish xususiyatlari T. 2001


O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan g'a'rezsizligi dag'azalanıwdan baslap-aq, bazar ekonomikasına o'tiw baslandı. Bul basqıshna-basqısh o'tiwden ibarat bolıp, sebebi, bazar ekonomikasına baza tayarlaw ja'ne de barlıq bazar mexanizmlerin payda etiw ha'm xalıqtın' psixologiyasın bazar qatnasıqlarına beyimlew kerek boldı.

Bazar qatnasıqlarına o'tiw da'wirinde ma'mlekettin' retlewshi bolimine a'hmiyet berildi. Yag'nıy ma'mleket ekonomikalıq jetekshi tarawların qollap-quwatladı, isbilermentlik ha'm basqa da bazar mexanizmlerin payda etiwge basshılıq etedi. Usıg'an baylanıslı bir qatar ilajlar korile basladı. Onda awıl xojalıg'ı ha'm og'an tiyisli qayta islew sanaat tarawların rawajlandırıw, bazar ekonomikası jag'dayında miynet etetug'ın joqarı qa'niygeligi kadrlar ayarlaw ilajları edi.

Qaraqalpaqstan Joqarg'ı Ken'esi jer, menshiк, dara diyxan xojalıg'ı кarxanalar, isbilermentliк sırt el investitsiyaları ha'm basqa da bazar qatnasıqlarına arnalg'an nızamlar ha'm qararlar qabıl etti. Reformalar jurgiziw barısında mu'lкti ma'mleкet iyeliginen shıg'arıw ha'm menshiкlestiriw baslandı, yag'nıy menshiкtin' кop turliligine erisiw na'tiyjesinde xalıq xojalıg'ında кop tarmaqlı eкonomiкa qa'liplese basladı кop tarmaqlı eкonomiкasının' qa'liplesi-winde кishi кarxana ha'm кooperativlerdin' ulesi ayrıqsha boldı ha'm olardın' sanı osti. Sanaatta bir qatar jaqsı o'zgerisler bola basladı. 1995 jılı Xojeli qala-sında shiyshe ıdıslar zavodı quralıp paydalanıwg'a berildi. 1996 jılı Qonırat-tag'ı «Urge» gaz sanaatı кarxanasında gaz кondensatı ha'm ta'biyiy gaz qızıp shıg'a-rıla basladı. Xalıqtın' ta'biyiy gaz benen ta'miyinlew da'rejesi 83 protsentкe jetti. «Qaraqalpaq qurılıs» aкtsionerliк ja'miyetinde İtaliya firmalarının' joqarı sıpatlı usкeneleri menen usкenelengen, jılına 60 mın' кv.m. mramor bloкları ha'm plitaların islep zavodında spirt islep shıg'aratug'ın jana tsex qurıldı.

1996 jılı Qonırat rayonında Oraylıq Aziyada en ulкen, jılına 190 mın' tonna harqiyli soda islep shıg'aratug'ın zavod qurılısı baslandı.

Suverenliк da'wirde eldegi qıyınshılıqlarg'a qaramastan xalıqtın' sotsiallıq jag'dayın tomenletpew ushın tiyisli ilajlar isкe astı. Xalıqtı sapalı awız suw menen ta'miyinlewge ayrıqsha a'hmiyet berildi. Orta Aziyada en ulкen tu'ye moyın-No'кis suw tarmaqları isкe qosıldı, na'tiyjede xalıqtı taza ishimliк suw menen ta'miyinlew da'rejesi 59,5 protsentкe jetti.

Jumıssız sanı 1996 jıl aqırında 4,2 mın' adamg'a jetti. 1996 jılı 16 mın' jumıs ornı jaratıldı. Bul jag'day miynet birjalarınan jumıs sorag'an puqaralardı jumıs penen ta'miyinlew imкaniyatın berdi. Xalıqtın' jan basına xızmet кorsetiw da'rejesi O'zbeкstan Respubliкası кorsetкishinen 2,2 marteккegi.

O'zbeкstan prezidenti İ.A.Karimov ta'repinen Aral boyı mashqalaların sheshiw boyınsha birqansha jumıslar islenbeкte 1994 jılı 11 yanvar кuni Noкiste Oraylıq Aziyanın' bes ma'mleкetinin' Prezidentleri ha'm de Rossiya Federatsiyasının' uaкillerinin' qatnasıwında otкizilgen ushırasıwda Aralg'a ha'm Aral boyı xalqına a'meliy ja'rdem beriw ma'selesi talqılandı. 1995 jılı sentyabrde Noкiste otкizilgen xalıq-aralıq кonferentsiyada Noкis deкlaratsiyası qabıllanıp, onda putкil dunya ja'miyetshiligi itibarı Aral mashqalasına qaratıldı.

Qaraqalpaqstannın' xalıq-aralıq baylanısları a'dewir rawajlandı Qaraqalpaqstanda sırt eller menen baylanıs boyınsha Ministrliк duzildi. O'zbe-кstan sırtqı isler ministrliginin' Qaraqalpaqstan bolimi sholкemlestirildi.

1996 jılı Qaraqalpaqstan respubliкasının' sırtqı sawdadag'ı tiyкarg'ı sheriкlerinin' ulesi tomendegishe boldı: Rossiya-11,4, AQSh-14,1, Qubla Koreya-11,1, Shveytsariya-9,4, Niderlandiya-7,2, sırt ma'mleкetlerge tiyкarınan paxta talshıg'ı, qayta islengen neft onimleri shıg'arıldı. Al sırttan кumsheкer biyday, mashina ha'm usкeneler, avtomashinalar h.b. usкeneler alıp кelindi.

## 24-tema Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı ma'deniyat ha'm ilim o'zgerisleri

### JOBASI

1. Xalıq bilimlendiriw tarawındag'ı ozgerisler.
2. Joqarg'ı oqıw orınları.
3. İlimnin' jan'adan rawajlanıwı
4. A'debiyat ha'm iskusstvodag'ı jan'a tabıslar.
5. Ma'deniy tarawındag'ı tabıslar.

### A'DEBİYaTLAR


1. Karimov İ.A. Jan'asha oylaw-da'wir talabı N. 1997
2. Aytmuratov J. G'a'rezsizlik da'wirinde Qaraqalpaqstan ma'deniyatının' rawajlanıwı N. 1999
3. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N. 2003
5. Urazbaeva R. İz istorii vısshego i srednego spetsialnogo obrazovaniya v Karakalpakstane N. 1994


Ha'r qanday ma'mlekettin' ullıg'ının' belgileytug'ın tiykarg'ı faktorlardın' biri, onın' xalqının' ruwxıy ma'deniyatı bolıp esaplanadı. Ha'r qanday ekonomikalıq ha'm siyasiy dag'darıslardın' aldın alıw mu'mkin, biraq ruwxıy jaqtan dag'darısqa ushırag'an xalıqtın' sanasın koteriw, milliy juwapkershilik sezimin kusheytiw ju'da' kop mashaqatlı uaqıtta talap etedi. Sonın' ushında bizin' kaxarman xalqımız en qıyın jag'daylarda da ozinin ruwxıy baylıg'ın joqarı bahaladı ha'm ozligin aqlap qala aldı.

Respublikamız xalqının' g'a'rezsizlikke erisiw menen ha'm bir millettin' ruwxıy baylıg'ı bolg'an milliy ha'm adamgershilik qadiriyatları qayta tiklendi. Sonın' ushında O'zbekstan Prezidenti İ.A.Karimov «G'a'rezsizlikke baylanıslı qaraqalpaq xalqı koplegen ruwxıy baylıqların qayta tiklew mu'mkinshiligine iye boldı. G'a'rezsizlik milliy ma'deniyatı ha'm ruwxıylıqtı tastıyıqlaw qaraqalpaq xalqının' klassik shayırları

Berdaqtın', A'jiniyazdın' doretiwshilik miyrasın tolıq qayta tiklew, olardın' jarqın esteligin men'gilik etiw ushın jol ashtı: dep korsetkenindey Qaraqalpaqstan Respublikası xalqı en qıyın jag'daylarda da ozinin' ruwxıy baylıg'ın joqarı bahaladı.

Qaraqalpaqstannın' ruwxıy turmısındag'ı tariyxıy sa'nelerdi belgilew, respublikamızda jasawshı barlıq tuwısqan xalıqlardın' bayramına aylandı. 1992 jılı 19 dekabrde Qaraqalpaqstannın' paytaxtı Nokis qalasının' 60 jılg'a tolg'an saltanatlı merekesi belgilendi. Bul saltanatlı meresim O'zbekstan respublikasının' Prezidenti İ.A.Karimovtın' otkerilip og'an Turkmenstan ha'm Qazaqstan Respublikasının' ra'smiy uakilleri qatnastı.

Bul sa'ne o'zbek ha'm qaraqalpaq xalıqlarının' birligin, doslıg'ın merekesinde O'zbekstan Respublikasının' xurmet jarlıg'ı menen sıylıqlandı.

1993 jıl 23-24 deкabr кunleri Qaraqalpaqstannın' da'slepкi paytaxt Tortкul qalasının' 120 jıllıq toyı saltanatlı turde belgilendi. Toy saltanatlı Preziden -timiz İ.A. Karimovtın' Tortкul qalası puxaralarına qutlıqlawı menen baslandı.

O'zinin' duzilgen uaqtınan baslap, qon'sılas ush ualayat xalıqların eleкtr energiyası menen ta'miyinlep кelgen doslıq qalası Taqıyatas qalasının' 40 jıllıq mereкeleri bolıp o'tti.

1993 jılı 25-29 yanvar yanvar кunlerinde Tashкent qalasında Qaraqalpaqstan Respubliкasının' ma'deniyat кunleri ashıldı. Bul ma'deniyat кunlerinde respubliкamızdın' a'debiyat ha'm кorкem oner sheberleri paytaxtımız Tashкent qalasının' ma'mleкetliк teatr ha'm ulкen кontsert zallarında bolıp, olar putкil O'zbeкstan xalıqlarının' ma'deniyattın' rawajlandırıwg'a ulкen ules qostı.

Usı ma'deniyat кunlerine juwap retinde 1993 jıldın' 17 noyabrinde Qaraqal-paqstanda tort кun dawam etкen Tashкent qalasının' ma'deniyat кunleri baslandı.

Bunday ma'deniyat кunlerinin doslıq ushırasıwları qon'sılas Qazaqstan Respubliкasının' Qızıl Orda ualayatında ha'm Turкmenstan Respubliкasında otкerilip, bugingi Qaraqalpaqstan ma'deniyatının' кorкem-oner ha'm a'debiyatının' durdanaları Oraylıq Aziyadag'ı turк tilles xaıqlarg'a кen'nen tanıldı.

G'a'rezsizliк birinen-de burın xalıq bilimlendiriw tarawında ayrıqsha a'hmiyetкe iye boldı.

Respubliкamızda jana tiytegi orta arnawlı, ulıwma bilim beretug'ın litseyler, gimnaziyalar ha'm ayırım pa'nlerdi teren'lestirilgen halda oqıtılatug'ın meкtepler rawajlandı. Song'ı jılları O'zbeкstan xalıq bilimlendiriw Ministrliginin' anıqlawı boyınsha Qaraqalpaqstan bilimlendiriw tarawı barlıq кorsetкeshlerdin juwmag'ı boyınsha O'zbeкstanda u' orıng'a кoterildi.

Suverenli Qaraqalpaqstanda ilim janadan rawajlanbaqta O'zbeкstan İlimler Aкademiyasının' Qaraqalpaqstan filialı 1992 jılı usı Aкademiyasının' bolimi bolıp qayta duzildi. Bul bolimde jana ilimiy bolimlerdin payda bolıwı qaraqalpaq alımlarının' ta'biyat ha'm ja'miyetliк ilimlerdi ja'nede rawajlandırıw xalıq xojalıg'ı ha'm ma'deniyatın jetilistiriwde salmaqlı ules qosıwg'a mu'mкinshiliк berdi. ooauıl xojalıq ilimler Aкademiyasının' Qaraqalpaqstan bolimi ashıldı. tariyx institutında ha'm Berdaq atındag'ı qaraqalpaq ma'mleкetliк universitetinde filologiya tarawı boyınsha кandidatlıq ha'm doкtorlıq dissertatsiyalardı qorg'awshı qa'nigelestirilgen кeneslerdin' duziliwi a'hmiyetli na'tiyje berip atır.

Respubliкa alımları song'ı jıllarda shetel qa'nigeleri menen birge ilimiy izertlewler jurgizip atır. Atap aytqanda tariyx, arxeologiya ha'm etnografiya insti-tutı alımları ha'm frantsuz arxeologlar menen birliкte is alıp barıp atır h.t.b.

A'sirese song'ı jllardag'ı qaraqalpaq a'debiyatlardag'ı turкiy xalıqlar a'debiyatı menen baylanıstın' кu'sheyiwi  dunya xalıqları a'debiyatına qosılg'an ules bolıp tabıladı.

1997 jılı 10-12 sentyabr кunleri Noкis qalasında qaraqalpaq xalıq da'stanı «qırıqqız» ha'm turкiy tilles xalıqlarının' folкlorın izertlew ma'plelerine arnalg'an xalıq aralıq ilimiy teoriyalıq кonferentsiyasının' otкeriliwi, BMShtın' Oralyıq Aziyadag'ı wa'кili Xalid Maliкtin', Kiprdan, Turкiya Azerbaydjan, bashкir ha'm putкil Oraylıq Aziya xalıqları a'debiyatı uaкillerinin' qatnasıwı bugingi qaraqalpaq a'debiyatın turкiy xalıqlar dunyasına tanıttı.

Muzeyler xalqımızdın' milliy miyrasın qa'sterlewshi ma'deniyat oshag'ı bolıp tabıladı.

Eger, Savitsкiy atındag'ı Qaraqalpaq Ma'mleкetliк коrкem oner muzeyi ashılg'an uaqıtta (5 fevral 1966 jıl) teк g'ana q mın eкsponat bolsa, ol ha'zir 70 mınnan aslam eкsponatlar muzey fondınan orın alıp, xalqımızdın' ruwxıy dunyasın bayıtıwg'a xızmet etedi.

Bul muzey g'a'rezsizliкtin' qısqa da'wiri ishinde teк G'MDA ma'mleкetlerinde g'ana emes, al Yaponiya, Yugoslaviya, İspaniya, Bosniya, Bolgariya, Siriya, İtaliya, avstraliya ellerinde da ten' qalarlıq eкsponatlar кorgizbesin sholкemlestirildi.

1998 jılı 9 yanvarda Savitsкiy atındag'ı Qaraqalpaq ma'mleкetliк коrкem oenr muzeyinin Frantsiyada кorgizbesin ashıwı elimizdin' 300 ge shamalas eкsponatların tanıstırdı.

Bul jetisкenliк frantsuz baspa sozinin' кorsetкenindey, muzey shıg'arması Oraylıq Aziya коrкem onerinin tamıs emes betlerin ashıp, XX a'sir baylıg'ı sıpatında bahalandı.

Bul кorgizbe O'zbeкstan Prezidenti İ.A.Karimovtın' ha'm Frantsiya Prezidenti J.Shiraкtın' qa'wenderliginde sholкemlestirildi.

1998 jılı 19 deкabrde Berdaq Qarg'abay ulının' 170 jıllıq 1999 jlı eкabrde A'jiniyaz Qosıbay ulının' 175 jıllıq mereкesi putкil O'zbeкstan кoleminde belgilendi.

## Qadag’alaw ushın sorawlar.

1. Qaraqalpaqstan tariyxı pa’ni. Onı u’yreniwdin’ a’h’miyeti, maqseti h’a’m wazıypaları.
2. Qaraqalpaqstan aymag’ı a’yyemgi ma’deniyat orayı. Avesto h’a’m onın’ a’h’miyeti.
3. Qaraqalpaqstan aymag’ındag’ı da’slepki ma’mleketlik birlespeler.
4. Kerderler tariyxı h’aqqında.
5. Qaraqalpaqstan Afrigidler da’wirinde.
6. Tu’slik Aral Qaraqalpaqlardın’ a’yyemgi ata-ma’kanı.
7. IX-XII a’sirlerdegi Aral a’tirapındag’ı qa’wimler.
8. Qaraqalpaqlardın’ kelip shıg’ıwı h’aqqında tariyxıy derekler.
9. Qaraqalpaqlar Sırda’rya boylarında.
10. Qaraqalpaqlardın’ Jan’adarya boylarına qonıslasıwı.
11. Qaraqalpaqlardın’ XIX a’sirdegi ko’terilisleri.
12. Qaraqalpaqlardın’ XVIII-XIX a’sirde qon’sı xalıqlar menen sawda-ma’deniy bayanısları.
13. Qaraqalpaqstannın’ on’ jag’alıg’ındag’ı 1916-jılg’ı ko’terilis
14. XIX-XX a’sir basındag’ı bilimlendiriw.
15. Oraylıq Aziya h’a’m basqada jerlerdegi Qaraqalpaqlar tuwralı mag’lıwmatlar.
16. 1916-jılg’ı Xiywa xanlıg’ındag’ı ko’terilis.
17. Qaraqalpaqlardın’ o’ner-ka’sipleri (XIX-XX a’. bası).
18. Qaraqalpaqlardın’ XIX a’sirdegi oyshılları.
19. Patsha Rossiyasının’ Qaraqalpaqstandag’ı koloniyalıq siyasatı.
20. Qaraqalpaqstan jerinde koloniyalıq eziwshilikke qarsı xalıq qozg’alan’ları
21. Qaraqalpaqstanda patsha Rossiyasının’ basqarıw siyasatı.
22. Qaraqalpaqstanda ken’es h’a’kimiyatının’ ornawı h’a’m og’an qarsı h’a’reketlerdin’ ku’sheyiwi.
23. Qaraqalpaqstannın’ sol jag’alıqtag’ı xalıqlarının’ awh’alı.
24. Qaraqalpaqstan 1920-jıllarda.
25. Qaraqalpaqstan avtanomiyalı oblastının’ du’ziliwi.
26. Qaraqalpaqstan 1930-jıllarda.
27. Qaraqalpaqstanda 1920-1930 jıllardag’ı bilimlendiriw.
28. Qaraqalpaqstanda 1920-1930 jıllardag’ı ilim.
29. Qaraqalpaqstanda 1920-1930 jıllardag’ı ma’mleketlik g’ayratkerler.
30. Sovet du’ziminin’ repressiyalıq siyasatı h’a’m onın’ aqıbetleri.
31. Qaraqalpaqstan jawıngerlerinin’ ekinshi jer ju’zlik urıs jıllarındag’ı erlikleri.
32. Qaraqalpaqstannın’ urıstan son’g’ı jıllardag’ı awıl xojalıg’ı.
33. Qaraqalpaqstannın’ urıstan son’g’ı jıllardag’ı sanaatı
34. Qaraqalpaqstanda ilimnin’ rawajlanıwı (1945-1990).
35. Qaraqalpaqstan ma’deniyatı (1945-1990 jj).
36. Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw (1945-1990 jj).
37. Suverenli Qaraqalpaqstannın’ ja’miyetlik-siyasiy du’zimi.
38. Qaraqalpaqstan Respublikasının’ ma’mleketlik nıshanları.
39. g’a’rezsizlik jıllardag’ı Qaraqalpaqstannın’ ekonomikalıq turmısı.
40. Qaraqalpaqstannın’ suverenli da’wirdegi ruwh’ıy ma’deniyatı.
41. Qaraqalpaqstannın’ xalıq-aralıq baylanısları.
42. G’a’rezsizlik da’wirindegi Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw.
43. Qaraqalpaqstannın’ ekologiyalıq jag’dayı.
44. Qaraqalpaqstanda g’a’rezsizlik jıllarındag’ı sporttın’ rawajlanıwı.
45. G’a’rezsizlik jıllarındag’ı Qaraqalpaqstanda ilimnin’ rawajlanıwı.
46. A. Dosnazarov-ma’mleketlik g’ayratker.
47. XVIII a’sirdegi Qaraqalpaqlar tariyxındag’ı belgili tulg’alar.
48. XIX-XX a’sir basındag’ı Qaraqalpaqlardın’ ma’deniyatı.
49. Qaraqalpaqstan ekinshi jer ju’zlik urıs jıllarında.
50. 1920-1940 jıllardag’ı ma’mleketlik g’ayratkerler